**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**ӘЖИНИЯЗ АТЫНДАҒЫ НӨКИС МӘМЛЕКЕТЛИК ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ИНСТИТУТЫ**

**Умаров Е.К.**
**География илимлери докторы**

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАННЫҢ ЭКОНОМИКАЛЫҚ ҲӘМ СОЦИАЛЛЫҚ ГЕОГРАФИЯСЫ

**Жоқары оқыў орынлары ушын сабақлық**

**НӨКИС «ҚАРАҚАЛПАҚСТАН»-2012**

**Умаров Есенғали Курбанович-География илимлери докторы, Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты**
**«Қарақалпақстанның экономикалық хәм социаллық географиясы» пәнинен жоқары оқыў орынлары ушын оқыўлық Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012 ж., 200 бет.**

**Бул дәрислик Өзбекстан Географиясы курсларының даўамы ретинде үлкетаныў принципинде Қарақалпақстан Республикасының экономикалық хәм социаллық географиясы атамасында таярланды. Себеби Өзбекстан өз ғарезсизлигине ерисиў менен Билимлендириў бойынша стандартларды хәм оқыў бағдарламаларының мазмунын билимлендириў хаққындағы жаңа реформа тийкарында қайта қурды. Бул жас қәнигелерге тәлим-тәрбия бериўде Республика географларының алдына жаңа ўазыпаларды жүклеп отыр. Себеби билимли жас қәниге өз ана тили хәм елиниң тарийхын қаншелли жоқары өзлестирсе, ана-ўатанының тәбийий байлығы, хожалығының структурасы хәм экономикалық районларында өндириўши күшлердиң турақлы раўажланыўы хаққында да жетик билимли болыўы керек.**

**Усыған сәйкес қарақалпақ тилинде жоқары оқыў орынларының география қәнигелерине усынылып отырған «Қарақалпақстанның экономикалық хәм социаллық географиясы» пәнинен дүзилген жаңа оқыўлықта үлкемиздиң экономикалық-географиялық жайласқан орны, ресурс потенциалы, хожалығы-ның аймақлық хәм тараўлық структуралары, экологиялық дағдарыс жағдайында өндирис тараўларының нәтийжелилигин арттырыў мәселелери бойынша социаллық хәм экономикалық аспекттеги оқыў материаллары берилген. Жаңа оқыўлықтың V бабында халыққа хызмет көрсететуғын инфраструктураларды раўажландырыў жолы менен аўыллық жерлердиң мәдениятын көтериў хәм халықты жумыс пенен тәмийинлеў бойыншада мағлыўматлар усынылған.**

**Оқыўлықтың жуўмақлаўшы бөлиминде Республиканың ишки район аралық өзгешеликлери хәм экономикалық районлардың өндириўши күшлерин турақлы раўажландырыўды жеделлестириў мақсетинде хожалық тараўларының оптимизацияласқан структурасын дузиў бойынша мағлыўматлар берилген. Сонлықтан, бул оқыўлықты баспадан шығарып, студент жаслардың пайда-ланыўына усыныў Жоқары оқыў орынларында квалификациялы қәнигелерди таярлап шығарыўда әхмийетли роль атқарады деген исеним билдиремиз.**

**«Қарақалпақстанның экономикалық хәм социаллық географиясы» бойынша жаңа оқыўлық «Йилнинг энг яхши дарслиги ва ўқув адабиёти муаллифи-2012» таңлаў жеңипазы орнын ийелегенине (Марифат газетаси-26.09.2012й. 10-бет) хәм оқыў процессиндеги қәжетликке сәйкес Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының Илимий-методикалық Кеңеси (30-июнь 2012-жылғы №11) қарары менен екинши мәрте баспадан шығарыўға усынған.**

**Рецензия бериушилер:**
**Экономика илимлери докторы академик Медетуллаев Ж. М.**
**Экономика илимлери докторы профессор Убайдуллаев К. У.**

**Жәмийетлик тийкарда редакциясын басқарған, география илимлери докторы профессор Салиев А.С.**

**ISBN-978-9943-346-32-1**
**@ Қарақалпақстан**

*Әжинияз атындағы НМПИ география кафедрасының*
*60-жыллығына бағышланады.*

## КИРИСИЎ

«Қарақалпақстанның экономикалық ҳәм социаллық географиясы» пәни оқыў қарақалпақ тилинде алып барылатуғын педагогикалық оқыў орынлары менен университет география-тәбияттаныў ҳәм экономика факультетлеринде, сондай-ақ тараўлық министрликлердеги жоқары қәнигелер таярлайтуғын оқыў орынларында үйрениледи. Өзбекстан Республикасы өз ғәрезсизлигине ерисиў менен география пәни жоқары оқыў студентлерине тәлим-тәрбия беретуғын тийкарғы оқыў пәнлериниң бирине айналды. Ҳәммеге мәлим, демократиялық мәмлекетте оқыў системасының жаңа дәстүрлерине ылайық шөлкемлестириў жумысларын иске асырыў ушын республикадағы жоқары билим беретуғын оқыў орынларының структурасында география бойынша қәнигелер таярлаўға айрықша итибар берилмекте. Себеби, ҳәр бир жоқары билимли жас әўлад өз ана тилин, елиниң тарийхын өзлестиргениндей, үлкесиниң тәбийий-экономикалық потенциалын билиўи, елдиң өндирис тараўларының структуралық дүзилиси ҳәм аймақлық жайласыўы туўралы ҳәм раўажланыў тенденциялары бойынша болжаў жүргизиў арқалы тәбийий-экономикалық районлар бойынша қәлиплескен өндириўши күшлердиң географиялық жайласыў нызамлықларын билиўи зәрүр. Буннан басқа жас қәнигелер география курсын оқыў ҳәм үйрениў арқалы тәбийий-экономикалық районлардың хожалығын оптимизациялаў принциплерин толық өзлестириўи керек. Усы тийкарда студент жаслар өз үлкесиниң тәбийий байлықларын халық хожалығында пайдаланыў жолларын ҳәм олардың қорларын қайта тиклеўге, сондай-ақ көбейтиўге тийкарланған қәделерди өзлестире отырып өз елиниң турақлы экономикалық, социаллық раўажланыўына байланыслы машқалаларды шешиўге

**қатнасады ҳәм жас қәнигелерди тәлим-тәрбия бериўге шынықтырыўы тийис.**

**Усыған сәйкес, жоқары оқыў орынларының студентлери, академиялық лицейлер менен кәсип-өнер колледжлери, орта мектеплердиң география муғаллимлери, үлкетаныў ҳәм болжаў мәселелери менен шуғылланатуғын мәкемелердиң хызметкерлери ушын усынылып отырған «Қарақалпақстан-ның экономикалық ҳәм социаллық географиясы» сабақлығы бойынша жасларға билим бериўди жетилистириўге бағдарланған оқыў методикалық ҳәм тәрбиялық характердеги түсиниклер берилип отыр. Қарақалпақстан-ның экономикалық ҳәм социаллық географиясы курсы өндиристиң аймақлық раўажланыўына, жайласыўына байланыслы машқалалар менен шуғылланып, өзиниң изертлейтуғын материаллық объекти ретинде тәбият пенен жәмийет арасындағы байланыс мәселелерин қарастырады. Бул қурамалы мәселелерди шешиў ушын «тәбият-адам-хожалық-тәбият» дизбегине бир тутас интеграл дизим усылында анализ жүргизеди. Усыған сәйкес, бул жумыста Қарақалпақстанның тәбийий-экономикалық шараятын үйрениў бойынша көлемли мағлыўматлар берилди ҳәм тәбийий шараятлардың өндиристиң жайласыўына, қәнигелесиўине тәсирин үйрене отырып, Қарақалпақстанда хожалық тараўларының қәлиплесиўи ҳәм раўажланыў этаплары қарастырылды. Бул курстың қурамын дүзиўде, мағлыўматларды избе-из жайластырыўда методикалық усыллар менен әҳмийетли мәселелерди, әсиресе Қарақалпақстанның халық хожалығының аймақлық дүзилисин анықлаўда және өндириўши күшлердиң географиялық жайласыўын жетилистириўде экологиялық дағдарысты босаңластырыў машқалаларын шешиўге мүмкиншилик береди. Солай етип, бул биринщиден қәнигелерге билим ҳәм тәрбия бериўде географиялық мағлыўматлардың баҳалылығын арттырса, екиншиден, өз елиниң дүньяның глобал экономикасы структурасына**

қатнасыўы ушын тәбийий-экономикалық потенциалдан нәтийжели пайдаланыўға тийкар дүзеди, жас қәнигелерге өз үлкеси туўралы бай мағлыўматларды қәлиплестириўге мүмкиншилик туўдырады.

Қарақалпақстан ҳәзир көлемли тәбийий ресурс потенциалына ийе болыўына қарамастан, Өзбекстанда санааттың раўажланыў дәрежеси бойынша ең кейинги орынларды ийелейди ҳәм жыл сайын Өзбекстанда ислеп шығарылған санаат өнимлериниң тек болғаны 1,5-1,7%ин жетистиреди. Сонлықтан, бас ўазыйпа–республикада санаатлық әҳмийетке ийе шийки зат ресурс қорларын анықлаў ҳәм оны санаатта рационаллы пайдаланыўдың жолларын белгилеўден ибарат. Қарақалпақстан шараятында халық хожалығын раўажландырыў ушын мол резервлер тек материаллық өндирис тараўларында ғана емес, ал социаллық тараўларда да көплеп ушырайды. Сонлықтан барлық резервлерди иске қосыў, әсиресе, пайдаланылмай атырған тәбийий ресурсларды санаатта кеңнен пайдаланыў арқалы жыл сайын өндирилетуғын өнимниң көлемин арттырыў, күн тәртибиндеги баслы ўазыйпалардың қатарына киреди.

Усыған байланыслы, бул арнаўлы оқыўлықта Қарақалпақстанның тәбийий-экономикалық потенциалынан халық хожалығында рационаллы пайдаланыў жоллары қарастырылды, өндиристиң тараўлық структурасын анализлеў жолы менен артта қалған тараўларды, әсиресе, аўыр санаатты раўажландырыў мәселелери анализ етилди ҳәм оны иске асырыўдың жоллары көрсетилди. Бул пикирлеримиздиң иске асыўы ақырғы есапта материаллық өндирис тараўларының прогнозлық мәселелерин шешиўге, әсиресе, Қарақалпақстанда санаат, аўыл хожалығы, транспорт ҳәм инфраструктура тараўларын раўажландырыўға мүмкиншилик беретуғын-лығы сөзсиз. Сонлықтан жоқарыда аты көрсетилген иләжларды шешиў ушын республика аймағында алдағы ўақытларда өндириўши күшлерди раўажландырыўға бағдарланған

**болжаўлар, салыстырыўлар ҳәм анализлер бул оқыўлықтың структурасына енгизилди. Бул студентлер, басқа да үлкетаныў машқалалары менен шуғылланыўшыларға оғада түсиникли болатуғыны сөзсиз. Жумыстың жуўмақлаўшы бөлиминде, республиканың зоналлық өзгешеликлерин есапқа ала отырып, өндириўши күшлерди аймақлық шөлкемлестириў мәселелерин жеделлестириўге, экологиялық дағдарыс жағдайында узақ жыллар даўамында дүзилген тийкарғы өндирислик фондлардың экономикалық нәтийжелилигин арттырыўға айрықша итибар бериўге прогнозлық мағлыўматлар усынылды. Бул иләжлардың ис жүзине асыўы биринשиден, халықтың материаллық турмыс абаданлығын жоқарылатыўға ҳәм жоқары квалификациялы жасларды таярлаўға жол ашса, екиншиден, Өзбекстанның бир тутас территориялық өндирислик комплекслериниң ажыралмас бөлими Қарақалпақстан Республикасының экономикалық потенциалын көтериўге бағдар таярлайтуғыны сөзсиз.**

**Жаңа оқыўлықты таярлаў көлемли илимий-методикалық мәселелерди шешиў ҳәм иске асырыўға байланыслы болды. Усыған сәйкес, автор оқыўлықты жазыўға, оны сртуктуралық жақтан избе-из қурыўда жәрдем ҳәм методикалық көрсетпелер бергени ушын Б. Умаровқа ҳәм А.С. Жолдасовқа, сондай-ақ аналитикалық таблицалар ҳәм оқыўлықтың 2- бабының 1-бөлими «Қарақалпақстан халқының өсиў пәти ҳәм оның мийнет ресурсларының толысыўына тәсири», 5-бабтың 1-бөлими «Халыққа ҳызмет көрсетиў сфералары» атамасындағы темаларды жазып баспаға таярлағаны ушын Тәбияттаныў факультетиниң «География» қәнигелиги 1-курс магистранты Умарова Айсулыўға үлкен миннетдаршылық билдиреди.**

# I-БАП. ҚАРАҚАЛПАҚСТАННЫҢ ЭКОНОМИКАЛЫҚ-ГЕОГРАФИЯЛЫҚ ЖАЙЛАСҚАН ОРНЫ ҲӘМ РЕСУРС ПОТЕНЦИАЛЫНА СЫПАТЛАМА

## 1.1. Қарақалпақстанның экономикалық-географиялық жайласқан орны ҳәм жер бетиниң дүзилиси

Қарақалпақстан Өзбекстан Республикасының арқа-батысында, тегисликте жайласқан аграрлы-индустриаллы аймақлардан есапланып, арқа кеңликтиң 40°55′ ҳәм 45°35′ ҳәм шығыс бойлықтың 56° ҳәм 62°24′ аралығын ийелейди. Майданы 166,6 мың км$^2$ тең, бул елимиздиң 37% аслам территориясы деген сөз. Административлик көз қарастан Каракалпақстан арқа-шығыс тәрепте Өзбекстанның Наўайы ўәлаяты, қубла-шығысында Хорезм ҳәм Бухара ўәлаятлары менен, қублада Туркменстанның Ташаўыз ўәлаяты, ал арқа ҳәм арқа-шығыс, батыс тәрепинде Казахстан Республикасы менен шегараласады. Экономикалық-геогафиялық көз қарастан Қарақалпақстан Орта Азия республикаларының Россия Федерациясы ҳәм Европа мәмлекетлерине шығатуғын жолында транзитлик позицияны ийелейди.

Жер бети тегисликтен ибарат, бирақ усыған қарамастан, тәбийий комплексиниң өзгешелиги бойынша бир-биринен ажыралатуғын төрт районнан турады: 1) Әмиўдәрья дельтасы, 2) Арал акваториясы ҳәм Арал жағалаўлары, 3) Қарақалпақстан Үстирти, 4) Қарақалпақстан Қызылқумы.

1)Әмиўдәрья дельтасы–Орта Азиядағы ең уллы сахаралар Қарақум ҳәм Қызылқумның ушласқан жеринде жайласқан. Ол шама менен арқа кеңликтиң 40°30′ ҳәм 44°50′ шығыс бойлықтың 56° ҳәм 62°15′ аралығында жайласқан ҳәм әкимшилик дүзилисине қарай 14 район, 2 республикалық басқарыўға бойсынатуған қаалардан тўрады (Карта схемаға қараң) . Әмиўдәрья дельтасы Түйемойын қыснағынан басланып, арқаға барған сайын бираз кеңейип, Арал теңизине шекем жетеди. Жер бети тегисликке характерли болып, оның Арал теңизине қарай пәсейип барыўы орташа ҳәрбир километрге 14 сантиметрди қурайды. Дельталық аймақтың ийелеп атырған жер майданы ҳәм оның рельефиниң дүзилиси кишигирим қалдық таўлар (үстиртликлер) менен алмасып барады. Булардың мысалы ретинде, Белтаў, Қусханатаў, Қызылжар,

Қырантаў, Порлытаў, Гәуир қала ҳәм тағы басқа да қалдық бәлентликлерди атаўға болады. Булардың ишинен көлеми бойынша үлкениреги ҳәм салыстырмалы түрде бийигиреги– Қусхана таў есапланып, узынлығы 20 километрге, ал ени 7 километрге созылып жатыр. Оның ең бәлент жериниң улыўма бийиклиги 123 метрге жетеди. Дельта аймағында Әмиўдәрьяның көп жыллық суў режимине сәйкес ағызып әкелген уйықларынан дүзилген бәлент төбешиклер де ушырасып турады.

Булар көбинесе Әмиўдәрья дельтасының орайлық бөлиминде ушырасады. Дельта аймағында самалдың тәсиринде қәлиплескен рельеф формалары да ушырасады. Олардың қатарына Арзымбетқум, Түркмен қырылған қум ҳәм т.б. сыяқлы қумлы массивлерди атаўға болады. Дельтада, әсиресе оның арқа бөлиминде, суўалмалы ҳәм көллердиң тәсиринде пайда болған рельеф формалары да гезлеседи. Булар қатарына мысалға, Судоче, Қараўымбет, Қаратерең ҳәм тағы басқада аймақларды атап өтиў мүмкин.

2) Арал районы, Арал теңизиниң Қарақалпақстанға тийисли бөлимин ийелеп, оның майданы 3,7 млн. гектарды қурайды. Район Арал теңизиниң суўдан қурғаған ултаны менен теңиз жағалаўын ийелеп, тәбийий шараяты бойынша қолайсыз аймақлар қатарына киреди. Оның теңиз суўынан қурғаған ултанында «Аралқум» шөлистаны қәлиплесип районның тәбийий комплексине ҳәм әтираптағы районларға, әсиресе халық тығыз жайласқан дийханшылық аймақларға кери тәсирин тийгизбекте.

3) Үстирт-Әмиўдәрья дельтасының батысында жайласқан. Әмиўдәрья дельтасындағы тегисликтен Үстиртке өтетуғын жер тик жарлы формаға ийе болып, оны жергиликли халықлар шың (чинк) деп атайды. Үстирт арқа шығысында жайласқан Арал теңизи ҳәм түслик тәрепинде Сарықамыс көлинен устирттиң қуламалы шыңлары арқалы бөлинип турады. Үстирттиң Қарақалпақстанға тийисли бөлими 70 мың км$^2$ майданды ийелеп, жер бетиниң дүзилиси бойынша бәлентлик, ойпатлықлар ҳәм қазаншуқырлар менен характерленеди. Үстиртте көлемли ойпатлықлар ушырайды: буларға Аспантай, Матай, Сам әтирапындағы аймақларды атаўға болады. Асакаўдан ҳәм Сарықамыс қазан шуқырының ултаны океан қәддинен 10-13 метр төменде жайласқан. Шақпақты қазаншуқыры узыны 6 километрге, ени 3 километрге созылып, ултанының улыўма бийиклиги 18-20 метрден аспайды. Шақпақлы

қазаншуқырының ултанында самалдың күши менен пайда болған Ассакаўдан аралығында Шоржа қазаншуқыры жайласып, ол узынына 9 километрге, ал енине 5 километрге созылып атыр.

А.З.Генусов, В.В.Горбунов, Н.А.Кимберг мағлуматларына қарағанда Үстирттиң тийкарғы шөгинди таў жынысларында сур-қоңыр топырақлар, ал әййемги көл ўлтанларында тақырлы кебир топырақлар басым келеди. Известняклы жатқызықлар менен қапланған аймақларда сур-қоңыр топырақлар көбирек тарқалған. Солай етип, Үстиртиниң жер бетиниң дүзилиси ҳәм топырағындағы өзгешеликлер оның өсимлик ҳәм ҳайўанат-ларының тарқалыўында өзине тән үлкен өзгерислерди пайда етпекте.

4) Қызылқум саҳрасы, Әмиўдәрья дельтасының арқа шығысында жайласқан болып, 20 млн. гектардай майданды ийелеп атыр. Усыннан, Қарақалпақстанға тийисли жайлаўлар 3,2 млн. гектарды ийелеп, отлақлардың жыллық қоры 6-7 млн. центнерди қурайды. Қызылқумның Қарақалпақстандағы бөлими, батыста-Әмиўдәрья дельтасындағы аллювиал тегислик пенен, арқа шығыста Орайлық Қызылқум менен, ал, арқа- батыста Арал теңизи менен шегараласады.

Қарақалпақстан Қызылқумының арқа бөлими қурғақ сай-салалар менен тилкимленип, жер бети толқынланған тегислик қумлардан ибарат. Бул қумлар Әмиўдәрья ҳәм Сырдәрьяның әййемги өзеклериниң жатқызықларынан пайда болған. Ал, Қарақалпақстан Қызылқумының түслик бөлимин Султан-Ўәйис таўы ийелеп жатыр. Қарақалпақстан Қызылқумының арқа бөлими қум аралас сазлы аллювиал тегис жатқызықларынан дүзилип, олар көпшилик жағдайда жуўылып кеткен үшинши дәўирдиң тийкарғы жынысларының үстинде гезлеседи. Оны Белтаў ҳәм тағы басқа да үшинши дәўирдеги пайда болған қалдық таўлардың рельефи де тастыйықлайды.

Қызылқумының топырақ түрлери Әмиўдәрья дельтасына салыстырғанда пүткиллей өзгеше, буның баслы топырағының түрлерине қумлы топырақлар менен сур-қоңыр топырақлар жатады. Сур қоңыр топырақлар Султан-Ўәйис ҳәм басқада қалдық таўларда ушырайды. Ярым бекиниcкен еспе қумларда көбинесе қумлы топырақлар гезлеседи.

*Қарақалпақстан жер бетиниң дүзилиси ҳәм* геологиялық жақтан тәриплегенде, Туран платформасының ажыралмас бир бөлеги болып

есапланады. Ол тектоникалық жақтан әййемги эралардан берли, турғын болып қалған ҳәрекетсиз аймақлар қатарына киреди. Мезазой эрасына шекем Қарақалпақстан аймағы геосинклинал областлардан есапланып, таў пайда болыў процесси палезойдың ақырында тамамланған. Сонлықтан, платформаның фундаменти мезазойға шекемги дәўирде жатқызылған шөгинди таў жынысларынан ибарат; ҳәк таслар, метоморфизмге ушыраған саз ылай (сланец), магматикалық жынислардан - гранит, гнейс, серпентинлер қурайды. Бул фундамент палезой арасында қәлиплескен.

Әййемги қурғақлықтың пайда болыў дәўирлеринен баслап-ақ жердиң бети жуўылыў процессине ушырап, әсте-ақырын жемирилип, үгилип, тегислене баслаған. Ал, соңын ала платформа дәўири басланғанда, жер бети әсте-ақырын шөгип, палезой жынысларының үстинде жаңадан мезазой ҳәм кайнозой қатламлары топлана баслайды. Нәтийжеде, олар ҳәзирги күни Қарақалпақстан аймағында әдеўир тереңде жатыр. Фундаментлик қатлам Үстирттиң Шақпақты зонасында 100 метрден, Барсакелмеске қарай 6000 метр тереңликте ушырасса, дельтаның Қоңырат зонасында әдеўир жоқарырақта 2000 метрде, Хожели менен Нөкисте 1000 метр, Төрткүлде 500 метр тереңликте, ал Султан-Ўәйис таўында болса, фундамент қатлам жер бетинде шығып атыр.

Фундаментти жаўып атырған шөгинди таў жынысларының қалыңлығы усы аймақта сол дәўирде үстемлик еткен физикалық-географиялық шараят менен тығыз байланыслы. Солай етип, Қарақалпақстан аймағы өзиниң платформалық раўажланыў тарийхы бойынша мезазой, кайнозой эраларында мудамы теңиз асты болған. Сонлықтан да, Қарақалпақстанның көпшилик аймағы шөгинди таў жынислары қатламлары менен қапланып жатыр. Демек, бул республикада қазылмалы жер асты байлықларының географиялық тарқалыўларына ҳәм олардың қорларының қәлиплесиўине күшли тәсир еткен.

## 1.2. Қарақалпақстанның ресурс потенциалы ҳәм оған хожалық тәрептен баҳа

**Ка**рақалпақстанда буннан көп жыллар бурын-ақ санаатлық әҳмийетке ийе темир рудасының, реңли металлардың, фосфориттиң, ас дузының, мирабилиттиң, сульфат натрийдиң, қоңыр көмирдиң қорлары анықланған еди. Кейинги жылларда, Өзбекстан Илимлер Академиясының геология

институтының ҳәм Қарақалпақстан бөлиминиң геология секторының илимпазларының тиккелей қатнасыўында (Саманов Ж., Палыбеков А., Қурбаниязов К. ҳәм т.б.) жаныўшы тәбийий газдиң, көп санлы фосфорит кәнлериниң, қурылыс ушын жарамлы таслардың, әсиресе мрамордың, ҳәк тасларының, каолин саз ылайларының санаатлық қорлары ашылды. Солай етип, бизиң үлкемизде бүгинги күнге келип санаатлық әҳмийетке ийе минерал шийки зат ресурсларының көп ғана қорлары белгили болды. Буларды халық хожалығындағы әҳмийети ҳәм пайдаланыўы бағдарлары бойынша төмендеги топарларға бөлиўге болады:

1. Отын-энергетикалық әҳмийетке ийе минерал шийки зат ресурслары;
2. Металлургиялық әҳмийетке ийе минерал шийки зат ресурслары;
3. Химиялық шийки зат ушын әҳмийетке ийе ресурслар;
4. Қурылыс ушын әхмийетке ийе минерал ресурслар;
5. Азық-аўқатлық әҳмийетке ийе шийки зат ресурслары.

Жоқарыдағы көрсетилген отын-энергетикалық әҳмийетке ийе тәбийий ресурслардың қатарына жаныўшы газди, көмирди ҳәм нефтти атаўға болады. Тәбийий жаныўшы газ, Қарақалпақстанның Үстирт бөлиминдеги Шахпахты, Қуўаныш ҳәм т.б. кәнлеринде ашылды. Қәнигелердиң көрсетиўинше ҳәзирдиң өзинде оның улыўма қоры 195 млрд. куб метрге барабар. Усыннан Шахпахты газ кәниниң қоры 46,5 млрд. куб метрди қурап, кейинги жылларда Республика газ қубырына тутастырылған еди. Қоңыр көмирдиң қорлары төменги ҳәм орта юра жатқызықларында ушырасып, булар Туўарқар, Куландыда 150-1500 метр тереңликтеги аралықта ушырайды ҳәм үлкен санаатлық әҳмийетке ийе байлықлар қатарына киреди. Ал, нефттиң санаатлық қоры Барсакелмес зонасында ҳәм Арал теңизиниң қурғақлыққа айналған аймақларында көплеп ашылмақта. Көлемли табийий қорларға ийе байлықлардың географиялық жайласыўы ҳәм олардан халық хожалығы тараўларында пайдаланыўдың кәзирги дәрежеси бойынша мағлыўматларды төмендеги №1 кестеденде көриўге болады.

Жоқарыда көрсетилген минераллық шийки зат ресурсларды санаатта пайдаланыў ушын алдағы ўақытларда Қарақалпақстанның отын-энергетикалық базасын беккемлеў газ, нефть, химия санаатларының раўажланыўына жол ашатуғыны сөзсиз. Бизиң шараятымызда беккем отын-энергетика базасын дүзиў, ҳәзирги халық хожалығы тараўларының энергияға деген талабын

тәмийинлеўде ҳәм жобаластырып отырған санаат комплекслерин дүзиўге жол ашыў менен бирге, пайдаланыўға жарамлы минерал шийки зат ресурсларының қурамындағы бос жынысларды ажыратыўға мүмкиншилик береди.

**№ 1- Кесте**

**Қарақалпақстанның баслы минерал шийки зат ресурслары**

| № | Кәнлердиң атлары | Өлшем бирлиги | | Қолланыў дәрежеси |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Арал акваториясында жайласқан тас көмир кәнлери | Млрд. тонна | 7,2 | Пайдаланылмайды |
| 2 | Шақпақты, Қуўаныш ҳәм тағы басқада газ кәнлери | Млрд. м.3 | 195 | 1970 ж.дан баслап аз муғд-да пайд-мақта |
| 3 | Барсакелмес дуз кәни | Млрд. тонна | 17,2 | Ҳәзир пайдаланылмайды |
| 4 | Тебинбулақ темир кәни | Млрд. тонна | 17 | Ҳәзир пайдаланылмайды |
| 5 | Қараўымбет ас дузы кәни | Млрд. тонна | 7,8 | Қоңырат сода заводы, Шоманай р-ы б/ж.-и. тәрепинен пайдаланылады |
| 6 | Қусханатаў миробилит кәни | Млрд. тонна | 1,1 | Ҳәзир пайдаланылмайды |
| 7 | Хожакөл фосфорит кәни | Млрд. тонна | 2,7 | Ҳәзир пайдаланылмайды |
| 8 | Қусханатаў, Кызылсай, Зейнелбулақ ҳәм т.б. кәнлер | Млн. тонна | 500,0 | Ҳәзир пайдаланылмайды |
| 9 | Усынан зейнебулақ талк кәни | Млн. тонна | 22,0 | 1958/1959-ж. баслап азлап өндир.-ди |

Қарақалпақстанда металлургиялық әҳмийетке ийе минераллық ресурслардан темир рудасын, мыс, цинк, никель, қорғасын ҳ.т.б. байлықларды атаўға болады. Геологиялық изертлеў нәтийжесинде Султан-Ўәйис таўында темир рудасының (қоры 17 млрд.т.), мыстың, қорғасынның, цинктиң ҳәм т.б. байлықлардың көлемли қорлары табылды. Табылған никель автомобиль, трактор, аўыр машина санааты ушын керекли ҳәр қыйлы үскенелер таярлаўға, медициналық приборлар, аккумляторлар ушын электрод таярлаўға ҳәм тийин ақшаларға нағыс бериў ушын жарамлы. Химиялық ҳәм азық-аўқатлық минераллық шийки зат ресурсларға фосфорит, миробилит, ас дузы ҳәм шыпалы жер асты суўларын келтириўге болады. Фосфориттиң изертленген қорлары Үстиртте, Бестөбеде, Хожакөлде ҳәм т.б. орынларда ушырайды. Миробилиттиң санаатлық әҳмийетке ийе қорлары Қусхана таўында ушыр-айды ҳәм қоры 1,1 млрд. куб метрге барабар. Булар қағаз, тоқымашылық санаатлары, сондай-ақ шийше ислеўге ҳәм фармацептика ушын пайдаланыўға жарамлы. Ас дузының

көлемли санаатлық әҳмийетке ийе қорлары Қараўымбет, Барсакелмес, Актуба, Сарыкөл зоналарында жайласқан. Усыннан, тек Барсакелмес кәниндеги ас дузының қоры 15 млрд. тоннадан аслам деп жүргизиледи. Қарақалпақстанда халық хожалығында пайдаланыўға жарамлы жер асты суўларының да мол қорлары ушырайды. Гидрогеологиялық экспедиция мағлыўматларына қарағанда, бул суўлар емлеўхана ислерине ҳәм ишимлик ушын минерал суў ретинде пайдаланыўға имканият береди. Қарақалпақстан аймағы қурылыс санааты ушын керекли қурамалы асбест, дала шпатының, талктиң, мрамордың, ҳәктиң, граниттиң ҳәм т.б. қорларына оғада бай. Усыннан, талктиң изертленген қоры 820 млн. куб метрге бара-бар болып, қағаз, кабел, резина ислеп шығарыўда, безеў ушын плиталар таярлаўда ҳәм изоляторлар ислеп шығарыўда пайдаланыўға болады, ал гранит болса кесиў, жоныў үскенелерин таярлаўда пайдаланыўға жарамлы.

Ҳәзир үлкемизде қурылыс материалларының ишинен мрамордан пайдаланыў белгили дәрежеде жолға қойылған. Султан-Ўәйис таўы мраморының базасында Нөкис гранит-мрамор заводы ислемекте. Солай етип, Қарақалпақстандағы шийки зат ресурсларын қысқаша анализлегенимизде үлкемизде минераллық байлықлардың потенциаллы қорлары бар екенлиги белгили болып отыр. Сонлықтан, бул көлемли ресурсларды санаатта пайдаланыўға қосыў, алдағы ўақытларда Қарақалпақстанда ири-ири тараўлық ҳәм тараўларара санаат комплекс-лерин дүзиўге мүмкиншилик береди, бул өз гезегинде үлкемиздиң аграр статусын өзгертиўге жол ашса, екиншиден халқымыз миллий табысының көлемин артырыўға гиреў болатуғыны сөзсиз.

Жуўмақлап айтқанда, Қарақалпакстан Республикасының аймағында аўыр санаат тараўларын, әсиресе, таў-кән санааты ҳәм қурылыс материаллары санаатын раўажландырыў ушын минераллық шийки зат ресурслардың көпшилик түрлери жайласқан. Мысалы, Тебин-булақ титан-магнетитли кәни перспективалы кәнлерден есапланады. Сульфатлы магнезиялы дуз кәни тийкарында сульфат натрийин, ас дузын ҳәм металл магнийин алыўға жол ашылады. Бул ақырғы есапта химия, металлургия санаатларын кеңнен раўажландырыўға мүмкиншилик туўдырады.

Республикада қурылыс материалларын көплеп жетистириў ушын да минерал байлықларының қорлары мол. Бул ҳәзирги ўақытта Үстирт зонасынан

табылған газ, нефть ҳәм т.б. бир қатар кәнлеринде қурылыс-монтажлаў жумысларын шөлкемлестириўге ҳәм Қарақалпақстанның индустриал бағдарда раўажланыўына мүмкиншилик жаратады.

**Климаты.** Қарақалпақстанның климаты кескин континентал ҳәм ҳәдден тысқары қурғақшылығы менен характерленеди. Климат шараятының бундай болыўына оның материктиң ишкерисинде жайласыўы ҳәм жер жүзлик океанлар, сондай-ақ теңиз суўларынан жүдә узақта болыўы және Арктикадан келетуғын суўық ҳаўа массасы ушын иркиништиң жоқлығы күшли тәсир жасайды.

Қарақалпақстан Республикасының климатының континенталылығы метеорологиялық элементлердиң суткалық ҳәм жыл бойлық барысындағы кескин өзгериўинен де сезиледи. Мысалы: Қарақалпақстан аймағы бойынша жыл даўамында бақланатуғын ҳаўаның ең жоқарғы ҳәм жүдә төменги температура дәрежелерин бир-бири менен салыстырсақ, оларда үлкен айырмашылықлардың бар екенлигин анықлаўға болады. Ол Нөкисте 78°С, Тахияташта 79°С, Жаслықта 81°С, Каракалпакия ҳәм Шабанқазғанда 84°С қа тең. Жаз айларында сутка ишиндеги ең төмен температура көбинесе азанғы саат 4-5, ал жүдә жоқарғы температура саат 14-16 аралығына туўра келеди. Қыс айларында сутка ишинде ҳаўаның ең төменги температурасы азанғы саат 6-7 де билиўге болады. Ал июльде жоқарғы температура +32,8°С болса, ал январдағы ең төмен температура 11-16°С қа барабар.

Республиканың тәбийий-экономикалық районлары бойынша жаз ҳәм қыс айларының орташа температурасында-да үлкен парықты байқаўға болады. Мысалы: Июльдиң орташа температурасы қубла зонада +33,1°С болса, ал Қызылқумда +38,2°С қа шекем жоқарылайды. Январь айындагы ең төмен температура қубла Арал жағалаўында -28°С болса, ал Үстирт және Қызылқумда -36°С қа шекем пәсейеди. Айырым жылларда, июльдеги улыўма максимум температура суўғарылатуғын зонада +42°, +44°С қа, ал Қызылқумда +46°, +48°С қа шекем көтериледи.

Қарақалпақстанда жайласқан метеорологиялық станциялардың көп жыллық мағлыўматларына қараганда республиканың тәбийий-экономикалық районларда. сондай-ақ ҳәтраптағы шөлистанлы аймақларда ыссылықты талап ететуғын көпшилик аўыл хожалығы өсимликлери, ҳәсирресе техникалық

егинлер ушын вегетациялық дәўирде термикалық шәраятлар жеткиликли. Буны Қарақалпақстанда жайласқан метеорологиялық станциялар бойынша топланған +10$^{o}$ жоқары температуралардың сүммасынан ҳәм күн есабындағы агроклиматлық ресурслардың муғдарынанда байқаўға болады (кесте-№2).

**№ -Кесте**

**Қарақалпақстанның агроклимат ресурсларына хожалық тәрепинен сыпатлама**

| Тәбийий районлар ҳәм метеостанция атлары | Вегетациялық дәўирдеги температуралардың суммасы, градус есабында | | Вегетациялық дәўирдиң узақлығы, күн есабында | | Вгетация дәўириндеги нәтийжели темп.дың суммасы, градус ес.да | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | +5$^{o}$C | +10$^{o}$C | +5$^{o}$C | +10$^{o}$C | +5$^{o}$C | +10$^{o}$C |
| **Әмиўдәрья алабы:**<br>А) Арқа район | | | | | | |
| Нөкис | 4342 | 4060 | 226 | 192 | 3212 | 2125 |
| Шымбай | 4107 | 3841 | 223 | 188 | 2092 | 1865 |
| Қоңырат | 4046 | 3774 | 223 | 186 | 2931 | 1891 |
| В) Қубла район<br>Төрткүл | 4563 | 4278 | 240 | 202 | 3363 | 2432 |
| **Арал районы**<br>Мойнақ | 4036 | 3727 | 219 | 179 | 2941 | 1037 |
| **Қызылқум р-ны**<br>Шабанқазған | 4426 | 4187 | 220 | 189 | 3326 | 2197 |
| **Үстирт районы**<br>Қосбулақ | 3855 | 3686 | 226 | 177 | 2825 | 1913 |

Кестеде көрсетилгениндей Қарақалпақстанның арқа районларында пахтаның тез писетуғын сортларын енгизиў арқалы термикалық ресурслардан нәтийжели пайдаланыўға болады, ал қубла районларда болса вегетациялық дәўирдеги нәтийжели температуралар техникалық өсимликлердиң өсип раўажланыўы ушын жеткиликли. Қарақалпақстан шөллер зонасында жайласқан үлке ҳәм ең ыссы аймақлар қатарына киреди. Сонлықтан хаўаның ығаллығы оғада төмен. Июль айларында ҳаўаның ығаллығы Қоңырат пенен Шымбайда 3,1 миллибарға, ал Төрткүлде 3,3 миллибарға тең, яғный январь айына салыстырғанда ол 5-6 мәрте кем. Орта есап пенен алынған көп жыллық мағлыўматларға қарағанда жаўын-шашынның муғдары 80-100 мм-ден артпайды ҳәм опың тийкарғы бөлимин қыс, бәҳәр айларына туўра келеди.

Жаз айлары деп есапланатуғын июнь, июль ҳәм августа жыллық жаўын шашынның тек 8-13 проценти ғана жаўады. Мысалы, бул көрсеткиш Шабанқазғанда 10 процент, Қоңыратта 15 процент, Шымбайда 11 процент, ал Төрткүлде 7 проценттен артпайды. Жаўын шашыны мол деген Үстиртте (Каракалпакия) ҳәм Жаслық метеорологиялық станцияларының мағлыўматларына қарағанда жыллық жаўынның муғдары улыўма

көрсеткиштиң тек 22-23 процентин ғана ийелейди. Солай етип, жуўмақлап айтқанда Қарақалпақстан аймағында тәбийий ығалланыў барысы оғада аз, бул қолдан суўғарыў арқалы ғана аўыл хожалық егинлериниң суўға деген талабын толықтырыўға ҳәм термикалық ресурслардан әдеўир толық ҳәмде рационаллы пайдаланыўға имканият береди. Себеби, жыл бойлық жыллы күнлердиң саны, ҳаўаның температурасы ҳәм ығаллығы, эффектив температуралардың жыйындысы, жаўын шашынның муғдары, самалдың күши ҳәм бағыты тағы басқа да көплеген тәбийий факторлар, мәдений өсимликлердиң өсип раўажланыўы ушын, сондай-ақ аўыл хожалық жумысларын өз ўақытнда ҳәм сапалы жүргизиўде үлкен әхмийетке ийе.

**Суў ресурслары.** Қарақалпақстан Республикасы Орайлық Азияның басқа да аймақларындай туйық бассейнде жайласқан ҳәм оның кескин континенталлы климат шараяты, жер асты ҳәм жер үсти суўларының пайда болыўы, көбейиўи ҳәм аймақ бойынша жайласыўына күшли тәсир етеди. Ҳәзир Қарақалпақстандағы ең үлкен ҳәне бирден-бир ағын суў дереги болып Әмиўдәрья есапланады. Сонлықтан, Әмиўдәрья бизиң аймағымыздағы барлық суў қорларының қәлиплесиўине тиккелей тәсир жасайды ҳәм республиканың халық хожалығы комплексиниң раўажланыў дәрежесин аныклайды. Әмиўдәрья Орта Азиядағы ең үлкен дәрья. Оның сағасы Гиндикуш таўының арқа жанбаўырында 4990 метр бәлентликте жайласқан Бревский музлығынан басланады. Ол басланар жеринде Бахджир деп аталады. Әмиўдәрьяның тийкарғы салалары Памир-Алай таўларынан басланады ҳәм шөл зонасында жайласыўына қарамастан суўы мол дәрьялар қатарына киреди. Әмиўдәрья басланар жеринде Бахджир, соң Бахандәрья аталса, ал Памир дәрьясы менен қосылғаннан кейин Пандж деп жүргизиледи. Пандж-Вахш дәрьясы менен қосылғаннан кейин Әмиўдәрья деп аталады. Оның Памирден Аралға шекемги улыўма узынлығы 2540 километрге созылып жатыр. Әмиўдәрья өзиниң төменги бөлиминде дельта пайда етип, ол Түйемойыннан Арал теңизине шекем созылып жатырған 20 мың кв.км майданды ийелейди. Әмиўдәрья Түйемойын қыснағынан баслап Арал теңизине шекемги аралықта бир неше тармақларды пайда етип, олардың ең баслыларынан Ақшадәрья, Гөнедәрья, Дәрьялық, Еркиндәрья, Қыпшақдәрья ҳәм.т.б атаўға болады. Бирақ, булардың көпшилиги дерлик қурып қалған салалар қатарына киреди ҳәм аңғарлары көмилип

тегисликке айланып кеткен. Әмиўдәрья Арал теңизине шекем үлкен қыямайлыққа ийе, ол жеңил аллювиал жатқызықлар менен бекинискен аймақлар арқалы ағып өтип, шөгинди жынысларды ағызып, оғада көп муғдардағы уйықларды алып келеди. Оның ҳәр бир кубометр аққан суўында орта есап пенен 5 кг. нан 10 кг. ға шекем уйық болады. Жыл даўамында Әмиўдәрья арқалы ағатуғын суўдың көпшилик бөлими дийқаншылықта пайдаланылады.

Дийханшылықта пайдаланылатуғын Әмиўдәрья суўы Қарақалпақстан аймағында тийкарынан ири 4 ирригация системалары: Пахта-Арна, Назархан-Қыпшақ, Сүўенли ҳәм Қызкеткен каналлары арқалы жеткерип бериледи. Олардың ҳәр бири Әмиўдәрьядан өзлигинен ямаса насос жәрдеминде суў менен тәмийинлей алатуғын бир неше магистрал каналларды өзине бириктиреди (кесте-№3).

Республиканың түслигинде, яғный Амудәрьяның өринде Пахта-Арна ирригациялық системасы басланады. Бул системаға сағасына суў өзлигинен ағатуғын Пахта-Арна, Найман, Бештам каналлары бириктирилген. Олар Елликқала, Төрткүл, Беруний районларының суўдан пайдаланыўшы хожалықларын ҳәм мәкемелерди суў менен тәмийинлейди.

**№3-Кесте**

**Қарақалпақстанда суў ресурсларынан пайдалыныўдың баслы көрсеткишлери**

| № | Суўғарыў каналлары атлары | Секундына суў ағызыў мүмкиншилиги м.куб/сек | Суў менен тәмийинленетуғын жер майданы | Суў менен тәмийинленетуғын районлар | Бир жылда Әмиўдәрьядан алатуғын суў көлеми млн. м.куб |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Қызкеткен | 200,8 | 134,0 | Нөкис, Кегейли, Шымбай, Қараөзек Тахтакөпир | 3746,0 |
| 2 | Сүўенли | 186,4 | 116,9 | Хожели, Шымбай, Қанлыкөл,Қоңырат ҳәм Мойнақ р-ны | 3197 |
| 3 | Пахта-Арна | 75,0 | 87,1 | Төрткүл, Беруний Елликқала | 1670,0 |
| 4 | Қылышниязбай, Қыпшақ, Бозсуў, Назархан | 47,1 | 33,3 | Әмиўдәрья | 65161 |
| 5 | Басқада каналлар системасы | 741 | 45,6 | Район аралық хожалықлардың жерлери | 396,2 |
| | ҚР бойынша барлығы: | | 416,9 | | 9654,8 |

***Пахта-Арна*** каналы өз сағасын дәрьяның оң жағасында жайласқан түйемойын қыснағынан алады ҳәм Қарақалпақстаннын туслигинде жайласқан районларының барлық егислик жерлерин суўменен тәмийн-лейди. Ал Беруний районының азырақ жерлери орташа үлкенликтеги үш каналдан Найман, Бештам, Бозжап ҳәм Найман-Бештам насос станция-ларынан суў алады.

***Назархан-Қыпшақ ирригация системасы.*** Жумыртаў-Қаратаў қыснағында жайласқан болып, ол сағасынан өзлигинен суў алатуғын дәрьяның оң жағасында жайласқан Назархан каналынан ҳәм дәрьяның шеп жағасында жайласқан Қыпшақ-Назархан насос каналынан турады. Усы ирригациялық системалар, тек Әмиўдәрья районының ҳәм Бердақ атындағы хожалықлардың жерлерин суў менен тәмийинлейди.

Сүўенли ирригациялық системасы. Қарақалпақстандагы ең ири ирригациялық системалардың биринен есапланады. Бул система ҳәзир ислеп турған Тақыяташ гидроузелине тутастырылған ҳәм ол Сүўенли магистрал каналдан, оған жәрдемши параллел каналдан, сондай-ақ суў өзлигинен ағатуғын қуўатлылығы жағынан кишилеў еки каналдан: Кенегес ҳәм Сүўенли каналларынан турады. Усы Сүўенли ирригация системасының тәсир ететуғын зонасында, Тақыяташ гидроузелинен төменде, шама менен 100 км. қашықлықта Раўшан каналы жайласқан. Бул канал келешекте Сүўенли магистрал каналының ақырғы бөлимине тутастырылыўы көзде тутылмақта. Сүўенли ирригация системасы төрт районның: Хожели, Шоманай, Қанлыкөл ҳәм Қоңырат районларының суўғарылып егилетуғын жерлерин суў менен тәмийинлейди.

***Қызкеткен каналы*** Қарақалпақстандағы ең улкен ирригациялық система болып есапланады. Ол арқа зонасындағы Амудәрьяның оң жағасында жайласқан: Нөкис, Кегейли, Шымбай, Қараөзек, Тахтакөпир районларының жерлерин суў менен тәмийинлейди. Қызкеткен каналының суў алатуғын сағасы Тақыяташ гидроузели-ниң өринде жайласқан болып, инженерлик типте қурылған бас тарнаўларға ийе. Дәрьядан алатуғын суўының муғдары секундына 200,8 куб.метр, ал жылына алатуғын суўының көлеми 3,8-4 млрд. куб. метрди қурайды.

Солай етип, Қарақалпақстанның гүллан суўғарыў тармақлары Түйемойын гидроузелинен саға алатуғын баслы төрт суўғарыў системасына Пахта-Арна

каналына, Тақыяташ гидро-узелинен саға алатуғын Сүўенли ҳәм Қызкеткен каналларына бирлестирилген. Олардың барлығының дәрьядан алатуғын улыўма суў муғдары жылына 9,6-10 млрд. $м^3$ жақын. Бул ҳәзирги суўғарылып егилетуғын дийханшылық тараўларын суў менен тәмийинлеўге мүмкиншилик береди ҳәм алдағы ўақытларда аўыл хожалығынан алынатуғын өнимлерди арттырыўға жол ашады.

Қарақалпақстан Республикасының Әмиўдәрьядан кейинги баслы суў дереклериниң бирине Арал теңизи (көли) есапланады. Ол 66,1 мың кв.км майданды ийелеп, оның қубла-батыс бөлими Қарақалпақстанға тийисли. Арал теңизи майданының үлкенлиги жағынан Каспий теңизинен кейин дослық аўқамына киретуғын еллерде 2-орынды ийелейди.

Арал теңизи дүнья жүзлик океан қәддинен 53 метр бийикликте жайласқан. Арал теңизиниң қубла-шығыс тәрепи оғада сайыз келеди, оның ең терең жери батыс бөлиминде жайласқан. Бирақ, бул көл ҳәзир үлкен өзгериске ушырамақта. Арал теңизине Әмиўдәрья, Сырдәрья арқалы жыл сайын келип түсетуғын суўдың азайып кетиўине байланыслы оның суў басып атырған майданының ½ бөлими қурлыққа айланбақта.

Нәтийжеде Аралдың суў деңгейи өткен әсирдиң 70-жылларынан баслап-ақ жылына 40-70 см әтирапында пәсейип, 1990-жылларға келе 14,6 метрге төменледи. Аралдың суў басып атырған майданы 35 мың $км^3$ қысқарып, теңиз жағадан 100-150 километрге шегинип, суўдан босаған орында айырым мағлыўматларға қарағанда 35-40 мың $км^2$ майданға барабар, Орайлық Азиядағы үшинши шөлистан «Арал қум» пайда болды. Сонлықтан, ҳәзирден баслап Аралға түсетуғын суў дереклерин табыў, әсиресе дәрьяның сол жағалаўындағы жайласқан қоңсылас Хорезм ўәлаяты ҳәм Түркменстанның Ташаўыз ўәлаятының дийханшылық зоналарынан босаған аўысық суўларды ҳәм изейкеш суўларын Аралға қуйдырыў зәрүр. Бул биринширден қоршаған тәбийий ортаны қорғаўға бағдар таярласа, екиншиден Аралдың суў қәддин ҳәзирги дәрежесинде сақлаўға ҳәм халықтың азық-аўқатлық өнимлерге деген талабын қанаатландырыў мақсетинде балықшылықта пайдаланатуғын ҳәўизлердиң өнимдарлығын қәлпине келтириўге мүмкиншилик туўдырады.

Қарақалпақстан Республикасында жер асты суўларының қорлары да көп. Бирақ, олардың географиялық тарқалыўы ҳәм қоры биргеликли емес. Мысалы,

суўғармалы дийханшылық зоналарында жер асты суўлары 1-4,5 метрге шекемги аралықта ушырасса, ал Үстиртте ол 7-16 метр тереңликте жайласқан. Қызылқумда жер асты суўлары суўлы линзалар аралығында топланып, ол артезиан суўлары деген атты ийелейди. Бундай суўлар жайлаўларды суўландырыў ушын пайдаланыўға болады. Сонлықтан, халық хожалығын комплекс бағдарда раўажландырыў ушын Арал теңизиниң ролин кушейтиў ҳәм жер асты суўларынан рационаллы пайдаланыў үлкен әҳмийетке ийе.

Кейинги жылларда Әмиўдәрья Әмиўдәрья суўының үлкен бир бөлими .Қарақум каналы, Әмиў-Каршы ҳәм Әмиў-Бухара каналлары арқалы дийханшылыққа көплеп сарып етилиўине байланыслы Арал теңизиниң суў басып атырған ҳәддиниң пәсейип кетиўине ҳәм көп муғдарда шорланыў процессиниң ең жайыўына дуўшар етпекте. Усыған сәйкес, Арал бассейнинде жүз берген экологиялық қыйыншылықларды түп-тамырынан қайта жөнлеў үлкен әҳмийетке ийе. Бул, Қарақалпақстанда өндириўши күшлерди тез пәт пенен раўажландырыўға, бәринен де бурын халқымыздың социаллық жағдайын жақсылаўға жол ашады.

**Топырағы ҳәм жер фонды.** Қарақалпақстанның топырақ қатламлары шөл шараятында қәлиплескенликтен ҳәр қыйлы топырақ түрлерин ушыратыўға болады. Булардан ең көп тарқалғаны қумлы боз топырақлар, сур-қоңыр топырақлар ҳәм кебирликлер есапланалы.

Қарақалпақстан географиялық жайласқан орны бойынша шөллер зонасын ийелеп, оның зоналлық характердеги топырағына боз топырақлар жатады. Бирақ, дельтада топырақтың пайда болыўы ҳәм раўажланыўы Әмиўдәрьяның суў режимине тығыз байланыслы болғанлықтанп, бул зонада аллювиаль топырақлар кеңнен тарқалған.

Профессор А.А. Рафиков ҳәм профессор Ж.М.Мәтмуратовлардың изертлеў мағлыўматларына қарағанда Қарақалпақстанда отлақлы топырақларда көбирек ушырайды. Булар, әдетте автоморфлы топырақлар менен гидроморфлы топырақлар группасы арасындағы өткел топырақ қатламы болып есапланады. Батпақлы-отлақлы топырақлар, батпақлы ойпаўытлардың жанбаўрайларында Әмиўдәрья ҳәм оның тармақларына жақын жерлердеги участкаларға характерли. Отлақлы тақырлар жер асты суўлары менен ығалланып, усының салдарынан жер асты суўлары пуўланған ўақытта отлақлы тақырлы жерлердиң

үстинги бети кебир ашады. Отлақлы топырақлар Қарақалпақстанда Сүўенли, Қызкеткен, Пахта-Арна ҳәм Назархан каналлары тәсир ететуғын аймақларды ийелеп атыр. Отлақлы-тақырлы топырақлар жер асты суўлары қәддиниң пәсейиўи нәтийжесинде пайда болады ҳәм оның көпшилиги дерлик суўғарылып егиледи. Отлақлы-тақырлы топырақлардың көпшилик бөлими Әмиў-дәрьяның ҳәзирги дельтасындағы тоғайлы өсимликлер менен қапланып тың жерлер фондынада қосылмақта.

Тақыр топырақлар, әсиресе Қоңырат, Хожели районлары аралығында, сондай-ақ Қарақалпақстанның түслик-шығыс шетинде (Қырқ қыз массиви) тарқалған ҳәм Әмиўдәрья дельтасындағы ең көп тарқалған топырақ түрине киреди. Жоқарыда айтылған топырақлардан басқа егин егиўге жарамсыз шорлақлар да ушырайды. Сур қоңыр топырақлар Қызылқумда, Султан Ўәйис таўы әтирапында ҳәм бир қатар қалдық таўларда ушырайды. Ал қумлы топырақлар болса, ярым бекинискен төбе-төбе қум массивлеринде ҳәм көшпели еспе қумларда ушырасып, оның майданы 6-8 млн. га барабар.

Жоқарыда атап көрсетилгениндей, Қарақалпақстан территориясында көп санлы топырақтың түрлери ушырайды ҳәм олар 16,6 млн. гектардан аслам майданды йелеп, республиканың жер фондын дүзеди. Бирақ, усы көлемдеги жер ресурсларының ҳәзирги ўақытта суўменен тәмийнгени 500ың гектарды, ал усыннан аўыл хожалығы өндирисинде 262,9мың гектары ғана егислик ушын пайдаланылады ҳәм олардың көпшилик бөлеги ҳәдден тысқары минерилизация процессин бастан кеширмекте. Сонлықтан, бизиң шараятында егислик жер фондынан рационаллы пайдаланыў күн тәртибиндеги баслы машқалалардан есапланады.

**Биоресурслары.** Қарақалпақстан территориясында ушырасатуғын өсимлик ҳәм ҳайўанлардың турлери шөллер зонасының тәбийий шараятына ийекемлескен болып, олардың көпшилиги дерлик мал шарўашылығы ушын от-шөплик әҳмийетке ийе. Тоғай типиндеги өсимликлер Әмиўдәрья дельтасында ушырап, оның баслыларына торańғыл, жигилдик, жыңғыл, тоғай таллар жатады. Ал, суўалмаларда, сондай-ақ бурынғы көллердиң ултанларында қамыс, жекен, кендир, урықлар кең тарқалған.Ал Амиўдарья дельтасында боян, шеңгел, бийдайық, қызыл кендир, қарабарақ ҳәм сора өсимликлерид өседи.

Қарақалпақстан Қызылқумының көпшилик бөлиминде ақ сексеўил, қара сексеўил, ран, селең, жүзгин, қум пәшеги, баялыш, қызылша өсетуғын болса, ал айырым топырақтың қурамында дуз басымлаў участкаларда тас биюргин, сарысазанлар көбирек тарқалған.

Үстирт өзине тән тәбийий комплекске ийе болып, бунда биюргин, жуўсан, сексеўил, кейреўик, терескен, жыңғылдың түрлери, бийдайық ҳәм тағы басқа өсимликлердиң түрлери тарқалған. Үстирттиң Әмиўдәрья дельтасына шегара районларында жер асты суўлары жүдә төменде жайласып, бул жерлерде жыңғыл, жантақ, қоянсүйек ҳәм т.б. өсимликлер өседи. Бирақ, Қарақалпақстан Үстирти кескин континентал климат шараятына ийе болыўына қарамастан, меридианал бағдарда созылып жатқанлықтан өсимликлер дүньясының саны ҳәм сапасы жағынан өзгешеликке ийе. Мысалы, Үстирттиң арқа бөлиминде баялыш, биюргин өсимлиги көбирек тарқалса, орайлық Үстиртте жуўсан, биюргин басымырақ келеди. Ал, түслик Үстиртте кейреўик ассоциациясына киретуғын өсимликлер характерли. Әмиўдәрья алабында жайласқан оазислерде болса, көп жыллар даўамында адамлардың мийнет искерлиги нәтийжесинде үлкен өзгериске ушырап, мәдений өсимликлери менен көзге түседи.

Қарақалпақстан Республикасының климат шараятына тән жүдә жоқары температура ҳәм ҳәдден тысқары қурғақшылық, ҳайўанатлар дүньясының тарқалыўына ҳәм түр өзгешеликлерине күшли тәсир жасайды. Усыған сәйкес, Әмиўдәрья дельтасында, Үстиртте ҳәм Қызылқумда ушырайтуғын ҳайўанлардың тиришилик етиў шараяты, түр өзгешеликлери бир-биринен әдеўир парық қылады. Соның менен бирге, Қарақалпақстанда ушырасатуғын өсимликлердиң көпшилиги дерлик экономикалық көз қарастан өнимдарлығы бойынша жүдә төмен болып, тек мал шарўашылығы ушын от шөплик әҳмийетке ийе. Изертлеў мағлуматларына қарағанда жантақтың майданы 100 мың гектарды ийелесе, ал пишензарлықлардың есапқа алынған майданы 73 мың гектарға барабар. Егер пишензарлықлардан орташа 8-10 центнер зүрәәт алған жағдайда мал шарўашылығы, әсиресе, ири қарамаллар ушын мол от шөп базасын дүзиўге мүмкиншилик береди.

Буннан басқа республика аймағында есапқа алынған дәрилик гүлли өсимликлердиң 130 дан аслам түрлери ушырап, олардың қатарына гармола, ийтсийгек ҳәм солодка өсимликлериниң түрлерин атаўға болады.

Илимпазлардың пикирлерине қарағанда дәрилик өсимликлердиң айырым түрлери бизиң тәбийий шараятқа жақсы ийкемлескен. Сонлықтан оларды қолдан өсириў ҳәм арнаўлы хожалықлар дузиў арқалы, оның қорларын көбейтиў үлкен әҳмийетке ийе. Қарақалпақстанда дәрилик өним таярлаўға жарамлы боян тамырдың 15 мың гектарға жақын майданы тарқалған. Ал олардың өнимдарлығы ҳәм тамыры қурамындағы глицерин кислотасының салыстырмалы дәрежеси Өзбекстанның басқа үлкелерине салыстырғанда 1,5-2 есе дерлик жоқары. Сонлықтан, Қарақалпақстан шараятында боян тамырын өндириў менен шуғылланатуғын хожалықларды көбейтиў үлкен әҳмийетке ийе. Буны тезден иске асырыў базар қатнасықлары шараятында республиканың экономикалық раўажланыўын тезлетиў ушын қосымша пул дереклерин топлаўға мүмкиншилик беретуғыны сөзсиз. Усыған сәйкес, «Бадай тоғай» қорықханасы типинде базаларды дүзиў арқалы өсимликлердиң түр қурамын ҳәм өнимдарлығын арттырыў бойынша илимий-изертлеў жумысларын тезлетиў, жер ресурслары ҳәм минерал шийки затлардан рационаллы пайдаланыўдың иләжларын ислеп шығыў, хожалық тәрептенде үлкен әҳмийетке ийе.Жуўмақлап айтқанда, Қарақалпақстан шараятында жергиликли климат-қа ийкемлескен биоресурслардың түрлерин қорғаў ҳәм оның сапасын байытыў үлкен илимий-әмелий әҳмийетке ийе. Себеби, Арал дағдарысына сәйкес, ҳәзир республиканың табийий комплекси үлкен өзгериске ушырамақта. Мысалы, Арал теңизиниң суў басып атырған территорияларынан көп майданлардың шөлистанлыққа айланыўы нәтийжесинде Орайлық Азиядағы үшинши шөлистан «Аралқум» пайда болды. Арал акваториясындағы дузлы топырақлар ҳәм қумлардың егислик зонасына араласыўы нәтийжесинде дийханшылық пенен шуғылланатуғын аймақлар-да тәбийий орталық үлкен өзгериске ушырамақта. Бул ҳәдийсе, бизиң регионымызда тек биоресурслардың өзгериске ушыраўына тәсир етип қоймастан, ал адамлардың ден-саўлығына да кери тәсирин тийгизбекте. Көп санлы кеселликлердиң түрлери пайда болды ҳәм жуқпалы аўырыўлар тарқалмақта.

Арал суўының көрилмеген дәрежеде пәсейиўи ҳәм қурғақлыққа айланған майданлардың көбейиўи, балықшылық ҳәм ондатра хожалық-ларының дағдарысқа ушыраўына алып келди. Нәтийжеде жыл сайын Арал аймағында жайласқан хожалықлар 22,7-24 млн. сумнан аслам шығынға ушырап, теңиз

кәсипшилиги набыт болды. Усыған сәйкес, теңиз жағалаўларында пайда болған дузлы-қумлы массивлердиң тәбийий орталыққа кери тәсирин босаңластырыў ҳәм балықшылық пенен шуғылланатуғын хожалықлардың суў айдынларын толтырыў, Арал жағаўларындағы көп санлы көллердиң отлақларын қәлпине келтириў үлкен хожалықлық әхмийетке ийе. Бул ушын Ажибай қолтығында 200 мың гектар, Мойнақ қолтығында 140 мың гектар, Мақпал көл әтирапында 153 мың гектардай майданды суў менен толтырыў зәрүр болады. Нәтижеде, келешекте Арал жағалаўларында 685 млн. $м^3$ суўлы алапларды дүзиўге мүмкиншилик дузиледи. Домалақ көл, Жалтырбас көл аймағында 39,5 мың га майданда 580 млн. $м^3$ суў айдыны дүзиледи. Солай етип, жоқарыда көрсетилген иләжлардың иске асыўы Арал районы аймағында белгили дәрежеде балықшылық, ондатра ҳәм нутрия менен шуғылланатуғын хожалықларды қайта дүзиўге имканиятлар жаратыўы мүмкин. Буның айырым дәлели сыпатында 2005-жыллардан баслап, Арал жағалаўларында жайласқан көллердиң санитариялық шараятын жақсылаў ҳәм балықшылық тараўларын қайта тиклеў ушын суў айдынларының тәбийий отлақларын қәлпине келтириў бойынша иске асырылған иләжларды атаў мүмкин. Бул кейинги жылларда жыл сайын аўланатуғын балықтың көлемин көбейтиўге ҳәм Мойнақ районының жер ресурслары есабынан ғәллешиликти ҳәм мал шарўашылығы ушын от-шөплик егинлердиң майданын көбейтиўге жол ашты. Солай етип, Республика көлеминде тәбийий ресурслардан рационаллы пайдаланыў ҳәм олардың қорларын қорғаў бойынша әмелге асырылып атырған иләжлар үлкемиздиң экономикалық потенциалын беккемлеўге ҳәм хожалық тараўларының нәтийжелилигин арттырыўға жол ашатуғыны сөзсиз.

***Сораўлар ҳәм тапсырмалар:***

***1. Қарақалпақстанның географиялық жайласқан орны ҳәм оның тәбийи-экономикалық шараятларға тәсири?***

***2. Экономикалық-географиялық жайласқан орын ҳаққындағы тәлиматты дөретиўши алымлар туўралы пикирлеме бериң ҳәм жайласқан орынның өндиристиң нәтийжелилигине тәсири ҳаққында дәлиллеме дузиң?***

***3. Тәбийий ресурсларды категорияларға бөлиң,-*** $А$, $А_1$, $А_2$, ***ҳәм*** $С$, $С_1$, $С_2$ ***категориясына киретуғын қазылмалы байлықлардың санаатлық әҳмийетин белгилең?***

***4. Тәбийий ресурсларға санлық ҳәм сапалық сыпатлама бериўдиң жолларын анықлаң ҳәм Қарақалпақстан мысалында жаныўшы газ ресурсларына санлық (экономикалық) баҳа бериң?***
***5. Қарақалпақстанның тәбийий географиялық картасын пайдалана отырып, прогнозлық қазылмалы байлықлардың кәнлерин контур картаға түсириң?***
***6. Берилген кесте мағлыўматларына тийкарлана отырып диаграмалар дузиң ҳәм әмелий жумысларды орынлаўдың усылларын өзлестириң?***

# II.БАП. ҚАРАҚАЛПАҚСТАННЫҢ ХАЛҚЫ ҲӘМ ГЕОГРАФИЯЛЫҚ ЖАЙЛАСЫЎЫ

## 2.1. Қарақалпақстан халқының өсиў пәти ҳәм оның мийнет ресурсларының толысыўына тәсири

***Қарақалпақстан халқының өсиў пәти ҳәм удайы толысыўы.*** Қарақалпақстан Республикасы Өзбекстанның басқада аймақларындай ертеден халық қоныс басқан ҳәм мәденияты раўажланған үлкелер қатарына киреди. Статистикалық мағлыўмат бойынша 2011-жылдың 1-январында Республика аймағында 1 млн. 680,9 мың адамды қуараса , ал 2012 жплы булл көрсеткиш 1 млн. 711, 7 мың халыққа жетти.. Бул, Өзбекстан халқының 6% жақынын қурайды деген сөз. 1926-2010 жылларда, яки кейинги 84 жыл ишинде Қарақалпақстан халқының абсолют өсими 1 млн. 349,9 мың адамға өбейди, яки республика халқы 1926-жылларға салыстырғанда 5,1 есеге, ал 1959-жылларға қарағанда 3,3 есе дерлик көбейди. Айырым жыллар ишинде Қарақалпақстанда халық санының өсиўин төмендеги кесте мағлыўматынан да көриўге болады (кесте-№4).

**№4- Кесте**

**Қарақалпақстан Республикасы халқының айырым жыллар ишинде өсиў динамикасы**

| Жыллар | Барлық халқы, мың адам есабында | Соннан | | Барлық халық санына | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Қала халқы | Аўыл халқы | Кала халқы, % есабында | Аўыл халқы, % есабында |
| 1926.ж. 17/XII есап-санақ мағл. б-ша | 331 | 17,0 | 314,0 | 5,14 | 94,86 |
| 1939.ж. 17/1 | 475,7 | 57,8 | 417,9 | 12,15 | 87,85 |
| 1959.ж. 15/1 | 510,1 | 138,7 | 311,4 | 27,19 | 72,81 |
| 1970.ж. 15/1 | 722,8 | 257 | 464,9 | 35,68 | 64,32 |
| 1979.ж. 15/1 | 904,3 | 372,7 | 531,6 | 41,21 | 58,79 |
| 1980. I. I стат мағлумат. Б-ша | 930,1 | 393,6 | 536,5 | 42,3 | 57,7 |
| 1985.ж. 1/1 | 1975,0 | 500,0 | 575,0 | 47,0 | 55,0 |
| 1989.ж. 15/1 х. есап-санақ мағл. б-ша | 1213,8 | 582,0 | 631,0 | 48,0 | 52,0 |
| 1990. I. I стат. мағлумат .б-ша | 1244,3 | 599,4 | 644,9 | 48,0 | 51,9 |
| 1995.ж. – I | 1396,7 | 667,9 | 718,8 | 48,5 | 51,6 |
| 2000.ж. – I | 1503,0 | 779 | 724 | 48,2 | 51,8 |
| 2005.ж. – I | 1575,0 | 804 | 770,6 | 48,8 | 51,2 |
| 2010.ж.- 1..01 | 1650,2 | 829,3 | 811,9 | 50,2 | 49,8 |
| 2011.ж.- 1..01 | 1680,9 | 837,0 | 843,9 | 50,2 | 49,8 |

Кестеде көрсетилген халық есап-санақ мағлыўматларының жуўмағына қарағанда 1926-1959 жыллар аралығында, яки II дүнья жүзлик урыс жылларын өз ишине қамтыйтуғын 33 жыл даўамында Қарақалпақстан халқының абсолют өсими 176 мың адамды қураса, ал 1959-2008 жылларда яки кейинги 49 жыл ишинде бул көрсеткиш 1119 мың адамға көбейди.

Солай етип, Қарақалпақстан Республикасы халқы бүгинги келе 1629,3 мың адамды қурайды. Бул дәўир ишинде республиканың өндириўши күшлериниң раўажланыўы ҳәм халыққа мәдений ҳәмде медициналық жақтан хызмет көрсетиўдиң жақсыланыўына байланыслы жоқары тәбийий өсимге ерисилди. Ҳәзир, Қарақалпақстан халқының саны бойынша Өзбекстан ўәлаятлары ишинде 8-орынды ийелейди ҳәм тек Сырдәрья, Жиззақ, Наўайы, Бухара, Хорезм ўәлаятларынан алдында турады. Барлық Өзбекстанның ўәлаятларына тән көрсеткишке уқсап, Қарақалпақстанның халқы II дүнья жүзлик урыстан кейин айтарлықтай тез өсе баслады.

Егер 1940-1959 жыллар аралығында Өзбекстан халқының жыллық өсими 1,1% қураса, 1959-1970 жылларда 3,3% артты, яки қосымша халық саны 3,7 млн адамға көбейди, ал кейинги 10 жыл ишинде (1979-1989) бул көрсеткиш жылына 3% артып барды. Қарақалпақстанда болса халықтың өсиў пәти 1940-1959 жылларда 0,7%, ал 1959-1989 жылларда 2,8% қурады. Солай етип, Қарақалпақстан халқының жыллық өсиў пәти жылдан жылға жоқарыламақта. Қарақалпақстанда халық санының жыллық өсиўи пәтиниң 1940-1959 жыллар аралығында айтарлықтай пәс болыўы бириншиден, урыс жылларындағы қолайсыз социал-экономикалық шараятларға байланыслы болса, екиншиден үлкемизде транспорт-экономикалық байланыслардың болмаўы үлкен тосқынлық жасады. 1952-1955 жыллар аралығында Чарджоў-Қоңырат темир жолының курылыўы менен республика халқының мәденияты ҳәм материаллық абаданлығы жоқарылады. Бул өз гезегинде халық санының тез пәт пенен өсиўине ҳәм 1959-1996 жыллар аралығында халықтың абсолют өсимин 900 мың адамға көбейиўге жол ашты. Ҳәзир республикада жылына халықтың абсолют көбейиўи 20-29 мың адамды қурайды. Бул тәбийий өсиў коэффицентиниң жоқарылаўына байланыслы иске аспақта. Егер, дослық аўқамына киретуғын мәмлекетлерде 1000 адамға тәбийий өсиўшиликтиң дәрежеси 5,5 адамды қураса, бул көрсеткиш Белоруссияда 2,5 адамды, Россия Федерациясында 2,2, Украинада 0,6, Тәжикстанда 24,7, Өзбекстанда 17,5 адамды қурайды, ал Қарақалпақстанда 1000

адамға туўра келетуғын тәбийий өсиўшилик 17,7 адамға барабар (кесте-№5). Кестеде берилген мағлыўматлар тийкарында халық санының өсиўин тәмийинлейтуғын факторларға анализ жасасақ, қонсы еллерде халықтың тәбийий өсиўи айтарлықтай төменлесе, ал бул көрсеткиш Қарақалпақстанда жоқары тәбийий өсиўшилик коэффиценти менен характерленеди. Сонлықтан Қарақалпақстан Республикасы тәбийий өсиўшилик дәрежеси бойынша ҒМДА еллери ишинде, тек ғана Тәжикстаннан кейин ғана турады. 1990-жылы Тәжикстанда тәбийий өсиўшилик 1000 адамға 32 адамды қураса, ал Қарақалпақстанда бул көрсеткиш 30,7 адам болды. Хәзир Тәбийий өсиўшилик коэффициенти дўняның көпшилик еллеринде дерлик төменлесе, бул көрсеткиш Қарақалпақстан хәр бир 1000 адамға орташа СНГ еллерине қарағанда 3,7 есе жоқары болса, Молдоваға салыстырғанда 17 есе, Россия федерациясынан 92 есе, Украинаға қарағанда 24,7 есе көбирек (Кесте-5).

**№5-Кесте**

**Қарақалпақстан халқының тәбийий өсиўи, (1000 адамға салыстырыў есабында)**

| Жыллар | ҒМДА еллери | | | Өзбекстан | | | Қарақалпақстан | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Туўылыў-шылық | Өлим-шилик | Тәбийий өсим | Туўылыў-шылық | Өлим-шилик | Тәбийий өсим | Туўылыў-шылық | Өлим шилик | Тәбийий өсим |
| 1940 | 31,2 | 18,0 | 13,2 | 33,8 | 13,2 | 20,6 | 33,8 | 13,8 | 20,0 |
| 1960 | 24,9 | 7,1 | 17,8 | 40,0 | 6,0 | 34,0 | 39,0 | 6,5 | 32,5 |
| 1965 | 18,4 | 7,3 | 11,1 | 34,9 | 5,9 | 28,8 | 37,6 | 6,0 | 31,6 |
| 1970 | 17,4 | 8,2 | 9,2 | 33,6 | 5,5 | 28,1 | 33,0 | 5,4 | 27,6 |
| 1975 | 18,1 | 9,3 | 8,8 | 34,7 | 7,3 | 27,4 | 41,4 | 9,0 | 32,4 |
| 1980 | 18,3 | 10,3 | 8,0 | 33,8 | 7,4 | 26,4 | 40,0 | 8,7 | 31,3 |
| 1985 | 19,9 | 9,7 | 10,1 | 37,2 | 7,2 | 30,0 | 43,2 | 8,9 | 34,3 |
| 1990 | 16,8 | 10,3 | 6,5 | 33,7 | 6,5 | 27,6 | 36,8 | 6,5 | 30,7 |
| 2000 | 16,1 | 9,8 | 6,3 | 22,3 | 5,3 | 17,0 | 23,4 | 5,7 | 18,1 |
| 2005 | 14, 3 | 9,3 | 5,0 | 20,5 | 5,3 | 15,2 | 21,0 | 5,8 | 15,2 |
| 2010 | ... | … | … | 23,8 | 5,0 | 18,8 | 23,3 | 5,3 | 18,2 |

Бул айырмашылық № 5 кесте материалларындада айтарлықтай көзге тасланады. Буған бириншиден үлкемизде жуз берген экологиялық дағдарыс тәсир жасаса, екиншиден дүнья жүзлик цивилизацияға тән, Қарақалпақстан Республикасында да өндиристиң тараўлық структурасы өзгериске ушырамақта хәм квалификация-лы мийнетти көплеп талап ететуғын тараўлар пайда болмақта. Нәтийжеде қурамаласқан мийнеттиң тәсиринде халықтың жумыс искерлиги өзгериске ушырамақта хәм дәўир талапларына сәйкес халықтың туўылыўшылық коэффицентинде өзгерислер жүзеге келмекте. Усыған сәйкес, хәзир үлкемизде хәр бир 1000 адамға тәбийий өсиўшиликтиң дәрежеси 18,2 адамды қурайды.

Солай етип жоқарыда берилген мағлыўматларды анализлегенимизде, Өзбекстанда тәбийий өсиўшиликтиң дәрежеси 1940-жылларға қарағанда 84,5 % болса, ал Қарақалпақстанда бул көрсеткиш 88,5% ти қурайды.

Қарақалпақстанда кейинги жылларда жүз берген тәбийий өсиўшилик коэффиценти бәринен де бурын бир қанша социал-экономикалық ҳәм экономикалық шараятларға да байланыслы, олар төмендегилерден ибарат:

1. Қарақалпақстан ҳәм басқада Орайлық Азия еллерине тән семьяның көп баладан туратуғынлығы;
2. Раўажланған басқа еллерге қарағанда Республика экономикасына еледе болса илимий-техникалық прогресс жетискенликлери аз муғдарда енгизилиўи;
3. Республика шараятында урбанизация процессиниң пәслигине байланыслы аўыл халқының жоқары салыстырмалы үлести ийелеўи;
4. Шаңарақта балалар санын ҳәм туўыўшылықты режелестириўге байланыслы иләжлардың төмен дәрежеде иске асырылыўы;
5. Жәмийетлик өндирис процессинде ҳәм қайта ислеп шығарылатуғын санаат тараўларда жергиликли миллетлерден шыққан хаяллар санының жүдә аз муғдарда қатнасыўы айтарлықтай тосқынлық жасамақта.

Қарақалпақстанда туўыўшылық коэффицентиниң жоқары болыўына неке жасындағы хаяллардың айтарлықтай көп болыўы ҳәм некениң турақлылығы да үлкен роль атқармақта.

Мысалы, егер ҒМДА еллеринде хәр бир 1000 адамға туўра келетуғын 16 жас-тан жоқары некеде турған ҳаяллардың саны 500 адамды қураса, бул көрсеткиш Өзбекстанда 613 ҳаялды, ал Қарақалпақстанда 550 хаялды қурайды. Усының менен бир катарда неке қурғанлардың арасында 20-49 жасқа шекемги ҳаяллардың салыстырмалы үлеси тез өспекте. Бул факторлар республикада халықтың тәбийий өсиўине күшли тәсир етиўи менен бирге мийнет ресурсларының көбейиўине мүмкиншилик туўдырмақта.

й етип, халық жыныс қурамына тән ямаса жас структурасында жас өспиримлердиң саны жоқары болса, туўыўшылық коэффиценти жоқары болады. Бул районлар көлеминде өндириўши күшлердиң аймақлық раўажланыўын режелестириўде күшли роль атқарады. Мине усы тийкарында Қарақалпақстан Республикасы халқының жас ҳәм жыныс қурамына анализ жасағанда оның өзине тән өзгешеликке ийе екенлиги байқалады. Өтмиште, Қарақалпақстан шараятында

халықтың жыныс қурамында еркек адамлар жоқары салыстырмалы үлести ийеледи. Мысалы, 1939- жылы Қарақалпақстанда 1000 ҳаял адамға 1128 ер адам туўра келсе, ал бул көрсеткиш 1959-жылларда 939, 1979-жылы 982, ал 1989-жылы 1015 адамды қурады. Ал аўылларда ҳәр 1000 адамға 1002 ҳаял туўра келди. Қарақалпақстан шараятында халықтың жыныс структурасы-ның қәлиплесиўине II дүнья жүзлик урыс кери тәсирин тийгизди. Солай етип, халықтың жыныс қурамында ер адамлар 53,0% тутса, ал 1959-жылға келип бул көрсеткиш 49,7% қурады.

Урыстан кейинги жылларда халықтың жыныс қурамы дурыс қәлиплесе баслады. Буны 1989-жылғы халықтың есап-санақ мағлыўматларыда толық тастыйықлайды (кесте-№6).

**№ 6-Кесте**

**Қарақалпақстан халқының жас ҳәм жынıслық структурасы**

| Халықтың жас қурамы | Нақ халық саны | | | Турақлы халық саны | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | Барлығы, мың адам | Соннан | | Барлығы, мың адам | Соннан | |
| | | ерлер | Ҳаяллар | | ерлер | Ҳаяллар |
| Барлық халқы, мың адам. Усыннан: | 1650, 2 | 824,3 | 825,9 | 1632,5 | 815,5 | 817, 0 |
| 1 - 4 -II- | 171,0 | 87,7 | 83,3 | 171,0 | 80,3 | 90,7 |
| 5 – 9 -II- | 148,6 | 100,5 | 98,4 | 198,6 | 90,7 | 107,9 |
| 10 – 14 -II- | 207,8 | 105,3 | 102,4 | 207,8 | 96,0 | 111,8 |
| 15 – 19 -II- | 177,4 | 89,1 | 88,3 | 177,4 | 83,0 | 94,4 |
| 20 – 24 -II- | 148,5 | 74,4 | 74,0 | 148,3 | 72,0 | 76,3 |
| 25 – 29 -II- | 126,0 | 62,8 | 63,2 | 126,0 | 63,5 | 62,5 |
| 35 – 39 -II- | 98,5 | 47,9 | 50,6 | 98,5 | 48,4 | 50,0 |
| 40 – 44 -II- | 74,4 | 36,3 | 38,1 | 74,4 | 37,6 | 36,9 |
| 45 – 49 -II- | 50,0 | 25,8 | 27,3 | 50,0 | 27,6 | 25,5 |
| 50 – 54 -II- | 35,5 | 17,6 | 17,8 | 35,5 | 18,8 | 16,6 |
| 55 – 59 -II- | 27,8 | 4,4 | 13,3 | 27,3 | 14,3 | 13,4 |
| 60 – 64 -II- | 28,9 | 14,5 | 14,3 | 28,9 | 14,0 | 14,9 |
| 65 – 69 -II- | 20,7 | 10,1 | 10,6 | 20,7 | 9,8 | 10,9 |
| 70 жастан жоқарылар | 31,4 | 12,7 | 17,7 | 31,4 | 15,6 | 15,8 |

Кесте мағлыўматларын анализленгенде 1 жастан 4, 5-9, 10-14, 15-19 жас аралығы жас өспиримлерде, ер балалардың салыстырмалы үлеси жоқары болса, 20-24, 25-29, 30-34, 35-39 жас аралығында ҳаял жыныстағы адамлардың салыстырмалы үлеси жоқары, 40-44, 45-49, 50-54, 55-59 жас аралығындағы категорияда ер адамлар айтарлықтай жоқары салыстырмалы үлести ийелейтуғын болса, ал 60-64, 65-69 ҳәм 70 жастағы адамлардың категориясында ҳаяллар жоқары үлести ийелейтуғынлығы көринип тур. Буның тийкарғы себеби 0-19 жас аралығындағы категорияда туўылған ер балардың басым келиўинен болса, 20-39 жас аралығында ҳәр қыйлы кеселликлерге байланыслы ер адамлардың салыстырмалы үлеси пәсейип кеткенлиги байқалады. Ал 60-70 ҳәм оннан да жоқары жастағы адамлар арасында хаяллар жоқары

салыстырмалы үлести тутады. Себеби, II дүнья жүзлик урыс зардабына сәйкес бул дәуирде ер адамлар көбирек қырғынға ушыраған еди.

Солай етип, Қарақалпақстан халқының жас ҳәм жыныс қурамына анализ жасасақ, қоңсылас еллерде, әсиресе Белоруссияда, Украина ҳәм Россияда халық-тың тәбийий өсиўиниң пәсейиўине байланыслы «Миллеттиң қартайыў процесси» байқалса, ал Өзбекстанда, сондай-ақ Қарақалпақстанда да жоқары туўылыўшылық коэффицентине байланыслы халықтың басым көпшилиги жас адамлар ийелейтуғыны айқын көринеди. Бул өз гезегинде перспективада мийнет ресурсларының сапалы көрсеткишин жақсылаўға жол ашатуғынлығы сөзсиз.

Қарақалпақстанда халық хожалығы тараўларының ҳәзирги қәнигелесиў дәрежесине сәйкес, қала ҳәм аўыл халқының салыстырмалы үлеси айтарлықтай өзгериске ушырады. Егер 1926-жылларда Республика халқының тек 5% ғана қалаларда жасаса, ҳәзир қала халқының салыстырмалы үлеси 49,8% жетти. Деген менен республиканың экономикалық потенциалында агросанаат комплекси жетекши орынды ийелегенликтен, еледе халықтың басым көпшилиги аўыллық жерлерде жасайды. Республика халқының структурасында аўыл халқының үлеси процент жағынан айтарлықтай пәсейсе де, оның абсолют өсими 1926 жылларға қарағанда 2,3 есеге көбейди. Мысалы Қарақалпақстанннның аўылларында 1926 жылларда 314 мыңдай халық жасаса, ал 2011 жылдың 1 январындағы мағлыўмат бойынша бул көрсеткиш 843,9 мың адамды қурады. Кестеде 1959-жыллардан баслап Қарақалпақстан Республикасының аўыл халқының салыстырмалы үлесинде ҳәм географилық жайласыўында айырым унамлы өзгерислер пайда болмақта. Егер 1959-жылларда Қарақалпақстанның қубла районларында 166 мың адам жасаған болса, ал 2010 жылға келе бул зонада халық саны 3,9 есе дерлик көбейди. Бирақ, Арал районының Қарақалпақстан территориясының ¼ бөлегин ийелеўине қарамастан, халық саны бул аймақта 7-10% азайып кетти. Бул бәринен де бурын Арал теңизи майданының кысқарыўына ҳәм усы тийкарда экологиялық шараятлардың өзгериўине тиккелей байланыслы болмақта.

1926-2008 жыллар арасында Қарақалпақстанда қала халқының саны 17 мың адамнан 813,4 мың адамға артты, ал айырым Шымбай, Хожели, Коныграт қалаларының халқы бурынғы 3-5 мың адамнан 31,9-70,7 мың адамға көбейди. Ҳәттеки, бурын адам аяқ баспаған шөлистанлы далаларда да 11 мың халқы бар Бостан, 50 мың халық жасайтуғын Тақыяташ ҳәм 284,3 мың халқы бар Нөкис

қалалары өсип жетисти. Көрсетилген жыллар ишинде аўыл халқының салыстырмалы үлеси процент жағынан пәсейгени менен, абсолют сан жағынан 2,6 есеге көбейди. Усыған сәйкес, аўыллық жерлерде халыққа хызмет көрсететуғын тараўларды раўажландырыў айрықша әҳмийетке ийе. Бул биришиден аўыллық жерлерде халықты жумыс пенен тәмийинлеўге жол ашса, екиншиден мийнет ресурсларынан рационаллы пайдаланыўға имканият береди.

Қарақалпақстан көп миллетли республика. Халқының миллий қурамында қарақалпақлар 32,1% ийелейди. Айырым жыллар ишинде республика халқының миллий қурамына тән өзгешеликлерди ҳәм олардың барлық республика халықларына салыстырғандағы тутқан үлесин төмендеги мағлыўматлардан көриўге болады (кесте-№7).

№ 7-**Кесте**

**Қарақалпақстан халқының миллий қурамы, халық есап-санақ мағлыўматлары бойынша, мың адам есабында**

| Көрсеткишлер | Ҳәр бир миллетке тийисли халықтың саны | | | Республика халқының улыўма санына % есабында | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1959 | 1979 | 1989 | 1959 | 1979 | 1989 |
| Қарақалпақлар | 156,0 | 281,3 | 389,3 | 30,6 | 21,1 | 32,4 |
| Өзбеклер | 146,8 | 285,4 | 397,8 | 28,8 | 31,5 | 32,8 |
| Қазақлар | 133,9 | 243,4 | 318,3 | 26,2 | 26,9 | 26,3 |
| Түркменлер | 29,2 | 48,7 | 60,2 | 5,7 | 5,4 | 5,0 |
| Русслар | 23,0 | 21,3 | 19,8 | 4,5 | 2,4 | 1,6 |
| Корейцлер | 9,9 | 8,1 | 9,2 | 20,2 | 0,9 | 0,8 |
| Татарлар | 6,2 | 7,6 | 7,8 | 1,2 | 0,8 | 0,6 |
| Украинлер | 2,2 | 2,0 | 2,3 | 0,4 | 0,2 | 0,1 |
| Басқада миллетлерге тийисли халықлар саны | 2,9 | 6,7 | 7,2 | 0,6 | 0,8 | 0,6 |
| Республика бойынша | 510,1 | 905,5 | 1212,2 | 100,0 | 100,0 | 100,0 |

Кесте мағлыўматларына қарағанда Қарақалпақстан халқы тийкарынан үш миллеттиң ўәкиллеринен турады ҳәм олар барлық республикада жасайтуғын халықтың 91,2% қурайды. Кейинги жылларда Республикада қарақалпақ миллетинде халықтың саны көбеймекте. Егер, олар 1959-жылларда 156,0 мың адамды қураса, ал 1989-жылғы халық есап-санағы бойынша бул көрсеткиш 389,3 мың адамға көбейди. Қарақалпақ миллетиндеги халықтың басым көпшилиги 50,5-85,7% Шымбай, Кегейли, Караөзек, Қанлыкөл, Нөкис районлары ҳәм Нөкис қаласына туўра келсе, ал Тахтакөпир, Мойнақ, Шоманай, Хожели районларында барлық халқының 23,8-42,6% қурайды. Ал, қалған Төрткүл, Беруний, Елликқала ҳәм Әмиўдәрья районларының ҳәр биринде 2-5% шекем қарақалпақ миллетиндеги халық жасайды. Буннан басқа қарақалпақ миллетиндеги халықлар Түркменстанның қоңсылас Ташаўыз ўәлаятында, Өзбекстанның Бухара, Наўайы ўәлаятларында, сондай-ақ орайлық Ферғанадағы

қарақалпақ шөлинде х.т.б аймақларында ушырайды. Солай етип қарақалпақ миллетиндеги 34,7 мың адам қоңсылас республикаларда, сондай-ақ ғәрезсиз мәмлекетлердиң аўқамына киретуғын еллерде жасайды.

Қарақалпақстан халқының демографиялық жақтан өсиўин характерлейтуғын көрсеткишлердиң қатарына халықтың 1 км$^2$ жерге орташа тығызлығын есаплаўда киреди. Кейинги жылларда Қарақалпақстанның тәбийий-экономикалық районларында халық хожалығы тараўларын раўажландырыў бойынша көлемли жумыслар иске асырылды. Әмиўдәрьяның оң ҳәм шеп жағалаўларында жайласқан аймақлар темир жол транспорты арқалы тутастырылды, өндирис қәрханалардың энергетикалық базасы беккемленди ҳәм тыңнан өзлестирилген аймақларда жаңа елатлы пунктлер, аўыллық фермер хожалықларының орайлары өсип жетилисти. Усыған сәйкес, халық қоныслаған аймақлардың масштабы кеңейди ҳәм халықтың орташа тығызлығы артпақта. Егер, 1959-жылы Қарақалпақстан халқының 1 км$^2$ жерге орташа тығызлығы 3,6 адамды қураса, ал 2010-жылға келип бул көрсеткиш орташа 10,1 адамға туўра келди (кесте-№8).

**№ 8Кесте**

**Қарақалпақстанның тәбийий-экономикалық районлары бойынша халықтың аймақлық тығызлығы**

| Районлар ҳәм тәбий зоналар | Жер майданы, мың км$^2$ | Улыўма халқы, мың адам | | | | 1 км$^2$ жерге Тығызлығы | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 1959 | 2000 | 2005 | 2010 | 1959 | 2010 |
| **Қубла район** | **16,8** | **166,0** | **544,0** | **590,4** | **650,8** | **9,9** | **38,7** |
| **Орайлық район** | **4,0** | **187,4** | **624,6** | **657,1** | **690,8** | **46,9** | **172,7** |
| **Арқа район** | **108,6** | **127,5** | **305,7** | **298,3** | **310,4** | **1,2** | **2,8** |
| **Арал (теңиз бойы) районы** | **37,2** | **29,2** | **28,7** | **28,6** | **28,9** | **0,8** | **0,77** |
| **Республика бой-ша барлығы** | **166,6** | **510,1** | **1503,0** | **1575,0** | **1680,9** | **3,6** | **10,1** |

Кесте мағлыўматларына қарағанда республика аймағында халықтың орташа тығызлығы биргеликли емес. Егер Қубла районда 1 км$^2$ жерге халықтың орташа тығызлығы 38,7 адамды қураса, орайлық районда 172,7, арқа районда 2,8 адамды, ал теңиз бойы аймақларында барлығы болып 0,8 адамды қурайды.

Әмиўдәрья алабында жайласқан ҳәм ирригация тармақлары менен тәмийинленген суўғармалы дийханшылық пенен шуғылланатуғын районларда халықтың 1 км$^2$ жерге орташа тығызлығы айтарлықтай жоқары. Мысалы, Хожели, Нөкис, Әмиўдәрья, Кегейли районларында 1 км$^2$ жерге 57-227 адамнан туўра келсе, Қоңырат, Тахтакөпир районларында 1,4-1,9 адамға, ал Мойнақ районында 0,7 адамға туўра келеди. Устирт ҳәм Қызылқумда болса 1 км$^2$ жерге барлығы болып 0,1-0,3 адамнан артпайды. Халықтың қонысласыўындағы бундай үлкен айырмашылықлар тәбийий-экономикалық зоналардың климат шараятына ҳәм айырым территория-лары

халық хожалығы тараўларында өзлестириў дәрежесине де тиккелей байланыслы. Бул ҳәм басқада, республика халқының орташа тығызлығы ҳәм айырым аймақларды халықтың қонысларындағы өзгешеликлер белгили дәреже-де халық жайласқан аймақлардың мийнет ресурслары менен тәмийинлениўине, сондай-ақ айырым халық хожалығы тараўларын жумыс күши менен тәмийинлеўде белгили дәрежеде қыйыншылықлар пайда ететуғыны сөзсиз.

## 2.2. Қарақалпақстанның мийнет ресурслары ҳәм оннан өндирис тараўларында пайдалыныўдың дәрежеси

Қарақалпақстанда өндириўши күшлерди буннан былайда раўажландырыўдың прогнозлық көрсеткишлерин иске асырыўда халықтың географиялық жайласыўын жетилистириў ҳәм мийнет ресурсларынан рационал-лы пайдаланыў үлкен әҳмийетке ийе.

Қарақалпақстанда халық санының жоқары пәт пенен өсиўи ҳәм олардың жас өзгешеликлериндеги үлкен айырмашылықлар мийнет ресурс-ларының көбейиўине мүмкиншилик туўдырмақта. Кейинги жылларда республикада мийнетке жарамлы жастағы адамлардың структурасында унамлы өзгерислер байқалмақта. Мысалы, 1959-70 жыллар аралығында республика халқының жас структурасында мийнетке жарамлы жастағы адамлардың салыстырмалы үлеси төмен болса, ал 1970-89 жыллар ишинде бул категориядағы адамлардың саны көбейди. Бул хожалық тараўларын жумысшылар менен тәмийинлеўге ҳәм мийнет ресурслары балансын дүзиўге тийкар таярламақта. Ҳәзир республика халқының структурасында 15 жасқа шекемги жас өспиримлердиң саны көбеймекте. Олар 1.01.2011 жылғы статистикалық мағлыўмат бойынша 549,8 мың адамды қурайды, бул республика халқының 33% деген сөз. Солай етип, жыл сайын мийнетке жарамлы адамлардың қатарына 22-25 мың жас адамлар қосылмақта. Қарақалпақстанда халық санының өсиўи ҳәм мийнет жасындағы адамлардың артып барыўы хожалық тараўларында ислеўши жумысшы санының артыўынан да байқалады (кесте-№9). Кестеде берилген улыўма мағлыўматлардың өзи де Қарақалпақстанның хожалық тараўларында ислеўши жумысшы ҳәм хызметкерлер санының жыл сайын көбейип киятырғанлығын тастыйықлайды. Егер 1980-жылларда республиканың хожалық тараўларында 270,1 мың адам жумыс ислесе, бул көрсеткиш 1986-жылы 346,0 мың адамды, 1990-жылы 396,5 мың, 1995-жылы 452,0 мың адамды қурады, ал ҳәзирги

ўақытта бул 580,8 мың адамға көбейди. Усыннан, аўыл хожалығы тараўларында ислеўши жумысшы ҳәм хызметкерлердиң саны 1980-жылдағы 96,2 мың адамнан ҳәзирги күнге келе 192,6 мың адамға артты.

Хожалық тараўларында жумысшы ҳәм хызметкерлердиң санының көбейиўи өндирис процессин модернизациялаўға ҳәм мийнетке жарамлы жастағы адамлар менен тәмийинлениў дәрежесине де байланыслы. 2011-жыл 1-январдағы статистикалық мағлыўмат бойынша республика халқының 901,6 мың адамы мийнетке жарамлы категориядағы адамлардан есапланып, усыннан 97,3 мыңнан асламы улыўма ҳәм орта арнаўлы билим беретуғын оқыў орынларында жумыс ислейди.

**№ 9-Кесте**

**Қарақалпақстан Республикасы халық хожалығы тараўлары бойынша жумысшы ҳәм хызметкерлер санының көбейиўи, мың адам есабында**

| | Хожалық тараулары | Жыллар | | | | | | 2010 жыл, % есабында | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 1980 | 1990 | 2000 | 2005 | 2008 | 2010 | 1980 | 2008 |
| | Хожалық тараулары бойынша барлығы, усыдан: | 270,1 | 396,5 | 482,0 | 522,5 | 561,0 | 580,8 | 2,1 | 101,8 |
| | Санаатта ислеўш. р | 23,7 | 38,3 | 48,0 | 46,2 | 51,0 | 50,3 | 2,2 | 98,6 |
| | Қурылыста | 26,2 | 49,2 | 72,2 | 47,2 | 51,3 | 52,4 | 195,8 | 102,2 |
| | Ауыл хожалығында | 96,2 | 93,3 | 178,6 | 176,8 | 191,8 | 192,6 | 2,3 | 100,4 |
| | Транспорт - байлан. | 27,5 | 27,1 | 30,4 | 19,6 | 29,6 | 29,5 | 107,6 | 99,6 |
| | Сауда, ауқатланыў Жәнe мат./тех. мек-р | 21,4 | 25,3 | 38,0 | 43,6 | 48,3 | 48,2 | 2,2 | 99,7 |
| | Тұрақ жай, к/х- ғы | 5,8 | 9,0 | 10,0 | 17,2 | 19,1 | 19,2 | 3,6 | 100,5 |
| | Ден саулықты-сақлаў. | 17,8 | 29,5 | 31,0 | 40,4 | 43,9 | 43,6 | 2,5 | 99,3 |
| | Билимлендириў | 34,4 | 62,5 | 70,0 | 91,8 | 98,5 | 97,2 | 2,9 | 98,6 |
| | Фин.с, кредит жәнe қамсызландыру | 1,2 | 1,5 | 3,0 | 2,8 | 2,7 | 3,0 | 2,2 | 111,1 |
| | Мемлекетлик жәнe т.б. шөлк. де | 6,3 | 6,8 | 14,4 | 11,5 | 11,8 | 12,0 | 1,9 | 101,6 |
| | Басқа да тарауларда | 9,6 | 5,4 | 8,0 | 11,4 | 12,9 | 26,9 | 134,4 | 2,1 е |

Улыўма мийнетке жарамлы жастағы адамлардың көпшилиги аўыллық жерлерге туўра келеди. Бирақ, аўыл-хожалығы кәрханаларында ислеўши адамлардың салыстырмалы үлеси барлық хожалық тараўларында ислеўшилердиң, тек 34 %ин ғана қурайды. Деген менен, бизиң шараятымызда аўыл хожалығында барлық хожалықта ислеўши жумысшы ҳәм хызметкерлердиң жәмлениўи бир тәрептен санлық көрсеткиш бойынша онша көп болмасада, ҳәзирги өндирис тараўларын технологиялық үскенелеў ҳәм модернизациялаўдың пәтине қарағанда прогрессив көзқарасларды аңлатпайды. Мәселен, аўыл хожалығындағы прогресс бүгинги күнлерде ислеўшилердиң

санына қарай емес, ал олардың ис өнимдарлығына да тиккелей байланыслы болмақта. Дүньяның раўажланған еллеринде аўыл хожалығында өндирис процессин жоқары модернизациялаўға байланыслы, олардың қолға киритken нәтий-желери аўыл хожалығында ислеген адамлардың санының артыўы менен емес, ал орташа аўыл хожалығында ислеўши бир адамға туўра келетуғын өндирислик көрсеткишлер менен характерленбекте. Ҳәзирги дәўирде Нидерландия, Германия ҳәм т.б. еллерде аўыл хожалығында ислеўши орташа бир адамның мийнет өнимдарлығы жылына онлаған ҳәм жүзлеген адамларды бағыўға таяныш болмақта. Усы көзқарастан Нидерландияда аўыл хожалығында ислеўши бир адамның мийнет өнимдарлығы 112 адам ушын напақа топлаўға мүмкиншилик берсе, бул көрсеткиш АҚШ та 80 адамды, Германияда 56 адамды, Россияда 12 адамды қурайды. Буннан дүньяның көпшилик еллеринде еледе болса өндирис процессин заман талабына сәйкес модернизациялаўда экстенсив усыллардың даўам етип атырғанлығын байқаўға болады ҳәм т.б.

Усыған сәйкес, Қарақалпақстанның аўыллық жерлеринде, әсиресе жаңа елатлы мәканларда, сондай-ақ салыгершиликке қәнигелестирилген хожалықларда халыққа социаллық жақтан хызмет көрсететуғын тараўларды раўажландырыў зәрүр. Бул иләжлар бизиң аўыллық жерлеримизде халықты жумыс пенен тәмийинлеў, аўыл хожалығының есабынан турақлы өндирис новаторларын таярлаўға, сондай-ақ аўыл халқының социаллық жақтан абаданласыўын тәмийинлеў мәселелерин инабатлы шешиўге мүмкиншилик беретуғыны сөзсиз.

Бирақ, усыған қарамастан Қарақалпақстан Республикасының аўыл халқының географиялық жайласыўы, сондай-ақ айырым жағдайларда жер ресурсларының жәмленгенлиги менен мийнет ресурсларының балансы арасында айырым ўнамсыз диспрафорцларда ушырайды. Мәселен, Қарақалпақстанның Қубла районларының аўыллық жерлеринде республика жер фондының барлығы болып 16 %-и жайласыўына қарамастан, бул аймақта Республиканың 53,8 % астам мийнет ресурслары туўра келеди. Ал арқа районлар аймағында республика жер фондының 71% ти жайлассада, бул территорияда мийнет ресурсларының тек болғаны 44,6 % ти хызмет қылады. Сонлықтан, Қарақалпақстанның арқа районлары көлеминде халықтың

географиялық жайласыўы ҳәм районларара миграцияланыў шараятларын унамлы баҳалай отырып, аўыл хожалығы тараўларын буннан былайда раўажландырыўда халықтың ишки район ара көшип-қоныў жағдайын есапқа алыў ҳәм өндирис процессин модернизациялаўды бүгинги күнниң баслы ўазыйпалары деп есаплаўымыз кәжет.

***Сораўлар ҳам тапсырмалар:***

***1.Қарақалпақстан халқының өсиў пәтин анықлаң ҳәм диаграмма дүзиң?***

***2.Қарақалпақстан халқының қурамын анықлаң ҳәм оның жыныс жәнe жас қурамына сыпатлама бериң?***

***3.Қарақалпақстан мысалында халықтың этник қурамын ажратың ҳәм социаллық группаларға бөлиң?***

***4.Қарақалпақстанның қала ҳәм аўыл халқының салыстырмалы үлесин табың ҳәм қала халқының өсиўин тәмийинлейтуғын факторларды белгилең? Нөкис қаласының баслы функцияларын ажыратың?***

***5.Қарақалпақстан халқының аймақлық тығызлығын белгилең, халықтың тығызлығы менен мийнет ресурслары жәмлениўи арасындағы байланысқа анализ бериң?***

***6.Қарақалпақстанның халық хожалығы тараўларында ислеўши исши ҳәм хызметкерлердиң санын анықлаң жәнe тараўлар бойынша бөлиниўине сыпатлама дүзиң?***

***7.Қарақалпақстан халқының удайы өсиўи менен мийнет ресурсларының жәмлениў процесси арасындағы байланысты анықлаң ҳәм мийнет ресурсларының географиясына сыпатлама бериң?***

***8.Қарақалпақстан хожалығының мийнет ресурслары менен тәмийинлениўиниң прогнозлық бағдарларын белгилең ҳәм контур картада халықтың аймақлық жайласыўын белгилең?***

***9.Берилген кесте мағлыўматларына тийкарлана отырып диаграмалар дузиң ҳәм әмелий жумысларды орынлаўдың усылларын өзлестириң?***

# III-БАП. ҚАРАҚАЛПАҚСТАННЫҢ ХОЖАЛЫҒЫ ҲӘМ ОНЫҢ ТАРАЎЛЫҚ СТРУКТУРАСЫ

## 3.1. Қарақалпақстан Республикасы хожалығының аймақлық структурасы

Қарақалпақстан Өзбекстанның арқа батысында жайласқан аграр- индустриаллы аймақларының биринен есапланады. Кейинги жылларда республикада көп тармақлы раўажланған санаат, аўыл хожалығы ҳәм транспорт өсип жетисти. Халық хожалығының тараўлық структурасында аўыл хожалығы, әсиресе пахташылық, қаракөл қой шарўашылығы, пиллешилик, жоңышқа өсириў ҳәм ғаллешилик тараўлары үлкен әхмийетке ийе. Бул тараўлар Қарақалпақстан Республикасы халық хожалығының қәнигелесиў бағдарларын ҳәм республиканың район аралық мийнеттиң географиялық бөлиниўиндеги тутқан орнын белгилейди. Усыған байланыслы халық хожалығының структурасында аўыл хожалығы өндирисин, әсиресе пахташылық тараўларын раўажландырыўға айрықша итибар берилмекте.

Аўыл хожалығы интенсивли тараўлардан есапланып, бул тараў Өзбекстанда өндирилетуғын жыллық пахта өниминиң 7% жақынын, ғәллениң 11-13%, палыз өнимлериниң 9%, гөштиң 6,3%, сүттиң 7,5%, жүнниң 3,2% жетистиреди. Республикада дийханшылық пенен бир қатарда ири қара мал ҳәм қаракөл қой шарўашылығы тараўларын раўажландырыў ушын қолайлы тәбийий климат шараятларына ийе.

II-дүнья жүзлик урыстан кейинги жылларда аўыл хожалығы өндириси менен бир қатарда санаат, транспорт ҳәм социаллық сфераларда үлкен табыслар қолға киргизилди. Егер өтмиштеги Қарақалпақстан, хақыйқатында да төмен раўажланған ел болып, оның санаатын кишигирим пахта тазалаў заводлары, былғары ийлейтуғын кәрханалар ҳәм қол өнерментшилик устаханалары ийелер еди. Барлық санаат кәрханаларында орнатылған механикалық двигательдиң қуўаты 130 ат күшинен артпады. Нәтийжеде Қарақалпақстан бойынша жумыс ислейтуғын 32 пахта тазалаў заводы жылына 1013 тонна пахта талшығын ислеп шығарар еди. Орташа бир кәрхананың қуўатлылығы 141 тоннадан артпады, ал ҳәзир республиканың 9 пахта тазалаў заводы жыл сайын 100-112 мың тоннадай пахта талшығын өндирип, ҳәр бир кәрхананың орташа қуўатлығы 9-13,5 мың тоннаға барабар. Бирақ деген менен республикада санааттың улыўма раўажланыў темпи қолда бар мүмкиншиликлерге сәйкес келмейди.

Қарақалпақстан Өзбекстандағы шийки зат қорларына бай республика болсада олардан санаатта пайдаланыў дәрежеси төмен. Усыған сәйкес, алдағы перспективада нефть, газ конденцатларын өндиретуғын санаат тараўларын, химия санааты тараўларын, металл ремонтлаў ҳәм машина соғыў санаатының айырым тараўларын дүзиў, жеңил ҳәм азық аўқат санааты комплексин жоқары пәт пенен раўажландырыў мақсетке муўапық келеди.

Кейинги жылларда Республикада усы мақсетлерди гөзлеп мәмлекет тәрепинен санаат тараўларын раўажландырыўға қаржы бөлип шығарыўдың көлеми айтарлықтай көбейе баслады. Мысалы, 1928-1940 жыллар аралығында өндирис тармақларын раўажландырыў ҳәм реконструкция жасаўға бөлип шығарылған пул дәраматларының көлеми 52 млн. сум шамасында болса, 1951-1955 жылларда 102 млн. сумды қурады. Бул көрсеткиш 1981-1985 жылларда 2,9 млрд. сумға көбейсе, ал 1986-1990 жылларда хожалық тараўларын раўажландырыўға бөлинген қаржылар, яки 5 жылда инвестициялардың көлеми 3,0 млрд. сумды қурады. Ҳәзир тек бир жыл ушын 800,4- 1 трлн 145 млрд. сумға барабар инвестициялар экономика тараўларында ислетилмекте (кесте-№10).

**№ 10 -Кесте**

**Айырым жыллар ишинде хожалық тараўларын раўажландырыў ушын бөлип шығарылған инвестициялардың көлеми.**

| Жыллар | Инвестициялардың көлеми (млн. сум) | Усыннан, қурылыс-монтаж жумысларына бөлинген инвестициялардың көлеми |
|---|---|---|
| **1971-1975** | **1265** | **887** |
| **1976-1980** | **2203** | **1936** |
| **1981-1985** | **2913** | **2654** |
| **1986-1990** | **3040** | **1746,7** |
| **1995** | **3799,0** | **2301,6** |
| **2000** | **35220,3** | **24188,4** |
| **2005** | **130672,0** | **59351,9** |
| **2010** | **800393,8** | **139789,3** |

Кестеде берилген цифрлы мағлыўматларға анализ жасасақ, республика аймағында 1971-1975 жыллар аралығында халық хожалығы тараўларына мәмлекет тәрепинен бөлип шығарылған ири қаржылардың көлеми 1 млрд. 285 млн. сум муғдарында болды. Бул санаат, аўыл хожалығы ҳәм социаллық тараўларды раўажландырыўға ҳәм өндирис процессин модернизация жасаў ушын жеткиликсиз еди. Буннан басқа республика узақ жыллар даўамында Орайлық Азия ҳәм коңсы еллер менен экономикалық байланыс жасаў ушын жол қатнас тараўларынада ийе болмады. Бул белгили дәрежеде алға қойылған жобаларды иске асырыўға тосқынлық жасады. Тек 1950-жыллардың басларында ғана төменги Әмиўдәрья аймағын

Орайлық Азияның басқада районлары менен тутастырыў бойынша белгиленген жобаның иске асырылыўы ҳәм 1952-жылы тарийхта биринши рет Чарджоў-Тақыяташ темир жолы арқалы биринши поездДиң Тақыяташ қаласына келиўи Қарақалпақстанның өндириўши кушлериниң, соның ишинде аўыр санаат тараўларының раўажланыўына жол ашты. Мине усы дәўирден баслап, Қарақалпақстанның халық хожалығы тараўына мәмлекет тәрепинен ири қаржы бөлип шығарыўдың көлеми артты Солай етип, халық хожадығыаўларына бөлип шығарылған инвестициялардың көлеми 2010 жылы 800, 4 млрд. сумға көбейди.. Усыған сәйкес, санаат тараўларында жыл сайын ислеп шығарылатуғын өнимлердиң қуны 1960-жыллардағы 230 млн. сумнан 1990-жылларға келе 813,7 млн. сумғды қураса, ал 2010-жыллардан баслап республикада санаат өнимлерин жетистириўдиң көлеми 495,5 млрд. сумды қурады. Бирақ деген менен, Қарақалпақстан Өзбекстан Республикасының тәбийий ресурсларға бай, мийнет ресурслары менен тәмийинленген ҳәм 37% аслам майданын ийелейтуғын аймақ есаплансада, жыллық ишки өним таярлаўдың көлеми бойынша орташа республикалық көрсеткиштен төмен дәрежени ийелейди (кесте-№ 11).

**№ -11 Кесте**

**\Қарақалпақстан Республикасының Өзбекстан экономикасындағы тутқан орны ҳәм роли (млрд.сум есабында)**

| Көрсеткишлер | Өзбекстан Республикасы Бойынша | | | Соннан Қарақалпақстан | | | Қарақалпақстанның Өзбекстанға салыст.ғы 2010 ж. үлеси, % есабында | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1995 | 2000 | 2010 | 1995 | 2000 | 2010 | 1995 | 2000 |
| Халқы, млн. адам | 22,0 | 25,0 | 29,1 | 1,4 | 1,5 | 1,650 | 6,3 | 6,1 |
| Жалп. ишки өним | 298,5 | 2048,4 | 61831, 2 | 16,7 | 77.5 | 1389,8 | 5,6 | 3,8 |
| Санаат өнимлери | 419,1 | 1303,3 | 34499,1 | 14,3 | 27,1 | 495,5 | 3,4 | 2,1 |
| Халық тутын. өнимлер б-ша | 77,4 | 655,1 | 8990,0 | 6,1 | 21,3 | 153,6 | 7,9 | 3,3 |
| Аўыл хожалық өнимилер б-ша | 123,6 | 833,0 | 15810,7 | 0,5 | 39,9 | 482,4 | 5,6 | 4,1 |
| Инвестициялар | 88,9 | 503,2 | 12532, 0 | 3,8 | 32,3 | 652,5 | 4,2 | 6,4 |
| Саўда айланысы бойынша | 106,7 | 655,1 | 21872, 8 | 3,4 | 36,2 | 684,2 | 3,3 | 5,5 |
| Пүллы хызмет көрсетиў б.-ша | 17,0 | 122,6 | 7858,0 | 0,3 | 2,0 | 207,5 | 1,8 | 1,6 |

Кестедеги мағлыўматларға қарағанда Қарақалпақстанның орташа Республикалық көрсеткишиндеги үлеси еле де төмен дәрежеде екенлиги байқалады. Санааттың баслы бағдары тек аўыл хожалық өнимлерин қайта ислеп шығарыў менен шекленип, бул тараўда өндирилген өнимлер Өзбекстан Республикасы бойынша жетистирилетуғын орташа жыллық санаат өнимлериниң 1,4-1,7 % ин ийелейди.

Ғәрезсизлик жылларда санааттың тараўлық структурасына үлкен өзгерислер киргизилди. Егер, 1960-жылларда барлық өндирилген санаат өниминиң 87% жеңил ҳәм азық-аўқат тараўлары өндирсе, ал ҳәзирги дәўирде аўыр санаат тараўларының үлеси жоқарылай баслады. Аўыр санаат тараўларында электроэнергетика санаатының роли жоқарылады. Ҳәзир бул тараў жылына 2,9 млрд. квт саат электр энергиясын өндирип, Орайлық Азия еллеринде, ҳәттеки айырым шет мәмлекетлериниң көрсеткишлеринен де қалыспайды. Мәселен, егер дүнья жүзи бойынша өндирилген электр энергиясын жан басына бөлгенде 2048,2 квт саатты қураса, Қарақалпақстанда бул көрсеткиш 1813 квт саатты қурайды, ал булл корсеткиш қоңсылас Иранда 905 квт саатты, Туркияда 694 квт саатты, Пакистанда 249 квт саатқа барабар.

Қарақалпақстанда халық хожалығының жоқары пәт пенен раўажланыўы II дүнья жүзлик урыстан кейинги жылларға, әсиресе 1960-жылларға туўра келди. 1960 жылларда Бухара-Урал, Орта Азия–Россия ҳәм Европа еллерине шығатуғын газ қубырларының иске түсирилиўи ҳәм кейин ала Әмиўдәрьяға Тақыяташ гидроузелиниң салыныўы ҳәм Тақыяташ-Нөкис-Шымбай, сондай-ақ Нөкис-Қаратаў темир жол линиясының пайдаланыўға берилиўи Қарақалпақстанның дүньяның көпшилик еллери менен, әсиресе Россия ҳәм Орайлық Азиядағы коңсы еллер менен экономикалық байланысын кушейтиўге ҳәм қуўатлы отын- энергетикалық базасын қурыўға жол ашты. Бул бизиң үлкемизде өндириўши күшлердиң раўажланыўына күшли тәсир жасады.

1995 жылларда Қарақалпақстанда санаат өнимлерин ислеп шығарыў 1950-жыллар менен салыстырғанда 418 есеге өсти. Халық хожалығының материаллық техникалық базасы беккемленди ҳәм жүзлеген санаат кәрханалары иске түсти. Тек 1981-1985 жыллардың өзинде республика халық хожалығы тараўларын раўажландырыў ушын 2,9 млрд. сумдай ири мәмлекетлик қаржы жумсалынды. Қарақалпақстан ири өндирис тармақларына ийе еллер қатарына айналды ҳәм жыл сайын республикада онлаған санаат кәрханалары бой тиклей баслады. Егер 1981-1990 жылларда 2 тигиў фабрикасы, 2 тоқымашылық кәрханасы, Елликқала, Шоманай пахта тазалаў заводы, Нөкис, Жанбасқала ҳәм Елликқала гербиш заводлары, Нөкис ҳәм Төрткүл темир бетон заводлары, Нөкис керамик заводы, Шоманай II, Шымбай салы таярлаў заводлары ҳ.т.б. кәрханалар пайдаланыўға берилсе, ал 1990-2010 жылларда Турткул, Нукус тоқмашылық санааты, Елликқала районында жаңа текстил санааты комплекси иске тусти. Сондай-ақ усы көрсетилген жыллар ишинде,

Қарақалпақ қурылыс материаллары Акционерлик жәмийетине қараслы Италиядан акелинген ускенелер тийкарында биринши гезектеги қуўатлығы жылына 25 млн. кирпич таярлайтуғын Нөкис кирпич заводы, қуўатлығы жылына 20 млн. дана шийше ыдысларын таярлаўға мөлшерленген Хожели стеклотар заводы, сондай-ақ Германия фирмаларының қатнасыўы менен Нөкис мебель фабрикасында шалы сабанынан матрас ислеп шығарыў технологиясы тийкарында кәрхана дүзилди.

Базар қатнасықларының талабына сәйкес, республикада инфракстуктура тараўларының дўзилисине үлкен өзгерислер киргизилмекте. Халық тутыныў товарларын үй шараятында таярлайтуғын Нөкис фабрикасы, Кегейли районында «Промкомбинат Халкабад», Мойнақ районында Қазақдәрья тутыныў товарларын ислеп шығаратуғын кәрханалар дүзилди. Қарақалпақ ғәлле өнимлерине қараслы акционерлик ижара кәрханаларында да үлкен жумыслар иске асырылмақта. Булардың қатнасы менен Тахтакөпир районында суткасына 20 тонна бийдай тартатуғын қараз иске түсирилсе, Нөкис ун заводының акционерлик жәмийети суткасына 3 тонна спирт жетистиретуғын мини заводты пайдаланыўға берди. Мийўе консерваларын ислеп шығаратуғын, макарон ҳәм тигиўшилик өнимлерин, және байпақ, тон ислеп шығаратуғын миницехлар Нөкис, Тақыяташ, Төрткүл, Еллик-қала, Әмиўдәрья, Хожели, Шоманай, Қараөзек районларында ҳәм Нөкис қаласында иске түсирилди. Бул биринщиден халықты жумыс пенен тәмийинлеўге мүмкиншилик берсе, екиншиден жаңа санаат өнимлерин өндириўге жол ашты.

Қарақалпақстан Республикасы өз суверенитетине ийе болыўы менен бирге, Қоныраt аймағында Үстирттиң көлемли шийки зат ресурслары базасында кальцийленген сода өнимлерин таярлайтуғын жыллық қуўатлығы 210 мың тонна өним өндириўге уқыплы Қоныраt сода заводы, газ конденсаты ҳам тәбийий газ өнимлерин санаатлық усылда өндиретуғын «Арқа урга» газ кәрханасы иске түсирилди. Қарақалпақстан қурылыс материаллары акционерлик жәмийетине қараслы бирлеспеде жылына 60 мың $м^2$ жоқары сапалы мрамор блокларын ҳәм плиталарын таярлайтуғын жаңа мрамор цехи иске қосылды. Бул әҳмийетли басламалар республика аймағында санаат өнимлериниң көбейиўине жол ашпақта.

1950-жылларда Қарақалпақстан Республика бойынша суўғарылып егилетуғын егислик майдан 159,0 мың гектар болған болса, бул көрсеткиш 1990-жылларға келе 419,6 мың гектарға көбейди, ал 2000-жыллардан баслап республикада пайда болған суў қыткершилигине сәйкес егислик жерлердиң көлеми 337,4 мың гектарды, ал 2010-

жылы 262,9 мың гектарды қурады. Дийханшылықта пайдаланатуғын егислик майдан белгили дәрежеде қысқарсада аўыл хожалығында, әсиресе оның ең баслы тараўы пахташылықта көлемли санлық ҳәм сапалық өзгерислер қолға киргизилмекте. Нәтийжеде жыллық пахта жетистириў көлеми 1950-жылларға салыстырғанда 2,5 есеге артты, бирақ деген менен суў жетиспеўшилиги ҳәм егислик жерлердиң мелиоративлик шараятының өзгериўине байланыслы өндиристе «ҳәлсиз бууынлар» пайда бола баслады. Усыған байланыслы, аўыл хожалық өнимлерин жетистириў ҳәм мәмлекетке сатыўдың көлеми қысқармақта. Солай етип, аўыл хожалығында орын алған кемшиликлерди сапластырыў ушын базар қатнасықларының талабына сәйкес жекке дара дийхан хожалықларындағы, сондай-ақ фермер хожалықларының ең алдыңғы ис тәжирийбелери үйренилмек-те. Бул биринshиден халықтың өсип баратырған аўыл хожалық өнимлерине деген талабын қанатландырыўға жол ашса, екиншиден өндиристиң нәтийжелигин көтериўге мүмкиншилик береди. Бул мәселени шешиў ушын илим жаңалықлары менен алдыңғы тәжирийбени байланыстырыў ҳәм оны күнделикли талапларға сәйкес ис жүзине асырыў зәрүр.

Республика аймағында бул мәселелер транспорт-экономикалық байланыс-ларды беккемлеў арқалы ис жүзине асырылмақта. Узақ жыллар даўамында транспорт-экономикалық байланыслардың зардабын тартқан төменги Әмиўдәрья регионы Орайлық Азия еллери менен темир жол байланысына ийе болды. 1952-57 жыллар аралығында Тақыяташ-Қоңырат-Бейнеў ҳәм 1995-2008 жылларда Нөкис - Төрткүл (Мискин) – Учкудук – Наваўы - Ташкент аралығын тутастыратуғын темир жолдың иске түсирилиўине байланыслы Қарақалпақстан Республикасы, Өзбекстанның басқа аймақлары, Түркменстан ҳәм Россия Федерациясы ҳәм басқада Европа еллерине шығыў ушын ең қолайлы қысқа аралықтағы темир жол жөнелисине ийе болды. Ҳәзир Қарақалпақстан Республикасы 504 км аслам темир жол линиясына, 6791 км аслам асфальтланған автомобиль жолларына ийе. Бул жыл сайын транспорт тараўлары менен тасылатуғын жүклердиң көлемин 30,1 млн.тоннаға, ал жүк айналысын 522,7 млн.тонна/км ге жеткериўге, ал жыллық жолаўшылар тасыўдың көлеми 166,4 млн.адамға, жолаўшылар айналысын 943 млн. жолаўшы / км.ге жетти.

Халыққа хызмет көрсететуғын тараўларда да унамлы көрсеткишлер жүзеге келмекте. Егер 1940-41 оқыў жылларында Қарақалпақстанның улыўма билим беретуғын баслаўыш ҳәм орта мектеплеринде 92 мыңдай жаслар оқып, билим ҳәм

тәрбия алған болса, бул көрсеткиш 1980-жылға келип 264,3 мың адамға, ал 2008-жылға келе 270,9 адамға көбейди. Республикада тәлим-тәрбия беретуғын оқыў орынлардың саныда артты. Ҳәзир үлкемизде 764 улыўма билим беретуғын мектеп, 86 жоқары ҳәм орта арнаўлы билим беретуғын оқыў орынлары жумыс ислейди. Жоқары оқыў орынларында да билим алып атырған жаслардың саны жыл сайын арпақта. Егер 1980-жылларда арнаўлы орта ҳәм жоқары билим беретуғын оқыў орынларында 23,1 мың жаслар билим алған болса бул көрсеткиш 124,2 мың адамға көбейди.

Халыққа медициналық жақтан хызмет көрсетиўдиң дәрежеси де жақсыланбақта. Егер II дүнья жүзлик урыс алдында Қарақалпақстанда 37 емлеўханалар болып, олардағы орынлардың саны 1600 болған болса, ҳәзир республикада халыққа медициналық жақтан хызмет көрсететуғын 153 емлеў мекемелери ҳәм 308 амбулатория-поликлиника орайлары хызмет етип, оларда 3741 жоқары категориялы шыпакерлер ҳәм 16,8 мың орта буўындағы медицина хызметкерлери жумыс ислейди. Буларға қосымша аўыллық жерлерде 181 орында врачлық ҳәм 133 орында фельдшерлик-акушерлик пунклерде медициналық хызмет көрсетпекте. Дәрилер таярлайтуғын республикалық «Дәри дармақ» акционерлик бирлеспеси ҳәр қыйлы формада жумыс ислейтуғын медициналық орайлар жумыс ислеп атыр.

Халыққа саўда хызметин жақсылаў бойынша үлкен әмелий иләжлар иске асырылмақта. Мысалы, 1940-жылларда саўда мекемелери тәрепинен халыққа усақлап сатыў арқалы көрсетилген хызметтиң муғдары 28 млн. сум болса, бул көрсеткиш 2005-жылларға келе ҳәзирги айланыстағы пул есабында 44 млрд. 706 млн. сўм, ал 2010-жылы 684,2 млрд. сўм муғдарында ҳәр қыйлы саўда хызмети түрлерин көрсетип атыр. Жуўмақлап айтқанда, кейинги жылларда республикада экономика тараўлар-ында унамлы көрсеткишлерге ерисилди. Хожалық тараўларын қәнигелестириў бойынша көп ғана мәселелер шешилди. Өндиристиң тараўлық структурасын жетилистириў баслы ўазыйпаға айналды ҳәм оны турмысқа асырыў бойынша көп санлы иләжлар ислеп шығылды. Республика аймағында тәбий ресурлардан нәтийжели пайдаланыў бойынша көлемли тәжрийбелер топланды. Бүгинги күнге республикада қазылма байлықлардың 100 ден аслам түрлери белгили болып, усыннан 5 нефть ҳәм газ, 6 таў-кән, химия санааты ушын руда кәнлери, 3 цемент, 3 керамзит, сондай-ақ 4 жылтыр тас кәнлери пайдаланыўға берилди.

Бирақ, Қарақалпақстан Өзбекстан Республикасының тәбийий ресурс потенциалына бай аймақлары қатарына кирип, суўғарыўға жарамлы жер

қорларының 20% тин, мал шарўашылығына жарамлы жайлаўлардың 48,5% ҳәм улыўма жер майданының 37% ин ийелеўине қарамастан өндирислик базалардың ҳәлсизлигине байланыслы материаллық өндирис тараўлары жүдә эсте-ақырын раўажланбақта. Нәтийжеде бизиң үлкемиз жыл сайын Өзбекстанда өндирилетуғын санаат өнимлериниң тек 1,7 %, ал аўыл хожалық өниминиң 3,4 % ғана жетистирип атыр. Бул алдағы перспективада халық хожалығы тараўларының раўажланыўбағдарларын анықлаўда өндиристиң тараўлық структурасын жетилистириўге айрықша итибар бериўди талап етеди.

Солай етип, келешекте Қарақалпақстанда өндириўши күшлердиң өсиў пәтин тәмийинлеў хожалықтың структурасын жетилистириўге ҳәм өндирис процессин модернизациялаў жолы менен жаңа шеклерди қолға киргизиўге жол ашады.

***Сораўлар ҳәм тапсырмалар:***

***1. Қарақалпақстан Республикасы хожалығының аймақлық структурасын дүзиң ҳәм онда материаллық өндиристиң салыстырмалы үлесин анықлаң?***

***2. Өндиристиң аймақлық дүзилиси менен тараўлық структурасының айырмашылығын аныклаң ҳәм Қарақалпақстан хожалығы мысалында санаатың тараўлық дүзилисин сыпатлайтуғын шынығыў жумысларын орынлаң?***

***3. Қарақалпақстан Республикасы хожалық тараўларының қәлиплесиўин анықлаң ҳәм онда инфраструктуралық тараўлардың ролине сыпатлама дүзиң?***

***4. Хожалық тараўларының жыллық ишки жалпы өнимди өндириўдеги үлесин анықлаң ҳәм Қарақалпақстан хожалық тараўлары мысалында әмелий жумыслар орынлаң?***

***5. Қарақалпақстанның баслы хожалық тараўларының Өзбекистан Республикасының орташа көрсеткишлериндеги салыстырмалы орнын анықлаң ҳәм үлкемизде өндириўши күшлерди раўажландырыўдың прогнозлық бағдарларын белгилең?***

***6.Кесте мағлыўматларына тийкарлана отырып диаграмалар дүзиң ҳәм әмеллий жумысларды орынлаўдың усылларын өзлестириң?***

***7. 3-баптың кесте мағлыўматлары тийкарында диаграмалар дүзиң ҳәм әмеллий жумысларды орынлаўдың усылларын өзлестириң?***

# САНААТЫ

## 3.2. Қарақалпақстанда санааттың қәлиплесиўи ҳәм тараўлық дүзилиси

Қарақалпақстан Өзбекстан Республикасының арқа-батысында жайлас-қан

агрaрлы-индустриaллы aймaқлaрдың биринен есaплaнaды. Кейинги жыллaрдa республикaдa көп тaрмaқлы сaнaaт космпелкси өсип жетисти. Усығaн бaйлaныслы республикa хaлық хожaлығының структурaсындa сaнaaт өндирисин, әсиресе aўыл хожaлық өнимлерин қaйтa ислеп шығaрaтуғын сaнaaт тaрaўлaрын рaўaжлaндырыўғa aйрықшa итибaр берилмекте.Республикa өз ғәрезсизлигине ерискеннен кейинги жыллaрдa сaнaaт тaрaўлaрының, әсиресе aўыр сaнaaтты сондaй-aқ социaллық сферaлaрды рaўaжлaндырыў бойыншa дa үлкен тaбыслaр қолғa киргизил-ди. Қaрaқaлпaқстaн бойыншa тaярлaнғaн стaтистикaлық мaғлыўмaтлaрғa aнaлиз жaсaсaқ республикa aймaғындa 1950-1960 жыллaр aрaлығындa хaлық хожaлығы тaрaўлaрынa мәмлекет тәрепинен бөлип шығaрылғaн ири қaржылaрдың көлеми төмен дәрежеде еди. Бул сaнaaт, aўыл хожaлығы ҳәм бaсқa дa тaрaўлaрды рaўaжлaндырыўғa ҳәм өндирис процессин модернизaция жaсaў ушын жеткиликсиз болды. Буннaн бaсқa республикa узaқ жыллaр дaўaмындa Орaйлық Aзия ҳәм бaсқa дa қоңсы еллерге шығыў ушын жол қaтнaс тaрaўлaрынa ийе болмaды, бул хaлық хожaлығындaғы жобaлaрды иске aсырыўғa тосқынлық жaсaды. Тек елиўинши жыллaрдың бaслaрындa ғaнa төменги Әмиўдәрья aймaғын Орaйлық Aзияның бaсқa дa рaйонлaры менен темир жол aрқaлы тутaстырыў бойыншa белгиленген жобaның иске aсыўы ҳәм 1952-жылы Тaхиятaш қaлaсынa шекем темир жолдың қурылыўы Қaрaқaлпaқстaндa aўыр сaнaaт тaрaўлaрының рaўaжлaныўынa жол aшты. Мине усы дәўирден бaслaп хaлық хожaлығы тaрaўынa мәмлекет тәрепинен ири қaржы бөлип шығaрыўдың көлеми aртты. Егер 1956-1960 жыллaрдa Қaрaқaлпaқстaн Республикaсы бойыншa хaлық хожaлығын рaўaжлaндырыў ушын 5 жылғa мөлшерленген ири қaржы 109 млн. сўм шaмaсындa болсa, бул көрсеткиш 2010-жылы, тек бир жыл ушын бөлинген инвестиция муғдaры ҳәзирги aйлaныстaғы пул бирлиги есaбындa 800,4 млрд. сўмғa көбейди. Усығaн сәйкес сaнaaт тaрaўлaрындa жыл сaйын ислеп шығaрылaтуғын өнимлердиң көлеми 1990 жыллaрдaғы 813,7 млн. сўмнaн 2010 жылы 495,5 млрд. сўмғa, aл 2012 жылы булл көрсеткиш 657 млрд. сумғa көбейди.

Кейинги жыллaрдa сaнaттың тaрaўлық структурaсындa үлкен өзгерислер болды. Егер, 1960-жыллaрдa бaрлық сaнaaт өнимдериниң 87% жеңил ҳәм aзық-

ауқат тараўлары өндирсе, ал 2010 жылларға келип, аўыр санаат тараўларының үлеси жоқарылай баслады (кесте-№12).

Кестеде көрсетилгениндей санаат тараўларының структурасында заман талабына сәйкес аўыр санааттың жаңа турлери қәлиплесе баслады. Бул жалпы ишки өнимниң көлеминиң артыўына ҳәм санаатта ислеп шығарылатуғын өнимлердиң затлай муғдарының көбейиўине жол ашты. Мәселен, 2010 жылы республиканың энергетика санаатында жылына 2,9 млрд. квт саат электр энергиясы ислеп шығарылса, булл көрсеткиш 2012 жылы 3,4 млрд кВт/с қурады.. Өндирилген өнимди жан басына бөлгенде бул көрсеткиш бойынша Қарақалпақстан Республикасы, тек Орайлық Азия еллеринде ғана емес, сондай-ақ дүньяның айрым мәмлекетлериниң көрсеткишлеринен де қалыспайды. Мәселен, егер дүнья жүзи бойынша жыл сайын өндирилген электр энергиясын Қарақалпақстаның жан басына бөлгенде 1813 квт саатты қураса, бул көрсеткиш қоңсылас Иранда 906 квт саатты, Пакистанда 249 квт.саатты қурайды.

**№ 12-Кесте**

**Қарақалпақстан Республикасы санааттың тараўлық структурасы, 2010 жыл 1 январьдағы мағлыўмат бойынша**

| Санаат тараўлары | Санаат тараўларының үлеси, % есабында | | | |
|---|---|---|---|---|
| | Санаат.қ өнд.ик жумысшылар саны бойынша | Тийк.ғы өнд.лик фонд.дың қуны бойынша | улыўма өнимниң көлеми бойынша | |
| | | | млрд.сум | % |
| **Барлық санаат** | **100,0** | **100,0** | **495,5** | **100** |
| **Үсынан:** | | | | |
| **Электро энергетика санааты** | **9,1** | **5,6** | **67,9** | **19,6** |
| **Нефти, газ ҳәм химия санааты өнимлери** | **10,3** | **38,0** | **27,4** | **8,0** |
| **Машина соғыў ҳәм металл қайта ислеў** | **11,9** | **11,9** | **9,5** | **2,7** |
| **Ағаш ҳәм ағаштан зат ислеў санааты** | **2,0** | **0,8** | **1,8** | **0,5** |
| **Қурылыс материаллары санааты** | **7,7** | **17,3** | **15,3** | **4,4** |
| **Жеңил санаат** | **33,5** | **13,4** | **119,1** | **34,4** |
| **Азық-аўқат санааты** | **18,6** | **12,0** | **92,1** | **26,6** |
| **Басқада санааат тараўлары** | **6,9** | **1,0** | **13,3** | **3,8** |

***Кесте биз тәрепинен КР Госкомстат мағлыўматлары тийкарында дузилди.**

Қарақалпақстанда санаат тараўларының жоқары пәт пенен раўажланыўы, әсиресе алпысыншы жыллардан кейинги дәўирге туўра келеди. Алпысыншы жылларда Бухара-Урал. Орта Азия Орай газ қубырларының иске түсирилиўи, Әмиўдәрьяға Тахияташ гидроузелиниң салыныўы ҳәм Тахияташ-Нөкис-Шымбай, сондай-ақ республикада ғәрезсизлик жылларда Наўайы-Үшқудық-Төрткўль(мискин)-Нөкис-Қоңырат-Александров-Гай бағдарында екинши

темир жол линиясының пайдаланыўға берилиўи Қарақалпақстанның қоңсы еллер менен экономикалық байланысын күшейтиўге ҳәм қуўатлы отын-энергетикалық базасын қурыўға жол ашты.

Бул Қарақалпақстанда өндириўши күшлердиң раўажланыўына күшли тәсир жасады. Нәтийжеде 2010 жылы Қарақалпақстанда санаат өнимлерин ислеп шығарыў 1995 жыллар менен салыстырғанда 24,2 есеге асты. Халық хожалығының материаллық-техникалық базасы беккемленди ҳәм жүзлеген санаат кәрханалары иске түсти. Тек 1981-1985 жыллардың өзинде республиканың халық хожалығы тараўларын раўажландырыў ушын 2,9 млрд. сўм ири мәмлекетлик қаржы жумсалып Қарақалпақстан ири өндирис тармақларына ийе еллер қатарына қосылыла баслады ҳәм жыл сайын республикада онлаған санаат кәрханалары бой тиклеўине жол ашты. Егер 1981-1990 жылларда еки тигиў фабрикасы, 2 тоқымашылық кәрханасы, Елликқала гербиш заводлары, Нөкис ҳәм Төрткүл темир бетон заводлары ҳәм т.б. кәрханалар пайдаланыўға берилсе, 1990-2000 жылларда жыллық қуўатлылығы 4 млн. 500 мың дана трикотаж өнимлерин ислеп шығаратуғын Нөкистекстиль комплекси, жыллық қуўатлылығы 6 млн. дана кийим-кеншек таярлайтуғын Елликқала, Турткил текстиль комплекси иске түсти. Сондай-ақ қарақалпақ қурылыс материаллары акцимонерлик жәмийетине қараслы қурылыс ассоцациясында Италиядан алып келтирилген үскенелер тийкарында биринши гезектеги қуўатлылығы жылына 20 млн дана шийше ыдысларын таярлаўға тийисли Хожели стеклотар заводы, Нөкис гербиш заводы, сондай-ақ 2006 жылы Қоңырат соды заводы пайдаланыўға берилди. Республикада өндириўши күшлерди жеделли раўажландырыў ҳәм экологиялық дағдарыс тенденцияларын есапқа алып халық хожалығы тараўларының инфраструктурасына үлкен өзгерислер киргизиў белгиленбекте.

Үстиртиң көлемли шийки зат ресурсларына тийкарланып Қоңырат газ өнимлерин өндиретуғын кәрханаға қараслы «Урга» газ конденциатын санаатлық усылда қайта ислеп шығаратуғын кәрхана иске тўсирилди. Халық тутыныў товарларын таярлайтуғын Нөкис фабрикасы, Кегейли районында «Промкомбинат халқабад», Мойнақ районында «Қазақдәрья» атлы тутуныў товарларын таярлайтуғын орайлар ашылды. Мийўе косерваларынан өним ислеп шығаратуғын кәрханалар реконструк-цияланды ҳәм бир қанша минни

цехлар иске түсирилди. Бул биринщиден халықты жумыс пенен тәмийинлеўге жол ашса, екиншиден жаңа санаат өнимлерин таярлаўға мүмкиншилик береди. Қарақалпақ қурылыс материаллары акционерлик жәмийетине қараслы бирлеспеде жылына 60 мың кв. метр жөкары сапалы мрамор блокларын ҳәм плиталарын таярлайтуғын мрамор цехы иске қосылды. «Қарақалпақ ғәлле» акционерлик жәмийетине қараслы кәрханаларында да үлкен жумыслар иске асырылмақта.

Алдағы ўақытта Үстирт аймағынан табылған нефть, газ, Қаратаў-темир рудасы, реңли металлары, Барсакелмес ҳәм Қараўымбет дуз кәнлери, Арал акваториясында жайласқан Қоңыр көмир, газ конденсатлары, сондай-ақ Әмиўдәрья алабы ҳәм Арал бойларында ушырайтуғын бром, рубидий, цезий, цирконий ҳәм тағы басқа суйық элементлерден дүзилген байлықлар базасында перспективалы санаат орайлары ҳәм өндирислик-территориялық комплекслердиң пайда болатуғыны сөзсиз. Солай етип, минерал шийки зат ресурсларынан рационаллы пайдаланыў, жоқарыда көрсетилген пикирлеримизди заман талабына сәйкес иске асырыў Қарақалпақстанның индустриал бағдарда турақлы раўажланыўына мүмкиншилик жаратады.

### 3.2.1. Қарақалпақстанда санаат тараўларының раўажланыўы ҳәм географиялық жайласыўы

Қарақалпақстанның халық хожалығының структурасында санаат комплекси әҳмийетли орынларды ийелейди. Бул тараў улыўма өндиретуғын ишки жалпы өнимниң 37% тен асламын таярлап, республика халық хожалығының раўажланыў келешегин белгилеўде әҳмийетли ролди атқарады.

Екинши жер жүзилик урыстан кейинги жылларда республикада халық хожалығын избе-изли режеге сәйкес раўажландырыў нәтийжесинде, санаат тараўларында, әсиресе жеңил ҳәм азық-аўқат санааты тараўларының раўажланыўы бойынша үлкен табыслар қолға киргизилди. Кейинги жылларда (1990-2010-жылларда) санааттың тараўлық структурасын жетилистириў, анығырақ айтқанда, аўыр санаат тараўларын раўажландырыўға айрықша итибар берилмекте.

Аўыр санаат тараўларында ерисилген көрсеткишлерди төменде ўсынылып отырған мағлыўматларданда байқаўға болады. Егер, 1965-1990 жылларда

Қарақалпақстанда санаат тараўлары бойынша жетистирилген улыўма өнимниң қурамында аўыр санаат өнимлери барлығы болып  14-17% тен асламын қўраған болса, ал 2010-жылларға келе бул тараў улыўма жетистирилген өнимниң 30% тен асламырағын жетистирмекте. Көрсетилген жыллар ишинде машинасазлық ҳәм металды қайта ислеп шығаратуғын тараўларда улыўма өнимниң көлеми 3 есеге жоқарылады, ал қурылыс материаллары санаатында 4,2 есеге артты.

1950 жыллардан баслап  Чарджоу-Қоңырат,ал ғарезсизлик жыллары ишинде Ташкент-Навойи- Төрткул (мискин)- Нукус- Қоңырат-Бейнеў- Макат-Александров-Гай бағдарларындағы темир жоллардың салынып питкерилиўи Республикада жүзлеген санаат кәрханаларын қўрып, пайдаланыўға бериўге жол ашты. Соның ишинде, Тақыяташ ГРЭСи, Нөкис үй комбинаты, Тақыятас, Нөкис, Бериўний,Шымбай ҳәм т.б. ири фанелли жай қурылысы комбинатлары, Төрткүл, Халқабад, Елликқала, Шоманай пахта тазалаў заводлары, Нөкис-Хожели, Қоңырат сүт-май заводлары, Тақыятас, Қарабайлы ҳәм т.б.  гүришти қайта тазалаў комби-натлары ҳәм т.б. кәрханалары бар. 1965-жыллардан кейин Қарақалпақ-станда санаат комплекси жоқары пәт пенен раўажланды. Бул республикада өндириўши күшлердиң жеделли раўажланыўына, атап айтқанда, дыйхан-шылық ушын жаңа жерлерди өзлестириўге, суў хожалығы тараўларын раўажландырыў ҳәм жер асты байлықларын санаатта пайдаланыў мәселелерин шешиўге мүмкиншилик жаратпақта. Санаат комплексин раўажландырыў ушын алдағы ўақытларда да үлкен итибар бериледи. Бул ушын бәринен де бурын электр энергетика санаатын, газ санаатын, қурылыс материаллары санааты, машинасазлық ҳәм металды қайта ислеў санааты тараўларын тез пәт пенен раўажландырыўды талап етеди.

Қарақалпақстанда санаат өнимлерин өндириўдиң көлеми урыстан кейинги жылларда айтарлықтай артты. Мысалы: 1950-2000-жыллар ишинде санаат тараўлары бойынша улыўма өним жетистириўдиң көлеми 13,4 есеге артты. Усы жыллар ишинде жеңил ҳәм азық-аўқат санаатында өним жетистириўдиң көлеми 4,6 есеге, ал қурылыс материаллары санаатында 9,7 есеге көбейди. 2000-жылларға келип республиканың санаат тараўлары жылына 2,8 млрд.кв/с. электр энергиясын, 95,4 млн.$м^3$ қурамалы темир бетон конструкцияларын ҳәм деталларын, сондай-ақ, 56 млн. данадай гербиш, 40,8 млн. тоннадай қурылыс

ушын ҳәк ҳәм т.б. санаат өнимлерин жетистирди. Айырым жыллар ишинде Қарақалпақстанда санаат өнимлерин жетистириўдиң көлемин төмендеги мағлыўматлардан да көриўге болады (кесте-№13).

Кестеде берилген санлық көрсеткишлерге нәзер аўдарсақ өткен жыллар ишинде республикада көп санлы санаат өнимлери өндириле баслады. Узақ жыллар даўамында қәлиплескен жергиликли санаат өнимлери менен бир қатарда аўыр санаат өнимлериде өндирилетуғын болды. Алпысыншы жыллардан баслап республикада электроэнергетика санааты өнимлери, қурылыс материаллары, әсиресе темир бетон конструкцияларын өндириў жолға қойылды. Халықтың күнделикли талабын қанаатландырыў мақсетинде ҳәм шийки зат ретинде аўыл хожалығы өнимлерин санаатта пайдаланыўға байланыслы жеңил ҳәм азық-аўқат санааты тараўларында да өним ислеп шығарыў артпақта.

**№ 13- Кесте**

**Қарақалпақстанда айрым жыллар ишинде санаат өнимлерин жетистириўдиң өсиў пәти**

| Өнимниң түрлери . | Жыллар | | | | | | 2010 ж. % ес.да | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1980 | 1990 | 1995 | 2000 | 2005 | 2010 | 1980 | 2005 |
| Электр энергиясын өндириў, млн.кВт./с. | 1640,0 | 1366,0 | 2749,0 | 2491,0 | 2325,0 | 2964,6 | 180,8 | 127,5 |
| Темир бетон конс-трукциясы, мыңм$^3$. | 108,6 | 422,0 | 71,1 | 95,4 | 48,9 | 36,6 | 32,4 | 74,8 |
| Қурылыс ушын кирпич, млн. дана. | 99,7 | 198,9 | 67,6 | 56,0 | 17,9 | 39,7 | 2,4 есе | 2,2есе |
| Пахта мамығы, мың т. | 132,9 | 113,0 | 90,4 | 50,7 | 63,0 | 56,8 | 42,7 | 90,2 |
| Гөш өнимлери, тонна. | 6900 | 1659 | 2564 | 3300 | 16726 | 16854 | 7,8 есе | 100,6 |
| Өсимлик майы, тонна. | 27600 | 28275 | 19407 | 13440 | 13297 | 14700 | 53,4 | 110,5 |
| Консерва, млн. ш.б. | 14,0 | 17,3 | 25,8 | 25,9 | 25,0 | … | 178,5 | 96,5+ |

***Кесте биз тәрепинен КР Госкомстат мағлыўматлары тийкарында дузилди.**

Бирақ, деген менен 1990-жыллардан баслап айырым тараўлар, сондай-ақ кәрханалар арасында өндирислик байланыслардың үзилиске ушыраўы ҳәм санааттың өндирислик қуўатлары менен оның ишки зат ресурсларының арасындағы сәйкес келмеўшиликке байланыслы жыллық өним таярлаўдың көлеми қысқармақта. Мысалы, темир бетон конструкцияларын өндириў, қурылыс ушын гербиш жетистириў 1990-жыллар менен салыстырғанда 3-4 есе дерлик қысқарды. Айырым тараўларда өним жетистириўдиң өсиў пәтин ҳәм тараў аралық байланыслардың ҳәзирги дәрежесин, санаат тараўларын сыпатлаўға берилген мағлыўматлардан көриўге болады.

***Электр-энергетика санааты***–аўыр санааттың бул тараўы Қарақалпақстанда екинши дүнья жүзлик урыстан кейинги жылларда ғана пайда

болды ҳәм республиканың халық хожалығын индустрализация-ластырыўда белгили орынды ийелемекте. Жақын жылларға шекем электр-энергетика санааты отын базасының болмаўына байланыслы кишигирим ҳәм пытыраңқы электр станцияларынан ибарат еди. Мысалы, 1961-жылларда 411 электр станциясы барлығы болып 147,7 млн.квт саат электр энергиясын берди. Булардан қуўатлылығы 500 квт ҳәм оннан жоқары болған станциялардың саны 16 болып, олар 125,9 млн.квт саат яки Қарақалпақстанның жыллық электр энергиясының 85,2 %ин өндирди. Ал, қалған 395 электр станциясы тек болғаны 21,8 млн.квт саат, яки улыўма ислеп шығарылған электр энергиясының 14,8 %ин берди.

1960-жыллардан баслап Тақыяташ ГРЭСиниң биринши ҳәм екинши гезектеги қуўатларын иске түсириўге байланыслы 1986-жылдың өзинде республикада жыллық электр энергиясын өндириўдиң көлеми 1,6 млрд.квт саатқа, 2005-жылы 2,5 млрд.квт саатқа,ал 2010-жылы бул көрсеткиш 2,9 млрд.квт саатқа жетти ҳәм беккем техникалық базаға ийе болды. Нәтийжеде 1940-жылда өндирилген  жыллық электр энергиясы ҳәзир бирнеше саат даўамында ислеп шығарылатуғын болды. Халықтың жан басына электр-энергиясын өндириўдиң көлеми бойыншада Қарақалпақстан ҳәзир көплеген раўажланған еллерди артта қалдырады. Ҳәзир Тақиятас ГРЭС-и тек Каракалпақстанды ғана емес,ал Хорезм ўалаятында электр энергиясы менен тәмийинлемекте.

1964-жылы Тақыяташ ГРЭСиниң қуўаты 48 мың киловаттқа жетти. Ал, 1965-1970 жылларда ҳәр қайсысының қуўатлылығы 100 мың кВт болған қосымша үш турбо-генератор орнатылды. Солай етип, 1970-жылға бул ГРЭСтиң улыўма қуўаты 348 мың квт-қа жеткерилди. Ал 1990-жылдан баслап Тақыяташ ГРЭСиниң қуўатылығы 420 мың киловаттқа кеңейтилди.

Республика  аймағынан Бухара-Урал газ қубырының өтиўи Тақыятас ГРЭС-ин газ бенен тәмийинлеўге жол ашты. Бул қысқа ўақыт ишинде электр-энергиясының өзине түсер баҳасын 5 есе арзанлатыўға жол ашты. 1970-жыллардан баслап жоқары волтлы элетр тогын беретуғын линиялардың қурылсы Тақыяташтан Нөкиске ҳәм Қоңыратқа, Манғыт, Беруний ҳәм Төрткүлге, Үргенчке ҳәм т.б. қалаларға жеткерилди. Солай етип раўажланған Қарақалпақ энерго-системасы пайда болды.

Электр энергиясын ислеп шығарыўдың артыўына байланыслы оған талап та күшейип бармақта. Ҳәзир республикамызда электр энергиясынан пайдаланбайтуғын бир де санаат ҳәм аўыл хожалығы кәрханасы жоқ. Электр энергиясынан пайдаланыўдың структурасы халық хожалығының талабына кем-кемнен толығырақ жуўап бере баслады. Кейинги жылларда электр энергиясына аўыл хожалығының да талабы әдеўир артпақта. Ҳәзир республикада жыл даўамында улыўма ислеп шығарылған энергиясының 12 % аўыл хожалығында пайдаланылмақта. Республикамыздың буннан былай да тәбийий газге болға талабын есапқа ала отырып, Қарақалпақстанда ири энергетикалық орай дүзиўдиң мүмкиншилиги бар деп жуўмақ шығарыўға болады, Сонлықтан республикада электр линиясына деген үлкен талапларға сәйкес станциялардың ҳәм агрегатлардың қуўатын тағы да арттырыў ҳәм элетр энергиясын жеткерип беретуғын линиялардың қурылысын тезлетиў Қарақалпақстанда электр-энергетика санаатын раўажландырыўдың тийкарғы бағдары болыўы тийис. Алдағы ўақытларда Қарақалпақстанның түслик зонасы ҳәм Үстиртте қуўатлылығы 1-3 млн. киловаттлық газ бенен ислейтуғын электр станциясын қурыў мақсетке муўапық келеди.

Әмиўдәрьяның төменги бассейнинде бундай электр станцияларды қурыў үлкен әҳмийетке ийе. Ол төменги Әмиўдәрьяның халық хожалығының, әсиресе тың жерлерди өзлестириў ҳәм жаңадан пайда болған нефть,газ ҳәм химия санаатының талабын қанаатландырыўға ҳәм Қарақалпақстанның барлық ҳәкимшилик районларына арзан электр энергиясын жеткерип бериўге мүмкиншилик туўдырады.

***Қурылыс материаллары санааты.*** Қарақалпақстанда энергетика санаатын раўажландырыў усы тийкарда шийки зат ресурсларынан кеңнен пайдаланыўға мүмкиншилик жаратыў, республикада қурылыс материал-лары санаатын раўажландырыўға кең жол ашты.

Қурылыс материаллары санаатының өсиў пәти кейинги ўақытта санааттың басқа тараўларына қарағанда жоқары болды. Усыған қарамастан қурылыс материалларын ислеп шығаратуғын кәрханаларда еледе пайдаланылмай атырған көп мүмкиншиликлер де ушырасады. Буларды иске асырыў қурылыс материалларын ислеп шығаратуғын ҳәзирги барлық кәрханалардың қуўатынан ҳәм қурылыс материалларының барлық түрлеринен толық пайдаланыўды талап

етеди. Мәселен, дийўалы-силикалцит ҳәм темир бетон плиталары гербишке қарағанда пайдалы ҳәм арзан екенлиги сөзсиз. Бирақ, гербиш қурылыс материалларының ишинде биринши орынды ийелемекте ҳәм Қарақалпақстан Республикасы жағдайында, әсиресе аўыллық қурылыслар ушын тийкарғы қурылыс материалларының бири болып отыр. Бул гербиш заводларының қуўатынан еледе толығырақ пайдаланыў зәрүрлигин көрсетеди. Кейинги жылларда жумыс процессин механизациялаў ҳәм өндиристи дурыс шөлкемлестириў есабынан гербиш заводларында өним ислеп шығарыў бир қанша көбейди. Мәселен,Нөкис, Беруний ҳәм Қоңырат гербиш заводларында топырақ шығарыў ҳәм гербиш қуйыў механизацияластырылса, Хожели гербиш заводында гербишти комплекс агрегатлар жәрдеминде кептириўге өтти. Республикамыздың аймағынан газ қубырының өтиўи гербиш заводларын арзан отын менен тәмийинледи. Жоқарыда көрсетилген иләжлар кейинги жылларда гербиш ислеп шығарыўды айтарлықтай көбейтиўге жәрдем берди. Бирақ гербиш заводларының техникалық-экономикалық көрсеткишлери еле талапқа жуўап бере алмайтуғынлығын айтып өтиў керек.

Қурылыс материалларын ислеп шығарыў дәрежесиниң талаптан артта қалыўы басқа районлардан көп санлы қурылыс материалларын тасып алып келиўге ҳәм көплеп қаржы жумсаўға дуўшар етти. Бул өз гезегинде қурылыс материалларына деген талапты күшейтти ҳәм өнимниң өзине түсер баҳасының қымбатлаўына жол ашты. Қарақалпақстанға жыл сайын басқа ўәлаятлардан миллионлаған дана гербиш тасып әкелинбекте ҳәм оны тасыў ушын сарп етилетуғын қаржылардың көлемиде артпақта.

Курылыс материаллары санаатының ҳәзирги раўажланыў жағдайларын изертлеў, қурылыс материалларын ислеп шығаратуғын кәрханаларда өндиристи кеңейтиў барысында кәрханалардың географиялық жайласыўы есапқа алынбастан тек ири қурылыс материалларын өндириў көлеми ғана есапқа алынғанлықтан бул тараўда айырым диспропорцияларда сезилмекте. Сонлықтан қурылыс материаллары санаатының орайлары тек Нөкисте, Тақыяташта, Хожелиде, Берунийде, Қоңыратта ҳәм Маңғыт қалаларында ғана емес, ал ири аўыл хожалықлы поселкаларда, дийхан-фермер хожалықларының орайларында жайласқаны ақылға муўапық келеди. Бул қалалар ҳәм елатлы пунктлер қурылыс материалларын өндириў ҳәм таяр өнимди қарыйдарларға

жеткерип бериўде де өзине тән айырмашылыққа ийе. Қурылыс материаллары санаатын белгили орайға жәмлеў көпшилик жағдайларда таяр өнимди қарыйдарларға жеткерип бериўде ҳәм кәрхананы жумысшы күши менен тәмийинлеўде де қыйншылықлар туўдыратуғыны сөзсиз. Мысалы, ҳәзир республикада жетистирилетуғын пискен гербиштиң ярымынан асламы Хожели ҳәм Нөкисте жетистириледи. Ал республиканың 52 % аслам халқы жасайтуғын аўыллық жерлерде ҳәм жаңадан өзлестирилген ғаллешилик хожалықларында ески технология тийкарында үскенеленген тек бир неше гербиш заводлары ғана жумыс ислейди. Солай етип, келешекте қурылыс материалларын көбейтиў менен бир қатарда, оның өндирислик базаларын республика аймағы бойынша талапқа муўапық жайластырыў үлкен халық хожалықлық әҳмийетке ийе.

Егер алдағы ўақытларда республикада жол қатнас тараўларын раўажландырыў, қала ҳәм елатлы пунктлердиң, таза өндирис орайларын дүзиў, гидротехникалық ҳәм ирригациялық ири объектлерди қурыў, жаңа санаатлы орайларды раўажландырыў (мысалы, Үстирт, Қаратаў таў-кән санааатлы районы) ҳәм тыңнан өзлестирилетуғын жаңа жерлердиң қурылысларын есапқа алсақ, онда қурылыс материалларына деген талап айтарлықтай жоқарылайды. Сонлықтан қурылыс санаатында өнимниң көлемин барынша көбейтиў ҳәм ҳәзирги бар кәрханалардың өндирислик қуўатларынан толық пайдаланыў, жаңа қурылыс санааты орайларын дүзиў мақсетке муўапық келеди. Қолда бар өндирис кәрханаларынан толық пайдаланыў ушын Қоңырат, Нөкис, Шымбай, Беруний, Маңғыт, Хожели, Тахтакөпир ҳәм Төрткүл гербиш заводларының қуўатын арттырыў ҳәм гербиш ислеўши цехлардың жумысын жетилистириў үлкен әҳмийетке ийе. Бул иләжлар республика аймағында ҳәзирги жетилистирилип атырған гербиштиң жыллық муғдарын 200 млн. данаға көбейтиўге мүмкиншилик туўдырады. Сондай-ақ Беруний, Маңғыт ҳәк заводларын реконструк-циялаў жобаластырылған. Усының есабынан бул еки завод жылына 60 мың тонна ҳәк ислеп шығаратуғын болады. Нөкис, Хожели, Ақтаў ҳәм Маңғыт-тағы рудасыз материалларды ислеп шығаратуғын кәрханаларда жумыс процессин (тасларды қопарыў, майдалаў ҳәм сортлаў) механизациялаў, ири таслардың муғдарын 1500 мың $м^3$ қа жеткериўге мүмкиншилик береди.

Қурылыс материаллары санаатының раўажланыўы, оның шийки зат базасының изертлениўине де байланыслы болады. Кейинги жылларда Қарақалпақстанда қурылыс материаллары санаатын раўажландырыўда, шийки зат базасын изертлеўдиң үзилиске түсиўи ҳәм ҳәр тәреплеме тексерилген мағлыўматлардың жоқлығынан артта қалып келди.

Ҳәзир қурылыс материалларының шийки зат базасын изертлеў бир қанша жолға қойылды. Өткерилген изертлеўлердиң жуўмақларына ҳәм қурылыс материалларының өндирислик базаларының жайласыўына, сондай-ақ кәрханалардың талабына сәйкес оның шийки зат орайларының жайласыў радиусын есапқа ала отырып илимпазларымыз Қарақалпақстан аймағын 4 зонаға (қурылыс материаллары районына) бөледи:

1. Рудасыз ҳәр қыйлы қазылма байлықларға бай Султан-Ўәйис – Жумыртаў зонасы;
2. Керамикалық шийки зат ҳәм инерт материалларының қорларына ийе Тассаға – Түйемойын зонасы;
3. Ҳәк, мергел ҳәм қум қорлары жайласқан Нөкис – Тақыяташ – Хожели зонасы;
4. Мергел, гипс ҳәм ҳәк шығаратуғын Кегейли – Шымбай – Тахтакөпир зонасы.

Усыннан халық хожалығы тәрепинен баҳа бергенде Султан-Ўәйис – Жумыртаў зонасындағы рудасыз қазылмалы байлықларды өзлестириў айырықша әҳмийетке ийе. Бул зонада қурылыс материаллары санааты ушын ең ири ҳәм қорлары мол шийки зат кәнлери жайласқан. Усыған байланыслы Султан-Ўәйис – Жумыртаў зонасында кәнлерди байытыў кәрханаларын қурыў ҳәм оның өндирис базаларын беккемлеў, қурылыс материаллары санаатын раўажландырыўға қаратылған ең ири ҳәм әҳмийетли иләжлардың бири болып есапланады. Италия фирмаларының қатнасыўы менен Нөкис мрамор заводында жылына 60 мың кв.метр мрамор блокларын таярлайтуғын жаңа цех, сондай-ақ Қараөзек районында АҚШ исбилерменлери менен дүзилген шәртнама тийкарында жыллық қуўатлығы 1 млн. тонна цемент таярлайтуғын кархананы шөлкемлестириў ҳәм қурыў бойынша үлкен әмелий жумыслар иске асырылмақта ҳәм т. б.

***Химия,нефти ҳәм газ санааты.*** Қарақалпақстанда өткен ҳәсирдиң 90-жылларынан баслап аўыр санаат комплексиниң айырым тараўларын, әсиресе газ санааты, химия санааты, шийше-ыдыс, сондай-ақ фарфор-фаянс санааты тараўларын шөлкемлестириў бойынша үлкен әмелий иләжлар иске асырылды, 1996-жылдың даўамында Қоңырат газ өнимлерин өндиретуғын «Үрге» кәрханасында республика тарийхында биринши мәрте 4,8 мың тоннадан аслам газ конденсаты, 652,9 млн.куб метрдей тәбийий газ өндирилди. Хожели қаласында жыллық қуўатлылығы 45 млн. дана шийше ҳәм банки таярлайтуғын шийше заводы пайдаланыўға берилди ҳәм дәслепки өним шығарыла баслады.

Ғәрезсизлик жылларында тек Қарақалпақстанда ғана емес, ҳәттеки Орайлық Азия еллериндеги ең ири кәрхана Қоңырат сода заводының иске түсирилиўи үлкен әҳмийетке ийе болды. Бул кәрхана ушын дәслеп шийки зат ретинде Қараўымбет дуз кәни, ал кейин Барсакелмес дуз кәнлери пайдаланылады. Егер Қарақалпақстан халқының ас дузына деген жыллық талабы 2550 тонна шамасында деп алсақ, бул аты аталынған дуз кәнлериниң қорлары тек Қарақалпақстан Республикасы емес, ал Орайлық Азия республикасының халықларының ас дузына деген талабын узақ жыллар даўамында қанаатландыратуғынлығы сөзсиз.

Карақалпақстанда жаныўшы газдиң,нефттиң санаатлық запасларының пайдаланыўға берилиўи Арқа-урга аймағында нефти-газ аралас кән тийкарында 2010-жылы 71,6 мың тонна конденсат, 2 млрд.941 млн.куб метр газ өнимлери ,19 мың тонна бензин,400 тонна ишки двигателлерге майлаў майларын,12мың тоннадан аслам керосин ҳәм т.б. санаатлық әҳмийетке ийе өнимлер жетистириле баслады. Солай етип,республикада 23 млрд.708,4 млн.сумлық нефте-химия санааты өнимлерин ислеп шығар-ыўдың дәслепки қәдемлери басланды ҳәм оның келешегиде зор т.б.

***Жеңил санаат.*** Қарақалпақстанда жеңил санаат тараўы санаат комплексиниң ең раўажланған тараўларынан есапланады. Бул тараў санаат комплекси бойынша өндирилетуғын жыллық өнимниң 33-35 % ин ҳәм жумысшылардың 13,5 % ин, ал ишки жалпы өнимниң 34,5 % қурайды.

Кейинги жылларда жеңил санаат тараўлары жаңа технологиялық үскенелер менен қайта реконструкцияланды ҳәм бул тараўдың географиялық жайласыўынада үлкен өзгерислер киргизилди. Мысалы, 1961-1990 жыллар

ишинде жеңил санаат тараўларының тийкарғы өндирислик фондларының қуны 3,7 есеге көбейтилди. Бул өним жетистириўдиң дәрежесин 1,7 есеге арттырыўға жол ашты. Ҳәзир республикада пахташылықтың интенсивли раўажланыўына байланыслы жеңил санааттың тийкарын пахта тазалаў санааты ийелемекте. Жеңил санааттың басқа тараўларынан жип ийириў ҳәм тоқыў, тигиў фабрикалары, трикотаж өнимлерин жетистириў жолға қойылған. Бирақ бул тараўлар жаңа ғана раўажланыў мүмкиншилигине ийе бола баслады ҳәм оның келешеги уллы.Бул тараўлар барлығы болып жыл сайын өндирилетуғын өнимниң тек 25 % ғана таярлайды. Ал қалған 72 % жеңил санаат тараўлары бойынша таярлайтуғын жыллық өним пахта тазалаў санаатының үлесине туўры келеди.

***Пахта тазалаў санааты.*** 1960-жыллардан баслап пахта тазалаў санааты раўажлана баслады. Буған Чарджаў-Қоңырат бағдарындағы темир жол линиясының иске түсиўи үлкен мүмкиншиликлер дүзди. Орайлық Азия ҳәм дүньяның басқа еллеринен пахта тазалаў санааты ушын машиналар, үскенелер жеткериўге жол ашылды. Бул пахта тазалаў санаатын дүзиў ҳәм аймақлар бойынша жайластырыўға техникалық жақтан база таярлады.

Ҳәзир Қарақалпақстанда 9 пахта тазалаў заводы ҳәм 44 пахта таярлаў пунктлери бар. Завод қасындағы ҳәм заводтан шетте жайласқан пахта таярлаў пунктинде елиўден аслам кептириўши, тазалаўшы цехлар жўмыс ислейди. Бундай цехлар қалған пахта таярлаў пунктлеринде де салынып атыр. Қарақалпақстан Республикасында, сондай-ақ басқа пахта егиўши республикаларда кептириўши, тазалаўшы цехлардың көбейиўи, пахта тазалаў санаатының ҳәзирги талабына байланыслы нәрсе. Себеби, пахта талшығының сапасына қойылатуғын талап кем-кемнен өспекте. Ал пахтанын сапасының жақсыланыўы көбинесе оны ығалсыз сақлаўға байланыслы. Пахта жыйын-терим мапазында жоқарыда көрсетилген кептириўши, тазалаўшы цехларсыз, пахтаны ығал түрде бунтлаў қыйын. Сонлықтан да ҳәзирги ўақытта кептириўши, тазалаўшы цехлардың қуўатын арттырыўға ҳәм олардан өнимли пайдаланыўға үлкен әҳмийет берилип атыр. Кептириўши, тазалаўшы цехлар өз алдына өндирислик тараў болып қәлиплеспекте. Ол пахта тазалаў заводынан технологиялық дүзилиси, машиналар системасы ҳәм жумыс барысына

қойылатуғын талаплар бойынша да айырылады. Сонлықтан пахта тазалаў санаатында жоқарыдағы структуралық өзгерислерди де есапқа алыў шәрт.

Пахта тазалаў кәрханаларында өндирислик фондлардан толық ҳәм нәтийжели пайдаланыў, пахта заводларын, республика аймағы бойынша дурыс жайластырыўды да талап етеди. Алдағы ўақытларда пахта заводларын жайластырыўда төмендеги мәселелерге айырықша итибар бериў зәрўр. Мәселен, ҳәзир Қоңырат пахта тазалаў заводының қуўатлылығы толық пайдаланылмай атыр,сонлықтан бул заводтың өндирислик қуўаты менен шийки зат базасының ортасындағы сәйкес келмеўшилик сапластырылыўы керек. Сонда ғана Қоңырат пахта тазалаў заводының жыллық өнимдарлығы 33,6 мың тонна пахтаны шигиттен ажыратыўға жол ашады. Бизиң есабымызға қарағанда Шымбай ҳәм Халқабад пахта тазалаў заводларының өндирислик қуўаты келешекте олардың шийки зат базасынан белгили дәрежеде артыўы мүмкин. Сонлықтан бул заводларда пахта тазалаўшы машиналардың санын ҳәм жумыстың избе-излигин өзгериссиз қалдырыўға болады. Буны республикамыздың түслик зонасындағы Маңғыт пахта тазалаў заводы ушында усыныўға болады. Себеби бул заводтың да өндирислик қуўаты оның шийки зат базасы менен сәйкес келеди. Алдағы ўақытта Елликқала, Төрткүл районлары республикамыздың ең әҳмийетли пахташылық аймақлары болып қалады. Сонлықтан бул районларда жаңа массивлерди пахташылық ушын өзлестириў ҳәм оның зүрәәтлилигин арттырыў зәрүр. Бул пахта тазалаў заводларының өндирислик қуўатларын шийки зат ресурслары менен толық сәйкеслендириўге жол ашады. Солай етип, пахта тазалаў санаатында жоқарыда көрсетилген иләжларды иске асырылған жағдайда олардың улыўма өндирислик қуўаты жылына 300-340 мың тоннадай шигитли пахтаны қайта ислеўге толық мүмкиншилик береди. Бул пахта тазалаў санаатының алдында турған басլы ўазыйпаларынан есапланады.

***Тоқымашылық санааты.*** Қарақалпақстанда тоқымашылық санааты ең жаңа тараўлар қатарына киреди. Дәслеп республикада Хожели, Маңғыт, Беруний қалаларында жип ийиретуғын тоқымашылық кәрханалары ҳәм Төрткүлде жип-гезлеме тоқыйтуғын өндирислик бирлеспе ислеп басласа, ал 1993-жылдың май айынан баслап Туркияның жәрдеминде тоқымашылық өнимлерин ислеп шығаратуғын кәрхана иске түсириле баслады. Бул кәрхана

1993-жылдың даўамында-ақ 801 мың данадан ибарат улыўма баҳасы 2 млн. 448 мың сумлық тоқымашылық өнимлерин ислеп шығарды. 1995-жылға келе Нөкис тоқымашылық акционерлик жәмийети 54 млн. 624 мың сумлық өним таярлаў мүмкиншилигине еристи. Кәрхана жыл даўамында 162 тонна пахта жиби ҳәм 1 млн. 883 мың дана трикотаж гезлемелрин ислеп шығара баслады. Ал Елликқала районында иске түскен тоқымашылық акционерлик жәмийети усы жылы 239 млн. 170 мың сумлық өним ислеп шығарып, жыл даўамында 717 тонна пахта жибин ҳәм 1,9млн кв.метр пахта гезлемелерин таярлаўға еристи.

Усы дәўир ишинде Төрткүл, Беруний, Маңғыт, Хожели өндирислик бирлеспелеринде жылына 499,1 млн. сумлық өним ислеп шығарылды, ал таярланған пахта жибиниң көлеми 4,5 мың тоннаны, трикотаж өнимлери 22 млн. 118 мың кв.метрге жетти. Солай етип, республика аймағында дәслепки өним бере баслаған тоқымашылық кәрханаларының жыллық өнимлериниң көлеми 793 млн. сумды қураса,ал 2010-жылғы 1- январдағы статистикалық мағлыўмат бойынша республиканың жеңил санаат тараўларында 476 мың кв м.жип гезлемелери,149 мың пахта мамығы ҳәм таяр қуны 119 млрд. сумлық жеңил санаат өнимлери жетистирилди. Алдағы ўақытларда жеңил санаат кәрханалары толық қуўатлыққа өтиў менен жыллық ислеп шығаратуғын өнимлериниң көлеми 1,8-2,5 есеге арттатуғын болады.

Республика аймағында тоқымашылық санаатын раўажландырыў үлкен мүмкиншиликлерге ийе. Алдағы ўақытларда суў дереклеринен үнемли пайдалана отырып пахташылық тараўларында жыллық өним жетистириўди көбейтиўге айырықша итибар бериледи. Бул тоқымашылық кәрханаларында жаңа өндирислик қуўатларды иске қосыўға ҳәм жыллық өним таярлаўдың көлемин арттырыўға жол ашады.

Келешекте Қарақалпақстанда жип гезлемелерин ислеп шығаратуғын тараўлар менен бир қатарда шайы гезлемелерин ислеп шығарыўғада айрықша итибар бериледи. Ҳәзир жыл сайын Қарақалпақстанда 890-915 тоннадан аслам пилле өнимлери жетистириледи. Бирақ, өндирислик базасының жоқлығына байланыслы таярланған пилле өнимлери үлкен шығынлар сарп етилип республикадан шетке шығарылады. Егер пиле тасыған жағдайларда үлкен тонналы темир жол қурамының тек 55-60 % жүк көтериў дәрежеси пайдаланылатуғынлығын есапқа алсақ, онда пиле өнимлерин тасыў ушын көп

муғдардағы вагонлар талап етилетуғынлығы белгили. Бул эксплутациялық шығынлардың артыўына байланыслы тасылатуғын жүклердиң өзине түсер баҳасын қымбатлатады. Сонлықтан пилле өнимлериниң тийкарында жипек гезлемелерин тоқыйтуғын кәрханаларды қурыў мақсетке муўапық келеди.

***Азық-аўқат санааты.*** Қарақалпақстанда азық-аўқат санааты жеңил санаат тараўларындай жетекши орынды ийелеп, барлық санаат комплексинде жыл даўамында жетистиретуғын улыўма өнимниң 26,6% ке дейин, тийкарғы өндирислик фондлардың қунының 12 %ке жақыны ҳәм санаатта ислеўши жумысшы ҳәм хызметкерлердиң 18,6 %ке дейин үлесин тутады. Егер 60-жылларда азық-аўқат санааты тийкарынан балық консерваларын шығарыў, өсимлик майын өндириў ҳәм тағы да басқа өним ислеп шығарыў менен шекленсе, ҳәзирги ўақытта бул тараў гөш, мал майы, ун, макарон өнимлери, пиво, кондитер өнимлери, нан ҳәм т.б. өнимлерди ислеп шығарады. Ғәрезсизлик жылларында республикада азық-аўқат санаатын раўажландырыў бойынша үлкен жумыслар иске асырылды. Булл республикада өним ислеп шығарўдың көбейиўине мумкиншилик бермекте. Айрым жыллар ишинде Қарақалпақстанда азық-аўқат өнимлерин ислеп шығарыўдың көлемин ҳәм өсиў пәтин төмендеги кесте мағлыўматларынан көриўге болады (кесте-№14).

**№ 14-Кесте**

**Айрым жылларда азық-аўқат санааты өнимлерин жетистириўдиң өсиў**

| Өнимниң түрлери | Жыллар | | | | | | 2010 ж. % ес.да | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1980 | 1990 | 1995 | 2000 | 2005 | 2010 | 1980 | 2005 |
| Консерва, млн.шәрт б-ка. | 14,0 | 17,3 | 25,8 | 25,9 | 25,0 | … | 178,6 | 99,3 |
| Өсимлик майы, мың тонна | 27,5 | 28,3 | 19,4 | 13,3 | 13,3 | 14,7 | 48,9 | 110,5 |
| Мал майы, тонна. | 0,8 | 0,9 | 0,6 | 0,1 | 0,2 | 30,5 | 37,5 | 150,0 |
| Гөш өними, мың тонна. | 6,9 | 6,7 | 5,6 | 3,3 | 16,7 | 16,8 | 2,4 ес | 100,6 |
| Колбаса өнимлери, тонна. | 0,9 | 2,4 | 0,5 | 0,2 | 0,2 | 0,3 | 90,0 | 150,0 |
| Сүт өнимлери, мың тонна. | 15,9 | 29,7 | 7,9 | 5,1 | 39,3 | 60,9 | 3,8 ес | 155,0 |
| Нан өнимлери, мың тонна. | 12,2 | 38,4 | 19,6 | 16,5 | 64,5 | 91,6 | 5,3 ес | 142,0 |
| Үн мың тонна. | 65,4 | 88,6 | 99,8 | 107,9 | 77,3 | 71,4 | 114,4 | 92,2 |
| Макарон өним, мың тн. | 1,8 | 2,0 | 0,4 | 6,0 | 3,3 | 7,5 | 4,2 ес | 2,8ес |
| Вино-арақ өними, мың дкл. | 404,0 | 498,0 | 32,0 | 192,0 | 414,0 | 666,0 | 164,7 | 160,9 |

*** Кесте мен тәрепинен Госкомстат мағлыўматлары тийкрында дүзилди.**

Азық-аўқат санаатының ҳәзирги ўақытта раўажланған тараўларына ун санааты, май ислеп шығарыў, гөш санааты, сүт-май санааты тараўы, нан санааты, ҳәм көнсерва санааты өнимлери есапланады. Усы жоқарыда көрсетилген тараўлар азық-аўқат санаатында ислеп шығарған улыўма өнимниң 68-73 %ин жетистиреди.

Кейинги жылларда азық-аўқат санаатының қайта реконструкцияланыўына байланыслы Шымбайда, Хожели, Берунийде май заводлары, Хожели ҳәм Нөкисте гөш комбинатлары, сүт-май заводлары, Мойнақта,Коңыратта балық заводлары, Нөкисте макарон ҳәм кондитер фабрикалары пайдаланыўға берилди. Солай етип, республикада азық-аўқат санаатының тийкарғы өндирислик базасы кеңейтилди ҳәм өним ислеп шығарыўдың көлеми артты. Егер 1960-жылларда Қарақалпақстан бойынша жылына 13300 тоннадай өсимлик майы, 4,5 мың тоннадай гөш өнимлери өндирилетуғын болса, 1990-жылға келип республикамызда жыл сайын 24-25 мың тонна өсимлик майы, 16,7 мың тоннадай гөш өнимлери, 88 мың тонна ун, 450-490 дкл. вино өнимлери өндирилди.

Ал 2010-жылы Карақалпақстанның азық-аўқат санааты тараўлары 16,8 мың тонна гош, 60,9 мың тонна сут, 14,7 мың тонна өсимлик майы, 91,6 мың тонна нан өнимлери, 4,7 мың тонна макарон өнимлерин,71,4 мың тонна ун, 666 мың дкл.вино-арақ ислеп шығарылатуғын болды. Бирақ, деген менен бул көрсеткишлер халықтың өсип баратырған азық-аўқат өнислерине деген талабын толық қанаатландырмайды. Ҳәзирги ўақытта азық-аўқат санаатындағы ең баслы қыйыншылық таярланған аўыл хожалық өнимлериниң көлемине байланыслы өндирислик қуўатлылықлар толық сәйкес келмей атыр. Азық-аўқат санаатының кәрханаларында өндирислик қуўатлылықлардан пайдаланыўдың пәсейиўи бәринен де бурын шийки зат базасының айтарлықтай азайыўына байланыслы болып отыр. Мысалы, 2010-жылғы мағлыўмат бойынша Қарақалпақстанның май заводлары өндирислик қуўатлылықлардан барлығы болып 63-65% пайдаланса, ал Хожели май заводында өндирис қуўатларынан пайдаланыў 69-70,4% ке, ал Нөкис сүт, гөш өиимлерин ислеп шығаратуғын кәрханаларында корсеткиш оннанда төмен ҳәм ашынарлы дәрежеде.

Азық-аўқат санаатында өндирислик қуўатлардан пайдаланыўдың дәрежеси республиканың басқа да кәрханаларында жақсы емес. Мысалы, ҳәзирги мағлыўматларға қарағанда шийки зат базасының жетиспеўинен Беруний май заводында өндирислик қуўатлардан пайдаланыў 71,2 %ти, Шымбай май заводында 69 %ти курайды. Республика бойынша шийки зат ресурсларының жетиспеўине байланыслы өндирислик қуўаттан пайдаланыўдың дәрежеси

айтырлықтай төменлемекте. Нәтийжеде Қарақалпақстан май заводлары жыл сайын 15-17 мың тоннадан аслам май өнимлерин жетистириў мүмкиншилигине ийе. Тилекке қарсы, ҳәзир өндирислик қуўатлардан толық пайдаланбаўдың нәтийжесинде халықтың жан басына барлығы болып жылына 39233 сўм мұғдарында ғана азық-аўқат өнимлери өндирилиекте. Буннан басқа азық-аўқат санаатында жумысшылардың жумыс ўақтынан пайдаланыў жобасында да кемшиликлер ушырайды. Мысалы, Шымбай май заводы бойынша адам күшинен пайдаланыўдың жыллық жобасы 21 % ке орынланбаса, ьул көрсеткиш Хөжели ҳәм Беруний май заводларында 69,8-74,8 % ти ғана қурайды. Республиканың азық-аўқат санаатында орын алған бундай айырым жағдайлар жыл сайын өндирилетуғын тутыныў товарларының көлеминиң пәсейиўине ҳәм жан басына туўры келетуғын азық-аўқатлық өнимлердиң кескин пәсейип кетиўине жол ашпақта.

Усындай себеплерге байланыслы ҳәзирги ўақытта жыл сайын республика бойынша тек болғаны 91,7 млрд. сумлық құнға ийе ҳәр қыйлы ассортименттеги азық-ауқат товарлары таярланады. Солай етип, үлкемиз бойынша тутыныў товарларын таярлаў, әсиресе азық-аўқат өнимлерин өндириў Өзбекстан бойынша ислеп шығарылатуғын өнимниң тек 2,9-3,4 % ин қурайды. Натурал формада өндирилип атырған азық-аўқат өнимлериниң көлеми Өзбекстан Республикасы бойынша орташа көрсеткишке салыстырғанда гөш бойынша 5 %ти, сүт өнимлери бойынша 4,3 %ти қурайды. Бул дурысында да, ашынарлы жағдай, сондай-ақ биз аўыл хожалықлы үлке бола турсақта, жыл сайын халықтың жан басына 17,7 кг картошка, 81,1 овощ, 42,1 кг палыз өнимлерин,12, 9 кг дай мийўе, сойылған салмағында 35,7 кг гөш өнимлерин, 97,4 кг сүт, 111,2 дана мәйек жетистириў дәрежесине ийемиз. Бул азық-аўқат санаатында орын алған аўыр жагдайлардан қутылыў ушын, бәринен де бурын шийки зат базасын кеңейтиўге айырықша итибар бериў керек. Мысалы, Қарақалпақстанның май заводларында өним жетистириўдиң пәсейиўи, жыл сайын таярланатуғын пахта өнимлериниң азайыўына байланыслы болып атыр. Сонлықтан ҳәзирги ислеп турған өндирислик қуўатларды толық пайдаланыў ушын, ең кем дегенде жылына 197-206 мың тоннадай пахта шигитин жетистириўимиз керек. Бул ушын басқа аўыл хожалық дақылларына зыянсыз пахтаның егислик майданын 135-140 мың гектарға жеткериўимиз қәжет.

Усының 87-89 мың гектарын түслик районларда егип, зүрәәтликти 29,7 центнерге жеткизсек, бул жыл сайын 260-269 мың тоннадай пахта жеткериўге мүмкиншилик береди. Бул биринширден, халықты өсимлик майы менен тәмийинлеўди шешсе, екиншиден, тоқмашылық санаатының пахта талшығына деген, ушиншиден мал шарўашылығы тараўларын, белоклы от-жемлик концентратлар менен тәмийинлеўге жол ашады.

Қарақалпақстанда мал шарўашылығын раўажландырыўға айырықша итибар бериў керек. Жоқарыда көрсеткенимиздей маллардан алынатуғын сүт, гөш ҳәм басқада өнимлердиң пәсейиўине байланыслы республиканың гөш ҳәм сүт өнимлерин қайта ислеп шығаратуғын кәрханаларында өндирислик қуўатлылықлардан пайдаланыўдың дәрежеси айтарлықтай үзилиске түспекте. Сонлықтан суўғармалы дийханшылық зоналарының есабынан, беккем от-жем базасын дүзе отырып, қара маллардың бас санын көбейтиў ҳәм паданың структурасында саўын сыйырлардың салыстыр-малы үлесин 39-45 % ке шекем жоқарылатыў зәрүр. Ҳәзирги ўақытта саўын маллардың салыстырмалы үлеси паданың структурасында ең көп дегенде 31-34,6 %тен артпайды.

Қарақалпақстан шараятында азық-аўқат санаатының раўажланыўын тәмийинлеў ҳәм халыққа тутыныў ушын азық-аўқат өнимлерин көбейтиў ушын мол резервлер бар. Қолайлы узақ вегетациялық дәўирдеги жоқары температураның жыйындысы, узақ мүддетке созылатуғын қуяшлы күнлер палыздан, миўе, овощ өнимлеринен мол зүрәәт топлаўға ҳәм есаптан шаруа ушын жжем ҳашақ топлаўға мүмкиншилик бар. Бирақ, тилекке қарсы, ҳәзир республиканың дийханшылықта пайдаланатуғын егислик жерлердиң структурасында жоқарыда көрсетилген барлық дақыллар ушын бөлинген егислик майдан 2,3-2,7 %тен артпайды. Сонлықтан бизиң пикиримизше, дийханшылықтың егислик майданларының структурасында бахша, овощ, картошка ҳәм басқа да дақыллар ушын ажыратылған егислик майданды ең кем дегенде 30-37 мың гектарға көбейтиў зәруир. Булл биринширден жыллық өндирилетуғын өнимниң көлеми, миўе өнимлери бойынша ең кем дегенде 24-27 мың тонна, овощ ҳәм палыз өнимлери 256-300 мың тонна, картошка өнимлери 29,3 мың тоннаға көбейтиўге мумкиншилик берсе, екиншиден дийқаншылымаслап егиу илажларын иске асырыға ҳәм шаруашылық тараўларының беккем от-жем базасын дўзиуге мумкиншилик береди. Бул

соңғы есапта халықтың аўыл хожалық өнилерине деген талабын қанаатландырыўға, әсиресе азық-аўқат санаатында ҳәзирги орнатылған өндирислик қуўатлардан пайдаланыўды жоқарылатыўға имканият дүзиўи сөзсиз.

### 3.2.2. Келешекте Қарақалпақстанда санаат комплексин раўажландырыўдың баслы бағдарлары

Базар экономикасына өтиўдиң ҳәзирги дәўирде өндирис тараўларын модернизациялаў, әсиресе санаат тараўларында территориялық-курамлық өзгерислер киргизиў ҳәм жергиликли шийки зат ресурслары тийкарында жәҳән базарына бәсекелик өнимлер таярлаў бүгинги күнниң ең әҳмийетли ўазыйпалары қатарына киреди. Усыған сәйкес, ғәрезсизлик жылларында Қарақалпақстан Республикасында жаңа санаат тараўлары пайда болды ҳәм ески кәрханалар қайта реконструкциялаўдан өткизилди. Бул республикада жылына 495,5 млрд. сўм көлеминдеги санаат өнимлерин өндириўге жол ашты. Бирақ, бул өнимлердиң 61-63 % ин азық-аўқат ҳәм жеңил санаат тараўлары жетистиреди. Аўыр санаат тараўлары болса, барлығы болып жылына тек ғана 23-31 %, ал қалған басқада тараўлар 6-11% өним таярлайды ҳәм оның ҳәзирги қурамлық дүзилиси үлкемиздиң индустриал режеси тийкарында раўажланыўына толық жуўап бермейди.

Келешекте Қарақалпақстанда өндиристи тез пәт пенен раўажландырыў ушын жетерли тәбийий ресурслар бар. Булар қатарына қоры 7,2 млрд. тонн Арал акваториясындағы қоңыр көмирди, 17 млрд. тонн Қаратаў темир рудасын, 17,2 млрд. тонн Барсакелмес дуз кәнин, 1,2 млрд. тоннадан артық Қусқанатаў миробολит кәнин, сондай-ақ Үстирт, Арқа Урге нефт-газ конденсаты кәнлерин атаў мүмкин. Олардан өндиристе пайдаланыўды тезлетиў санааттың тараўлық қурамына өзгерислер киргизиўи сөсиз. Бизге белгили, металл түрдеги магний алыў басқа ҒМДА еллерине салыстырмалы бизиң шараятымызда жүдә арзан. Маселен, 100 м тереңликтеги Қусқанатаў магний дузынан силтили усылда металл магний алыў Карабуғазгөл ге салыстырғанда 2 есеге арзанға түседи. Солай етип, ғарезсизликтиң дәслепки 10 жылы ишинде-ақ хожалық тараўларын инвестиция менен тәмийинлеўдиң көлеми артпақта. Тек 2012 жылдың өзинде 1 трлн. 145,1 млрд. сумды

қурады, бул өткен 2010 жыл менен салыстырғанда 45 процентке көп деген сөз. Солай етип. халық хожалығы тараўларын тийкарғы капитал менен тәмийинлеў елимиздиң индустриал бағдарда раўажланыўына ҳәм материаллық өндирис тараўларында сыпатлы өзгерислердиң қәлиплесиўине мумкиншилик беретуғыны сөзсиз.

Усыған сәйкес Италиядан алып келтирилген үскенелер тийкарында биринши гезектеги қуўатлылығы жылына 20 млн. дана шийше ыдысларын таярлаўға тийисли Хожели стеклотар заводы, Нөкис гербиш заводы пайдаланыўға берилди. Келешекте Қарақаопақстанды индустриал бағдарда раўажландырыў ҳәм экологиялық дағдарыс тенденцияларын босаңластырыў мақсетинде халық хожалығы тараўларының инфраструктурасына үлкен өзгерислер киргизилмекте. Үстирттиң көлемли шийки зат ресурсларына тийкарланып Қоңырат газ өнимлерин өндиретуғын кәрханаға қараслы «Үрге» газ конденциатын санаатлық усылда қайта ислеп шығаратуғын кәрхана иске түсирилди. Халық тутыныў товарларын таярлайтуғын «Турткул текстил», «Ориент технолоджи» қусаған пахта, пилле, қизилмия өсимлик майын ислеп шығаратуғын қоспа карханалар, сондай-ақ мийўе консерваларынан өним ислеп шығаратуғын кәрханалар реконструкцияланды ҳәм бир қанша мини цехлар иске түсирилди. Ғәрезсизлик жылларында Кунгырат районында жылына 100 мың тонна кальцийленген сода ислеп шығаратуғын Қоңырат сода заводы иске түсирилип Қарақалпақстан Республикасының экономикалық потенциалы кушейе баслады. Заманагой технологиялар тийкарында Өзбекстан-Кипр қоспа кәрханасы Нөкис қаласында иске түсирилип, жылына 300 мың дана қара мал терисин қайта ислеп шығара баслады. Ҳәзир бул кәрхана қысқа ўақыт ишинде 500 мың АҚШ доллары көлеминде өним ислеп шығарып, таяр өнимлерди Россия, Туркия, Италия қусаған еллерге экспорт қылына баслады, сондай-ақ Қараөзекте жыллық қуаты 1 млн.тонна цемент ислеп шығаратуғын Өзбекстан-АҚШ қоспа карханасының қурылысы даўам еттирилмекте.

Алдағы ўақытта Үстирт аймағынан табылған нефть, газ байлықлары тийкарында Қубла Корея ҳәм Өзбекстан Республикасы ортасында дүзилген шартнамаға сәйкес жылына 400 мың тонна полиэтилен. 100 мың тонна пропилен өнимлерин таярлайтуғын Сургиль (Ақшолақ) газ-химия санааты комплекси, Қаратаў-темир рудасы, реңли металлары, Барсакелмес ҳәм

Қараўымбет дуз кәнлери, Арал акваториясында жайласқан Қоңыр көмир, газ конденсатлары, сондай-ақ Әмиўдәрья алабы ҳәм Арал бойларындағы запасы жүдә сийрек ушырайтуғын бром, рубидий, цезий, цирконий. литий ҳәм тағы басқа суйық элементлерден дүзилген байлықлар базасында перспективалы санаат орайлары ҳәм өндирислик-территориялық комплекслердиң пайда болатуғыны сөзсиз. Солай етип, минерал шийки зат ресурсларынан рационал пайдаланыў, жоқарыда көрсетилген пикирлеримизди заман талабына сәйкес иске асырыў Қарақалпақстанның индустриал бағдарда турақлы раўажланыўына мүмкиншилик жаратады.

Қарақалпақстанда аўыл хожалығы тараўларын раўажландырыў режесине сәйкес, Қусқанатаў сульфатлы-натрий дузы тийкарында минерал төгинлерди, әсиресе нитратлы төгинлерди өндиретуғын кәрханаларды қурыў мүмкиншиликлери аз емес. Буны әмелге асырыў арқалы Төменги Әмиўдәрья экономикалық районында дийханшылық тараўларын минерал төгин менен тәмийинлеўге мүмкиншилик жаратылады. Ҳәзир бул регион Орта Азиядағы ең ири дийханшылық районларынан бири ҳәм жылына 1 миллион гектардан аслам егислик майданларды пайдаланыў мүмкиншилигине ийе. Егер алмаслап егиў технологиясына сәйкес мәселелерди есапқа алсақ, келешекте Төменги Әмиўдәрьяда ири суўғармалы дийханшылық районының қәлиплесиўи анық. Бул дәстүрлерди әмелге асырыў өз нәўбетинде азотлы төгинлерди өндиретуғын химия санаатын дүзиўди талап етеди.

Үлкемиздиң индустриал раўажланыў дәстүрине сәйкес зәрүрли талапларды әмелге асырыў ушын ҳәзирги Нөкис-Тахиаташ-Хожели санаат түйинин раўажландырыў менен бир қатарда, Қаратаў таў-кән санааты зонасын ҳәм Қоңырат-Қусқанатаў химия санааты районын дүзиў ҳәм раўажландырыў керек. Қаратаў районы Республикадағы шийки зат ресурсларына бай аймақлар қатарына киреди. Кейинги жылларда бул аймақларда геологиялық изертлеўлер нәтийжесинде таскөмир, темир рудасы, алтын ҳәм басқада реңли металлар,сондай-ақ гранит, мрамор тасларының үлкен қорлары, қурылыс ушын жарамлы бентонит ҳәм каолин ылайлары табылды. Егер, шығыс Қаратаў ҳәм Хожакөл фосфорит кәнлерин есапқа алсақ, Қаратаў таў-кән зонасы келешекте Республикалық әҳмийетине ийе үлкен санаат районына айланыўы мүмкин. Солай етип, жоқарыда көрсетилген тәбийий байлықлар, әсиресе Қаратаўдағы

Тебинбулақ титан-магнийли кәни базасында сульфат-натрий, ас дузы, ҳәм металл магнийди алыў, химия-металлургия санаатын дүзиўге тийкар болады.

Қурылыс материаллары санаатын раўажландырыў ушын минерал шийки зат ресурсларының үлкен қорлары бар. Руда емес қурылыс материаллары тийкарында Қаратаўда жыллық қуўаты 400 мың тонна ҳәк тасы ҳәм 70 мың тонна тас майдалайтуғын карьер иске түсирилмекте. Бул қурылыс материалларына болған талапларды қанаатландырыўға ҳәм жылына 1 млн. куб метрден артық шағал тас өндиретуғын Қаратаў қурылыс материаллары кәрханасын иске түсириўди талап етеди.

Қарақалпақстанда өндириўши күшлерди раўажландырыў перспективаларында санаат комплекси қурамында аўыр индустрияның салыстырмалы үлесин көбейтиў зәрүр. Сонлықтан, санаат өнимлери қурамында аўыр санааттың салыстырмалы үлесин кеминде 37-39 % ке арттырыў керек болады. Усыған сәйкес, жақын келешекте үлкемизде 30 дан артық санаат объектлери реконсрукцияланады ҳәм кеңейтириледи. 2015-жылларға келип, электр энергиясына болған талапты кеминде 6 есеге, сондай-ақ аўыл хожалығында 8,3 есеге арттырыў талап етиледи. Бул талапты қанаатландырыў ушын Тахиаташ ГРЭСиниң қуўатын 2 есеге арттырыў керек. Алдағы ўақытлары агросанаат комплекси тараўларын интенсив раўажландырыў режесине сәйкес жер ресурсларынан нәтийжели пайдаланыў жолға қойылады. Усыған байланыслы, Тахиаташ гидроузели зонасында 1,3 млн. га суўғарылатуғын егин майданлары иске қосылады. Соның менен бирге, жайлаў фондынан ақылға муўапық пайдаланғанда, қойлардың санын 2 млн. басқа көбейтиў ҳәм жеңил санаат комплекси ушын үлкен көлемдеги шийки зат қорларын дүзиў мүмкин. Бул ҳәм тағы да басқа ис-иләжлар республикамыздың индустриал раўажланыўының тийкары болыўы сөзсиз.

Келешекте өндириўши күшлерди раўажландырыўдың машқалаларын шешиўде экономика тараўларын территориаллық аспектте рационал жайластырыў жолы менен әмелге асырылыўы зәрүр болады. Сол себебли, қолайлы транспорт-экономикалық байланысларды жаратыў ҳәм Орта Азия-Орай-Европа газ қубыры, сондай-ақ Ташкент-Үшқудық-Торткул (Мискин)-Нөкис-Қоңырат-Бейнеў-Мақат-Александров гай темир жолы арқалы комплекс-ли рәўиште жумыс алып барыў, биринширден бизиң регионымызда өндирис

базаларын қурыўға, екиншиден Үстирттиң тәбийий жайлаўларынан ҳәм нефт-газ қорларынан пайдаланыў ушын мүмкиншиликлер жаратпақта. Буларқатарына ғарезсизлик жылларында Аралдың суўдан босаған аймақларында, сондай-ақ Устиртте 20006 жыллардан баслап Россияның ЛУКОЙЛ, Қытайдың CNPC, Қубла Кореяның KNOC компаниялары арасында дүзилген шәртнама тийкарында 17 миллион доллор көлеминде геологиялық изертлеў ҳәм бураўлаў жумыслары иске асырылды. Усы мақсетте 2007-жылларда «Арал» проекти тийкарында Арал теңизи акваториясында ҳәм қурлықта изертлеў ҳәм бураўлаў жумысларын алып барыў ушын 110 миллион доллар көлеминде қаржы жумсалып, батыс Арал жағалаўларынан запасы 11 млрд. $м^3$ -ден аслам жаныўшы газ кәни ашылды. Бул келешекте «Арқа Урга» газ санааты базасында үлкен перспективаға ийе ***«Қарақалпақ газ санааты комплексин»*** дүзиўге жол ашады.

Геологиялық изертлеўлер нәтийжесинде соңғы жылларда Қарақалпақстанда отын энергетикалық мақсетлерге жарамлы жаныўшы газдиң, нефттиң, қара ҳәм реңли металлардың сондай-ақ көп санлы қурылыс ушын жарамлы цементтиң, ҳәр қыйлы таслардың ҳәм қумлардың заҳиралары табылды. Мине усы көлемли байлықлардан нәтийжели пайдаланыў мақсетинде Қытайдың CNPC компаниясы менен дүзилген шәртнама тийкарында Қоңырат сода заводы иске түсирилсе, ал ҳәзирги ўақытта Қубла Кореяның KNOC компаниялары менен дүзилген шәртнамаға байланыслы жылына 400 мың тонна полиэтилен ҳәм 100 мың тонна пропилен өнимлерин ислеп шығаратуғын нефт-газ химиясы санааты комплекси қурылысы басланды.

Қызылқум районы батыста Әмиўдәрья дельтасы, арқада Арал бойы районы, қублада $42^0$-$30^0$ кеңликлер аралығында жайласқан болып, ҳәкимшилик жақтан Елликқала, Беруний, Төрткүл, Қараөзек, Тахтакөпир районларының қурамына киреди ҳәм қаракөл шарўашылығында пайдаланылмақта. Қызылқум тәбийий-экономикалық районының экономикалық потенциалынан пайдаланыўды тезлетиў ушын үлкен имканиятлар бар. Район Нөкис-Шымбай-Тахтакөпир-Қызылорда бағдарындағы қурылатуғын темир жол линиясы бойында жайласқан. Бул темир жолды тез арада иске түсириў Қызылқумның тәбийий ресурсларынан кең пайдаланыўға мүмкиншиликлер жаратады.

Аўыл хожалығына байланыслы жүргизилген изертлеў жумысларының мағлыўматларына сәйкес, Қызылқум районында Қарақалпақстанның 3,2 млн. га тәбийий жайлаўлары жайласқан. Бул жыл сайын 6-7 млн. центнер от-шөп қорларын топлаўға шараят туўдырады. Бирақ, суўландырыў жумысларының нәтийжели болмаўына байланыслы Қызылқум жайлаўлары бүгинги күнге шекем толық пайдаланылмай атыр. Усыған сәйкес, Қызылқум жайлаўларынан мақсетке муўапық пайдаланыў ушын көплеп артезиан қудықлары ҳәм шахта типиндеги қудықлар иске түсирилмекте. Қызылқум жайлаўларының от-шөп қорларын кеңейтиў мақсетинде жүргизилген тәжрийбе нәтийжелерине сәйкес, Томарастаў районында ҳәр га жерден 30 центнер мәш, 500 центнер көк майса типиндеги жүгери ҳәм 110 центнер жоңышқаны жыйнап алыў имканияты анықланды. Бул алдағы ўақытларда Қызылқум районында 250 мың га жер ресурсларын аўыл хожалығында пайдаланыўға ҳәм шарўашылық хожалықларында Қызылқум жайлаўлары есабынан қойлардың санын 700-800 мың басқа жеткизиў мүмкиншилигин береди. Бул өз нәўбетинде шарўашылық өнимлерин, тийкарынан жүн, тери таярлайтуғын санаат кәрханалары ҳәм тоқымашылық тараўларының қәлиплесиўине имканият пайда етеди.

Келешекте Қарақалпақстанның халық хожалығы комплексинде Қаратаў таў-кән санааты районын өзлестириў үлкен әҳмийетке ийе. Себеби, бул район бай тәбийий ресурсларға ийе ҳәм қолайлы эконом-географиялық орынды ийелейди. Республикалар аралық әҳмийетке ийе Нөкис-Төрткүл-Бухара-Самарқанд-Ташкент автомобиль жолы бул районды Өзбекстанның санаат орайлары менен байланыс дүзиўге, сондай-ақ ислеп турған жоқары вольтлы электр энергиясын жеткерип беретўғын қурылмалар Қарақалпақстанды арзан электр энергиясы менен тәмийинлесе, әмелдеги Нөкис-Қаратаў-Үшқудық-Наўайы-Ташкент темир жолы үлкемизди Өзбекстанның санаатлы районлары менен тутастырады. Бул биринши-ден, районның транспорт-экономикалық байланысларын тәмийинлесе, екиншиден тәбийий жер асты байлықларын санаатта пайдаланыўға шараят жаратады.

Район тәбийий жер асты байлықлары қорларына бай. Буларды келешекте халық хожалығында пайдаланыў металлургия санаатын, қурылыс материалларын таярлайтуғын цемент-шифер комбинатын, Қаратаў панелли ири жай қурылысы комбинатын дүзиўге жол ашады. Келешекте Қаратаў таў-кән

санааты районында өндириўши күшлердиң тез пәт пенен раўажланыўын тәмийинлеў ушын Әмиўдәрья арқалы Султан Ўәйис-Жумыртаў районында Әмиўдәрьяға көпир қурыў зәрүр болады. Бул көпир жаңа қәлиплесетуғын районды артықша мийнет ресурсларына ийе Хорезм территориясындағы районлар менен тутастырыўда ҳәм суўғарыла-туғын дийханшылық районларынан босаған жумысшы күшлерин жаңа қурылатуғын зонада пайдаланыўға мүмкиншиликлер жаратады. Солай етип, районлараралық транспорт-экономикалық байланысларды раўажлан-дырыў артта қалған территориялардың экономикалық потенциалын көтериўге имканият туўдырады.

Қарақалпақстан келешекте аўыл хожалығы тараўларын раўажлан-дырыўдың үлкен мүмкиншиликлерине ийе. Усыған сәйкес, жер-суў ресурсларынан ақылға муўапық пайдаланыў пахташылық, ғаллешилик, пиллешилик тараўларын раўажландырыўға жол ашады. Бул республикада тоқымашылық санаатын шийки зат ресурслары менен тәмийинлеўге жол ашады. Сондай-ақ пахташылықты раўажландырыў тоқымашылық санаатының пахта таласына болған талабын қанаатландырып ғана қоймай, азық-аўқат санаатының, яғный май ислеп шығаратуғын тараўлардың шийки затқа болған талабын да тәмийинлейди.

Ҳәзир Қарақалпақстандағы май заводлары шийки зат ресурсларының жетиспеўшилигинен жылына барлығы болып 12-13 мың тонна өсимлик майы ислеп шығармақта. Буның ақыбетинде май өндиретуғын кәрханаларда өндирис қуўатларынан бар-жоғы 50-64 % ке пайдаланылмақта. Үлкемиздиң тәбийий шараяты, әсиресе қуяшлы күнлердиң узаққа созылыўы, пиллешиликтен жоқары өним алыўға ҳәм жылына 0,8-0,9 мың тонна пилле өнимлерин жетистиретуғын кәрхана дүзиўге мүмкиншилик береди. Сол себепли, республикада пилле жетистириўди 2-3 есеге көбейтиў зәрүр. Бул өнимлерди тасыў процессинде жүк вагонларынан пайдаланыў коэффициентин үнемлеўге ҳәм жипек гезлемелерин өндириўге жол ашады.

Республика территориясында дәри- дарманлик өсимликлердиң түрлериде аз емес. Олар қатарына гармолла, эфедрен, ревень, салотка өсимлик түрлерин атап өтсек болады. Илимпазлардың пикиринше, дәри-дәрмек өсимликлердиң айырым түрлерин тәбийий шараятқа қәлиплестириў жолы менен арнаўлы

хожалықлар дүзиў арқалы бул мәселени шешиў мүмкин. Дәри таярлаўда қолланылатуғын боян тамыры қурамындағы глицерин кислотасының салыстырма үлеси Орайлық Азия регионларына салыстырғанда 1,5-2 есе жоқары. Сол себепли, Қарақалпақ-стан шараятында боян тамырын өсириўге қәнигелескен хожалықларды көбейтиў үлкен әҳмийетке ийе. Бул республиканың экономикалық раўажланыўын жеделлестириў ушын қаржы дереклерин топлаўға имкан береди. Усыған сәйкес, ресурс потенциалынан ақылға муўапық пайдаланыў тек ғана ишки талапларды қанаатландырыў емес, ал экспорт өнимлерин көбейтиўге ҳәм үлкемиздиң экономикалық нәтийжелилигин беккемлеўге жол ашыўы сөзсиз. Жуўмақлап айтқанда, жергиликли шийки зат ресурслары тийкарында санааттың жаңа тараўларын жаратыў, бириншиден халықтың жасаў шараятын жеңилестириўге жағдай туўдырса, екиншиден өндирис комплекслерин қәлиплестириў арқалы тараўлардың нәтийжелилигин арттырыў мәселелери шешиледи.

***Сораўлар ҳәм тапсырмалар:***

***1. Қарақалпақстан Республикасы санаат тараўларында өним жетистириўдиң өсиў пәтин анықлаң ҳәм аўыр санаат тараўлары менен жеңил және азық-аўқат санааты тараўларының тең салмақлық үлеслерин табың ҳәм олардың қәлиплесиўине тәсир ететуғын факторларды белгилең?***

***2. Қарақалпақстанда энергетика санаатының қалиплесўи ҳәм раўажланыўының баслы этапларын белгилең ҳәм жыллық өндирилген энергияны жан басына есаплап шығың?***

***3. Қарақалпақстан Республикасы санаатты мысалында өндиристи жәмиетлик шөлкемлестириўдиң формаларын анықлаң ҳәм концентрация, коопeрирования деген түсиниклердиң мәнисин шешиң?***

***4. Қарақалпақстан санааты мысалында өндирилген жыллық ишки өнимниң көлемин анықлаң ҳәм оның Өзбекстанның орташа дәрежесименен салыстырғандағы ийелейтўғын орнын есаплап шығарың?***

***5. Қарақалпақстанда санаат өнимлерин жетистириўде аўыр санаатың салыстырмалы үлесин анықлаң ҳәм санаатың тараўлық структурасын жетилистириў мәселелерин шешиң?***

***6. Қарақалпақстанда санаатың прогнозлық раўажланыў бағдарларын белгилең ҳәм үлкемизде аўыр индустрияны шөлкемлестириўдиң жолларын анықлаң ?***

***7. Бапта берилген кесте мағлыўматлары тийкарында өним таярлаўдың өсиў пәтин белгилейтуғын диаграмалар дүзиң ҳәм әмеллий жумысларды орынлаң?***

# АЎЫЛ ХОЖАЛЫҒЫ

## 3.3.Қарақалпақстанда аўыл хожалығының раўажланыўы ҳәм географиялық жайласыўы

### *3.3.1. Қарақалпақстанның суўғарыў системалары тәсирететуғын аймақлардың жер ресурслары ҳәм оннан пайдаланыў мүмкиншиликлери.*

Аўыл хожалығын раўажландырыў бойынша күн тәртибине қойылып отырған талапларға ҳәм халықты азық-аўқатлық өним менен тәмийинлеў ўазыйпаларына сәйкес жер-суў ресурсларынан рационаллы пайдаланыў үлкен әҳмийетке ийе. Жер бул аўыл хожалығы өндирисиниң ең тийкарғы баслы қуралы есапланып, оннан рационаллы пайдаланыў структуралық анализди ҳәм жер фондының жерден пайдаланыўшылар арасында бөлиниў дәрежесин ҳәр тәреплеме есапқа алыўды талап етеди. Дурысында да аўыл хожалығы кәрханаларының пайдаланыўындағы жерлер, өзиниң қурамы ҳәм өнимдарлығы жағынан үлкен айырмашылыққа ийе. Мысалы, шөлистанлы, жайлаўлар, суўғарып егилетуғын жерлер аўыл хожалығына жарамлы жерлердиң категориясына кирип, олар өзиниң өнимдарлығы ҳәм пайдаланыў интенсивлиги бойынша бир биринен парық қылады. Қарақалпақстан Республикасы шәраятында жер ресурслары егислик жерлерден турады ҳәм оғада көлемли майданларды ийелейди.

Қарақалпақстан Республикасының улыўма жер фонды 16,6 млн. га жерди ийелеп, усыннан изертленген жер фонды (жайлаўлар менен қоса есаплағанда) 9,2 млн. гектарға барабар. Усыннан 3,8 млн.га жайлаўлар, ал қалған 1,3 млн.гектары ҳәзирги ҳәм әййемги суўғармалы жерлер контурына киреди. Бул ҳәзирги егислик жерлерге салыстырғанда 3 еседен асламырақ (кесте-№15).

№ 15-**Кесте**

**Қарақалпақстанның жер фонды**

| Жер категориялары | Қарақалпақстан Республикасы бойынша барлығы | |
|---|---|---|
| | Мың га | Жуўмағына, % есабында |
| I. Аўыл хожалығына жарамлы жерлер | 5188,145 | 32,2 |
| 1.Усыннан: Суўменен тәмийнленген егислик жерлер | 500,1 | 8,9 |
| 2.Көп жыллық ағашлар | 8,8 | 0,2 |
| 3.Пишенликлер | 76,9 | 1,5 |
| 4.Жайлаўлар | 4673,2 | 90,1 |
| 5.Усыннан: суў менен тәмийинленген жайлаулар | 4369,0 | 93,5 |
| II. Тоғай хожалыкларда пайдаланылат жерлер | 989,6 | 6,2 |
| 1. Усыннан Тоғайлықлар | 921,3 | 93,1 |

| | | |
|---|---|---|
| **2. Путалықлар** | **68,3** | **6,9** |
| **III. Имарат.уй капталы хәм бағлар ушын бөлинген жерлери** | **47,0** | **0,3** |
| **1. Усыннан Егислик жерлер** | **32,2** | **68,5** |
| **2 Имарат. Бағ асты жерлери** | **14,8** | **31,5** |
| **IV. Мелиор. қурылыс асты ҳәм боз жерлер** | **95,7** | **0,6** |
| **V. Пайдаланылмай атырған жерлер** | **9815,4** | **61,2** |
| **Қарақалпақстан бойынша барлығы:** | **16599,6** | **100,00** |

Қарақалпақстан Өзбекстандағы ең перспективалы суўғармалы дийханшылықты раўажландырыў ушын мол резервлерге ийе районлар қатарына киреди. Республикада жақын келешекте суўғармалы дийханшылықты раўажландырыўға жарамлы резервтеги егислик жер фонды 417,0 мың гектарды қурайды. Буған дийханшылық хожалық-лардың ҳәзирги шегарасындағы суўғарыўға жарамлы 26,3 мың гектардай партаў жерлер, мәмлекетлик жер фондының структурасындағы 304,6 мың гектардай жерлер, Төрткүл, Беруний жәнe Елликқала районларының территориясындағы әййемги суўғарылып егилетуғын жерлердиң контурындағы жайласқан 100 мың га х.т.б жерлер киреди. Усы көлемли жер ресурсларынан рационаллы пайдаланыў мақсетиңде Әмиўдәрьяның төменги ағысында Түйемойын қыснағынан Арал теңизине шекемги аралықта Ташсаға, Пахта-арна, Қлычниязбай, Совет жап, Сүўенли каналы, Қызкеткен, Рәўшан х.т.б. суўғарыў системалары қуралды жәнe олардан пайдаланыў коэффициентлери жақсыланды. Илимий изертлеў ҳәм жойбарлаў мәкемелериниң мағлыўматларына қарағанда тек жерден пайдаланыў коэффициентин (КЗИ) 0,65 жеткергенниң өзинде суўғармалы дийханшылықтың егислик майданын 14-17% ке көбейтиўге мүмкин-шиликлер бар. Өзлестириўге жарамлы таза массивлер тийкарынан арқа зоналарда жәмленген. Бул арқадан суўғармалы дийханшылық ушын оғада перспективалы майдан Әмиўдәрьяның жаға бойы полосасы ҳәм оның салалары, Рәўшан ҳәм Еркиндәрья массивинде жайласқан.

Әййемги суўғармалы жерлер арқа районларға қарағанда қубла да көбирек. Буларға Төрткүл, Беруний ҳәм Елликқала районларының суўғармалы жерлери киреди. Олар ҳәрекет етиўши қумлардың астында ҳәм айырым тақырлы массивлерде жайласқан. Қубла районларда Түйемойын суў сақлағышы базасында жаңа жерлерди өзлестириў ҳәм егислик майданды 161,7 мың га жеткериў нәзерде тутылмақта.

Қарақалпақстанның жер фондының структурасында пишенликлер, отлақлықлар ҳәм жайлаўлар көлемли территорияны ийелейди. 2008-жылғы жер

балансы мағлыўматы бойынша пишенликлер 76,9 мың гектарды, отлақ-жайлаўлар ҳәм путалықлар 4 млн 742 мың га ийелейди.

Есапқа алынған жайлаўлар хакыйқатында да көп территорияны ийелейди. Өзбекстан Республикасының аўыл хожалыык министрлигиниң геоботаникалық изертлеў мағлыўматларына қарағанда үстирттиң Қарақалпақстанға тийисли бөлиминде 7 млн.гектардан аслам жайлаўлар жайласқан. Демек, тәбийий отлақларды халық хожалығында рационаллы пайдаланған жағдайда, бул зонада қойлардың бас санын 1,1 млн басқа шекем көбейтиўге мүмкиншилик береди, яки Қарақалпақстанда алдағы перспективада қойлардың бас саны 2 есеге көбейтиўге болады деген сөз.

Қумлы типтеги жайлаўларға Қарақалпақстан Қызыл қумы, Әмиўдәрьяның әййемги дельтасында жайласқан территориялар кирип, олар қой шарўашылығы ҳәм туйешилик ушын жыл даўамында пайдаланылады. Бул жайлаўлар-сексеўилли, жуўсанлы ҳәм майда-путалы группаларға бөлинеди. Суўалмалы жайлаўлар ҳәзирги Әмиўдәрья дельтасы территорияда жайласқан. Бул тийкарынан жер асты грунт суўларының жайласыўында байланыслы, суў алмалар ҳәм артық ығаллыққа ийе территорияларда тарқалған. Жер асты суўларының жайласыў қәддине қарай айырым жерлерде қамыс, ажырық ҳ.т.б. өсимликлер өседи. Бул жайлаўларды қарамаллар ҳәм жылқы бағыў ушын өзлестириў тек малларды бағыў емес, ал қыслатыў ушында беккем от шөп балансын дүзиўге мүмкиншилик береди.

Қарақалпақстанның арқа районына киретуғын территорияларда да көп көлемли жайлаўлар көзге туседи. Бул Қарақалпақстан Республикасының қумлы типке киретуғын жайлаўларының ярымы ҳәм суўғармалы жайлаўларының 1/3 бөлимин қурайды. Солай етип республикада жер ресурсларының географиялық жайласыўына таллаў жасасақ, Қарақалпақстанның арқа районларында пайдаланылмай атырған көлемил жер ресурсларын байқаймыз. Кейинги жылларда Қарақалпақстан Республикасында суўғармалы дийханшылықты раўажландырыў бағдарламасына сәйкес жыл сайын тазадан 5,0-10,5 мың гектардан аслам егислик жерлер өзлестирилди. Бул өзлестирилген егислик жерлердиң басым көпшилиги пахташылықта, дийханшылықтың тағы басқада тараўларында пайдаланылады.

Жоқарыда берилген мағлыўматларға қарағанда 1960 жылдан 2008 жылға шекемги дәўир ишинде Қарақалпақстанда суўғарылып егилетуғын дақыллардың егислик майданы 191,7 мың гектардан 419,6 мың гектарға яки 214,1 мың гектарға көбейди. Усы жыллар ишинде пахтаның егислик майданы 145,4 мың гектарға, ал ғәллениң егислик майданы 74,3 мың гектарға артты. Усыған сәйкес суўдан пайдаланыў бойынша көлемли иләжлар иске асырылды. Мысалы, Тахиаташ гидроузели зонасында айырым жылларда бәҳәрги суў жетиспейтуғын ўақытларында орташа суў шығыны секундына 280-296 куб метрди қурайтуғын болды. Солай етип, Әмиўдәрьядан Қарақалпақстанның барлық магистрал суўғарыў каналлары арқалы жылына пайдаланылатуғын суўдың көлеми 8-9,7 млрд.м$^3$ жетти. Бирақ деген менен айырым жылларда Әмиўдәрьядан алынатуғын суўдың муғдары жүдә азайып баратыр. Усыған сәйкес суўдан пайдаланыў машқалаларын шешиўде ҳәм суўғарыў системаларынан пайдаланыў коэффициентин жоқарылатыў үлкен әҳмийетке ийе. Тилекке қарсы ҳәзирги ўақытларда суўғарыў системаларынан пайдаланыў (КПД) коэффициенти 0,56 артпайды. Суўғарыў системалары қәжетли жабылгы менен тәмийинленбеседе, олардың узынлығы 400 км аралыққа созылып, секундына суў өткериў мүмкиншилиги 100 кубометрди қурайды.

Қарақалпақстан бойынша Әмиўдәрьяның дельталық басқарыў мәкемесине қараслы (АИТХБ) Қызкеткен, Сүўенли, Пахта-арна, Рәўшан ҳ.т.б. каналлар есапланып, булардан Қызкеткен, Сүўенли ҳәм Пахта-арна каналлары ең ири суўғарыў системалары қатарына киреди.

***Қызкеткен магистраллы суўғарыў каналы.*** Қарақалпақстандағы ең ири суўғарыў системаларынан есапланады ҳәм бул Нөкис, Кегейли, Шымбай, Қараөзек, Тахтакөпир районларының территориясынан 170 мың гектардан аслам егислик жерлерди суў менен тәмийинлейди (кесте-№16).

**Кесте-№16**

**Қызкеткен суўғарыў системасы тәсиринде егислик майданларының көбейиўи (мың гектар есабында)**

| Суўғарылып егилетуғын егислик майданы | Жыллар | | | | | | 2010 жыл, % есабында | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1980 | 1985 | 1995 | 2000 | 2005 | 2010 | 1980 | 2005 |
| Система бойынша барлық егислик майданы | 119,2 | 182,4 | 170,6 | 136,9 | 131,2 | 87,2 | 73,1 | 66,4 |
| Усыннан: | | | | | | | | |
| Пахтаның егислик майданы | 36,8 | 37,4 | 47,0 | 34,2 | 30,1 | 20,7 | 56,2 | 68,7 |
| Ғәллениң егислик майданы | 39,4 | 56,4 | 51,6 | 45,0 | 42,4 | 40,8 | 103,5 | 96,2 |

Қызкеткен суўғарыў системасы зонасында пахтаның егислик майданының азайыўы усы зонада жайласқан айырым районларды толығы менен ғәллешиликке қәнийгелестириўге байланыслы болды. Ал алдағы перспективада бул зонада суўғармалы егислик жерлердиң майданын көбейтиў ушын Әмиўдәрьяның суўын толығы менен дийханшылыққа пайдаланыў жобаластырылып отыр. Статистикалық мағлыўматларға қарағанда бул зонада егислик жерлердиң майданы 303 мың гектарға жеркерилди, ҳәм суўғарыў системаларының пайдаланыў коэффициентин жоқарылатыў және КЗИ ди барынша жетилистириў нәзере тутылмақта.

Қызкеткен каналы 1974-жыллардан баслап Тахиаташ гидроузелиниң, қурылыўына байланыслы сағадан суў алыў инженерлик усылға өткерилди, узынлығы 9 километрлик Қаттағар каналы иске түсирилди ҳәм арқа район аймағына Әмиўдәрьядан суў алыў бираз жақсыланды.

Бул ҳәм тағы басқа иләжлар Қызкеткен суўғарыў системасы тәсир ететуғын районлардағы хожалықларда пайдаланып атырған жерлериниң нәтийжелигин (КЗИ) арттырыўға ҳәм көп санлы қосымша каналлар арқалы сарп етилетуғын суўды үнемлеўге, бәриненде бурын суў дереклеринен ақылға муўапық пайдаланыў арқалы егислик майданларды көбейтиў ушын қосымша мүмкиншиликлер иске түсирилмекте.

***Сүўенли суўғарыў системасы.*** Әмиўдәрьяның шеп жағалаўында жайласқан Хөжели, Шоманай, Қанлыкөл, Қоңырат ҳәм Мойнақ районларының хожалықларын суў менен тәмийинлеп, жыл сайын 100-130 мың гектардан аслам егислик майданды суўғарыўға мүмкиншилик туўдырмақта (кесте-№17).

**Кесте №17**

**Сүўенли суўғарыў системасы тәсиринде егислик майданларының көбейиўи (мың гектар есабында)**

| Суўғарылып егилетуғын егислик майданы | Жыллар | | | | | | 2010 жылға, % есабында | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1980 | 1985 | 1995 | 2000 | 2005 | 2010 | 1980 | 2005 |
| Система бойынша барлық егислик майд-ы | 81,8 | 116,4 | 133,2 | 100,9 | 94,9 | 67,6 | 82,6 | 71,2 |
| Усыннан: | | | | | | | | |
| Пахтаның егислик майданы | 36,3 | 39,6 | 35,9 | 41,7 | 38,3 | 23,1 | 63,6 | 60,3 |
| Ғәлләниң егислик майданы | 23,1 | 36,2 | 37,9 | 33,6 | 30,6 | 30,9 | 133,7 | 101,0 |

Сүўенли магистраллы суўғарыў системасы Әмиўдәрьяның шеп жағалаўы арқалы 2-5 километрлик аралықта ағып откеңнен кейин жолында бирнеше жаңапай қурылған каналларды да суў менен тәмийинлейди. 1949-жылдан 1974

жылға шекем канал сағасы инженерлик усылда орналастырылған регулятор арқалы, ал 1974-жылдан баслап Тахиаташ гидроузели иске түсиўи менен толық инженерлик усылда суў менен тәмийинлеўге өтти. Сүўенли каналы 42 километрлик аралыққа шекем 1949-жылдан баслап-ақ реконструкцияланды, ҳәм усы аралықтан сәл төмениректе тыңнан қазылған Шоманай каналына да суў беретуғын болды.

1971-жылдан баслап Сүўенли каналына параллел етип, екинши саға алынды. Бул Тахиаташ қыснағынан Әмиўдәрьяның шеп жағасындағы жайласқан хожалықларға көп суў беретуғын болды. Нәтийжеде Шоманай районында кең көлемдеги егислик жерлер аўыл хожалығына пайдаланыўға берилди. УзМинселводхоз мекемесиниң бағдарламада көрсеткен жобасына қарағанда Сүўенли каналының секундына суў өткериўи 130 кубометрди қурайды, ал параллел Қаттағар каналының суў өткериў мүмкиншилиги секундына 250 кубометрге барабар. Солай етип статистикалық мағлыўматларға қарағанда Сүўенли каналының сағадан суў жибериў мүмкиншилиги әдеўир көбейди.

Қарақалпақстанның қубла районларының суўландыратуғын ***Пахта-арна суўғарыў системасы*** есапланып, ол Әмиўдәрьяның оң тәрепинде жайласқан Төрткүл, Беруний, Елликқала районларының территориясынан 84,0-100,0 мың гектардай егислик майданларды суў менен тәмийинлейди (кесте-№18).

**Кесте-№18**

**Пахта-арна суўғарыў системасы тәсиринде егислик майданларының көбейиўи (мың гектар есабында)**

| Суўғарылып егилетуғын егислик майданы | Жыллар | | | | | | 2010 жылға, % есабында | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1980 | 1985 | 1995 | 2000 | 2005 | 2010 | 1980 | 2005 |
| Қубла зона бойынша барлық егислик майд-ы | 89,9 | 86,0 | 113,7 | 113,4 | 108,9 | 101,4 | 112,7 | 93,1 |
| Усыннан: | | | | | | | | |
| Пахта-арна бойынша егислик майданы | 66,7 | 51,1 | 86,0 | 71,7 | 39,0 | 57,2 | 85,7 | 146,6 |
| Клычниязбай, Кыпшақ б-ша егислик майданы | 23,4 | 34,5 | 37,7 | 35,2 | 17,0 | 29,6 | 126,4 | 174,1 |

Алдағы перспективада Пахта-арна каналы тәсир ететуғын зонада суўғарылып егилетуғын егислик жерлердиң көлеми 145 мың гектарға; ал қубла районлар бойынша улыўма егислик жерлердиң майданы 182 мың гектарға көбейтилетуғын болады.

Дурысында да Қарақалпақстанның қубла районлары, әсиресе Елликқала, Жанбасқала, Қырыққыз абад массивлери перспективада суўғармалы

дийханшылықты раўажландырыў ушын үлкен мүмкин-шиликлерге ийе. Усыған сәйкес қубла районлардың суўғарыў системалары бойынша Әмиўдәрьядан алатуғын суўдың шығының көбейтиў үлкен әҳмийетке ийе. Ҳәзир бул зонада Әмиўдәрьядан алынатуғын суўдың шығыны секундына 70м$^3$ ден 100 м$^3$ ге көбейтилседе Пахта-арна суўғарыў системасы улыўма талапларға толық жуўап бермейди.

Пахта-арна каналы 1926-1928 жылларда бурынғы ески Шорахан суўғарыў системасын қайта реконструкциялаў және кишигирим Бузяб, Күнябагяб, Амирабад, Келтеминар, Сарыбий каналларын бириктириў жолы менен дүзилген еди. Алдағы перспективада қубла районларда көлемли жер фондын өзлестириўге байланыслы Пахта-арна суўғарыў системасының суў бериў мүмкиншилигин жәнеде арттырыў мақсетке муўапық келеди. Буннанн басқа Бестам, Найман, қазақяб, Қаттағар каналларының да суў бериў мүмкиншилигин көбейтиў зәрүрли.

Келешекте Найман Бестам суўғарыў системасының секундына суў өткериў дәрежесин 33 м$^3$ арттырыўды талап етеди. Егер Елликқала ҳәм Жамбасқала массивиндеги 100 мың гектардай жаңа егислик жерлерди суў менен тәмийинлеўди есапқа алсақ, онда алдағы перспективада қубла районлар бойынша Әмиўдәрьядан саға алатуғын суўғарыў системаларының сағаларын Түйемойын гидроузели жайласқан зонаның өрирегинен алыў қәжет. Бул мәселени шешиў Қарақалпақстанның қубла районларында жайласқан хожалықлардың есабынан ҳәзирги республика бойынша ҳәр жыл сайын жетилистирилип атырған пахтаны таярлаўға, ал Қарақалпақстанның арқа районларында ири-ири ғәллешилик ҳәм мал шарўашалығына қәнийгелескен хожалықларды, ҳәттеки районларды дүзиўге жол ашады. Қарақалпақстан Республикасы көлемли жер ресурсларына ийе. Бирақ ҳәзирги ўақытта суўғармалы дийханшылықта суў менен тәмийинленген егислик майдан 405,8 мың гектардан артпайды. Илимий изертлеў институтлары ҳәм Өзбекстан жер жойбарлаў мәкемелериниң мағлыўматларына қарағанда Қарақалпақстанда алдағы узақ перспективада 1290 мың гектардай егислик жерлерди өзлестириў мүмкиншилиги бар. Жақын келешекте бурынга суўғарылған егислик зоналарда айырым массивлерди өзлестириў жолы менен 196,4 мың гектардай егислик жер, ал Елликқала, Жамбасқала массивлериндеги ертедеги суўғарылған

жерлердиң есабынан 78,3 мың гектар және бурынғы ғәллешилик егилген территорияларда 123 мың гектардай егислик жер өзлестириў мүмкиншилиги бар. Усыған сәйкес ҳәзирги суўғарыў системаларын реконструкциялаў, әсиресе, каналлардың пайдаланыў коэффициентин қосымша 0,7 шекем жоқарылатыў, ал жерден пайдаланыў коэффициенти 0,80-0,85 жеткериў қәжет. Бул белгиленген жойбардағы маслелерди шешиў ҳәм егислик жерлердиң мелиоративлик жағдайын жақсылаў бәриненде бурын аўыл хожалық өнимлерин көбейтиўге жол ашады. Бул ушын бәриненде бурын суўдан пайдаланыў нормасын жетилистириў ҳәм коллектор-дренаж системаларынан өнимдарлы пайдаланыў мәселесин тезден шешиў қәжет болады. Қарақалпақстанда кейинги жылларда айрым хожалықларда ҳәр бир гектар егислик майдан ушын туўра келетуғын коллектор-дренаж сетлериниң узынлығы 29-32 метрге көбейтилди ҳәм алмаслап егиў схемасын өндириске енгизиўге айрықша итибар берилмекте.

Тәбийий-экономикалық районлардың климат шәраятын есапқа ала отырып, дийханшылық тараўларын қәнийгелестириў ҳәм аўыл хожалық егинлериниң тез писер сортларын дийханшылыққа енгизиў колга алынбақта. Республиканың тәбийий климаты шараятына сәйкес суў ресурсларынан дурыс пайдаланыў жолы менен суўғармалы дийханшылықты табыслы раўажландырыў жумысларын алып барып атырған хожалықлар аз емес. Буған мысал ретинде Шымбай районының «Майжап» фермер хожалығын мысалга келтирип өтсек болады. Хожалықтың улыўма жер майданы 13539 гектарға барабар. Усыннан сүримге жарамлы жерлер 7261 гектарды қурайды. Хожалықта жерден ҳәм суўғарыў системаларынан пайдаланыў коэффициенти айтарлықтай жақсыланбақта. Бул белгиленген иләжларды әмелге асырыў арқалы «Майжаб» фермер хожалығы аўыл хожалық өнимлериниң көлемин 22502,0 мың сумга, ал пайданың жыллық өсимин 10443 мың сўмга көбейтиўге жол ашты. Солай етип, хожалықта сарып етилген шығынлардың өтелиўи 8,5 жылға қысқарса, ал рентабелликтиң дәрежеси 15,3% аррты. Бундай иләжлар алдағы ўақытта арқа зонаның басқада хожалықларында әмелге асырыў нәзерде тутылмақта. Бул ушын арқа районлардың климат шәраятына сәйкес дәрья алабына жақын егилген ғәлле атызларында 1 га егислик жерди суўғарыў ушын суў нормасын 1,3-1,5 есеге қысқартыў, ал орта писер сорттағы ғәлле

атызларында суўғарыў мезгилиниң ўақтын 1-майдан 25-августқа шекемги аралыққа өткериў нәзерде тутылған. Арал районында да суўландырыў ушын коллектор-дренаж суўларынан пайдаланыў мәселеси алга қойылмақта.

Алдағы перспективада Қарақалпақстан шәраятында суў таңқыслығын есапқа ала отырып, коллектор-дренаж суўларынан кеңнен пайдаланыў жүдә қәжет болады. Себеби республиканың арқа ҳәм қубла районларында коллектордың нәтийжелигин арттырыўға байланыслы тасланды суўлардың көлеми 3,4 млрд.м$^3$ қурайды. Усыннан ең кем дегенде 2 млрд.м$^3$ ин екинши мәртебе суўландырыў ушын агын суў менен алмастырып пайдаланыўға болады. Себеби қәнийгелердиң мағлыўматларына қарағанда бул суўлардың минерализацияланыў дәрежеси бир литр суў муғдарында 3-4 граммнан артпайды. Сонлықтан Қарақалпақстанның арқа районларындағы КС-1, КС-3, КС-4 ҳәм ККС коллекторлары тәсир ететуғын аймақларда 1,5 млрд.м$^3$ коллектор-дренаж суўларын қайтадан мал жайлаўларын суўландырыўга жумсаўга болады. Келешекте қайтадан пайдаланатуғын қашырымлы суўлардың көлеми 3,4-4 млрд.м$^3$ көбейеди. Сонлықтан коллектор-дренаж суўларын халық хожалығына қайта пайдаланыўдың мүмкиншиликлерин излестириў ҳәм шөлистанлыққа бет алған Арал жағалаўларындағы жайлаўларды суўландырыў Қарақалпақстан Республикасы шәраятында белгили дәрежеде экологиялық қыйыншылықларды шешиўге мүмкиншилик береди деген үмиттемиз.

Алдағы перспективада Қарақалпақстанның шөлистанлы территория-ларында тийкарғы суў дереги ретинде жер асты суўларынан кеңнен пайдаланыў қәжет болады. Гидрогеологиялық изертлеў мағлыўматларына қарағанда Қарақалпақстанда жер асты суўларына бай үш территория белгили: олар Султан Уайис, Әмиўдәрья алабы ҳәм қубла Арал артезиан бассейнинде жайласқан. Бул көлемли жер асты суўларының халық хожалығы тараўларында пайдаланыў үлкен машқаларды шешиўге, әсиресе қубла Аралда жүз берген экологиялық апатшылықты босаңластырыўға ҳәм ҳәзирги ислеп турған хожалықлардың тийкарғы өндирислик фондынан өнимдарлы пайдаланыўға мүмкиншилик беретуғыны сөзсиз.

## 3.3.2.Аўыл хожалығы тараўларының раўажланыўы ҳәм оның халықты күнделикли тутыныў товарлары менен тәмийинлеўдеги роли

Қарақалпақстан Республикасы аймағында аўыл хожалығы миллий экономикамыздың ең ири тараўларынан есапланады ҳам халықты күнделикли тутыныў товарлары ҳәм санааттың айрым тараўларын шийки зат пенен тәмийинлеўде үлкен роль атқарады. Усыған сәйкес аўыл хожалығы тараўларын раўажландырыў хожалық машқалалары ишиндеги ең баслы ўазыйпалардан есапланады ҳәм алдағы ўақытлары ҳүкимет органларының дыққат орайындағы баслы мәселелер қатарына киреди. Дурысында-да,республиканың тәбийғый-экономикалық шараятларындағы өзине тән өзгешеликлерге қарай бул тараўдың раўажланыўын санаат релисине жақынлатыў бойынша үлкен әмелий иләжлар иске асырылмақта. Әсиресе, ғәрезсизлик жылларында аўыл-хожалығының материаллық-техникалық базасын беккемлеў ушын бөлип шығарылған ири қаржылардың көлеми артпақта. Қарақалпақстан Республикасы аймағында аўыл хожалығы миллий экономикамыздың ең ири тараўларынан есапланады ҳам халықты күнделикли тутыныў товарлары ҳәм санааттың айрым тараўларын шийки зат пенен тәмийинлеўде үлкен әҳмиетке ийе Дурысында-да, республиканың тәбийғый-экономикалық шараятларындағы өзине тән өзгешеликлерге қарай бул тараўдың раўажланын санаат релисине жақынлатыў бойынша үлкен әмелий иләжлар иске асырылмақта. Егер, 1986-1990-жыллар ишинде, яки 5 жылда Қарақалпақстанның халық хожалығы тараўларын раўажландырыў ушын бөлип шығарылған қаржылардың көлеми 3 млрд. 40 млн болған болса, бул көрсеткиш тек 2000-жыл ушын 32,3 млрд сумды, ал 2010-жылларда 800 млрд. сумға көбейди. Көрсетилген жыллар ишинде аўыл-хожалығына ири қаржы жумсаўдың көлеми де артты. Усы бөлинген ири қаржылардың 68,9% ондирислик объектлерди қурыў, аўыл-хожалық машиналарын сатып алыў ҳәм транспорт тармақларын модернизациялаў ушын пайдаланылды. Бул аўыл-хожалығының өндирислик базасын кеңейтиўге ҳәм жумыс процессин механизациялаўға жол ашпақта. Нәтижеде аўыл-хожалығы жоқары моневрли С-100, К-700, К-701,КЛАС, КЕЙС ҳәм т.б. маркадағы жоқары өнимдарлы аўыл-хожалық машиналары менен толықтырылды. Аўыл-хожалығын энергетикалық қуўатларменен тәмийнлеўдиң жоқарылаўына байланыслы мийнеттиң әөнимдарлығы айтарлықтай өспекте. Аўыл-

хожалығында егислик жерлердиң мелиоратив жағдайын жақсылаўға айрықша итибар берилмекте.

Кейинги жылларда үкимет тәрепинен шығарылған қарарларға сәйкес суўғармалы дийханшылықты раўажландырыўдың комплексли программа-сы ислеп шығылды. Бул Қарақалпақстан Республикасында аўыл-хожалығын раўажландырыў, әсиресе, суўғармалы дийханшылық тараўларында ири-ири гидромелиротивлик қурылысларды иске асырыўға ҳәм коллектор-дренаж сетлерин көбейтиўге жол ашты. Себеби бизиң үлкемиздиң шәриятында коллектор-дренаж сетлерин қурыў ҳәм кеңейтиў егислик жерлердиң мелиоратив жағдайын жақсылаў менен кебир ашқан жерлерди егисликке пайдаланыўда ҳәм аўыл-хожалығы егинлериниң зүрәәтин арттырыўда үлкен әҳмийетке ийе.

Аўыл-хожалығы өндирисин раўажландырыўдың ең әҳмийетли факторларының бири өндирис процесин жоқары квалификациялы қәнийгелер менен тәмийинлеў, әсиресе механизатор кадрларды көбейтиў болып есапланады. Статистикалық мағлыўмат бойынша Қарақалпақстан-ның аўыл-хожалығында троктор-машинистлер, комбайыншылар ҳәм шоферлардың саны жыл сайын көбеймекте ҳәм олар аўыл-хожалығы өндирисиниң раўажланыўында шешиўши рольди атқармақта.

Аўыл-хожалық өнимлерин өндириўдиң көлемин кескин көбейтиўде ҳәм оның рентабиллигин арттырыўда республиканың тәбийғый-экономикалық районлары бойынша аўыл-хожалығын қәнийгелестириў ең әҳмийетли факторлар катарына кирди. Бул биринშиден, аўыл-хожалығы тараўларын үлкемиздиң тәбийғый-экономикалық шараятларын есапка алып қәнийгелестириўге мүмкиншилик берсе, екиншиден, мийнет ресурсларынан максималь дәрежеде пайдаланыўға жол ашатуғыны сөзсиз.

Солай етип, кейинги жыллары аўыл-хожалығы өндирисин талапқа сәйкес қәнийгелестириў айрым хожалықларды белгили аўыл-хожалық өнимлериниң, түрлерин өндириўге бағдарлаўға жол ашты. Бул өз гезегинде ҳәзирги ўақытта Қарақалпақстанда аўыл-хожалығының төмендегидей өндирислик типлерин дүзиўге тийкар салды: пахташылық, салыгершилик, овощ- палыз өсириўшилик, бағшылық, жүзимгершилик, сүт-гөш ҳам гөш бағдардағы мал-шарўашылық тараўлары от шөплик егинлер өсириў, қаракөлшилик тараўлары, хожалық-

аралық өндирислик базаларға тийкарланған ири қара мал шарўашылығы комплекслери.

Аўыл-хожалығы өндирислик типлериниң ишинде пахташылық жетекши роль ийелейди. Солай етип, аўыл-хожалығы тутасы менен пахта өндириўге, ғәлле, жоңышқа туқымын жетистириў, қарақул териси, жүн, пилле өнимлерин өндириўге қәнийгелестирилди. Аўыл хожалығында өндирилген өнимлер биринши дәрежели қайта ислеўден кейин Өзбекстанның басқа экономикалық районлары ҳәм сырт еллерге жиберилмекте. Брақ, дегенменен бағшылық, овощ, гөш, қус өсириўшилик жергиликли әҳмийетке ийе тараўлар қатарында қалып, бул тараўлардың өнимлери ҳәзирше ишки талапларды да толық қанатландырмай атыр. Сонлықтан сүт, гөш, овощ, ҳәм бақша өнимлерин көбейтиў ҳәм жергиликли халықтың бул өнимлерге деген талабын толық қанаатландырыў ең аслы ўазыйпалар қатарына киреди. Қарақалпақстан шәриятында овощ ҳәм бақша өнимлерин кескин көбейтиў ушын үлкен мүмкиншиликлер бар. Үлкемиз узақ вегетациялық дәўир ҳәм көлемли жер фондына ийе. Бул мүмкиншиликти толық иске қосыў алдағы ўақытта овощ өнимлерин көбейтиўге, ҳәттеки оның оннан дирилген өнимлердиң бир бөлимин басқада республикаларға шыгарыўға жол ашады.

Өндиристи қәнийгелестириў ҳәм концентрацияластырыўда ири хожалықлар менен бир қатарда фермер хожалықларын дүзиў практика жүзинде нәтийжелер бермекте. Бул хожалықларда техника базасынан толық пайдаланыў менен бирге мелиорацияға ҳәм химизацияға, агротехникалық қаделердиң жетискенликлеринен кеңнен пайдаланыўға жол ашылатуғын тәжирийбеде дәлилленбекте. Усыған сәйкес бул иләжлар аўыл-хожалығы өнимлериниң өзине түсер баҳасын арзанлатыўға, сапалы өнимлердиң көлемин арттырыўға ҳәм жумысшыларға төленетуғын мийнет ҳақысының муғдарын көбейтиўди тәмийинлемекте. Солай етип, аўыл-хожалық өндирисинде қәнийгелестириў ҳәм концентрациялаўдын дәреженсин барынша жетистириў белгиленген егислик майданлардан алынатуғын өнимлердиң ассортиментин жаксылаўға ҳәм белгили дәрежеде өнимниң көлеминиң артыўына жол ашпақта. Бул акырғы есапта аўыл-хожалығы өнимлерин өндириуге кеткен мийнет шығынларын азайтыўға, өнимниң өзине түсер баҳасын арзанлантырўға, улыўма өнимниң ақшалай көлемин көбейтуге ҳәм аўыл-хожалында тийкарғы

өндирислик фондлардан нәтийжели пайдаланыўына мүмкиншилик туўдырмақта (кесте-№19).

**Кесте-19**

**Айрим жыллар ишинде Қарақалпақстанда аўыл-хожалығының раўажланыўын сыпатлайтуғын баслы көрсеткишлер**

| Көрсеткишлер | Жыллар | | | | | 2005 жыл, % есабында | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1975 | 1990 | 1995 | 2000 | 2005 | 1975 | 1995 |
| Барлық егислик майдан, мың га. | 248,7 | 404,9 | 395,8 | 337,4 | 238,5 | 95,9 | 70,7 |
| Улыўма өним, млн.сум* | 348,0 | 684,0 | 5439,2 | 32900,0 | 169483,0 | 429,5 | 4,5 |
| А/ х тик өнд.фондның қуны, млн.сум | 397,5 | 1030,1 | 1740,9 | 1400,0 | 10301,0 | 25,9 | 74есе |
| А/х: ислеўши жумысшы ҳәм қызметкер саны, мыңадам. | 99,3 | 134,8 | 142,2 | 178,0 | 178,8 | 178,0 | 99,3 |
| Трактор парки (физ.бир. есабында)мыңдана | 12,0 | 15,6 | 14,3 | 5,7 | 8,3 | 69,2 | 145,6 |
| А/х энер.қуўат.тәмийин-ўи 1)орт. бир ислеўшиге, ат. күши, есбында. | 9,3 | 13,9 | 13,2 | 13,2 | 13,9 | 149,3 | 105,3 |
| 2)100га егис майда, ат күши есабында | 494,0 | 669,0 | 632,0 | 632,0 | 690,0 | 139,7 | 109,3 |

***қәрежетлер курсы көрсетилген жыллардағы ақша айналысына сәйкес берилди.**

Кестеде берилген мағлыўматларға қарағанда Қарақалпақстанда аўыл-хожалық өнимлерин жетистириўде бир қанша сапалы өзгешеликлердиң жүз бергенлиги байқалып тур. Мысалы: кийинги жылларда ғәлле жетистирниў, мал шарўашылығы өнимин таярлаў сондай-ақ картошка, оврщ ҳәм сабзават, бағшылық өнимлерин жетистириўде алға илгерлеўлер бар. Бирақ, пахташылық, ғәллешилик, әсиресе салы өнимлерин жетистириў бир қашнша артта қалды. Бул бириншиден Арал дағдарысына байланыслы егислик жерлердиң мелиоративлық шараятының пасейиўине ҳәм суў танқыслығына байланыслы болса, екиншиден пахташылық сондай-ақ, салыгершилик хожалықларында шөлкемлестириў мәселелери-ниң үзилиске түсиўи ҳәм бул тараўда жүз берген экaномикалық қатнаслардың алсизлигине тиккелей байланыслы болды. Нәтийжеде, улыўма көрсеткишлер Өзбекистанның ўалаятларына тийисли орташа корсеткешлеринен төменлеп кетти. Сонлықтан айрым аўыл-хожалық өнимлерин жан басына бөлгенде Қарақалпақстан Республикасы Өзбекстандағы орташа көрсеткиштен де төмен дәрежеде турады.

Көрсетилген жыллар ишинде мийнеттиң өнимдарлығы артты, бир ислеўшиге туўра келетуғын егислик жердердиң майданын көбейтиў хәм аўылхожалығында пайдаланылатуғын техникалардың тек санлық тәрепи емес, ал сапалық жақларынада айтарлықтай кеүил бөлинбекте. Солай етип, кейинги 20 жыл ишинде Өзбекстан республикасы бойынша аўыл-хожалығы тараўларынан алынған ишки жалпы аймақлық өнимниң муғдары артпақта, бунық көлеми 2010 жылларға келип 14-16 трлн сумнан жоқарылады. Қарақалпақстанда бул көрсеткиш жылына 737 млрд сумды қурамақта, яки Өзбекистан бойынша аўыл хожалығы тараўларынан жыл сайын өндирилетуғын улыўма өнимниң 3,4- 4,0 процентке жақынын жетистиретуғын болды.

Сонлықтан республика аймағында аўыл-хожалығы өндирисиниң нәтийжелигин арттырыў хәм дийханшылықта пайдаланыўға тийисли резервлерди иске қосыў бойынша Өзбекстанның басқа регионларының тәжирийбелеринен кеңнен пайдаланыў зәрүр. Мәселен: жер ресурслары бир қанша шекленген болсада Андижан областы узақ жыллар даўамында аўыл-хожалығы тараўларын раўажландырыў бойынша республикада жетекши орынлардың бирин ийелемекте. Тек 2005-жыллардың өзинде-ақ, Андижан областының өндирис тараўларында жыл даўамында 1 триллион көлеминде өним таярланды, бул Қарақалпақстанда республикасына салыстырғанда 3,0 есеге дерлик көп деген сөз. Нәтийжеде Қарақалпақстан хәр бир гектар егислик майданнан алынатуғын пайданың көлеми хәттеки республикалық орташа көрсеткиштенде 2,7-3,2 есе төмен болып атыр.

Усыған сәйкес, Қарақалпақстан Республикасындағы ең тийкарғы мәселе- аўыл хожалығы өндирисиниң нәтийжелилигин жоқарылатыў есапланады. Бул өз гезегинде хәр бир гектар егислик жерден хәм хәр бир бас малдан алынатуғын өнимлердиң шығымын жоқарылатыў арқалы иске асырылыўы тийис.Тилекке қарсы республика аймағында аўыл-хожалығы тараўларында көлемли жумыслар иске асырылсада, 1980-жыллардан баслап дийханшылық хәм мал шарўашылығы өнимлерин жетистириўдиң көлеми өзгериссиз қалмақта, хәттеки айрым тараўларда бул көрсеткиш жылдан-жылға пәсейип кетти. Мысалы: 1980-жылларда жыл сайын 398,0 мың тонна пахта, 378,7мың тонна ғәлле хәм тағы басқа да аўыл-хожалығық өнимлери өндирилген болса,

бул көрсеткиш 2005-жылллларға келип жылына пахта бойынша 212,6 мың тонна, ғәлле жетистириў бойынша 201,6 мың тоннаны қурады. Ал, 2010-жылы болса республика бойынша өндирилген пахта 188,0 мың тоннаны, ғәлле өнимлери 231,4 мың тоннаны қурады, ҳәттеки айырым аўыл-хожалық өнимлери 80-жылларға салыстырганда 42,3-58,3%ке азайып кетти (кесте-№20).

**Кесте-№20**

**Қарақалпақстанда айрым жыллар ишинде аўыл-хожалық өнимлерин жетистириўдиң көлеми, мың тонна есабында**

| Көрсеткишлер | Жыллар | | | | | | 2010-жылға, % есабында | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1980 | 1990 | 2000 | 2005 | 2008 | 2010 | 1980 | 2008 |
| Ғәлле: | 368,7 | 304,1 | 262,5 | 201,6 | 212,9 | 231,4 | 57,7 | 105,6 |
| Усыннан: Салы | 276,9 | 278,8 | 179,8 | 25,9 | 13,2 | 36,6 | 5,8 | 51,0 |
| Пахта | 398,0 | 349,0 | 196,3 | 282,6 | 182,1 | 188,0 | 45,8 | 134,4 |
| Картошка | 10,3 | 6,3 | 2,91 | 14,7 | 21,6 | 29,2 | 2,1есе | 146,9 |
| Овощ | 84,8 | 68,3 | 86,7 | 49,8 | 61,3 | 134,1 | 72,3 | 123,1 |
| Совзоват | 60,3 | 119,5 | 85,0 | 49,8 | 119,0 | 69,5 | 197,3 | 2,3есе |
| Гөш | 21,8 | 23,3 | 29,7 | 42,0 | 50,4 | 58,9 | 2,3есе | 120,0 |
| Сүт өнимлери | 120,0 | 172,3 | 74,7 | 133,0 | 158,7 | 183,6 | 132,3 | 119,3 |
| Мәйек, млн. дана | 34,2 | 95,9 | 18,9 | 29,2 | 36,7 | 46,0 | 27,8 | 132,5 |

Кестеде берилген мағлыўматларға қарағанда Қарақалпақстанда аўыл-хожалық өнимлерин жетистириўде бир қанша сапалы өзгешеликлердиң жүз бергенлиги байқалып тур. Мысалы: кийинги жылларда ғәлле жетистирниў, мал шарўашылығы өнимин таярлаў сондай-ақ картошка, оврщ ҳәм сабзават, бағшылық өнимлерин жетистириўде алға илгерлеўлер бар. Бирақ, пахташылық, ғәллешилик, әсиресе салы өнимлерин жетистириў бир қашнша артта қалды. Бул бириншиден Арал дағдарысына байланыслы егислик жерлердиң мелиоративлық шараятының пасейиўине ҳәм суў танқыслығына байланыслы болса, екиншиден пахташылық сондай-ақ, салыгершилик хожалықларында шөлкемлестириў мәселелери-ниң үзилиске түсиўи ҳәм бул тараўда жүз берген экономикалық қатнаслардың алсизлигине тиккелей байланыслы болды. Нәтийжеде, улыўма көрсеткишлер Өзбекистанның ўалаятларына тийисли орташа корсеткешлеринен төменлеп кетти. Сонлықтан айрым аўыл-хожалық өнимлерин жан басына бөлгенде Қарақалпақстан Республикасы Өзбекстандағы орташа көрсеткиштен де төмен дәрежеде турады.

2010-жылғы мағлыўмат бойынша Қарақалпақстанның аўыл-хожалығы жыл сайын 482 млрд.сум муғдарында ишки жалпы өним жетистирип, бул тараўда республиканың халық хожалығында ислеўши барлық рабочий ҳәм

хызметкерлердиң 34 проценти ҳәм жыл сайын өндирилетуғын улыўма ишки өнимниң 32,9%ты таярланады. Усы аўыл-хожалығы өнимлериниң 57,2%ти дийханшылықта, ал қалған өнимлер басқа аўыл-жожалығы тараўларында өндириледи. Солай етип, дийханшы-лық, аўыл-хожалығының тараўлық структурасындағы тутқан әҳмийети ҳәм жыл сайын өндирилетуғын ўлыўма жалпы өнимниң көлеми бойынша басқада аўыл-хожалық тараўлары арасында жоқары салыстырмалы үлести ийелейди. Бирак, деген менен аўыл-хожалығы тараўларының раўажла-ныўы халықтың өсип баратырған талабын толық қанатландыра алмай атыр. Буны аўыл-хожалығынан өндирилген өнимлерди халықтың жан басына бөлгендеги орташа көрсеткишлерде тастыйқлайды (кесте-№21)

**Кесте-№21**

**Қарақалпақстанда өндирилген аўыл-хожалық өнимлерин жан басына бөлгендеги дәрежеси, кг есабында.**

| Өнимлердиң түрлери | Жыллар | | | | | 2010-жылға, % есабында | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1980 | 1990 | 2000 | 2008 | 2010 | 1980 | 2008 |
| Ғәлле жет.ў | 337,0 | 255,3 | 262,2 | 130,7 | 140,1 | 41,5 | 107,1 |
| Усыннан: Салы | 310,0 | 239,0 | 243,1 | 8,1 | 22,1 | 2,1 | 2,7 есе |
| Картофель | 6,4 | 4,9 | 5,1 | 13,2 | 17,7 | 2.8есе | 134,1 |
| Овощ | 49,0 | 43,0 | 46,8 | 37,6 | 81,1 | 76,7 | 2,1 есе |
| Совзоват | 72,0 | 72,2 | 96,0 | 73,0 | 42,1 | 101,4 | 57,6 |
| Мийўе | 8,4 | 9,0 | 9,9 | 12,1 | 12,8 | 144,0 | 105,7 |
| Жүзим | 0,3 | 0,32 | 0,34 | 1,0 | 1,5 | 6,8есе | 1,5 есе |
| Гөш, сойылған салмақта | 24,0 | 26,1 | 25,9 | 30,9 | 35,7 | 128,7 | 115,5 |
| Сүт | 139,0 | 135,4 | 136,2 | 97,4 | 111,1 | 70,7 | 114,1 |

Кестеде берилген мағлыўматларға қараганда Республика бойынша өндирилген аўыл-хожалық өнимлери жан басына бөлгенде еледа төмен дәрежеде. Егер жан басына физиологиялық норма бойынша жылына 68кг гөш, 270кг сүт өнимлери, 219дана мәйек 52,3 кг картошка,118,5кг овощ ҳәм сәбзәвот өнимлери, сондай-ақ 98,9 кг мийўе ҳәм жүзим өнимлери зәрүрли болса, бул көрсеткиш Республика аймағында жоқарыдағы аты көрсетилген аўыл-хожалық өнимлерин жетистириўдиң жыллық көлеми аз болғанлықтан халықтың жан басына бөлгенде жылына тек болғаны 97 литр сүт өнимлери, 73кг палыз өнимлери, 130кг ғәлле, 30,9кг гөш, 23,7дана мәйек, 13,2 кг картошка ғана жетистирилип атыр.

Бул жүдә аз. Сонлықтан физиологиялық нормаға сәйкес азық аўқатлық өнимлерди көбейтиў ушын Қарақалпақстан шараятында аўыл-хожалығы өндирисин заман талабына сәйкес модернизациялаў арқалы оның

нәтийжелигин арттырыўға айрықша итибар бериўди талап етеди. Бул ушын суўғармалы дийханшылық тараўларын интенсификациялаў жолы менен мийнеттиң өнимдарлығына ерисиў ҳәм аўыл-хожалық тараўларының турақлы раўажланыў стратегиясын ислеп шығыў зәрүр.

### 3.3.3. Дийханшылық аўыл-хожалығының баслы тараўы: қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы

Қарақалпақстанда дийханшылық ерте ўақытлардан-ақ қәлиплести ҳәм қолдан суўғарыў жолы менен иске асырылады.

2010-жыл статистикалық мағлыўматларға анализ жасасақ республикада суў менен тәмийинленген егислик жерлердиң көлеми 500,1 гектарға жеткерилди. Усыннан егислик ушын пайдаланылып атырған майданлар 254,0-262,9 мың гектарды қурайды. Қарақалпақстанда суўғармалы дийханшылық тараўларының интенсивли раўажланыўы Амиўдәрьяда, Тахиаташ ҳәм Түйемойын гидроузеллери қурылғаннан кейинги жылларға туўра келеди (кесте-№22).

Кестеде берилген мағлыўматларға қарағанда Қарақалпақстан республикасы бойынша 1913-жылларға салыстырғанда суўғармалы дийханшылықта (ғәллешиликтен басқа тараўларда) үлкен өзгерислер байкалады. Дийханшылықтың барлық тараўларында дерлик санлық ҳәм сапалық өзгерислер иске асты. Бирақ 1976-жыллардан кийин яки Амиўдәриьяда Тахиаташ ҳәм Түйемойын гидроузеллери қурылғаннан кейинги жылларда дийханшылық тараўларының жүдә тубалап қалыўы ҳақыйқатлыққа туўра келмейди. Бирак Амиўдәрьяның суў ағысының оның жоқары ҳәм орта ағысларында көплеп аўыл-хожалығына сарып етилиўи Қарақалпақстан шараятында суў таңсықлығын келтирип шыгарды. Мине усыган сәйкес дийханшылықтың егислик майданы 1980-жылға салыстырғанда 16 %ке қысқарса, бул көрсеткиш 1990-жылға салыстыр-ғанда 37 % ке қысқарды. Солай етип, дийханшылықта егислик жерлерден пайдаланыўдың үзилиске түсиўи ҳәм егислик жерлердиң мелиоратив шараятының бузылыўы суўғармалы дийханшылықтан жетистирилетуғын улыўма өнимниң, әсиресе пахта өнимлериниң пасейиўине алып келди.

**Кесте-№22**

**Қарақалпақстанда дийханшылық тараўларының егислик майданларының өсиўи,**

**мың гектар есабында.**

| Жыллары | Барлық егислик майдан | Усыннан: ғәлләниң майданы | Усыннан: салының егислик майданы | Пахта | От-шөплик егинлер |
|---|---|---|---|---|---|
| 1913 | 109,5 | 78,9 | 4,1 | 11,8 | 12,7 |
| 1928 | 98,6 | 49,7 | 4,4 | 27,1 | 12,3 |
| 1950 | 159,0 | 30,9 | 8,1 | 83,6 | 38,5 |
| 1960 | 191,7 | 7,9 | 2,2 | 131,5 | 46,3 |
| 1965 | 176,5 | 19,0 | 13,6 | 121,5 | 29,6 |
| 1970 | 193,4 | 24,2 | 20,9 | 120,0 | 42,2 |
| 1975 | 248,7 | 47,9 | 37,2 | 124,0 | 63,1 |
| 1980 | 312,8 | 80,1 | 62,6 | 133,7 | 86,9 |
| 1990 | 416,9 | 95,5 | 85,5 | 153,0 | 144,0 |
| 1991 | 414,1 | 112,1 | 88,8 | 149,6 | 126,7 |
| 1992 | 416,6 | 125,7 | 100,8 | 147,8 | 121,0 |
| 1993 | 415,4 | 132,9 | 100,5 | 149,3 | 118,7 |
| 1994 | 419,6 | 145,5 | 92,8 | 145,9 | 110,2 |
| 1995 | 395,8 | 126,1 | 92,0 | 145,5 | 107,9 |
| 2000 | 337,4 | 98,9 | 60,1 | 129,4 | |
| 2005 | 238,5 | 82,2 | 13,8 | 104,0 | 32,4 |
| 2008 | 254,0 | 74,3 | 14,5 | 102,8 | 38,7 |
| 2010 | 262,9 | 100,2 | 15,0 | 101,0 | 35,4 |
| 2010-ж. 1913-жылға% ес-да | 240,1 | 127,0 | 3,6 есе | 8,5 есе | 2,7 есе |

Бирақ, деген менен дийханшылықта алдынғы тәжирийбелерди кеңнен пайдаланыў ҳәм агротехникалық қәделерди суўғармалы дийханшылыққа өз ўақтында енгизиү арқалы дәнли егинлердиң майданын стабилизация жасаўға, әсиресе салыгершилик тараўларында қолға киргизилген табысларды қоллап-қуўатлаў зәрүр. Себеби, узақ жыллар даўамында жетистирилген салы нәллерин соның ишинде районластырылган сортларды сақлаў иләжлары көрилмекте. Усыған сәйкес, ҳәттеки суў таңқыслығы шараятындада Қәрақалпақстанның айрым районларында салының егислик майданы сақланбақта.

Ҳәзир республика аймағында ғәллешиликти раўажландырыўға айрықша итибар берилмекте.Егер 1940-жылларда Республика бойынша ғәллешилик ушын ажыратылған егислик майданы 47,8мың га болса, ал бул көрсеткиш 1995-жылы 126,1 мың гектарға көбейди. Ғәлләниң егислик майданы әсиресе тоқсаныншы жыллардан баслап кеңийтиле баслады. Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан республикалары өз ғәрезсизлигине ерисиў менен халықтың азық-аўқатлық өнимлерге деген өсип баратырған талапларын есапқа алып, дән өнимлерин көбейтиў махсетинде ғәллеши-ликти раўажландырыўға айрықша итибар берилмекте. Мысалы: 1980-жылларда ғәлле ушын ажратылған егислик майданы 80,1мың гектарды қураса, усының 62,5мың гектарын салының егислик майданы ийеледи.Ал, 2010-жылы ғәлле ушын ажратылған егислик

майдан 100,2 мың гектарға жетти, усыннан салының егислик майданы 36,6 мың гектарды қурады.

Дийханшылық тараўларының қурамында пахташылық тараўларыда үлкен әҳмийетке ийе. Бул тараў бурынғы дәрежесиндей мәмлекет казнасын пул дереклери менен толықтырып улыўма халық-хожалықлық әҳмийетин сақлап келмекте. Усыған сәйкес егислик жерлердиң жыл сайын 36,7-39,6%ти пахташылық ушын ажратылады.

**<u>Пахташылық.</u>** Қарақалпақстан республикасында пахташылық_аўыл-хожалығының ири тараўларынан есапланып, дийханшылық пенен шуғылланатуғын хожалықлардың көпшилиги дерлик пахташылыққа қәнийгелескен. Ҳәзир пахташылық пенен шуғылланатуғын хожалықлар аўыл-хожалығы өндирисине пайдаланатуғын тийкарғы өндирислик фондлардың қуны бойынша-да, аўыл-хожалық тараўларында ислеўши рабочий ҳәм хызметкерлердин санының көбирек бөлимин ийелеп жылына өндирилетуғын доходтың көпшилик бөлимин өндирип, аўыл-хожалық комплекисинде жетекши ролди атқарады.

2010-жылғы мағлыўмат бойынша пахташылықтың үлесине барлық аўыл-хожалық егислик майданының 37%-40% ҳәм жыллық топлаған доходтың 2/3 бөлими туўра келеди, яки мәмлекет тапсырған «ақ алтынның» есабынан милли доходтың көпшилик бөлимин таярламақта.

Пахта Қарақалпақстанда узақ дәўирлерден берли егиледи. Бирақ бул тараў бурынларда аўыл-хожалығы экаономикасында айтарлықтай роль ойнамады. 1913-жылы улыўма егислик майданның 10,3% пахташылықтың үлесине туўра келди. Барлық пайдаланыўдағы (109,5мың ға) улыўма егислик майданның, 11,3 мың гектарын пахташылық ийеледи. Бирақ, пахташылықта агротехникалық жумысслар оғада төмен дәрежеде болады. Ҳәр бир гектар егислик жерден алынатуғын зүрәәт 12-13 центнерден артпады. Ал, алынған пахта мамығы өте төмен сапада болды. Егислик жерлерди менирал төгинлер менен тәмийинлеў ҳәм пахта өсимлигин ҳәр қыйлы зыянкеслерден қорғаў ушын химикатлар жоқтың қасында еди.

Қарақалпақстанда 1932-жыллардан баслап-ақ пахташылықты кескин раўажландырыў программасы қабыл етилип, бул мәселе күн тәртибиндеги бас машқала қатарында мәмлекетлик қадағалаўға алынды. Усы дакументлер

тийкарында жаңа жерлерди өзлестириў, суўғарыў тармақ-ларын дузиў ҳәм илимий изертлеў мекемелерин шөлкемлестириў бойынша, әсиресе туқымшылық селекциялық жумысларды түп тамырынан жақсылаў бойынша қарар қабыл етилди. Бул пахташылықты раўажландырыўға, әсиресе узын талшықлы пахта сортларын ойлап табыў ҳәм оны өндириске кеңнен енгизиўге жол ашты. Булар аўыл-хожалығы тараўларында өндирис процесин шолкемлестириўде улкен рол атқарды.

Қарақалпақстан республикасының арқа районлары ушын климат шәраятларына қолайлы пахтаның тез писер сортларын көплеп жетистириў мақсетинде Шымбай туқымшылык станциясы иске қосылды. Нәтийжеде республиканың тәбийғый-экономикалық районлары бойынша жоқары сапалы пахта сортларының төрт түри егилетуғын болды. Булар ҳәр қайсысы өнимдарлығы бойынша тәбийғый зоналарға ийкемлестирилген сортлар болып есапланады. Ҳәзирги ўақытта усындай жоқары сапалы пахта сортларының бирине республиканың арқа зонасында районластырылған С47-27 сортын атаўға болады. Бул сорт 20-жыл даўамында егилип жақсы нәтийжелер берип киятыр.

Пахташылықта топлаған дереклерге қарағанда раўажланган каробчканың өними 6,5 грамды қурайды. Жоқары зүрәәтли 108-Ф сортлары менен тәмийинленген хожалықларда бул каробчкадан алынған өним 6-7 граммға барабар. Бирақ 108Ф сортка қарағанда С4727 сорты бизиң республика шәраятында 8-10 күндей бурын писип, көпшилик хожалықлар ҳәм тәбийғый-экономикалық зоналар бойынша районластырылған сортлар қатарына киреди.

Солай етип, кейинги жылларда қабыл етилген иләжлар нәтийжесинде жаңа жерлерди өзлестириў бойынша, аўыл-хожалыгының материаллық-техникалық базасын беккемлеў, минирал төгинлнрди көплеп өндириў, жоқары зүрәәтли районластырылған жаңа сортларды практикада қолланыў, аўыл хожалығында ислеўшилердин материаллық қызығыўшылығын арттырыў бойынша көп ғана табыслар қолға киргизилди. Бул ҳәм тағы басқа да иләжлар Орта Азияның басқа республикалары сықлы Қарақалпақстанда-да тийкарғы товарлық әҳмийетке ийе тараў-пахташылықты раўажландырыўға үлкен тәсир жасады. Буның айрым характерли белгилерин төмендеги кесте мағлыўматларында көриўге болады (кесте-№23).

**Кесте-№23**

**Қарақалпақстанда пахташылықтың раўажланыўын дәлиллейтуғын баслы көрсеткишлер**

| Жыллар | Пахтаның егислик майданы /мың.га/ | Зүрәәтлик, ц/га | Улыўма өним, мың. Тонна |
|---|---|---|---|
| 1913 | 11,8 | 13,9 | 16,0 |
| 1928 | 27,1 | 6,6 | 18,0 |
| 1940 | 60,9 | 12,7 | 78,0 |
| 1950 | 83,6 | 16,6 | 139,0 |
| 1955 | 114,3 | 12,0 | 137,0 |
| 1960 | 131,5 | 15,8 | 207,0 |
| 1965 | 121,5 | 21,4 | 260,0 |
| 1975 | 124,0 | 31,5 | 386,0 |
| 1980 | 133,5 | 32,1 | 430,0 |
| 1985 | 151,0 | 23,1 | 361,0 |
| 1995 | 145,5 | 19,8 | 288,2 |
| 2000 | 145,0 | 13,5 | 196,8 |
| 2005 | 104,0 | 20,6 | 212,6 |
| 2008 | 102,4 | 18,4 | 182,1 |
| 2010 | 101,0 | 18,6 | 188,0 |
| 2010 жыл 1913 жылға % ес-да | 8,5 есе | 133,8 % | 11,8 есе |

Кестеде берилген мағлыўматларға қарағанда пахташылық ҳәзирги дәўирде суўғармалы дийханшылықтың ең ири ҳәм қәнигелескен тараўларына айланды. Қарақалпақстан шараятында узак вегетациялық дәәўир ҳәм тармик ресурслардың жыйынтығы пахтадан мол зүрәәт топлаўға мүмкиншилик береди. Бирақ 1960-жыллардан кейин Амиўдәрья суў ағынының қысқарыўы республикада пахтаның егислик майданының азайыўына ҳәм ҳәрбир гектар егислик майданнан алынатуғын ҳасылдарлықтың пасейиўине тәсир етти. Нәтийжесинде пахта өнимин жетистириў 1980 ҳәм 1985-жылларға салыстырганда 2,6 есеге, ал 1990-жылларға қарағанда 17-19 % ке азайды. Усы дәўир ишинде 1 гектар егислик майданнан жетистирилетуғын ҳасылдарлықта 19,3-46,0 % ке пасейди. Бул бәринен де бурын пахташылықта егислик жерлердиң мелиротив шараятының бузылыўы ҳәм агротехникалық қәделерден пайдаланыўдың үзилиске түсиўине байланыслы болды.

Өтмишке нәзер аўдарсақ пахтаның улыўма өниминиң өсиўи егислик жерлердиң майданын көбейиўге байланыслы болған болса, ал кейинги жыллары зүрәәтликтиң айтарлықтай жоқарылағаны байқалады.Бирақ, деген менен зүрәәтлик Қарақалпақстанда еледе болса Республиканың орташа көрсеткишлериненле төмен екенлиги байқалады.

Усыған сәйкес зүрәәтликти жоқарылатыў ушын бир қанша әмелий иләжлар әмелге асырылыўы зәрүр. Булардың қатарына егислик жерлерди суў менен тәмийинлеўди жақсылаў ҳәм жерлердиң кебир ашыўының алдын алыў,

суўғарыў тармақларын қурыў ҳәм олардан пайдаланыўдың коэффиентин (КЗИ) арттырыў жатады. Солай етип, пахташылық пенен шуғылланатуғын хожалықлар зүрәәтлиликти жоқарылатыў бойынша бар мүмкиншиликлерди иске қоса алмай атырған жағдайда агротехникалық қәделерден пайдаланыўдың дәрежесиде талапка толық жуўап бермейди. Буған қосымша Арал теңизиниң бурынғы суў басып жатырған қәддиниң шолистанлыққа айналыўы менен шаңлы-дузлы қумлар шамалдың тәсиринде пахташылық зоналарын дуз тозаңдары менен қапламақта. Қәнигелердиң есаплаўларына қарағанда ҳәр бир гектар жерге жыл сайын 500-1000 кг жақын дуз қосылып егислик жерлердиң қайтадан шорланыўын пайда етпекте. Нәтижеде пахтаның зүрәәтлилигиде кемейип баратыр. Буны Өзбекстанда пахтаның орташа зүрәәтлигинде Қарақалпақ-станның тутқан салыстырмалы үлесиде тастыйқлайды (кесте-№24).

**Кесте-№24**

**Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан республикаларында пахтаның зүрәәлилигиниң салыстырмалы көрсеткишлери, ц/га.**

| Жыллар | Пахтаның егислик майданы /мың.га/ | Зүрәәтлик, ц/га | Улыўма өним, мың. Тонна |
|---|---|---|---|
| 1913 | 11,8 | 13,9 | 16,0 |
| 1928 | 27,1 | 6,6 | 18,0 |
| 1940 | 60,9 | 12,7 | 78,0 |
| 1950 | 83,6 | 16,6 | 139,0 |
| 1955 | 114,3 | 12,0 | 137,0 |
| 1960 | 131,5 | 15,8 | 207,0 |
| 1965 | 121,5 | 21,4 | 260,0 |
| 1975 | 124,0 | 31,5 | 386,0 |
| 1980 | 133,5 | 32,1 | 430,0 |
| 1985 | 151,0 | 23,1 | 361,0 |
| 1995 | 145,5 | 19,8 | 288,2 |
| 2000 | 145,0 | 13,5 | 196,8 |
| 2005 | 104,0 | 20,6 | 212,6 |
| 2008 | 102,4 | 18,4 | 182,1 |
| 2010 | 101,0 | 18,6 | 188,0 |
| 2010 жыл 1913 жылға % ес-да | 8,5 есе | 133,8 % | 11,8 есе |

Кестеде берилген мағлыўматларға қарағанда Қарақалпақстанда пахтаның зүрәәтлилиги 1970-1980-жылларда 26% ке, ал, 1980-2000-жыллар аралығында 40,5%ке кемейип кетти. Көрсетилген жыллар ишинде Өзбекстан бойынша орташа көрсеткиштен 50% дерлик кем зүрәәт алынды. Бирақ, ҳәзирдиң өзинде республиканың айрым пахташылыққа қәлиплескен хожалықларында пахтаның гектарына орташа зүрәәтлилиги 29-33 центнерди қурайды. Бул

республикада пахташылықты Өзбекстан бойынша орташа дәрежеге жетистириў ушын мол резервлердиң бар екенлигин көрсетеди. Қарақалпақстан алдағы ўақытларда пахта өнимин көбейтиў бойынша айтарлықтай резервлерге ийе ҳәм оны тезирек иске асырыў зәрүр. Жоқары өним беретуғын сорт таярлайтуғын станциялардың көрсетиўлерине, айрым алдынғы бригадалардың, сондай-ак хожалықлар-дың жетискенликлерине қарағанда зүрәәтликти гектарына түслик районларда 27-29 центнерге шекем, ал арқа зонада 21-23 центнерге жеткериўге болатуғынлығы ис жүзинде тастыйқланып отыр. Бул алдағы ўақытларда Қарақалпақстан бойынша жыл сайын өндирилетуғын пахтаның көлемин 300-30 мың тоннаға жеткериўге жол ашады.

Алдағы перспективада ҳәр гектар егислик жерден алынатуғын пахта зүрәәттин жоқарылатыў ҳәм жаңа жерлерди пахташылыққа өзлестириў жолы менен пахтаның улыўма өнимин көбейтиўге мүмкиншилик бар. Түслик районда жайласкан Елликқала, Жамбасқала, Кырыққыз абад ҳәм тағы басқа елатлардың есабынан пахтаның егислик майданы кеңейтиледи. Бул бириншиден арқа зонадағы айрым районлардан пахтаның егислик майданын туслик зонаға аўыстырыўға жол ашса, екиншиден арқа районларда ғәллешиликти ҳәм майлы егинлерди кеңнен раўажландырыўға имканиятлар береди. Солай етип, республиканың тәбийғый шәриятларын есапқа ала отырып, дийханшылық тараўларын дурыс қәнийгелестириўге өтиў ақырғы есапта аўыл-хожалығы тараўларының рентабиллигин арттырыўға жол ашыўы тийис.

**Ғәллешилик.** Төменги Амўдәрья, сондай-ақ Қарақалпақстанда ғәллешилик ең ерте ўақытлардан берли егилип киятырған дийханшылық тараўлары сыпатында белгили. Бирақ, 60-жылларға шекем бул тараў республикада товарлық әҳмийетке ийе емес еди. Ғәллешиликтиң егислик майданлары пахташылық хожалықларының аралығында жайласты.

Өндиристи орайластырыўдың ҳәм салыгершиликти раўажландырыўда басшылық ететуғын бир басқарманың болмаўы көплеген кемшиликлерге дуўшар етти. Әсиресе ирригация-мелиорация тармақларын қурыўда ҳәм таза жерлерди өзлестириўди режелестириўде кемшиликлер болды. Бул көп жыллар даўамында Қарақалпақстанда ғәллешиликтиң егислик майданларының өсиўине

ҳәм егислик майданларының көпшилигин бурынғы суўгарып егилетуғын жерлерде шекледи.

Қарақалпақстанда ғәллешиликти раўажландырыўда Өзбекстан ҳүкимети тәрепинен қойылған халықты азық-аўқатлық өнимлер менен тәмийинлеў бойынша қарарлары үлкен әҳмийетке ийе болды. Усы қарарларға сәйкес салыгершилик Қарақалпақстанның аўыл-хожалығында  жетекши тараўға айланды. Қәнийгелескен хожалықлар дүзиле баслады. Буларға Қоңрат районында дүзилген Раўшан салыгершилик хожалығы менен бир қатарда 1961-жылы шөлкемлестирилген «Алтынкөл » ҳәм  «Майжап» ҳәм т.б хожалықларын атаўға болады. 1964-жылларға келе тазадан және бес салыгершилик хожалығы дүзилди. Булар қатарына Қоңрат районындағы «Көк дәрья», Нөкис районындағы «Шортанбай», Чимбай районындағы «Октябрь» ҳәм Қараөзек районындағы «Қараөзек»,  «Мәденийят» атлы хожалықлар жатады. Кейинги ўақытларда Қарақалпақ-станда салыгершилик хожалықлардың қатары айтарлықтай өсти.

Қарақалпақстанда қәнигелескен салыгершилик хожалықларын дүзиў, оны шөлкемлестириў системасын жетистириў менен байланыслы шешилди. Усыған сәйкес 1966-жылы «Қарақалпақирсовхозстрой» басқармасы дүзилди. Ол өзиниң барлық салыгершилик хожалықлардың өндирислик ҳәм мәдений турмыс объектлерин салыўды, салыны суўғарыў тараўларын инженерлик усылда дүзиў ҳәм қайта реканструкциялаў, таза жерлерди өзлестириў, кадрлар таярлаўды ҳәм салы өндириўши хожалықларды материаллық-техникалық жақтан тәмийинлеўди өзине жәмледи. Солай-етип, өндиристи баскарыўы орайластырыў, қәнигелескен хожалықларды дүзиў  ҳәм олардың  материаллық-техникалық базасын беккемлеў үлкен әҳмийетке ийе болады. Усының нәтийжесинде салыгершилик  хожалықлардың өндирислик көрсеткишлери тез ўақыт ишинде 5,5 есеге өсти. Ал, 100 га егислик жерге туўра келетуғын тийкарғы өндирис фондларының қуны 2,6 есеге көбейди. Нәтийжеде 100 гектар егислик жерге туўра келетуғын өндирислик фондтың қуны 1980-жылға келе 139 мың сом қурады, яки бул 1966-жыл менен салыстырғанда 6,3 есеге көп деген сөз. Салыгершилик хожалықларын техника менен тәмийинлеў 1981-1985-жыллары 4 есеге өсти. Жердиң минератив жағдайларын жақсылаў ушын қурылыс ислерине бөлинген ири қаржылардың муғдары 1970-жылларда 9

млн.сом болған болса, ал 1986-жылларға келе 108млн. сомға яки 12 есеге артты. Бул ҳәм басқада иске асырылған иләжлар саны өнимлериниң көлемин арттырыўға тийкар дүзди.

**Жоңышқашылық.** Қарақалпақстан шараятында жоңышка 2,5 мың жылдан берли егилип киятыр. Жоңышқашылықты раўажландырыўдағы топлаған тәжрийбелер нәтийжесинде жоқары онимдарлы сортлар ислеп шығылды ҳәм өндириске енгизилди. Қарақалпақстан Россияға қосылыўы менен жоңышқа туқымын халық аралық базарға яки Германияға, АҚШқа, Канадаға ҳәм т.б еллерге шақырыла баслады. Бул тараўды буннан былай раўажландырыў ушын Шымбайда, төменги Әмиўдәрьяның барлық районларын жоңышқа туқымы менен тәмийинлейтуғын орайласқан пункт дүзилди ҳәм жоңышка туқымы ушын бир қанша жокары баҳа орнатылды. Қарақалпақстанда топланған тәжирийбелер тийкарында бул баҳалы экспортлық егинди тез пәт пенен раүажландырыў мақсетинде қәнигелескен жоңышқа егетуғын хожалықлар дүзилди.

Жер жүзлик урыс жылларында қыйраған қожалықлар қайта тикленди. Жоңышқалықты раўажландырыў ушын эканомикалық ҳәм шөлкемлестириў жумысларын нәзерде тутатуғын үлкен иләжлар ислеп шығылды ҳәм рабочийларды жумысларының жуўмағы бойынша қошәметлеў тәртиби енгизилди. Солай етип, 1930-жылыдың өзинде-ақ жоңышқашылықтың майданы 1913-жыллардағы дәрежесине жеткерилди ҳәм айрым районларда бул жумыслар түп тамырынан жақсыланды. Нәтийжеде 1939-жылы Шымбай районының мийнеткешлери мәмлекетке 568 тонна жоңышқа тухымын тапсырды.

Район хожалықлары 2300 гектар егислик майданның ҳәр бир гектарынан 2,67 центнерден зүрәәт алды. Айрым хожалықларда ҳәр гектар жоңышқа майданынан 11,2 центинерден тухым жетистирилди. Тез ўақыт ишинде жоңышқаның егислик майданы 40,8 мың гектарға жеткерилди ҳәм жыл сайын мәмлекетке 2,1 мыңтонна тухым таярланып, соннан экспортқа 1,7 мың тонна жоңышқа жиберилди. Бирақ, деген менен 1940-жылларда жоңышқаның егислик майданы 22,2 мың га шекем азайды ҳәм зүрәәтлик айтарлықтай пәсейди.

Екинши жаҳан урысынан кейинги дәўирде жоңышқашылық хожалықлары қайта тикленди. Пахташылықты ҳәр қыйлы аўырыўлардан, әсиресе вилттен сақлаўда ҳәм мал шарўашылығы ушын баҳалы от-жем менен тәмийнлеў махсетинде жоңышқашылыққа талап күшейди. Өзбекстан үкметиниң жоңышқашылықты раўажландырыў бойынша қабыл еткен қарарына сәйкес 1965-80-жыллардың ишинде-ақ, жоңышқаның егислик майданы қосымша 21 мың га артырылды, ал 2000-жылға келе оның егислик майданы 27 мың гектарға жеткерилди (кесте-№25).

**Кесте-№25**

**Қарақалпақстанда жоңышқаның егислик майданының өсиўи.**

| Жыллар | Барлық егинлик майдан | Жоңышқаның егислик майданы мыңга | Усыннан: барлық егислик майданға үлеси, % есабында |
|---|---|---|---|
| 1913 | 109,5 | 12,9 | 13,0 |
| 1925 | 53,7 | 5,1 | 9,0 |
| 1935 | 118,3 | 26,8 | 24,4 |
| 1950 | 159,0 | 34,8 | 27,5 |
| 1965 | 176,5 | 14,8 | 6,1 |
| 1670 | 193,1 | 22,2 | 11,5 |
| 1975 | 248,7 | 33,7 | 13,5 |
| 1980 | 312,8 | 37,3 | 11,9 |
| 1990 | 416,9 | 52,4 | 12,6 |
| 2000 | 405,8 | 39,6 | 9,8 |
| 2005 | 238,5 | 13,3 | 5,6 |
| 2005ж 1913ж-ға % есабында | 2,2 | 103,1 | -43 |

Қарақалпақстан шәриятында жоңышқа егислик жерлердиң кебир ашыўын тоқтатыў ҳәм өнимдарлығын арттырыў ушын пайдаланылады. Мысалы: 1 гектар жоңышқа 300кг таза азоты пайда етиў дәрежесине ийе. Еки жыллық жоңышқа орнына үшинши жыл үшинши жыл пахта егилгенде бир гектар жерден алынатуғын пахтаның зүрәәтлиги қосымша 15 центнерди қурайды ҳәм пахтаның бир гектар егислик майданына сарып етилетуғын мийнет шығынлары 60 адам күнине қысқаратуғуны дәлиленип атыр. Изертлеў мағлыўматларына қарағанда ҳәр бир гектар егислик жердиң есабынан зүрәәтликтиң артыўына байланыслы 400 сом пайда алыўна ҳәм мийнет шығынларын 80 сомға кемейтиўге болады. Республика аймағында кейинги жылларда жүргизилген илим-изертлеўлердиң жуўмағына қарағанда ҳәр бир гектар жоңышқаның мелироативлик пайдасы 480 сомға барабар.

Буннан басқа хожалықлар жоңышқа бедесин биринши жылы 30 центнерге, ал екинши жылы 80 центнерге жеткерип, от жемнен пайда көрмекте. Солай етип, жоңышқа егилетуғын ҳәр бир гектар жерден пахта яки салыны алмасып

егиў нәтийжесинде хожалықлар таза пайда алатуғыны тәжирийбеде сыналып атыр. Сонлықтанда пахташылықты раўажландырыўда алмаслап егиў схемасына сәйкес жоңышқашылық хожалықларын дүзиў, пахта ҳәм салы қусаған баҳалы аўыл-хожалық егинлериниң зүрәәтлигин арттырыўда, сондай-ақ, алмаслап егиўге пайдаланылатуғын егислик майданлардың есабынан мал шарўашылығы ушын беккем от-шөп базасын дүзиўге мүмкиншилик береди. Бул ақырғы есапта өндиристиң нәтийжелигин арттырыўда зор тәсир тийгизетуғыны сөзсиз.

Қарақалпақстанда жоңышқаның егислик майданын көбейтиў суў ресурсларынан рационаллы прайдаланыўғада жол ашады. Бизиң шәриятымызда жайып суўғарыў дәўиринде пахта менен жоңышқа, салы менен жоңышқа арасындағы суўға деген талап гүзде ҳәм бәҳәрде бир ўақытқа туўра келмейди. Бул өз гезегинде суў ресурсларынан дурыс пайдаланыўға жағдай таярлайды. Жобалаўшы мекемелердиң мағлыўматларына қарағанда жақын келешекте жоңышқаның майданы 75 мыңга кеңейтиледи ҳәм зүрәәтлмк артырылады. Бул Республикада жылына 3 мың тонна тухым ҳәм 500 мың тонна беде таярлаўға мүмкиншилик береди. Бул иләжлар пахта ҳәм салының зүрәәтлигин арттырыўға ҳәм шарўашылықты от-шөп пенен тәмийинлеўге имканият дүзетуғын исенимли жоллардың бири болып есапланады.

**<u>Овощ ҳәм бағшылық.</u>** қарақалпақстанда суўғармалы егисликтиң жүдә көп емес бөлегин овощ ҳәм палыз егинлери, картофель ҳәм көп жыллық мийўе ағашлары ийелейди. Олар тийкарынан ишки талапларға байланыслы раўажланбақта.

Хорезм оазисинде, соның ишинде Қарақалпақстан Республикасы белгили дәрежеде гүрбектиң, секерпараның, гулябының, бишектиң ҳәм т.б. қаўын сортларының уатаны болып есапланады. Тарнек-ең тез писетуғын сортлар қатарына кирип, ол егилгеннен кейин 30-35 күнде өним береди. Жамбылшада тез писер сортлардан есапланады ҳәм 40-45 күнде писип жетиседи, ал секерпара болса 50-55 күнде писеди. Қарақалпақстанда қаўынның кеш писер сортларына бишек жатып, ол гүздиң орталарына шекем барады ҳәм қыста сақлаўға қолайлы келеди.

Қарақалпақстанның климат шәрияты қурғақ, қуяшлы ҳәм ыссылыққа бейимлескен. Топырағы өнимдарлы аллюбиал жатқызықлардан қуралған. Бул

овощ егинлерин өсириўге пайдалы тәсир жасайды. Усыған сәйкес үлкемиздде қаўыншылық, мийуе өсириу ҳәм бағшылықты раўажландырыў мәселелери қолға алынды. Сонлықтан әмиўдәрья делтасын қалай болса солай мазалы қаўынлар өсириу ушын районластырылды. Нәтижеде мазалы қарақалпақ қаўынлары Қытай, Индия, Иранға ҳәм Азия еллерине экспортқа шығарылатўғын болды.. Кейинги жылларда Қарақалпақстан қаўынлары Россия ҳәм басқа-да еллерге шығарылып, транспортлық эканомикалық қатнасты күшейтиўге де үлкен тәсир жасамақта.

Қарақалпақстанда бағшылықты ҳәм жүзимгершиликти раўажлан-дырыў ушын да үлкен мүмкиншиликлер бар. Шредер атындағы бағшылықты ҳәм жүзимгершилик илим изертлеў институтының мағлыўматларына қарағанда Қарақалпақстанда ҳәр қыйлы вино сортларын таярлаўға мүмкиншиликлер бар.Сонлықтан кейинги жылларда алмурттың өндирислик сортларын қәнигелескен хожалықларда өсириўге байланыслы сапалы өнимлер таярлана баслады ҳәм транспорт арқалы жөнетиўге қолайлы болғанлықтан қоңысы еллерге де шығарыла баслады.

Ертеден өсирилип киятырған мийўе ағашлардан ерик ҳәм шабдал егиледи. Олар өзиниң жоқары сапалылығы менен ажыралады. Булардан ерик жоқары қантлы, ең таза ҳәм кептирилген өним таярлаў мүмкиншилигине ийе, олардың сипатламасы төмендегише.

Ерик-Қарақалпақстан шәриятында мийўе ағашларының ишиндеги ең жоқары зүрәәтлиси ҳәм үлкемизде топырақ шәриятларына жақсы ийкемлескен болып келеди. Ерик өними көпшилик жағдайларда компот таярлаў ушын пайдаланылады.

Алмурт-басқа мийўе ағашларға қарағанда бир қанша жоқары өнимдарлығы менен парқ қылады. Бул алма менен алмурттың бағшылық өндирисинде байланыстырыўға мүмкиншилик береди. Буннан басқа, хожалықта алмурт плантациясын кеңнен отырғызыў жерден өнимдарлы пайдаланыўға мүмкиншилик туўдырады.

Алма ҳәм алмурт транспорт пенен тасыўғада қолайлы, яки таза пискен түринде оларды қәлеген районға жеткериўге мүмкиншилик береди.

Қарақалпақстанның аўыл-хожалығында пайдаланылатуғын егислик жерлердиң структурасында картофель, помидор, капуста, гешир, пияз, қыяр

ҳәм тағы басқа егинлер өткен әсирдиң 30-жылларынан берли егилип киятыр ҳәм үлкемиздиң тәбийий-экaномикалық районлары бойынша қәнигелескен тараўлар қатарына кирип.жер-суў ресурсларынан агротехника қәделерине сәйкес пайдаланғанда жоқары зүрәәт береди.

Соңғы жыллары республиканың дийханшылық тараўларының структурасында овощ ҳәм палыз егинлери, сондай-ақ бағшылықтың егислик майданлары көбейтилди. Мысалы: ҳәзирги дәўирде овощтың егислик майданы 1913-жылы менен салыстырғанда 1,9 есеге, палыз егинлериниң майданы 9,2 есеге, карточканың егислик майданы 10 есеге дерлик өсти. Кейинги жыллар ишинде бағшылық ҳәм жүзимгершиликтиң де егислик майданлары айтарлықтай кеңейди. Агротехникалық иләжлардан пайдалана отырып, қәнигелескен хожалықлар дүзилди. Булардың барлығы палыз ҳәм мийўеден алынатуғын өнимниң көлеминиң артыўына ҳәм зүрәәтликтиң жоқарылаўына жол ашатуғыны сөзсиз.

Қарақалпақстан республикасында ғәрезсизликке ерискеннен кийинги жылларда дийханшылықтың жоқарыда көрсетилген тараўларын раўажландырыўды жеделлестириў бойынша үлкен иләжлар иске асырылды. 2000-2010-жыллар аралығында овощ ҳәм бағшылық хожалықлары структуралық жақтан беккемленди ҳәм егислик майданлары айтарлықтай өсти. Нәтийжеде сабзават өндириўдиң улыўма көлеми 1,9 есеге, картошка өнимлери 2 есеге, ал овощь жетистириў 23,1% ке жоқарылады. Бирақ деген менен республика бойынша палыз, жүзим өндириў әсиресе мийўе өнимлерин жетистириў жүдә төмен.

Сонлықтан Қарақалпақстан ҳүкиметиниң қарарларына сәйкес овощ, палыз, бағшылықты ҳәм жүзимгершиликти раўажландырыў ҳәм оларды аўыл-хожалығының жоқары өнимдарлығы тараўлары қатарына айландырыў, ҳәзирги күнлерде үлкен халық хожалық әҳмийетке ийе мәселелер қатарына киреди.

Бул мәселелерди инабатлы шешиў ушын Кегейли районында жайласқан Шредер атындағы Өзбекстан илим изертлеў ҳәм вино ислеў бойынша апорный пункт хызметкерлери ҳәм қәнийгелер республиканың тәбийғый-экaномикалық шәрияты ҳәм топырағына ийкемлескен таза сортларды практикаға енгизиўи зәрүр. Бул ҳәзирги ўақытта республикада 7 ислеп турған қәнигелестирген хожалықлар менен бир қатарда бағшылықты ҳәм жүзимгершиликке, овощ-сүт бағдарында қәнийгелескен хожалықларды көбейтиўге ҳәм район орайлары

этирапында қосымша тараў аралық өндирислик орайларды шөлкемлдестириўге тәсир етиўи сөзсиз. Солай етип, хожалықты өндирис аралық ҳәм агросанаатлық усылда шөлкемлестириў, егислик жерлердиң мелиоратив жағдайын жақсылаў- овощ ҳәм бағшылықты раўажландырыўда үлкен әҳмийетке ийе.

Алдағы перспективада товарлық әҳмийетке ийе бақшылық ҳәм жүзимгершилик хожалықлары Хожели-Қоңырат-Бейнеў темир жолына жақын жерлерде ҳәм Әмиўдәрьяның төменги бөлиминде дәрья алабы бойларындағы аллювиал жатқызықтан дүзилген қайыр жерлерде шөлкемлестириледи. Бул жақын келешекте овощ ҳәм бағшылықтың егислик майданларын 27,3 мың гектарға көбейтиўге мүмкиншилик береди. Солай етип, бағшылық, жүзимгершилик ҳам овощ ушын пайдаланылатуғын егислик жерлериниң кеңейтилиўи ҳәм ҳәр гектар егислик майданнан алынатуғын зүрәәтликтиң жоқарылаўы алдағы ўақытта жоқарыда аталған бағшылық ҳәм овощ өнимлериниң бир бөлимин басқа районларға ҳәм қоңсылас еллерге шығарыўға жол ашады.

## 3.4. Қарақалпақстанда мал шарўашылығының раўажланыўы ҳәм географиялық жайласыўы

Қарақалпақстанда мал шарўашылығы дийханшылық сыяқлы, аўыл хожалығының әҳмийетли тараўларынан есапланады ҳәм жыл сайын 358,8 млрд. сумм көлеминде аўыл –хожалық өнимлерин жетистиреди. Нәтижеде ол, бириншиден, халықты азық-аўқатлық өнимлери менен тәмийинлесе, екиншиден жеңил ҳәм азық-аўқат санааты тараўларын шийки зат ресурслары менен тәмийинлейди, сондай-ақ басқа экономикалық районларға шығарыў ушын тийкарғы товарлық өнимлер таярлап береди. Мал шарўашылығының раўажланған тараўларына қой шарўашылығы, ири қарамал өсириўшилик, түйе ҳәм жылқышылық, қусшылық ҳәм пиллешилик тараўлары киреди. Булардың үлесинде аўыл-хожалығында өндирилген жыллық ишгки жалпы өнимниң ½ үлеси дерлик туўра келеди. Айрым жыллар ишинде маллардың бас санының өсиўи төмендеги кестеден көриўге болады (кесте-№26).

**Кесте-№26**

**Қарақалпақстан республикасында барлық категориялардағы хожалықлар маллардың бас санының өсиўи, мың бас есабында**

| Маллардың түрлери | Жыллар | 2010 жылға % есабында |
|---|---|---|

| | 1975 | 1980 | 1990 | 2000 | 2005 | 2010 | 1975 | 2005 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **Ири қарамаллар мың бас** | **304,7** | **296,6** | **373,2** | **384,5** | **437,7** | **759,8** | **2,5есе** | **173,6** |
| **Усыннан: Сыйырлар** | **109,4** | **114,2** | **145,3** | **163,2** | **182,0** | **254,2** | **2,3есе** | **140,0** |
| **Шошқа** | **7,9** | **10,1** | | **7,0** | **3,1** | **3, 7** | **46,8** | **119,6** |
| **Қой ҳәм ешки** | **654,4** | **587,7** | **529,9** | **421,5** | **538,5** | **764,2** | **116,8** | **141,4** |
| **Усыннан: қаракол қойлары** | **495,0** | **462,9** | **374,8** | **331,4** | **371,2** | **380,5** | **76,9** | **102,5** |
| **Куслардың саны, мың бас есаб-да** | **328,2** | **730,8** | **1253,4** | **690,0** | **825,3** | **1219,5** | **3,7есе** | **147,8** |

Кестеде берилген мағлыўматларға қарағанда Қарақалпақстан бойынша маллардың бас саны тутасы менен алғанда айтарлықтай өсти. Көрсетилген жыллар ишинде әсиресе қарамаллардың, қой ҳәм ешкилердиң сондай-ақ, куслардың бас саны айтарлықтай өсти. Мысалы: 1975-2010-жылларда барлық хожалықлар бойынша ири қара маллардың бас саны 2,2есеге, соның ишинде сыйырдың бас саны 1,8 есеге көбейди. Ал, шошқалардың бас саны 60% ке кемейди. Кейинги жыллар ишинде мал шарўашылығын раўажландырыў бойынша үлкен-үлкен жумыслар исленди. Маллардың  от-шөп базасы беккемленди ҳәм кеңейтилди.

Мал шарўашылығын қәнийгелестириў нәтийжесинде хожалық аралық бирлеспелердиң, ассосациялардың ҳәм мәмлекетлик шөлкемлердиң күши менен от-шөп таярлаў пунктлерин иске қосыў, фермаларды механизацияластырыў, мал шарўашылығы комплекслерин курыў, өндирис процессин автоматластырыў ҳәм механизацияластырыў бойынша жумыслар иске асырылды.

Бул мал шарўашылық тараўларында шарўашылық өнимлердиң өндириўдиң пәтин күшейтти. 1976-жыл менен салыстыранда 2010-жыла келе Республикада гөш өндириў тирилей салиақта 2,8 есеге, сүт 1,6 есеге қаракөл терилерин таярлаў 10,4%ти курады (кесте-№27).

**Кесте-№27**

**Айырым жыллар ишинде Қарақалпақстан мал шарўашылық өнимлерин жетистириўдиң дәрежеси**

| Мал шарўашылы өнимлер түрлери | Жыллар | | | | | | 2010-жылға, % есабында | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1975 | 1980 | 1990 | 2000 | 2005 | 2010 | 1975 | 2005 |
| **Гөш(тирилей салмақта), мың .тонна** | **27,8** | **34,9** | **33,3** | **39,8** | **40,5** | **58,9** | **2,1 есе** | **145,,4** |
| **Сүт, мың тонна** | **98,5** | **134,7** | **172,3** | **126,1** | **130,4** | **183,6** | **1,9 есе** | **140,8** |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **Жүн, тонна** | **1005** | **1847** | **1910** | **462** | **564** | **861,0** | **85,7** | **152,6** |
| **Мәйек, млн. дана** | **41,4** | **59,7** | **95,9** | **82,5** | **75,9** | **46,0** | **111,1** | **61,0** |
| **Қаракөл тери, мың д.** | **85,4** | **161,9** | **101,2** | **66,3** | **52,4** | **68,5** | **80,2** | **130,8** |
| **Пилле, тонна** | **712** | **1023** | **820,2** | **820** | **681** | **548,0** | **77,0** | **80,5** |

Кестеде берилген мағлыўматлара қарағанда мал шарўашылығы өнимлери, соның ишинде гөш жетистириў бойынша алға илгерлеўлер байқалады. Бирақ буннан барша тайпадағы хожалықларда маллардың бас саны көбейди деген түсиник келип шықпайды.

Сонлықтан мал шарўашылығын раўажландырыўда тийкары мәселе өнимниң өзине түсер баҳасын арзанлатыў ҳәм өндиристиң нәтийжелигин арттырыўға қаратылыўы тийис. Бул өз гезегинде өндиристиң тийкарғы фондларынан пайдаланыўды жақсылаўды ҳәм хожалықтың ишки резервлерин толық иске қосыўды талап етеди. Көп жыллар даўамында Қарақалпақстанда қаракөл қойлары өсириледи ҳәм өзиниң биологиялық өзгешелиги бойынша шөлистанлы ыссы ҳәм қурғақшылық климатқа ийкемлесип, Қарақалпақстан шараятында тийкарғы өним беретуғын тараўлар қатарына айланды.

Қарақалпақстанда биринши қаракөл терисин өндириў XVII әсирге туўра келеди. 1673-жылы хийўа елшиси Москваға 300 қаракөл терисин сыйлыққа апарып қаракөл шарўаларының әҳмийетлилигин көпшилик еллерге танытады. Қарақалпақстанда қаракөл шарўашылығының ҳақыйқый раўажланыў ҳәм қәлиплесиўи екинши дүнья жүзлик урыстан кейинги жылларға туўра келеди ҳәм бул тараўды раўажландырыў бойынша бир қанша табыслар қолға киргизилди. Ҳәзир қаракөл қой шарўашылығы Орта Азия Республикаларының бардығына дерлик , сондай-ақ Қарақалпақстанда да кеңнен раўажланбақта. Орта Азия Республикаларында қаракөл қойлардың бас саны бойынша Өзбекстан биринши орынды ийелейди ҳәм ең сапалы қаракөл терилерин жетистиреди. Кейинги жыллар ишинде Қарақалпақстанда да раўажландырыў бойынша үлкен көлемдеги шөлкемлестириў жумыслары иске асырылды, қой шарўашылығында қаракөлшиликке қәнийгелестирилген хожалықлар саны көбейди ҳәм оларда ҳасылландырыў жумысларын шөлкемлестирилмекте және тәбийий жайлаўлардың отлақлары реконструкцияланбақта. Бирақ, шөлистанлы жайлаўларда суўландырыў мәселелариниң үзилиске түсиўине байланыслы. Тәбийий жайлаўлардан пайдаланыўдын нәтийжелиги пәс ҳәм олардың майданы Республиканың

тәбийий эканомикалық зоналары бойынша биргеликли жайласпағанлықтан мал шарўашылыына өзлестириў дәрежеси еледе төмен. Мәселен: Республиканың Қубла районларында 3 млн. гектардан аслам жайлаўлар болса, усының ҳәзирги күнде тек болғаны 51,3% ғана өзлестирилген, ал арқа районларда бул көрсеткиш 43% ти, Арал районында 5,3% тен артпайды. Республикада қәнийгелескен қаракөлшилик хожалықлары шөлкемлестирилседе, олардың көпшилиги елеге шекем қуўатлы өндирислик базасына ийе емес. Нәтийжеде қәнийгелескен қаракөлшилик хожалықларының көпшилиги дерлик сап пайда менен жумыс ислеўге кирисе алмай атыр. Сонлықтан Республикамызда қәнийгелестирилген қаракөлшилик хожалықларды тез арада шөлистанлы жайлаўлардан рационаллы пайдаланыўға өтиўи тийис. Ҳәзирги атезиан қудықлары базасында шөлистанлы отлақлар суўландырылмақта. Мысалы: Қызылқум зонасында қазылған скважинадан секундына 2 куб/м суў топлап жылына 1,8-2 мың гектар майданларды суўландырыўа мүмкиншилик береди. Бул мал шарўашылық зоналарында «суўландырылған киши массивлар» базасында тек от-шөп таярлаў емес ал овощ, бахча егинлерин өсириў, сондай-ақ, жүзимгершиликти раўажландырыўға да толық имканиятлар дүзеди.Солай етип, қой шарўашылығы зоналарында пайдаланылмай атыран резервлерди иске қосыў мал шарўашылығы өнимлериниң көлемин арттырыўға ҳә мөнимниң өзине түсер баҳасын арзанлатыўға жол ашатуғыны сөзсиз.

Алдағы перспективада Қарақалпақстан жағдайында қой шарўашылығының тийкарын қаракөлшилик бағдардағы қойлар ийелейтуғын болады. Сонлықтан Үстирт жайлаўларын өзлестириў бул жерде интенсивли қаракөлшилик бағдардағы хожалақларды шөлкемлестириўге мүмкиншилик береди. Ҳәзирги ўақытта Үстирттиң отлақларын ҳәм басқа да байлықларын интинсив пайдалнныў бойынша көплеген ислер исленбекте. 1961-жылғы Өзбекстан ҳүкимети Үстирт жайлаўларын пайдаланыўды жақсылаў ислери бойынша қарарына сәйкес Үстиртте қой шарўашылығын раўажландырыў жолға қөйылды. Үсыған сәйкес Үстиртти тез өзлестириў ислери алып барылмақта.

Үстирт жайлаўларын өзлестириў ҳәм оны аўыл-хожалық айланысына қосыў тек Қарақалпақстан ушын ғана емес,ал Қаршы,Мырзашөл ҳәм басқада аймақларды пахташылыққа пайдаланыўга байланыслы бул районлардағы қаракөл қойларды Үстирт зонасына аўыстырыўға мүмкиншилик жаратылады.

Бул Өзбекстанда қой шарўашылығын буннан былай раўажландырыўда жетекши ролди ийелейтуғыны сөзсиз.

**<u>Қарамал шарўашылығы.</u>** Қарақалпақстанда барлық хожалыкларда қарамаллардың бас саны 2010-жылғы стат мағлумат бойынша 759,6 мың басты қурайды. Гөш өндириўдиң жыллық көлеми, сойылған салмақта 50,4 мың тонна, сүт 158,7 мың тоннаны қурайды. Кейинги жылларда Әмиўдәрья дельтасының ҳәм Арал теңизи бойларының әҳмийетли тәбийий отлақлары, гөш бағдарындағы мал шарўашылығын раүажландырыў ушын кеңнен пайданылмақта. Ҳәзир бул жайлаўларда Қарақалпақстанның пахташылық пенен шуғылланатуғын орайлық ҳәм түслик район хожалықларының 60 мың бастан артық қарамаллары ҳәм Хорезм облостының 45 мың бастай қара маллары бағылады. Қарамал шарўашылығын раўажландырыў ушын суўғармалы зоналарда көп резервлерге ийе. Тек суўғармалы зорналардың есабынан ҳәр жылы 100-120 мың тонна беде яки Республикада жыйнап алынатуғын қатты щт-шөптиң жартысы таярланады. Буннан басқа Әмиўдәрья дельтасындағы тәбийий жайлаўлардың есабынан ҳәр жылы 300 мың тоннадай шөп таярланады ҳам бул район толығы менен гөш бағдарындағы мал шарўашылыққа қәнийгелестирилди. Жаз айларында бул жерде Республиканың барлық ири қарамалларының 2/3 бөлеги бағылады. Бул пахташылық ҳәм ғәллешилик хожалықларында жумыс працессин дурыс шөлкемлестириўге мүмкиншилик дүзбекте. Соңғы жылларда қала халқы санының көбейиўине байланыслы қала әтирапы сүт бағдарындағы шарўашылық фермалары дүзилип, бул қала халқын сүт пенен тәмийинлеўде үлкен әҳмийетке ийе болды.

Солай атип, қала әтирапы сүт хожалықларын шөлкемлестириў биринншиден сүтке болған талапларды шешиўге тийкар дүзсе, екиншиден бул тараўды санаат тийкарында дүзиў жолы менен аўыл-хожалық өнимлериниң көлемин артырыўға мүмкиншилик таяроанбақта. Сүт бағдарындағы мал шарўашылығы, қусшылық ҳәм шошқашылық ушын тасып алып келинетуғын көпшилик от-шөплер суўғарылып егилетуғын зонадағы егинлердиң тийкарында таярланбақта. 2008-жылғы мағлыўмат бойынша от-шөплик егинлер барлық егислик майданлардың 39,4% ийелейди. Буннан басқа пахта ҳәм ғәлле ушын 300-350 мың гектардай егислик жерлер пайдаланылып, олардан топланған таслацдылар да пайдаланылады. От-шөплик егинлер ишинде жетекши орынды

жоңышқа ҳәм мәкке, жүўери ийелейди. ҳәм бул егинлердиң майданын кеңейтиў ушын республикада үлкен мүмкиншиликлер бар. Буннан баска Республикада жоңышқашылықты раўажландырыўға буннан былай үлкен әҳмийет берилди. Алдағы перспективада жоңышқа тек алмаслап егиў схемасындағы дақыл ролин атқарып қоймастан мал шарўашылығы тараўын, әсиресе саўын бағдарындағы малларды жоқары витаминли от-шөп пенен тәмийинлейтуғын болады. Қарақалпакстан аўыл-хожалыгының структурасындагы ең әҳмийетли қосымша тараўлар ретинде бағшылық, жүзимгершилик, овощ ҳәм палыз егинлерин раўажландырыўға да айрықша итибар берильекте. Усыған сәйкес бул тараўдың егислик майданлары кеңейтилди ҳәм ҳәр бир гектар жерден алынатуғын зүрәәтлик жоқарылады. Нәтийжеде қарамал шарўашылығын раўажландырыў ушын қосымша от-шөп баланысын дүзиўге мүмкиншилик таярланбақта.

**<u>Қой шарўашылығы:</u>** Қарақалпақстан Республикасы кең көлемдеги тәбийий жайлаўлар ҳәм отлақлардың майданына ийе. Оның улыўма көлеми 10 млн. гектарды қурап, тийкарынан үш тәбийи районнан турады: 1) Қызылқум, 2) Үстирт 3) Әмиўдәрья делтасы. Усыннан Қызылқум тәбийий районы 2,3 млн. гектардай жайлаўларды ийелеп, оның жыллық от-шөплик запасы 6-7 млн. центнерди қурайды. Бул жылына 700-800 мың бас қаракөл қойларын сақлаўға ҳәм раўажландырыўга мүмкиншилик береди. Бирақ, тәбийий жайлаўларда суўландырыў дәрежеси төмен болғанлықтан еледе болса қой шарўашылығында төмен дәрежеде өзлестирилмекте. Усыған сәйкес мал жайылымы ушын қосымша жайлаў-ларды өзлестириў мәселеси ҳәзирги күнниң баслы проблемасына айланды ҳәм республиканың шарўашылық аймақлары есабынан қосымша 2,6 млн. гектардай жайлаўлар яки өзлестириўге тийисли жайлаўлардың 30% өзлести. Бунда 450 артезиан скважиналары қурылды ҳәм 173 шахта типиндеги қудықлар қазылып пайдаланыўға берилди. Келешекте жайлаўларды өзлестириў менен хожалықлардың орайларын қурыў ҳәм мәденийлестириў, сондай-ақ олардың өндирислик қурылысларын салыў қолға алынады. Мәселен: Қызылқум тек жайлаў ушын емес ал сүримге жарамлы жер фондына да ийе. Оның улыўма майданы 250 мың гектарды қурайды. Бул егислик ушын пайдаланыўға да өте жарамлы. Ҳәзир Қызылқум тәбийий районының Қырыққыз массивинен өзлестирилген жерлер гектарына 23-25

центнер пахта, 50 центнер мәкке көк массасын ҳәм 110 центнер беде бермекте. Бул жерде артезиан суўлары менен суўғарыў тийкарында от-шөп таярлаўға ҳәм шопанлардың овощқа деген талабын қанатландырыў ушын көлемли жумыслар исленбекте. Қаракөл-шилик хожалықлардың эканомикалық корсеткишлерин анализлеў Қызылқум тәбийий районының от-шөп ресурсларын дурыс пайдаланыў үлкен әҳмийетке ийе екенлигин көрсетип атыр.

Қарақалпақстан шараятында қаракөл қой шарўашылығы мәмлекетлик көз қарастан, сондай-ақ жергиликли халықлардың қызығыўшылығы бойынша да үлкен әҳмийетке ийе тараў. Сонлықтан қаракөлшиликти интенсивли раўажландырыў Қарақалпақстан шәриятында пахташылық пенен бир қатарда үлкен табыс келтириўи сөзсиз. Үстирт тәбийий районының отлаклары да елеге шекем шарўашылық ушын толық өзлестирилген жоқ. Бул тәбийий географиялық район 7 млн. гектардан аслам жайлаўды ийелеседе көп ресурслары толық изертленбегенликтен ҳәм қолайсыз тәбийий климат шараятларына байланыслы перспективасыз районлар қатарында тилге алынып келди. Бирақ, Қоңырат шарўаларының тәжирийбелерине ҳәм кейинги жыллардағы жүргизилген илимий-изертлеў жумысларының жуўмақларына қарағанда, Үстирттиң Қарақалпақстанға тийисли бөлиминиң от-шөп запасы 1,1 млн. тонна болып, ол 1,2 млн бас қой ҳәм жүз мың бас түйени бағыўға мүмкиншилик беретуғыны анықланды. Үстирттиң от-шөплик ресурсларын жылдың көпшилиу ўақытларында пайдаланыўға болады. Бирақ, суў дереклери кем болғанлықтан ҳәзир сардобалардың суў баланыслары тийкарында аз көлемде пайдаланылмақта. Усыған сәйкес жайлаўларды суўландырыў ислерин жақсылаақсетинде артезиан қудықларын қазыў жумысларына итибар бермекте. Булл келешекте шарўашылық хожалықларында қойлардың бас санын көбейтиўге ҳәм қой шарўашылығы зоналарында қосымша аўыл-хожалық өнимлерин жетистириўге мүмкиншилик дүзеди.

Солай етип, жақын келешекте Қарақалпақстанда қойлардың бас саны 700 мың басқа көбейиў, олардан алынатугын гөш өнимлериниң көлеми 7500 тоннаға, ал, жүнди 1100 тоннаға жеткериў мүмкиншиликлери бар. Бул белгиленген ўазыйпаларды иске асырыў Қарақалпақстанның есабынан Өзбестанның басқа регионларында мыңлаған гектар майданларды бағшылық ҳәм басқа дийханшылық тараўлары ушын өзлестириўге реал мүмкиншилик

дүзиледи ҳәм жайлаўлары шекленген аймақлардан маллардың бас санының әдеўир бөлеги Қарақалпақстан жайлаўларында бағылатуғын болады.

Қарақалпақстанлы дийханлар Андижанлыларды қошлай отырып аўыл хожалығын, ҳәсиресе шарўашылықты интенсив раўажландырыў бойынша баслама көтермекте. Бул жаңа технологияға тийкарланған бағдар есапланып, келешекте дийханшылықты интенцификациялаў жолы менен ҳәр гектар егислик жерден алынатуғын ҳасылдарлықты жоқарылатў есапланады. Нәтийжеде дийханшылық тараўларында 297-310 мың тонна пахта, 0,5 млн. тонна ғәлле ҳәм т.б аўыл хожалық өнимлерин таярлаўға мүмкиншилик жаратылады. Бул дийханшылық пенен бир қатарда шарўашылық тараўларын раўажландырыўға ҳәм аўыл хожалығының өнимдарлығын арттырыўға мүмкиншилик береди.Солай етип, шарўашылықта үлкен режелердиң ис жүзине асыўы халқының материаллық абаданлығын жақсылаўға тийкар дүзеди.

Жуўмақлап айтканда, Қарақалпақстанда мал шарўашылық тараўлары кейинги жыллардың ишинде айтарлықтай раўажланды. Мәселен: 2008-жылды 1975-жыллар менен салыстырғанда ири қарамаллардың бас саны 2,2 есеге, соның ишинде сыйырлардың бас саны 1,8 есеге көбейди. Бирақ деген менен Қарақалпақстанда мал шарўашылығының ҳәзирги раүажланыў дәрежеси халықтың өсип баратырған шарўашылық өнимлерине деген талапларын толық қанатландырмайды. Сонлықтан келешекте мал шарўашылығын кескин раўажландырыў ҳәм оның онимдарлығын арттырыў ең баслы ўазыйпалар қатарына киреди.

***Сораўлар ҳәм тапсырмалар:***

***1. Аўыл хожалығы ҳаққында тусиник бериң ҳәм аўыл хожалық жумысларын алып барыўға тәсир ететуғын факторларды белгилең?***

***2. Қарақалпақстан Республикасы аўыл хожалығының тараўлық структурасын белгилең ҳәм онда дийханшылықтың роли ҳәм әҳмиетин анықлаң?***

***3. Қарақалпақстанда аўыл хожалығының раўажланыўы ҳәм аймақлық өзгешеликлери ҳаққында сыпатлама бериң жәнe шарўашылық тараўларының дийханшылық пенен үйлесиўи ҳаққында фрагментарлық схема ўзиң?.***

***4. Аўыл хожалығы тараўларын қәнигелестириў ҳәм комплексли раўажландырыў деген тусиниклерге дәлиллемелер таярлаң ҳәм баслы тараўдың (пахташылықтың) қанигелесиў дәрежесиниң районлық коэффиценттен жоқары ямаса төмен екенлигин анықлаң?.***

***5. Қарақалпақстанда аўыл хожалық өнимлерин жетистириўде дийқаншылықтың салыстырмалы үлесин анықлаң ҳәм өндиристиң тараўлық структурасын сыпатлайтўғын дийаграмма дүзиң?***
***6. Қарақалпақстанда шарўашылық тараўларын аймақлық шөлкемлестириўди жетилистириў иләжларын дүзиң ҳәм шаруашылық хожалықларда нәтижелликти жоқарылатыў жолларын атап көрсетиң?***
***7. Шарўашылық тараўларында қаракөлшиликти раўажландырыўдың бағдарларын белгилең ҳәм жайлаўларды қайта тәмирлеў бойынша иске асырылып атырған жумысларға анализ бериң?***
***8. Бапта берилген кесте мағлыўматлары тийкарында өним таярлаўдың өсиў пәтин белгилейтуғын диаграмалар дүзиң ҳәм әмеллий жумысларды орынлаң?***

# IV-БАП. АРАЛ ДАҒДАРЫСЫ ШАРАЯТЫНДАҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА АЎЫЛ-ХОЖАЛЫҒЫН РАЎАЖЛАНДЫРЫЎДЫҢ БАСЛЫ БАҒДАРЛАРЫ

## 4.1.Арал дағдарысының келип шығыў себеплери ҳәм оның Қарақалпақстанда дийханшылықтың раўажланыўына тәсири

Әмиўдәрья бассейини ҳәм оның Арал теңизине жақын жайласқан төменги ағысы жер жүзиндеги ең ири суўғарылып егилетуғын дийханшылық регионлардың биринен есапланады. Бул аймақта 10 миллион гектардан аслам суўғарылып егилетуғын жер майданлары жәмленген. Ҳәзирги ўақытта усы жерлердиң текғана 2,8 миллион гектары суўғармалы дийқаншылықтан пайдаланып отыр. Усыннан Өзбекстанның үлесине 1,6 миллион гектарда егислик жерлер тийисли.

Тың ҳәм партлаў жерлерди өзлестириў Әмиўдәрья бассейинде екинши жер жүзлик урыстан кейин кеңнен раўажлана баслады. Өз күшине ҳәм қоңсылас Һеспубликалардың жәрдеминде сүйенген үлкемиздин халқы кысқа ўақыт ишинде Әмиўдәрья бассейинде тың ҳәм партлаў жерлерды өзлестириўде әдеўир табысларға еристи. Нәтийжеде, аўыл хожалығынан жыйнап алынатуғын көлеми артты. Бул Орта Азия республикаларын аўыл хожалығында өндирилетуғын өнимниң 1/3 деген сөз. Аўыл хожалық өнимлерин көбейтиў тийкарынан ишки резервлерди пайдаланыўдын ҳәм ири аўыл хожалық жумысларын орынлаўға, әсиресе секундына 400 куб.метр суў өткериў

мүмкиншилигине ийе. Қаракум каналының секундына 195 куб метр суў өткеретуғын, Қаршы магистраллық каналының ҳәм суў жыйнаў сыйымлылығы 1,5 млрд куб.метрлик талиймаржан суў саклағышының және секундына 140 куб метр суўды мащина менен тартып шығаратуғын Әмиў-Бухара каналы усаған ири суў хожалығы объектлерин қурыўдың есабынан ерисилди. Солай етип, Әмиўдәрьяның орта ағысында 1965 жылдан баслап Қарақум каналы, 1968 жылдан баслап Әмиў-Бухара каналы, ал 1973 жылдан баслап Қарши магистрал каналы ислеп киятыр. Суў хожалығы объектлериниң қурылыўы аўыл хожалық егинлериниң майданын 2,3 есеге, атап айтқанда Қарақум каналы зонасында 3,5 есеге көбейиўине тәсир етти (кесте-№28).

Жоқарыда берилген мағлыўматларға қарағанда суўғарып егилетуғын егислик жерлердиң майданларының көбейиўи нәтийжесинде пахташылық хожалықларының өндирислик потенциалы беккемленди. Аўыл хожалығы тараўларының структурасын жетилистириўге байланыслы суўғарып егилетуғын дийханшылықтың егислик майданлары айтарлықтай көбейди. Мәселен, 1958-жылларда айырым хожалықларда пахтаның егислик майданы улыўма дийханшылықтың егислик майданларының 65-70% тутқан болса, ал ҳәзир ол дерлик еки есеге қысқарды. Яғный пахташылық ушын ажыратылған майдан суўғарылып егилетуғын дийханшылық барлығы болып 39-42 % тин қурайды. Суўғарылып егилетуғын егинлердиң майданын жетилистириўге байланыслы пахта өнимин өндириў 1958 жылғы 1,2 млн. тоннаның орнына 1990 жылы 3,2 млн. тоннаға артты.

**Кесте-№28**

**Әмиўдәрьяның орта ҳәм төменги ағысында жайласкан административлик районларда суўгармалы дийханшылықтың егислик майданларының өсиўи ҳәм жылына Әмиўдәрьядан алынатугын суўдың көлеми**

| Көрсеткишлер | Ж Ы Л Л А Р | | | | | | 1995 жыл 1950 ж., % ес.да |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1950 | 1955 | 1965 | 1975 | 1985 | 1995 | |
| Туркменистан республикасы | 368,0 | 407,0 | 517,0 | 817,0 | 1027.0 | 1232,0 | 3.3 есе |
| Ашхабад обл. | 108,2 | 82,4 | 131,5 | 196,0 | 254,0 | 307,0 | 2,8 есе |
| Мары обл. | 62,4 | 106,4 | 149,5 | 295,0 | 325,0 | 365,0 | 5,8 есе |
| Чарджау обл. | 81,8 | 98,9 | 116,6 | 157,0 | 167,0 | 251,0 | 3,1 есе |
| Ташауыз обл. | 95,6 | 119,0 | 119,6 | 109,0 | 261,0 | 309,0 | 3,2 есе |
| Өзбекстан Республикасы | 821,4 | 897,9 | 848,5 | 909,2 | 137,8 | 561,4 | 68,3есе |
| Қарақалпакстан республикасы | 159,0 | 177,5 | 245,4 | 252,0 | 409,5 | 416,9 | 2,6 есе |
| Хорезм обл. | 125,1 | 141,9 | 151,0 | 188,0 | 200,1 | 233,9 | 1,8 есе |
| Қашқадәрья обл. | 354,8 | 375,9 | 215,6 | 237,6 | 553,8 | 616,0 | 1,7 есе |
| Бухара обл. | 192,5 | 202,6 | 202,5 | 251,7 | 224,4 | 294,8 | 153,1есе |
| Әмиўдәрья орта ҳәм төменги | 1189,4 | 1304,9 | 1363,5 | 272,2 | 2414,0 | 2293,4 | 192,8 % |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **ағыс. жайлас қан р.нлар б-ша егис майд. барлығы, мың га** | | | | | | | |
| **Әмиўдәрьяның орта ҳәм төменги ағыс.да пайд.тў ғын суўдың муғдары, млрд. м3** | **9,8** | **10,8** | **18,9** | **30,8** | **38,6** | **40,3** | **4,1есе** |
| **Жылына Арал теңизине қўятўғ.-суў\ көлеми, млрд.м3** | **52,3-** | **25,4-** | **25,0-** | **10,6** | **2,4** | **1,6** | **-32,7есе** |

Суўғарылып егилетуғын жер майданларының көбейиўине байланыслы Әмиўдраьяның орта ҳәм төменги ағысында Әмиўдәрья суўынан пайдаланыў әдеўир артты. Суўғарыў ушын жумсалатуғын суўдың көлеми ҳәзирдиң өзинде 39-41 млрд куб метрди қурайды. Соның ишинде Әмиўдәрьяның орта ҳәм төменги ағысында жылына пайдаланатуғын суўдың көлеми 30-32 млрд. куб метрди қурамақта ҳәм ол жыл сайын көбейип бармақта. Мәселен, Қарақум каналының Әмиўдәрьядан алатуғын суўының муғдары 1958-жылы секундына 168 кубметрди қураған болса. 1965-жылы 219 кубметрди, 1970-жылы 330 кубметрди, ал 1975-жылға келип 400 кубметрди қурады. Қәнигелердиң болжаўына қарағанда алдағы ўақытта бул көрсеткиш секундына 680 кубметрге жетиўи күтиледи. Ал Қаршы магистраллық каналының Әмиўдәрьядан жылына алатугын суўының муғдары секундына 300 кубметрди, Әмиў-Бухара каналы 112 кубметрди қурайды. Қарақум магистраллық каналы қурылыўы нәтийже-синде тек Туркменистанның өзинде пахтаның егислик майданы 1958-жыллардағы 195 мың гектардан 1990-жылы 625 мың гектарға көбейди. Соның ишинде 330 мың гектар жер тиккелей Қарақум каналының тәсир ететугын зонасына пайдалныўға берилди. Соның менен бир қатарда Керки бақлаў станциясынан баслап Шатлы станциясына дейинги 815 километр-лик аралықта 20 дан аслам магистраллы Әмиўдәрья суўынан пайдалан-бақта. Мәселен, солардың ирилеринен секундына 43 кубметр суў алып турған Қуарық 33 кубметр суў алып турған Берзен, 38 кубметр суў алату-ғын Саятнаўқан ҳәм тағыда басқа каналларды көрсетип өтиўге болады.

Әмиўдәрьяның Түйемойын суў сақлағышы менен Тақияташ гидроузелиниң аралығында секундына 276 куб метрден аслам суў алыў мүмкиншилигине ийе. Бирканша магистраллы кналлар жумыс ислейди. Булар қатарына секундына 170 куб метр суў алыў қуўатына ийе ташсаға ҳ.т.б. каналларды атаў мүмкин. Солай етип, Әмиўдәрья бассейнинде суўғарыў тармағының улыўма узынлығы 104 мын километрден асып кетти. Усынан бетон жамылғы менен қапланған суўғарыў сетлери барлығы болып 2782

километрди ғана қурайды. Ал қалғанларында суўдын фильтрацияланыў жолы менен сарып болыўына ҳеш нәрсе исленбеген. Әмиўдәрья суўының әдеўир муғдары суў сақлағышларды толтырыўға жумсалынбақта. Оның мугдары ҳәзирги дәрьяның дәўирде Әмиўдәрьяның орта ҳәм төменги ағысында 13 млрд. куб метрден асады. Соның менен бир қатарда Қарақум каналы зонасында бир қатар суў сақлағышлардың қурылысы еледе даўам етип атыр. Ири магистраллы каналлар менен бир қатарда Әмиўдәрья суўы қалкымалы насос станциялары арқалыӘмиўдәрьядан секундына 200-220 куб метрге шекем суў тартып алынаӘмиўдәрья суўының көп муғдарда суўғарыўға ҳәм басқа да мақсетлерге пайдаланыўы ақыбетинде айырым районларда жердиң кең көлемде кебир ашыўына алып келсе, ал айырым районларда суў қурып қурғақшылык нәтийжесинде шөлистанлықлардың майданы артпақта ҳәм Арал дағдарысы қусаған глобаллық машқалалар пайда болды.

Қәнигелердиң пикирине қарағанда Қарақум каналының ҳәм басқа да магистраллық каналлардың қурылыўы аўыл хожалық өнимлерин көбейтиўге, сондай-ақ үлкен халық хожалық әҳмийетине ийе маселелерди шешиўге мүмкиншилик туўдырды. Қолайлы тәбийий жағдай ҳәм Қарақум каналының суўы канал зонасында пахта өнимлериниң көлемин 4 еседен де аслам көбейтиўге мүмкиншилик туўдырды.

Ҳәр жыл сайын канал зонасында 180 мың тоннадан аслам овощь, 100 мын тоннаға жақын палыз өнимлери, 130 мын тоннадан 1,4 мың тоннаға шекем пилле ҳәм басқада өнимлер жыйнап алынбақта. Канал зонасынан өндирилетуғын аўыл хожалық өнимлериниң қуны 1958 жылларға салыстырғанда 3,5 есеге өсти. Бирақ деген менен ҳәзирги ўақытта ҳәммеси жоқарыда көрсетип өткенимиздей инабатлы емес. Бурыңғы шөлистанлы аймақлар барынша изей суў менен қапланбақта. Бурыңғы канал зонасындағы мол өним берип келген атызлар бүгин көрсең аппақ қар жамылғы менен қапланып, шорға айланбақта. Жер асты изей суўлары да жылдан жылға көбеймекте ҳәм бул ҳәдийсе егислик жерлердиң мелиоративлик жағдайының бузылыўын пайда етип атыр. Ҳәзирдин өзинде Туркменистанның Қарақум каналы зонасында шор ашқан 280 мың гектар егислик жерлер үлкен жәрдемге мүтәж. мелиоративлик бақлаў мағлыўматына қарағанда бул жерлер аўыл хожалық айланысынан шығып қалыў алдында тур. Бул жерлерди қайта қәлпине

келтириў дәслепки өзлестирген қаржыға қарағанда онлаған есе көп шығынды талап ететуғыны сөзсиз. Бирак соған қарамастан Туркменистанда жаңадан ашылатуғын егислик жерлердиң майданын көбейтиў ҳәм Әмиўдәрьядан Қарақум каналына алынатуғын суўдың муғдары  көбейип бармақта.

Усындай шараятта Әмиўдәрья бассейининиң екинши тәрепинде жайласқан Арал теңизи кеўип суў басып жатырған орынларда үлкен көлемдеги қумлы – дузлы «Аралқум» шөлистани пайда болмақта. Соңғы 40 жыл ишинде теңиздиң суў қәдди 21-22 метрге төменледи. Егер биз Әмиўдәрья суўын комплексли түрде үнемлеп пайдаланыўды үйренбесек ол тағыда кери тәсирин тийдириўи сөзсиз. Деген менен, Қарақум каналы зонасында изей суўлардың ҳәдден тыс топланыўы нәтийжесинде шөлистанда қолайлы микроклимат пайда етиўди арман ететуғын келте қонышлы жергиликли қәнигелердиң арманы орнына экологиялық дағдарыслар пайда болмақта. Сонлықтан узақ мүддеттеги мақсетлерди тек жергиликли мәп пенен алмастырыўды гөзлейтуғын сиясат орнына мәселени ақылға муўапық комплексли шешиўдиң «әйне ўақты» жетти деп есаплаў зәрүр.

Оны қалай шешиў мүмкин?

Тилекке қарсы бул маселе бойынша қоңсы еллерде ҳәзирше бир тутас көз қарас жоқ.

Биреўлер: Каспийге дейин өз пәти менен ағатуғын коллектор қурыў керек десе, ал екиншилери Қарақум каналы зонасынан босаған қашырын-ды суўларды орайлық Қарақумға топлап «теңиз» пайда етиў қажет дейди.

Бәри де дурыс. Лекин усындай жағдайда «Аралдың тәғдири» қандай болады? Миллионлаған кубометр коллектор-дренаж суўларын не қылыўмыз керек? Бул суўлар қалай болса солай сахраның төрине сиңип кете береме, ямаса бул туўралы басқаша шешимлер ислеп шығыўдың яки мүмкин болғанша ҳасылдар топырақлы жерлерди қашырынды изей суўлардан қутқарыўдың жоллары жоқпа екен?

Бизин пикиримизше тәбиятта да барлык нәрсе балансласған. Егер, баланс бузылып тасландылар барлық нормативлерден асып кетсе, бундай өндирис узаққа бармайды. Ҳәр қандай таслаңдылардың топланыўының шамаланған шеги бар. Егер өндирис резервлеринен комплексли пайдаланыў туўралы айтатуғын болсақ онда машқаланың шешими тек бир ғана жол менен яки

суўдан пайдаланыў технологиясын жетилистириў ҳәм аўыл хожалығында пайдаланатуғын резервлер айнасын барынша тезлетиў арқалы шешилиўи шәрт. Қарақум каналы, Қаршы ҳәм Әмиў-Бухара каналы зонасында да усылай ислеў талапқа сәйкес келеди. Бул ҳеш қандай кейинге шегиниў деген түсиникти пайда етпейди. Мәселен: 1958-жылларда Қарақум каналының биринши гезеги иске түскен дәуирде Мары ҳәм Ашхабад ўалаятларындағы пахта егилетуғын егислик майдан 70 мың гектардан ибарат болып, жылына 143 мың тонна әтирапында пахта жыйналатуғын еди, ал 1990 жылларда бул аймақта пахтаның егислик майданы 300 мың гектардан ибарат болып, оннан 551 мың тонна пахта өними жыйнап алынды. Ал жоқарыдағыдай суў хожалыгы қурылысы жүргизилмеген Чаржаў ҳәм Ташаўыз ўалаятларында улыўма пахта жетистириў 856 мың тоннаға жетти. Егислик жерлердиң майданы 324 мың гектарды қурады. Солай етип Чарджаў ҳәм Ташаўыз ўалаятларында жыллық пахта таярлаўдың көлеми Қарақум каналы зонасына жақын жайласқан ўалаятларға қарағанда 57% ке көп болды. Бул ҳәм басқа да жағдайлар Әмиўдәрьяның орта ҳәм төменги ағысында жайласқан административлик районларда дийханшылық тараўларын территориялық жақтан шөлкемлестириўди барынша жетилистириў зәрүрлигин келтирип шығарып отыр. Жер жүзилик практикада ири дәрьялар бассейнинде егислик жерлерди өзлестириў дәрьяның төменги ағысынан басланады. Тилекке қарсы жер жүзилик практикада қолға киргизилген бул үлкен жетискенликлер ҳәр қыйлы себеплер менен, ямаса пахта ғәрезсизлигине ерисиў сондай-ақ «дүнья жүзилик базарды» қолда услаў қусаған лезунгалар менен бул «баҳалы» тәжрийбеге дыққат аўдарылмады. Солай етип, бүгинги баслы ўазыйпа регионда пайда болған экологиялық дағдарысты боранластырыў арқалы халықтың буннан былайда абадан жасап қалыўын тәмийинлеў ҳәм узақ жыллар даўамында дүзилген өндирислик потенциалды беккемлеў бас мәселе болыўы тийис.

Ҳәзирги ўақытта Әмиўдәрьяның төменги ағысында яғный Арал кризисиниң тиккелей қәўпи астында Қарақалпақстан Республикасы, Хорезм, Ташаўыз ҳәм Қызылорда ўалаятлары жайласып, буларда 7 миллионнан аслам халық жасап атыр. Бул Туркменистанда ямаса Қырғызыстанда жасайтуғын халық саны менен дерлик бирдей деген сөз. Сонлықтан мәселени өз-ара келисилген жағдайда шешиў регион халқын зәрүрли муғдарда азық-аўқат

өнимлери менен тәмийинлеў биринши гезектеги машқала болыўы тийис. Регионда жасаўшы халықты тутыныў товарлары менен тәмийинлеў ушын өндиристе пайдаланылмай атырған резервлерди излестириў ҳәм иске қосыўды тезлестириў мақсетке муўапық деп есаплайман. Сондай–ақ Түйемойын ҳәм Тақыяташ гидроузели зонасында суўғарылатуғын егислик майданларға сарып етилетуғын суўдың нормасын оптимизациялаў, Қарақум каналы ҳәм баска да каналлар зонасындағы зыят суўлардың бир бөлегин Әмиўдәрьяның төменги ағысына қарай барыў мүмкиншиликлерин излеў ҳәзирги күнниң ең баслы машқалаларынан есапланады.

## 4.2. Экологиялық дағдарыс шараятында аўыл-хожалығы тараўларын аймақлық шөлкемлестириўди жетилистириў жоллары

Әмиудәрья алабы аўыл-хожалығы тараўларын, әсиресе дийханшылықты раўажландырыў ушын көлемли жер ресурсларына ийе. Оның бир бөлими (2,3 млн. га) Тахыяташ гидроузели тәсир ететүғын зонада жайласса, ал қалғаны (0,6 млн. га) Туйемойын гидроузели тәсир ететұғын қубла районлардың әкимшилик территориясында, ал 0,2 млн.га егисликке жарамлы жерлер Араль тәбиийий экономикалық районында жайласқан. Үсыннан Қарақалпақстанның үлесине 1,9 млн. гектардан аслам егислик жерлердиң майданы түўра келеди.

Әмиўдәрьяның төменги ағысында жайласқан Қарақалпақстан Республикасының территориясында суўғармалы дийханшылықты, әсиресе пахташылық, ғәллешилик тараўларын раўажландырыў ушын пайдаланыўға жарамлы 1290 мың га сүрим жерлер бар. Үсыннан ҳәзирги ўакытта суў менен тәминленген егислик жерлер 500,1 мың га ал дийханшылықта пайдаланып атырған егислик жерлер барлығы болып, 419,6 мың гектарды қурайды.

Келешекте халықтың азық-аўқат ҳәм санаттың айрым тараўларының шийки зат өнимлерине деген талабын қанаатландырыў мәҳсетинде 2015 жыллардың биринши басқышында суўғарып егилетүғын егислик жерлердиң көлемин 14-17 % ке, ал екинши басқышында 27,6 % ке көбейтиў иләжлары жобаластырылған еди. Буны республикада дийқаншылықтың раўажланыўына арналған цифрлы көрсеткишлер ҳәм 1990-2010 жылларда қолға киргизилген айрым тәжрийбелерде толық тастыйықлайды (кесте-№29).

Бирақ Әмиўдәрьяның суў дереклериниң төменги ағысында кескин қысқарыўына байланыслы суўғарып егилетуғын аўыл-хожалық дақылларының структурасын кайта қарап шығыў зәрүрли болып отыр. Себеби, кейинги жылларда Әмиудәрьяның төменги бөлиминде суўды көплеп талап ететуғын дақыл-салыгершилик тараўлары дийханшылықтың егислик майданының структурасына енгизилген еди. Әсиресе ҳәзир бул дақыл Қарақалпақстанда суўғарып егилетуғын егислик жерлердиң әдеўир бөлимин ийелеп келмекте.

Усыған сәйкес айрым районларда, әсиресе Қарақалпақстанның арқа зонасында пахтаның егислик майданлары көпшилик хожалықларда, ҳәттеки район аймағында салыгершилик пенен алмастырылды. Нәтийжеде жердиң мелиоративлик жағдайы өзгериске ушырады ҳәм бүрынғы пахташылық пенен шуғылланған хожалықлар пүтиккелей өндирислик бағдарын өзгертип, салыгершиликке қәнийгелесе баслады.

**Кесте-№29**

**Қарақалпақстанда ҳәзирги, жақын келешекте ҳәм узақ мүддетлерде дийханшылық тараўларының егислик майданларының өсиў пәти.**

| Тәбийий экономикалық районлар ҳәм суўғарыў системалары | Ҳәзирги суў менен тәминленген егислик Майданы | Суўғармалы егислик жерлерди кеңейтиў мүмкиншиликлери | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | *Жақын келешекте* | | Алдағы перспективада өзлестир.ге жарамлы жерлер | |
| | Мың га | Мың га | % есабында | Мың га | % Есабында |
| **Қубла зона усыннан:** | **120,3** | **160,7** | **33,8** | **356,0** | **27,6** |
| **Қлычниязбай Қыпшақ-Боз-суў каналлары** | **33,2** | **37,0** | **5,8** | **41,0** | **3,2** |
| **Пахта Арна каналы** | **87,1** | **124,7** | **22,9** | **315,0** | **24,4** |
| **Арқа зона усыннын:** | **293,7** | **308,4** | **64,7** | **734,0** | **56,9** |
| **Сүўенли** | **133,7** | **136,4** | **31,1** | **239,0** | **18,5** |
| **Қызкеткен** | **160,0** | **172,0** | **39,0** | **495,0** | **38,4** |
| **Арал районы** | **5,6** | **7,6** | **1,5** | **…** | **…** |
| **Мойнақ р-н-ы** | **5,6** | **7,6** | **1,5** | **200,0** | **15,5** |
| **ҚР бойынша барлығы:** | **419,6** | **476,7** | **100,0** | **1290,0** | **100,0** |

Бирақ арқа зона көлеминде пахтаның егислик майданы бүрынғы көлеминде қалды, ал айрым районлар пахташылық, бақшылык, жүзимгершилик ҳәм дийҳаншылықтың басқада тараўларыменен шуғылланып, өдирис тараўларының нәтийжелилигин пәсейтти, ҳәттеки айырым хожалықлар үлкен шығынларға үшырап мәмлекет алдында қарыздар болмақта. Бул орынсыз қалиплескен шараятлар дийханшылық тараўларын аймақлық

принципте шөлкемлесириў мәселелерин қайта қарап шығыўды талап етип отыр. Дурысында да Қарақалпақстанның тәбийий шараяатлары, әсиресе вегетациялық дәўирдиң үзақлығы ҳам үсы дәўирдеги қуяшлы күнлердиң саны және нәтийжели температуралардың жыйындысы бойынша республиканың қубла зонасы үлкен мүмкиншиликлерге ийе. Бул зонада вегетациялық дәўирде +10°С жоқары температураға ийе күнлер 201-207 шамасында болса, арқа зона аймағында 179-186 кунге барабар. Ал 10 градустан жоқары нәтийжели температуралардың жыйындысы 2400-2500 градус болса, арқа зонада 1865-1891 ты қурайды. Олай болса, Республика аймағында ыссылықты көплеп талап ететуғын дийханшылық тараўлары ушын қолайлы ҳәм перспективалы район алдағы ўақытларда да қубла зона болып қалыўы керек. Солай етип, халықтың өсип баратырған азық-аўқатлық өнимлерге деген талабын есапқа ала отырып қубла зона көлеминде жоқары зүрәәт топлаў мүмкиншилигине ийе пахташылықты раўажландырыўға айрықша итибар бериў ҳәзирги күнниң талапларына толық жүўап береди. Бирақ, бүрынғы Орайласқан хүкимет басшылық еткен жылларда, Республика аймағында суўғармалы дийханшылық тараўларын, әсиресе пахташылықты рауажландырыў үлыўма мәмлекетлик көз-қарас тийкарында алып барылды. Орайласқан ҳүкиметтиң пахтаға деген талабын толық қанаатландырыў ҳәм дунья жүзлик «пахта базарын» қолда услап турыў мақсетинде, басқа да пахташылық пенен шуғылланатуғын районлардай пахтаның егислик майданы Қарақалпақстаның көпшилик районларының планында орын алды.

Жоқарыда берилген цифрлы мағлуматларға қарағанда суўғармалы дийханшылық тараўында, әсиресе пахташылыққа ажыратылған егислик жерлер дийҳаншылықтың егислик майданларының структурасында еледе көпшилик бөлимин (37,9%) ийелейди. Егер 1959-жылларда Республика бойынша егислик жерлердиң көлеми 192 мың гектар болса, ҳәзир 262,9 мың га ға барабар. Солай етип 90-жылларға салыстырғанда егислик жерлердиң көлеми 171 мың га ға қысқарды. Буннан Республика аймағында суў қытгершилигине байланыслы суўғармалы дийханшылық тараўларын рауажландырыўға белгили дарежеде тосқынлықлардың жүз берип атырғанлығын байқаўға болады.

Бул әсиресе аўыл-хожалық дақылларының зүрәәтлериниң пәсейиўи ҳәм улыўма нәтийжеликтиң төменлеўинен анық көринеди. Мысалы, 1980-жылларда Қарақалпақстан бойынша орташа 1 га пахта майданын жетилистирилетүғын зүрәәт 32,2 центнерди қураған болса, ал 2000-2010 жылларға келе бул көрсеткиш гектарына 18,4 центер шамасинда болды, яки пахтаның зүрәәтлиги 38,6-41,9% ге төменледи. Усының салдарынан суўғарылып егилетуғын ҳәр бир гектар егислик майдан Өзбекистаның тийкарғы дийханшылық зоналары менен салыстырғанда 1,8-3,5 есе кем пайда топлап отыр. Бирақ деген менен алдағы переспективада суўғармалы дийханшылық тараўларын, әсиресе жоқары даход беретуғын пахташылық тараўларында өндиристи интенсификацилаў процессин тереңлетиў жолы менен жоқары көрсеткишлерге ерисиў зәрүр.

Пахта Қарақалпақстан Республикасы шараятында қазна ушын тийкарғы пул дерегин таярлайтуғын тараўлар қатарына киреди. Пахтаның усы ҳәм басқада халық хожалық әҳмийетин есапқа ала отырып, республиканың табийий-эканомикалық шараятындағы өзгешеликлерге қарап, әсиресе вегетациялық дәўирдеги нәтийжели t°-ның жыйындысы ҳәм мийнет ресурслары менен тәмийинлениў дарежесин есапқа ала отырып, пахтаның егислик майданларының басым көпшилигин қубла зонаға аўыстирыў үлкен нәтийже бериўи тийис. Бул, биринширден, республикада жуз берген суў қыткершилиги жағдайында арқа зонада ғәллешиликти, әсиресе бийдайдың егислик майданын көбейтиўге жол ашса, екиншиден пахтаның толық писип жетисиўи ҳам раўажланыўы ушын мүмкиншиликке ийе қубла районларда пахташылықты интенсивли раўажландырыў арқалы ҳәр бир гектар егислик жерден алынатуғын зүрәәтликти жоқарылатыўға ҳәм усы тийкарда пахтаның жыллық өнимин айтарлықтай көбейтиўге мүмкиншилик беретуғыны сөзсиз.

Қарақалпақстан шараятында суўғарыў системаларынан нәтийжели пайдаланыў арқалы өндирис процессин интенсипикациялаўға барынша итибар бериў қәжет. Бул пахташылық хожалықлардың рентабеллигин арттырыўға жол ашады. Буған мысал ретинде Төрткүл районындағы «Төрткүл» фермер хожалығын,. Әмиўдәрья районындағы «Ақ алтын», Елликқала районындағы «Қырыққызабад», сондай-ақ, Хожели районындағы «Найман» ҳ.т.б. хожалықларды атаўға болады. Булл пақташылыққа қәнигелескен

хожалықларда рентабелликтиң дәрежеси 9,3-12,9 % шамасында болып, жыл сайын көбирек пайда topламақта. Бул ҳәм басқа да мысаллар Қарақалпақстан республикасында, әсиресе оның, қубла районлары көлеминде пахташылықты раўажландырыў ушын үлкен резервлердиң бар екенлигин көрсетип отыр. Солай етип, республиканың тәбиййй шараятларын есапқа ала отырып, тәбийғый-эканомикалық районлар көлеминде өндиристи аймақлық шөлкемлестириў мәселесин барынша жетилистириў ҳәзирги кунниң баслы уазыйпаларына айланыўы керек. Бирақ көлемли жер фондына ҳәм жеткиликли дарежеде мийнет ресурсы потенциалына ийе болсада, Қарақалпкстан республикасында пахташылықты раўажландырыў бойынша аймақлық принциплер көпшилик жағдайларда есапқа алынбай атыр. Бул, бриншиден суўғармалы дийханшылық тараўларында диспропорцияларды келтирип шығарса, екиншиден өндиристиң эканомикалық нәтийжелигиниң пәсейиўине дуўшар етпекте.

Ҳәзир республиканың көпшилик хожалықлары дерлик пахташылық пенен шуғылланады ҳәм көпшилик жағдайларда зоналлық принциплер сақланбай атыр. Нәтийжеде айрым пахташылық пенен шуғылланатуғын хожалықлар, соның ишинде арқа зонада жайласқан дийхан ҳәм фермер хожалықлары жылдың жўмағында үлкен көлемдеги шығынларға дуўшар болмақта. Буған мысал ретинде Қоңырат районының пахташылық пенен шуғыланатуғын хожалықларын қарастырайық. 2010-жылы район бойынша 3700 гектардан аслам егислик жерге пахта еги, гектарынан 10,8 центер пахта жыйнап алды. Ҳәр бир центнер пахтаның өзне тусер бахасы жобадағы 749 сум орынна 1049 сумға тусти, 1 центнер пахта жетилистириў ушын 40 адам сааты сарып етилип, режеге қарағанда мийнет шығынлары 41,8% ке жоқарылаған. Нәтийжеде район хожалықлары жыллық режесин республиканың орташа көрсеткишлерине салыстырғанда 39% ке кем орынлады. Пахташылық пенен шуғылланатуғын хожалықларында рентабиликтиң дәрежеси жобадағы 20,8% орнына, 27,6% шығын сарп етип жуўмақланды. Бундай жағдайлар басқада районлардың айрым хожалықларында ушырайды. Усыған сәйкес келешекте пахтаның егислик майданларын республиканың зоналық принциплерин есапқа алып жайластырыў ҳәм егислик майданлардың структурасында пахтаның салыстырмалы үлесине дыққат аударыў үлкен әҳмийетке ийе. Бул биринширен

пахтаның егислик майданын барлық хожалықлар көлеминде тарқалыўын шеклесе, екиншиден вегетациялық дәўирдеги термикалық ресурслардың муғдарына қарай пахташылықты қубла районлардың есабынан интенсивли раўажландырыўға кеңнен жол ашады. Буны көп жыллар ишинде дийханшылық тараўларында аймақлық шөлкемлестириўди жетилистириў арқалы пахташылықта табысларға ерисип атырған қубла районлардағы айрым хожалықлардың тәжирийбелери де толық дәлиллейди.

Кейинги жылларда суўғармалы дийханшылықта егислик жерлердиң структурасы жетилистирилмекте, бул белгили дәрежеде пахтаның егислик майданын салыстырмалы дәрежеде азайтүўға мүмкиншилик берди. Булл келешекте вегетациялық дәўириндеги нәтийжели температўралардың жыйынтығына бай Қубла район шараятында 219-227,0 мың тонна пахта жетилистириўге, ал Арқа зона шараятында пахтаның майданын көбейт-пей-ақ өндирис процессин интенсифекациялаў жолы менен гектарынан 23,9 центнер зүрәәт алған жағдайдың өзинде жыллық пахта таярлаў бағдарламасын 108,0-116,2 мың тонна қәлпинде үслап турыўға болады.

Булдай центристлик сиясат ғәлле программасын шешиўге де жүўап беретұғыны сөзсиз. Сонлықтан ҳәзирги күнниң баслы ўазипасы республиканың арқа районлары есабынан ғәллешиликти, ал қубла районлар көлеминде пахташылықты раўажландырыў қәжет. Бул Арал дағдарысына сәйкес арқа зонада суўды көплеп талап ететуғын аўыл хожалық дақылларының орнына жаңа диханшылық дақылларын, әсиресе бийдайдың егислик майданның көбейтиўге жол ашады. Усыған сәйкес Қубла зона шараятында техникалық егинлерди, әсиресе пахташылықты раўажландырыўға күшли кеўил аударыў зәрүр. Солай етип, ҳәзирдиң өзинде-ақ тәбийий-эканомикалық районлар көлеминде аўыл-хожалығы тараўларын, соның ишинде дийханшылықты қәнийгелестириўди барынша тереңлестириў қәжет болады. Мысалы: аграр-эканомист академик Ж.М.Медетуллаевтың дәлийллеўлерине қарағанда пахташылықта егислик майданларды ҳәр бир 100 км. Арқаға аўыстырылыўы пахтаның зүрәәтлилигин гектарына 5 центнерге кемейтетүғыны анықланды. Егер Қарақалпақстаның дүнья жузи пахташылығында ең арқа кеңликте жайласқан ел екенлигин есапқа алсақ, келешекте пахтаның егислик майданын Қубла районлардың есабынан көбейтиў

мақсетке мүўапық келеди. Бул өз гезегинде арқа районлардағы пахтаның егислик майданларын ең кем дегенде 50 процентке қысқартыўға, ал булл қысқартылған майданларды Қубла зонаға аўыстырыў жолыменен пахтадан босаған егислик майданың есабынан қосымша гектарына 27-29 центнерден ғәлле зурәтин жетистиргенниң өзинде 119-120 мың тонна ғәлле өндириўге болады. Солай етип, дийханшылық тараўларының егислик майданларының структурасына өзгерислер кирите отырып, оның аймақлық жайласыўын жетилистириў пахтадан, ғәлледен мол өним таярлау менен бир қатарда дийханшылықтың қосымша тараўларын, әсиресе бақшылық ҳәм жүзимгершилик, обощ, палыз және картошка өсириў ушын егислик майданларды көбейтириўге мүмкиншилик таярланады. Тилекке қарсы ҳәзир республика аймағында картошка, обощ ҳәм палыз егинлери ушын ажыратылған егислик майдан 17,0 мың гектардан артпайды. Нәтийжеде халықтың жан басына жылына 13,1 кг. картошка, 37,6 кг овощ, 12,1 кг мийўе өнимлери өндирилип атыр. Бул жан басына тийисли нормативтен айтарлықтай төмен. Сонлықтан өндирис резервлерин толық пайдалана отырып, дийханшылық тараўларын аймақлық шөлкемлестириўди жеделестириў жыл сайын республика бойынша 297-305 мың тонна пахта ҳәм басқада аўыл-хожалығы өнимлерин жетилистириўге мүмкиншилик береди.

Ҳәзир Республика аймағында аўыл-хожалығын раўажландырыў ушын бар резервлер толық иске қосилмай атыр. Дийханшылық тараўларын раўажландырыўға жарамлы егислик жерлердиң барлығы болып 23,4% ғана пайдаланылады. Алдағы жақын келешекте дийханшылықты, әсиресе ғәллешиликти раўажландырыў ушын өзлестириўге жарамлы 202,1-205,0 мың гектар, ал үзақ перспективада аўыл-хожалығында пайдаланыўға болатуғын 175,0 мың га егислик жерлер бар. Бирақ бул көлеми егислик жерлерди өзлестириў ҳәм дийханшылықта пайдаланыў бәриненде бүрын суў дереклерин табыўға тиккелей байланыслы. Усыған сәйкес суў қыткершилиги жағдайында суўды көплеп талап ететуғын салының майданын қысқартыў, ал оның орнына ғәллешиликтиң басқа тараўларын, әсиресе бийдай, арпа, жуўери, тары ҳәм басқада егинлердиң майданын көбейтиў мақсетке муўапық келеди. Солай етип, Қарақалпақстанның арқа зонасында салының егислик майданын ҳәзиргиге қарағанда 35-40% ке қысқартқан жағдайда ең кем дегенде жылына

640 млн. кубометрдей суўды үнемлеўге, ал үсының есабынан гектарына 4-6 мың куб. метрдей суў сарп еткенниң өзиде 106 мың гектардай егислик жерге бийдайдың егислик майданын жайластырыўға, ал салының егислик майданын тек туқымгеришилик көз-қарастан тежеп, гектарына 39-41 центлерден зүрәәт топлаған жағдайдың өзинде жыл сайын тек арқа зона көлеминде 252,0 мың тоннадай бийдай ҳәм 44-50 мың тонна салы жыйнап алыуға болады. Бул Республикада ҳәзирги Қубла районларда өндирилип атырған 95-100 мың тонна ғәллени қосып есаплағанда жыллына 352-404 тонна ғәлле өндириўге жол ашады. Егер, ҳәзирги даўирде Республикада өндирилип атырған 43-48 мың тонна салыны қосып есапласақ, жақын келешекте Қарақалпақстанда ең кем дегенде 403-406 мың тонна ғәлле жетилистириўге мүмкиншилик береди. Бул биринщиден суў дереклериниң жетиспейтүғын жағдайында арқа зонаны4 мол резервлерин аўыл-хожалығы айналасына қосыўға имканият берсе, екинщиден үзақ вегтациялық дәўирге ҳәм мол мийнет ресурсларына ийе қубла районларда пахташылықты, бағшылық ҳәм жүзимгершиликти, пиллегершиликти, овощ жәнe бахша егинлериниң егислик майданларын кебейтпей-ақ ҳәр гектар жерден алынатуғын зурәәтшиликти жоқарылатыў арқалы мол өним топлаўға жол ашады. Солай етип, халықтың азық-аўқатлық өнимлерге деген өсип баратырған талабын есапқа ала отырып арқа районлар көлеминде мол зурәәт топлаў мүмкиншилигине ийе тараўларды, әсиресе ғәллешиликти раўажландырыўға мүмкиншилик түўдырады. Солай етип, ҳәзирги экологиялық дағдарыс жағдайында аўыл-хожалығының нәтийжелигин тәмийинлеў ҳәм үсы тийкарда халықтың түтыныў товарларына деген талабын қанаатландырыў ушын пайдаланыл-май атырған резервлерди иске қосыў ең әхмийетли уазыйпалардан есапланады. Көрсетилген бағдарда дийханшылық тараўларының егислик майданларының структурасын дүзиў ҳам аўыл-хожалығы дақылларының егислик майданларын режеге мүўапық жайластырыў мәселелерин шешиў республика аймағында аўыл хожалық өнимлерин көбейтиўге мүмкиншилик түўдыратуғыны сөзсиз (кесте-№30).

**Кесте-№30**

**Қарақалпақстанда дийханшылық өнимлерин өндириўдиң баслы көрсеткишлери, мың тонна есабында**

| Аўыл хожалык өним түрлери | Ж ы л л а р | | | | | | | | 2015 жыл, % есабында | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1990 | 1995 | 2000 | 2005 | 2006 | 2008 | 2010 | 2015 | 1990 | 2010 |
| Ғәлле өнимлери | 331,5 | 190,7 | 396,0 | 201,6 | 286,5 | 214,6 | 243,7 | 404,2 | 121,9 | 165,8 |

| | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **Усыннан** | | | | | | | | | | |
| **Салы** | **306,1** | **141,6** | **260,0** | **25,9** | **55,5** | **13,2** | **14,9** | **47,9** | **-15,6** | **3,2** |
| **Пахта** | **398,0** | **288,2** | **346,0** | **212,6** | **193,7** | **165,9** | **182,1** | **291,0** | **0,73** | **159,8** |
| **Картошка** | **6,3** | **4,8** | **16,7** | **14,7** | **15,5** | **21,6** | **29,2** | **46,7** | **7,3** | **1,6** |
| **Овощ** | **80,6** | **66,2** | **140,7** | **49,8** | **88,5** | **119,5** | **134,1** | **149,1** | **1,8** | **111,1** |
| **Бақша өнимл.-и** | **119,5** | **42,1** | **56,8** | **39,3** | **41,5** | **61,3** | **67,4** | **131,0** | **109,5** | **1,9** |
| **Миййе** | **12,3** | **9,2** | **16,5** | **9,8** | **15,1** | **19,7** | **21,3** | **31,6** | **2,6** | **148,4** |
| **Жүзим, тонна** | **418** | **568** | **871** | **1092** | **2200** | **1000** | **3300** | **4500** | **10,8** | **136,4** |

Ҳәзир Қарақалпақстан шараятында салыгершилик мелииоративлик дақыл сыпатында, сондай-ақ туқымгершилик талапларды есапқа алып егислик жерлердиң структурасына енгизилмекте. Усыған сәйкес Қубла зонада 2015-2020 жылларға келе салының егислик майданы 14,9 мың гектарды, ал Арал районында 5,6 мың гектарды ийелейтуғын болады. Бул республика аймағында салының улыума егислик майданын туқымгершилик мақсетти гөзлеп ықшамластырыуға ҳәм өз гезегинде суўдан үнемли пайдаланыуға, сондай-ақ арқа зонаның административлик районларында мал шарўашылығы ушын от шөплик егинлердиң майданын көбейтиуге, әсиресе ғәллешиликтиң жаңа тараўларның қәлиплесиуине жол ашады. *Жуўмақлап айтқанда,* Қарақалпақстан Республикасының Қубла зонасында жайласқан Төрткүл, Беруний, Елликкала ҳәм Әмиўдәрья районларында халық өте тығыз жайласқан ҳәм пайдаланылмай атырған көлемли жер фонды ҳәм мийнет ресурсларына ийе. Бул район Қарақалпақстанның арқа зонасына салыстырғанда вегетациялық дәуирдеги нәтийжели температураларының жыйынтығы ҳәм қуяшлы күнлердиң саны жағынан-да үлкен парыққа ийе. Сонлықтан келешекте қубла районда пахташылық, пиллешилик, бағшылық ҳәм жүзимгершиликти кеңнен раўажландырыуға итибар бериў керек. Қубла зонаға жақын жайласқан шөл жайлаўлардың есабынан қаракөл қой шарўашылығын раўажландырыў мәселесиде күн тәртибиндеги ири проблемалар қатарына киреди.

Арқа зонада жайласқан көлеми жер ресурсларының базасында ғәллешиликти раўажландырыў және алмаслап егиў ушын пайдаланатуғын мәкке жүўери, жоңышқадан алынған ҳәм тәбийғый жайлаўлардан өндирилген от-шөплердиң тийкарында гөш-сүт бағлардағы мал шарўашылығын раўажландырыў бас ўазыйпа болыўы шәрт. Бул Қарақалпақстанның арқа зонасында жайласқан районлардың есабынан жақын жыллар ишинде 0,4 млн. тоннадай ғәлле ҳәм тағы басқа да аўыл хожалығы өнимлерин өндириўге мүмкиншилик туўдырады.

Жоқарыда көрсетилген иләжлардың ис жүзине асыўы Өзбекстанның дийқаншылық тараўларында Қарақалпақстанның салыстырмалы үлесиниң артыўына ҳәм жыл сайын үлкемизде өндирилетуғын аўыл хожалық өнимлериниң көлеминиң көбейиўине үлкен имканиятлар дүзеди (№ 30 кестеге қараң*?) Көр*сетилген жыллар ишинде суўғармалы дийханшылық тараўларын интенсификациялаўға байланыслы халықтың жан басына өндирилген ғәлле өнимлери 140,1 килограммнан 2378 килограммға, картошка өнимлери 46,9 кг, овощ өнимлери 87,8 кг.,мийўе 28кг, жүзим 14,5 кг, палыз өнимлери 93,8 килограммға артыўы тийис ҳәм т.б.

## 4.3.Экологиялық дағдарыс жағдайында Қарақалпақстанда мал шарўашылығы тараўларын раўажландырыўдың баслы бағдарлары

Мал шарўашылығы аўыл хожалығының ең ири тараўларынан есапланып, 358 млрд. сум көлеминде ишки жалпы өнимди жетистирип Республика экономикасында ен ири тараўлардан биринен есапланады. Шарўашылық тараўлары келешектеде тийкарынан гөш-сүт ҳәм қаракөлшилик бағдарда раўажланатуғын болады. Бул ушын бәринен де бурын мал шарўашылығының от-шөп базасынан беккемлеўди ҳәм Арал дағдарысы шараятында өзиниң әҳмийетин жойтылып баратырған тәбийғий отлақларды реконструкция жасау жолы менен аўылхожалығы айналысына қосыў қәжет болады.

Жәмийетшиликке мәлим, 1980-жылларда баслап Арал теңизине жыл сайын Әмиўдәрьядан қуятуғын суў ағыны 7,4 млрд.м$^3$ ден 1990-жылға келе 1,6 млрд м$^3$ қысқарса, ал Сырдәрьядан қуятуғын суўдың көлеми 0,6 млрд.м$^3$ шамасында болмақта. Ал 1990-жыллардан баслап Әмиўдәрьядан Арал теңизине түсетуғын суў дерлик қысқарды. Солай етип, Аралдың суў басқан майданы айырым жерлерде 100-150 км ге ишкериге шегинип, Аралдың бурынғы майданынан 35-45 мың кв. км (3,5-4,5 млн.га) терри-тория қысқарып орайлық Азиядағы үшинши қум «Аралқум» пайда болды.

Усы бурынғы суў астынан босаған дузлы қумлар шамалдың тәсиринде суўғармалы дийханшылық зоналарына және тәбийғый жайлаўларға ушып қонып тәбийғый отлақлардың зүрәәтлигин пәсейтиўге тәсир жасамақта. Ҳәттеки дузлы жанлар тәбийғый отлақларды зәҳәрлеп маллардың қырылыўына ҳәм жуқпалы аўрыўлардың, әсиресе баўыр кеселлигиниң тарқалыўына тәсир

етти.. Әмиўдәрья алабындағы путақлықлар ҳәм қамыслықлардың да зүрәәтлиги пәсейди. Әмиўдәрьяның  Аралға қуятуғын суў ағысының қысқарыўы бурынғы сўалмалардың ҳәм көп санлы майда көллердиң жоғалып кетиўине алып келди ҳәм жер асты суўларының қәдди пәсейди. Нәтийжеде тәбийғый отлақларға бай көллердиң ҳәм жайлаўлардың халық хожалық әҳмийети қысқармақта. ӨзРИА ҚБ илимпазлары мағлыўматларына қарағанда 1950-жылларда қамыс басып атырған майданлар Әмиўдәрьяның төменги бөлиминде 600 мың гектарды ийелеп, гектарына 11-12 центнер зүрәәт берген болса, кейинги жылларда дәрьяның суў режиминиң өзгериске ушыраўына байланыслы бурынғы қамыс қаплап жатқан  Раушан, Ақбаслы ҳәм Қыпшақ дәрья қусаған салалары қурыды. Бул тәбийғый отлақлардың қысқарыўына және пишензарлықлардың зүрәәтлигиниң пәсейиўине алып келди. Мысалы, 1951-1952 жылларда Әиўдәрьяның қуяр жериндеги «Алып» қамыслықларын узынлығы 4-6 метрди қурап, олар тәбийғый отлақларға бай еди. Хәзир бул аймақлар  толығы менен қурықлыққа айланды. Солай етип, Өзбекстан илимлер Академиясының Қарақалпақстан бөлимин ботаника секторы тәрепинен есапқа алынған 1,5 млн.гектардай қамыслықлар тарқалған территория қўрып, есапқа алынған 5 млн.961,9 мың тоннаға барабар қўрғақ ҳәлындағы от- шөп запасы набыт болды. Аты аталған отлақ жерлердиң 384 мың гектары Мойнақ, 66,5 мың гектары Шымбай, 66,1 мың гектары Қоңырат, 33,7мың гектары Кегейли, 11,3 мың гектары Хожели ҳәм басқада районларына бөлип берилген еди. Бирақ бул қамыслы аймақлар түге, Арал теңизине жақын жайласқан суў салмаларда, буғазларда-да, қмыслықтың танабы қысқарды ҳәм пишензарлықлардың зүрәәтлигиде пәсейип кетти. Әсиресе Әмиўдәрья алабындағы кең көлемдеги тоғайлы пишенликлердиң зүрәәтлиги пәсейип нәтийжеде тазадан шөлкемлестирилген Бозатаў районының мал шарўашылығына кәнийгелетирилген хожалықларда шарўашылық өнимлериниң өзине түсер баҳасы жоқарылады ҳәм ақыр ақыбетинде Бозатау әкимшилик районы қысқәртылды.

Кызылқум тәбийғий жайлауларында-да жағдай онша жақсы емес.Дегенменен бул аймақта Қарақалпағыстанның 2,9 млн. гектардай қайта реконструкциядан өткерилген жайлаулары жайласқан. Булар маллардың, әсиресе Қаракөл қойларының бас саны көбейтиў ҳәм мал шарўашылығынан

алынатуғын өнимлерди көбейтуге мүмкиншилик береди. Қанигелердиң есап санақ мағлуматларына қарағанда Кызылкўм жайлауларының от-шөп запасы шама менен 6-7 млн. центинерге барабар. Бул қызылкум жайлауларында қаракөл қойларының санын 700-800 мың басқа шекем көбейтиуге мүмкиншилик береди. Бирақ бул жайлауларды өзлестириу мәселеси узилиске түсирилмекте. Қызылкум жайлауларын өзлестириу ушын кийинги жылларда 450-дей артезиан скважиналары қурылды ҳәм 173 шахта типиндеги қўйылар қазылды. Дегенменен бул обьектлерди қурыўда жиберилген техникалық кемшиликлер нәтийжесинде суўландырыў объектлеринен пайдаланыўдың мүддети қысқармақта ҳәм шақтылы қудықлардың ҳәм скважиналардың көпшилиги дерлик пайдаланыудан шықпақта.

Қарақалпағыстанның үстүрт жайлаўлары да 7 млн. гектардан аслам майданды ийелейди: Усының 6,5 млн. гектары тәбийғий жайлаулардан ибарат болып, оның 1,9 млн. гектары сексеўилли тоғайлардан, 50,6 мың гектары путақлықлардан, 234,2 мың гектары тақырлардан, 10,8 мың гектары қумлы жайлаўлардан, ал 24,0 мың гектары аўыл хожалығына жарамсыз жерлерден ибарат. Жайлаўлар тәбийий комплекске бай емес, сонлықтан бул жайлаўлар жүдә өнимдарсыз келеди. Егер, бул жайлаўлар суўландырылып олардың от-шөплик балансын байытыў бойынша көлемли иләжлар иске асырылса үстүртте қаракөл қой шарўашылығы ҳәм түйе өсириўшиликке қәнигелестирилген хожалықларды көбейтиўге мүмкиншилик болады. Кейинги жылларда Өзбекстан Илимлер Академиясының Қарақалпақстан бөлими илимпазлары тәрепинен жүргизилген изертлеў мағлыўматларының жуўмағына қарақанда Арал теңизи жағалаўындағы жуўсан, кейреуик, шытыр ҳәм арпағанлы массивлер есабынан бәҳәрде гектарына 0,6 центнерден 3,2 центнерге шекем, ал гүз және қыс айларында 1,8 центнерден 0,2-0,8 центнгерге шекем от-шөплик зүрәәт алыў мүмкиншиликлери анықланды. Бул жайлаўлар жылдың барлық дәуиринде қой шарўашылығы, жылқышылық ҳәм түйешилик тараўларында пайдаланыў ушын үлкен әҳмийетке ийе. Сонлықтан жоқарыда көрсетилген территориялардағы тәбийғый жайлаўларды суўландырыў ҳәм олардың от-шөплик сапасын байытыў үлкемизде мал шарўашылық тараўларын раўажландырыўда үлкен әҳмийетке ийе.

Қарақалпақтанда мал шарўашылығы келешектеде аўыл хожалығының баслы тараўларының бири болып қалады ҳәм тийкарынан гөш-сүт ҳәм қаракөлшилик бағдарында раўажланатуғын болады.

Ҳәзир Қарақалпақстанның ири қарамаллары тийкарынан гөш-үт ҳәм қаракөлшиликке қәнигелесип, олардң бас саны фермер хожалығы, дийхан хожалығы, сондай-ақ аўыл хожалығы карханаларында жәмленген. Маллардың бас санының айрымлары мал семиртетўғын комплекслерде бағылады ҳәм шарўашылық өнимлерин қайта ислейтуғын кәрханалар төмен раўажланғанлыктан оларды сақлаў, таярлаў ҳәм тасыў функциялары хожалықлардың ықтиярына берилмекте. Сонлықтан мал шарўашылығы өнимлери, әсиресе қаракөл териси, жүн республика аймағында өндприслик база болмағанлықтан басқа районларға шығарылды.

Усыған **сәйкес** Қарақалпағыстанның мал шарўашылығында пайдаланылатўғын тәбийғий отлақларының өнимдарлығын ҳәм географиялық жайласыўын есапқа алып, биз оларды уш группаға бөлип уйрениў ҳәм олардан интенсивли пайдаланыўдың төмендегидей вариантларын таярладық, ***олар төмендегише***

1) Сүт - овощ бағдарындағы қала әтирапы шарўашылықларын дузиў ҳәм раўажландырыў; 2) Әмиўдәрья алабының көлемли от-шөп базасы тийкарында гөш - бағдардағы ири қарамал шарўашылығы комплекслерин дүзиў ҳәм раўажландырыў; 3) Қызылкум ҳәм Үстүрт жайлаўлары тийкарында каракөлшилик бағдардағы қой шарўашылығын раўажландырыўға байланыслы илажларды иске асырыў ҳәм т.б.

1) Қарақалпақстанда мал шарўашылығы тараўларын раўажландырыўда «Қызылқум» ҳәм «Үстирт» тәбийғый-экономикалық районларының потенциалын иске қосыў ҳәм оннан ақылға муўапық пайдаланыў үлкен әҳмийетке ийе. Себеби Қарақалпақстан Республикасының мал шарўашылығында пайдаланатуғын жер фондының 90% тен асламы усы жоқарыда көрсеткен шөлистанлы районларда жайлаўлардан ибарат. Буны иске қосыў қаракөлшилик ҳәм гөш-жүр бағдарындағы қой шарўашылығы ҳәм түйешиликти кеңнен раўажландырыўға жол ашылды.

Бирақ деген менен бул мәселелерди өз ўақтында шешиў шөлистанлы жайлаўларды өзлестириўде шөлкемлестириўдин жаңа формаларын үлкен

көлемдеги инвестицияларды иске асырыўды да талап етеди. Себеби Каракөл қой шарўашылығы суўғармалы тиккелей шөлистанлы жайлаўлардың өтлақларын ақылға муўапық пайдаланыўға ҳәм артезиан суўларының базасында «Киши суўғарыў» дәреклерин иске қосыў жолы менен жоңышқа бедесин өндириў шешилиўи мүмкин.

Ҳәзирги кароколшилик бағдардағы қой шарўашылығының тийкары жайлаў объекти Қызылкум жайлаўы ҳәм Үстирт есапланады. Аймақлық көз қарастан бул жайлаўлар бири-биринен айтарлықтай қашықта жайласса да оларды бир тутас «Қызылкум» ҳәм «Үстирт» территориялық-өндирислик каракол комплекси базасында бириктириў ақылға муўапық келеди. Бул жерде Қызылкум жайлаўларынан пайдаланыў схемасының Үстирттен парық ететуғынын ядда сақлай отырып, өндирислик бағдарын жетилистириў бир админстративлик районының (Қарақалпақстан Республикасы) рамкасында иске асатуғын болғанлықтан бул шарўашылық комплексиниң ишки мазмунын бузбайды, ал керисинше қой шарўашылығын раўажландырыў ушын бундай еки комплексти тутастырыў қәнигелескен өндирис тараўларының материаллық-техникалық базасын беккемлеўге жол ашады. Бул еки комплекске алдағы ўақытта каракол шарўашылығына қәнигелескен хожалықлар менен бир қатарда тухымшылық бағдардағы шарўашылық хожалықлары ҳәм от-шөп өндиретуғын фермер хожалықлары да киретуғын болады.

Ҳәзир республикада каракол бағдардағы мал-шарўашылық өнимлерин, әсиресе каракол териси ҳәм жүнди қайта ислейтуғын өндирис орыны жоқ. Сонлықтан бул өнимлер тасыўға қолайсыз болса да, басқа районларға көп шығынлар жумсаў арқалы жөнетиледи. Усыған сәйкес Тахтакөпир районы аймағында жүн жуўатуғын ҳәм тери ийлейтуғын кәрхана дүзиў ең кешиктирилмейтуғын илажлар қатарына киреди. Бул илажлар транспортлық шығынларды үнемлеў менен бир қатарда сыпатлы мал шарўашылығы өнимлерин жетистириўге де имканият береди. «Қарақалпақагросанаат комплекси структурасына киретуғын өндирис тараўларын бир тутас «агро санаат комплекси» типинде шөлкемлестириў қой гөшин қайта ислеп шығатуғын тараўларда да қосымша «Агро санаат комплекси» қурамында гөш комбинатын дузиў жолы менен шешилиўи тийис.

Тарийхый дәўирлер ишинде топланған тәжирийбелерге қарағанда Үстирт шараятында каракөлшилик пенен бир қатарда қуйрықлы қойлардың randasын көбейтиў мақсетке муўапық келеди. Себеби Үстирт жайлаўларының отақлары ҳәм тәбийғый шараяты өзине тән айырмашылыққа ийе. Бул өз гезегинде түйе өсириўшилик тараўларын раўажландырыўға да жол ашады. Усыған сәкес жақын келешекте Үстирт  аймағында 5 млн гектардай жайлаўларды мал шарўашылығы тараўларына өзлестириў машқалалары шешилетуғын болады.

Жақын келешекте Үстирт территориялық өндирислик комплексиниң қурамына қаракөлшилик бағдарлары хожалықлар менен бир қатарда туқымшылық бағдардағы қой шарўашылығы менен шуғылланатуғын хожалықлар, от-шөп өндириў ҳәм жжем таярлайтуғын заводлар, сондай-ақ илим-изертлеў мекемелери және қой шарўашылығы ҳәм түйешилик, жылқышық тараўларының өнимлерин қайта ислейтуғын кәрханалар киретуғын болады. Бул ҳәм тағы бақа да комплекс бағдардағы машқалалар Үстиртти тек шарўашылық обьекти ушын ғана емес, ал ири таў кән санааты районы сыпатында өзлестириў талап етеди. Себеби Үстирт ҳәзирдиң өзинде Қарақалпақстанның аймағында көлеми отын энергетика, химия санааты, азық-аўқат санааты, қурылыс санааты ушын шийки зат ресурсларына бай районлар сыпатында көзге түспекте. Бул қолайлы экономикалық потенциалға ийе районды  комплекс бағдарда өзлестириў жақын келешекте Қарақалпақстанның составында Үстирт административлик районының қәлиплесиўине жол ашатуғын сөзсиз.

2) Әмиўдәрья алабы гөш бағдардағы мал шарўашылығын раўажландырыў ушын көлемли резервлерге ийе, усы мақсетлерди гөзлеп бурынғы алты районға бөлистирилген жайлаўлардың ҳәм олардағы қара маллларының бас саны базасында ири қарамал шарўашылығын қәнигелескен Бозатаў районы шөлкемлестирилди. Бул районның ықтыярына ири қарамал шарўашылығын раўажландырыўға байланыслы көп санлы функциялар берилди. Нәтийжеде тез ўақыт ишинде жаўлаўларды суўландырыў, қәнийгелестирилген мал шарўалшылығы хожалықлар дүзиў, тазадан от-шөп таярлайтуғын фермер хожалықларын шөлкемлестириў ҳәм агросанаат комплексине тийисли басқа да өндирислик бирлеспелерди дүзиў ҳәм олардың материаллық-техникалық база сын беккемлеў усаған мәселер шешилди.

Солай етип жақын келешекте Әмиўдәрья алабында жайласқан 0,7 млн. гектарға жақын территорияда қара мал шарўашылығын раўажландырыў ушын бир қанша әмелий илажларды иске асырыў қәжет. Бул ушын бәринен де бурын көлемли ири қаржы жумсап жайлаўлдың от-шөплик запасларын қәлпине келтириў хәм от-шөп таярлайтуғын хожалықларды шөлкемлестире отырып мал шарўашылығына пайдаланатуғын жайлаў фондын интенсив рәўиште қайта қурыў мәселелерин шешиў қойылды. Булардың қатарына ирригация системаларын дүзиў жаңадан егислик жерлерди өзлестириў хәм мал шаўашылығы комплекслерин қурыў хәм т.б. жумыслары киреди. Бул мәслелерди комплес бағдарда иске асырыў ушын коммунал жай қурылысы хәм суў хожалық машқалалары менен шуғылланатуғын тараўларды кеңейтиў хәм талапқа сәйкес қайта қурыў мәсселелери қарап шығылмақта. Бул хәм тағы басқа да илажлар. Әмиўдәрья алабында дүзилген мал шарўашылық өнимлерин қайта ислеп шығаратуғын тараўлардың жумысын жетилистириўге хәм «агросанаат комплекси» базасында мал шарўашылығы комплестисиниң қәлиплесиўине жол ашады.

Алдағы перспективада *Арал «Теңиз бойы» районында шаруашылыққа қәнигелестирилген агросанаат комплексине* тийисли потенциалды иске қосыў мәселесин тезлестириўди - үлкен халық хожалықлық мәселеге айландырыў қәжет. Бул район Әмиўдәрьяның Арал теңизине қуяр жериндеги «хәзирги хәрекеттеги дельтасы» деген аймақларды өз ишине қамтып 3 млн. 675 мың гектардай жер фондына ийе. Усыннан аўыл хожалығында пайдаланыўға жарамлы жер 4,7 % майданды ийелеп, булар тийкарынан бурынғы суў алмалар, суў айдынлар , көллердиң орнында пайда болған аллюбиаль топрақлардан ибарат боз жерлерден турады. Мал шарўашылығы ушын жарамлы путалы-пишензарлықлар 43 мың гектар майданды ийелеп булар ири қара мал шарўашылығын раўажландырыў ушын үлкен әҳмийетке ийе. Ең әҳмийетлиси бурынғы көл ултанлардан қуралған 70 мың гектардай майдан тиккелей егислик ушын жарамлы жер фондының қурамына киреди. Егер бул аймақта бир хожалық ушын орташа 8-10 мың гектар жер ажыратқан жағдайда, бул аймақта от-шөп өндириў менен шуғылланатуғын онлаған шарўашылық хдожалықларын дүзиўге мүмкиншилик бар. Усы жоқарыда көрсетилген егислик жерлерди мал шарўашылығы ушын от-шөплик дақыллар егиўге

ажыратсақ жылына ең кем дегенде 2-3 млн тоннадай силос, 160-200 мын тоннағажақын жоңышқа бедесин 1,5-2 мың тоннаға шамалас жонышқа туқымын  жетистириўге болады. Солай етип, усы бағдарда мал шарўашылығын раўажландырыў ушын шараят дүзиў жақын келешекте (2010-2015 жж) «Арал теңиз бойы» районында ири қара маллардың  бас санын  қосымша 126  мың басқа  жылқылардың бас санын 25,2  мың  басқа  көбейтиў итималы бар.

Теңиз бойы (Арал) районында аўыл хожалығында пайдаланыўға жарамлы 100 мын ға дан аслам жер фонды жайласқан. Усыған сәйкес 2015 жылға келе егислик жерлердиң майданын ең кем дегенде 8,6-9,0 мын гектарға, ал 2020 жылларға келип 16,-16,7 мың гектарға кобейтиўге мүмкиншилик болады. Бул қәнигелескен мал шарўашылық хожалықлары ушын беккем от-жем базасын дүзиўге имканият жаратады. Бул илажлар иске асыўы сөзсиз, себеби ҳазирдиң өзинде «Мойнақ», «Қазақдарья», «Аққала», ҳәм «Арал» хожалықларында топланған тәжирийбелер буған мысал бола алады. Бул хожалықларда аз ўаққыттың ишинде 10,9 мыңға жақын халық қонысланған елатлар пайда болады ҳәм олардың ықтиярындағы тийкарғы өндирислик фондлар жаңа жерлерди өзлестирди ҳәм көп санлы адам қоныслаған аўыллық орынларды пайда етти. Солай етип, ҳәр бир хожалық ҳәзирги күнниң өзинде ҳәр бир жумсалған Сум ушын ең кем дегенде 0,47-1,55 сум көлеминде өним топлаўға, ал рентабелликтин дәрежесин 8,6-10,3 процентке көтере алды. Бул ҳам басқа да дәслепки қолға киргизилген тәжирийбелер Қарақалпақстанның тәбийғый-экономикалық раўажландырыў ушын көлемли резервлердиң бар екенин көрсетип атыр.

3) Республика аймағында   қала әтирапы мал шарўашылығы комплексли тийкарынан сүт бағдардағы мал шарўашылығы, қусшылық, овощ хожалықлары ҳәм бағшылық тараўларынан туратуғын болады. Бағшылық тараўларының раўажландырыў ҳәм оны қала әтирапы комплекси менен тутастырыў пал ҳәрреси менен шуғылланатуғын хожалықларды дүзиўге ҳәм оларды от-шөп ресурслары менен тәмийинлеўге жол ашады. Қала әтирапы аўыл хожалығы әсиресе, овощ хожалығы ҳәм бағшылық өзине тән мәўсимлик өзгешеликлерине ийе болып таярланған өнимниң 70%ин ҳәм мийўениң барлығын июль-сентябрь айларында қайта ислеўди талап етеди. Усыған сәйкес Нөкис овощ консерва комбинатының реконструкция жасаў ҳәм оның

өндирислик технологиялық дүзилисин көп профили өним таярлаяға бағдарлаў тек таяр овощ, миййе өнимлерин қайта ислеў емес, ал таслалдылардың есабынан мал шарўашылығы, әсиресе шошқашылық тараўлары ушын от-шөп базасын көбейтиўге ҳәм оның, ассортиментин жақсылаўға мүмкиншилик береди.

Сүт бағдардағы мал шарўашылығы тараўларында да оның өндирислик базасы менен шийки заи ресурсларын бир-бири менен органикалық байланыста шөлкемлестириў керек болады.  Бул бәринен де бурын овощ ҳәм миййе өнимлери еле толық писип жетиспеген бәҳәр айларында халықты мал шарўашылығы өнимлери, әсиресе сүт май өнимлери менен тәмийинлеў мәселелерин шешсе, екиншиден, аўқатланыў рационына ҳәжетли бәҳәрдеги белоклы тағамларды топлаўға жол ашады. Сонлықтан қала әтирапы сүт бағдардағы мал шарўашылығын ҳәм қусшылық тараўларын тек бағшылық ҳәм овощ хожалығы менен байланыстырып қоймастан, оларды қайта ислеп шығаратуғын санаат тараўларының өндирислик базалары менен байланысмтырыў керек болады. Бул илажлар таяр өнимли бузылыўдан сақлайды ҳәм көп санлы шығындыдан бас тартыўға жол ашады. Бундай, қала әтирапы аграр санаат комплексиниң составына сүт-овощ таярлайтуғын бағшылық ҳәм жүзимгершилик пенен шуғылланатуғын хожалықлар, пал ҳәрреси ҳәм овощ консерваларын жетистиретуғын кәрханалар, сүт-май заводлары киретуғын болады. Бундай жағдайда аграр санаат бирлеспеси республиканың қала халқын таза өндирилген ҳалдағы овощ миййе өнимлери сүт мәйек, қус гөши әне пал өнимлери сондай-ақ консерва типиндеги тағамлар менен тәмийинлейтуғын болады.

Бул өз гезегинде агросанаат комплексине киретуғын кәрханаларды жумысшы күши менен тәмийинлеў, транспорт машқалаларын шешиў, ҳәттеки өндирислик үскенелердиң қуўатларын өнимли пайдаланыў мәселелерин шешиўге де жол ашады.

Қала әтирапы агро санаат комплексиниң таяр өнимлерин қабыл ететуғын қалаларға Нөкис Тахиаташ, Хожели, Қоңырат қалалары Үст**рттеги** Қарақалпақ Жаслық Каратаў паселкалары, сондай-ақ суўғармалы дийқаншылық зоналарындағы ғәллешиликке қәнийгелестирилген район есапланады. Сонлықтан аты аталған қала әтирапында жаңадан қәнигелестирилген

бағшылық ҳәм сүт-овощ жүзимгершилик ҳәм қусшылық бағдардағы хожалықлар дүзиў ҳәм оларды өнимди қайта ислеп шығаратуғын санаат орайлары менен байланыстырыў үлкен илимий-әмелий әҳмийетке ийе. Бирақ тилекке қарсы ҳәзир Нөкис қаласы әтирапындағы қәлиплесип атырған усы типтеги хожалықлардан басқа Республика аймағында қала әтирапы агросанаат комплекслери жоқтың қасында, сонлықтан бул машқаланы республика көлеминде шешиў зәрүр деп есаплаймыз.

Солай етип, усы бағдарда мал шарўашылығын раўажландырыў ушын база дүзиў жақын келешекте (2015-2020 жж) Арал тәбийий -экономикалық районы аймағында ири қара маллардың санын 20,8 мың басқа,  жылқылардың бас санын 4,5 мыңға  көбейтиў итималы бар.

Арал (Теңиз бойы) районында аўыл хожалығында пайдаланыўға жарамлы 100 мың ға дан аслам жер фонды жайласқан болып, усының 2015-2020 жылларға келе егислик ушын ең кем дегенде 8,6-9,0 мын гектары, ал 2020 жылларға келип 16,-16,7 мың гектары пайдаланатўғын болады. Бул қәнигелескен мал шарўашылық хожалықлары ушын беккем от-жем базасын дүзиўге имканият жаратўменен Мойнақ районында шөлкемлестирилген «Мойнақ», «Қазақдәрья», «Аққала», ҳәм «Арал» хожалықларының арасында өндирислик байланысларды беккемлеўге ҳәм тәжирийбелер алмасыўда reikb рычаг ролин атқарыўы тийис Солай етип,аз уақыт ишинде тазадан шолкемлестирилген хожалықларда 10,7 мың га жаңа егислик майданлар өзлестирилди  ҳәм ҳәр бир хожалық ҳәзирги күнниң өзинде жумсалған бир сум қаржы ушын ең кем дегенде 0,47-1,27 сум көлеминде өним топлаўға, ал рентабелликтиң дәрежесин 8,6-10,3 процентке көтериу мүмкиншилигине ерисиу ушын мийнет етпекте. Бул ҳам басқа да дәслепки қолға киргизилген тәжирийбелер Қарақалпақстанның тәбийғый-экономикалық районларында өндиристи комплекс бағдарда раўажландырыў ушын көлемли резервлерди иске қосыўдың реал мүмкиншиликлери  бар екенин көрсетип атыр.

Усыған сәйкес келешекте Қарақалпақстан Республикасының тәбийғый-экономикалық районларында тәбийғый жайлаўларды суўландырыў ҳәм олардың от-шөп ресурсларының ҳасылдарлығын жоқарылатыў бойынша ири жумыслар иске асырылады. Бул иләжлардың ис жүзине асыўы жақын келешекте республика аймағында маллардың бас санының кобейиўине, әсиресе

каракол бағдарындағы қой шарўашылығын раўажландырыў ушын үлкен имканиятлар дүзилетуғын болады (кесте-№31).

**Кесте-№31**

**Қарақалпақстанның тәбийий-экономикалык районларында мал шарўашылығы тараўының раўажланыўы, мың бас есабында**

| Маллардың түрлери | Қубла район | Орайлық район | Арқа район | Арал (теңиз бойы) районы | Қарақалпақстан Республикасы бойынша барлығы |
|---|---|---|---|---|---|
| 2010 жыл | | | | | |
| Ири қара маллар | 338,4 | 223,8 | 139,0 | 14,7 | 715,8 |
| Усыннан: Сыйырлар | 87,3 | 56,4 | 41,1 | 2,7 | 182,9 |
| Қой хәм ешки | 279,0 | 157,2 | 276,8 | 12,0 | 724,3 |
| Усыннан: Каракол қойы | 189,7 | 7,8 | 301,4 | 5,1 | 504,0 |
| Жылқы | 2,9 | 1,3 | 7,2 | 2,7 | 314,1 |
| Түйелер | 2,0 | 0,6 | 2,2 | 1,1 | 5,9 |
| Қуслар | 676,4 | 438,8 | 248,1 | 20,6 | 1,383,9 |
| 2015 жыл | | | | | |
| Ири қара маллар | 302,2 | 209,6 | 226,7 | 20,8 | 769, 7 |
| Усыннан: Сыйырлар | 95,0 | 51,6 | 56,3 | 5,2 | 208,1 |
| Қой хәм ешки | 248,4 | 49,1 | 493,1 | 9,2 | 799,8 |
| Усыннан: Каракол қойы: | 239,0 | 39,2 | 403,5 | 5,1 | 686,8 |
| Жылқы | 4,0 | 4,5 | 9,5 | 4,7 | 22,7 |
| Түйелер | 3,1 | 0,7 | 5,6 | | 7,4 |
| Қуслар | 330,5 | 710,4 | 651,9 | 20,3 | 1213,3 |

Кестеде берилген мағлыўматларға қарағанда, 2015-жылларға келе республика аймағында қар маллардың бас саны 175,8 % ке, қой хәм ешкилердиң бас саны 148,2% ке, ал жылқылардын бас саны 161% ке, түйелердиң бас саны 125,4% ке көбейтетуғыны коринип тур. Бул алдағы 5-10 жыл даўамында Республика аймағында ири-ири мал шаруашылығы комплекслерин дүзиуге хәм шаруашылық тараўларында беккем экономикалық көрсеткишлерге ерисиўге мүмкиншилик береди деген сөз.

Келешекте тәбийғый жайлаўларды өзлестириў хәм мал шарўашылығы тараўларында зооветеринариялық иләжларды иске асырыў арқалы мал шарўашылығынан алынатуғын өнимлердиң көлеми де артатуғын болады.

*Жуўмақлап айтқанда,* жоқарыда берилген әпиўайы формадағы есаплаўлар Қарақалпақстанда аўыл хожалығы тараўларын буннан былай раўажландырыў ушын үлкемиздиң аймақлық өзгешеликлерин есапқа алыўды талап етеди. Нәтижеде Қубла районларда сүт бағдардағы мал шарўашылығын интенсив формада раўажландырыўға айырықша итибар бериу кәжет болса, ал Арқа хәм Арал районларында шаруашылық комплекси қурамында ғәллешилик,

бағшылық ҳәм жүзимгершилик, сондай-ақ от-шөплик егинлерди раўажландырыў ушын әмелий иләжлар иске асырыў қәжет болады . Орайлық районлар көлеминде бағшылық ҳәм жүзимгершилик, қала әтирапы овощ ҳәм сүт бағдардағы шарўашылық тараўлары, пахташылық ҳәм ғәллешиликти интенсив раўажландырыўға айрықша итибар бериў көзде тутылады.

Усыған сәйкес келешекте халықтың аўыл хожалық өнимлерине деген талабын қанаатландырыў ушын мал шарўашылығы тараўларын кескин раўажландырыўга айырықша итибар бериў зәрүр. Қарақалпақстанда мал шарўашылығын тез пәт пенен раўажландырыў ушын қолайлы шараятлар бар. Әмиўдәрья дельтасындағы суўғармалы жайлаўлар қарамаллар ушын сапалы от-жем базасы болып табылады. Егер тәбийғый отлакларды реконструкция жасалса, сууалма жайлаўдың от шөп запасы ҳәзиргиге қарағанда 2 есеге көп қара малды жыл бойы бағып өсириўге жетеди. Солай етип, келешекте Әмиўдәрья дельтасындағы суўалма жайлаўларды өзлестириў арқалы қара маллардың бас санын 1,3-1,5 есе көбейтиў нәзерде тутылып отыр. Бул ушын жайлаўлардың мелиоративлик жағдайы жақсыланбақта ҳәм суўалмалы аймақлардағы жайлаўлар, қурып қалған көллер, каналлар арқалы суў дереги менен тутастырылмақта. Бул иләжлар тәбийий жайлаўлардың, сондай-ақ Қызылқум ҳәм Үстирттеги жайлаўларды суўландырыў жолыменен ондағы отлақлардың онимдарлығын кескин арттырыўға жол ашады.

***Сораўлар ҳәм тапсырмалар:***

***1. Қубла Арал аймағында экологиялық дағдарыстың келип шығыў себеплери?***

***2. Локаллық, аймақлық ҳәм глобаллық дағдарыс ҳаққында түсиник бериң ҳәм олардың бир-биринен айырмашылығын ажратың?***

***3. Арал экологиялық дағдарысы ҳәм оның тәбийий орталыққа, социал-экономикалық шараятларға тәсирин анықлаң ҳәм сыпатлама дүзиң?***

***4. Экологиялық дағдарыстың аўыл хожалығы өндирисине тәсирин анализлең ҳәм оның экономикалық көрсеткишлерге кери тәсирин диограммалар ҳәм салыстырмалы сыпатламалар жәрдеминде сүретлең?***

***5. Арал синдромы ҳәм оның Қарақалпақстан халқының саламатлығына тәсирин сүретлең?***

***6. Халықаралық шөлкемлер ҳәм Өзбекистан үкимети тәрепинен экологиялық дағдарысты босаңластырыў бойынша иске асырылып атырған иләжларды атап көрсетиң ҳәм оның жуўмағы ҳаққында тәриплеме дүзиң?***

***7.Кесте мағлыўматлары тийкарында Арал дағдарысына сәйкес өндирис тараўларындағы өзгерислерди диаграммалар жәрдеминде тәриплең?***

# V. БАП. ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА ХЫЗМЕТ КӨРСЕТИЎ СФЕРАЛАРЫНЫҢ РАЎАЖЛАНЫЎЫ ҲӘМ ТРАНСПОРТ-ЭКОНОМИКАЛЫҚ БАЙЛАНЫСЛАРЫ

## 5.1.Халыққа хызмет көрсетиў сфераларының географиясы

Республикада өндириўши күшлерди режеге сәйкес раўажландырыўда көп санлы факторлар менен бир қатарда социаллық факторлардың роли де айтарлықтай жоқары. Социаллық факторлар материаллық өндирис тараўларының географиялық жайласыўына, өсиў пәтине, халықтың жасаў шараятын жақсылаўға, илимий-техникалық прогрестиң раўажланыўын жеделлестириўге күшли тәсир жасайды. Усыған сәйкес соңғы жылларда социаллық сфераны раўажландырыўға ҳәм оның халық хожалығының басқа да тараўлары менен байланысын арттырыўға айрықша итибар бермекте. Бирақ усыған қарамастан социаллық сфераның аймақлық структурасы, олардың регионаллық өзгешеликлери толық ҳәм жетерли дәрежеде изертленилмей атыр. Мина усы көзқарастан экономикалық география илими социаллық сфераның жәмийеттеги тутқан орны ҳәм ролин есапқа ала отырып, бул тараўда үлкен илимий изертлеў жумыслар алып бармақта ҳәм мәселени «Экономикалық ҳәм социаллық география» пәниниң материаллық изертлеў объектине айландырып отыр. Дурысында да, экономикалық география илими мийнеттиң аймақлық бөлиниўи, өндириўши күшлердиң раўажланыўы ҳәм рационаллы жайласыў нызамлықларын изертлеп, бул мәселени шешиўде төмендегилерге айрықша итибар бере отырып, халық хожалығы адамлардың жумыс искерлигиниң еки сферасынан:-материаллық өндирис пенен (санаат, аўыл хожалығы, транспорт ҳәм байланыс, ири қурылыс ҳәм тағы басқалар) материаллық өндириске кирмейтуғын тараўларды (физкультура ҳәм спорт, билимлендириў тараўы, халыққа медициналық жақтан хызмет көрсететуғын тараўлар, саўда, турақ жай ҳәм коммунал хожалығы ҳәм тағы басқалар), өз ишине қамтыйды ҳәм олар бир-бири менен жүдә тығыз байланыста болады деген түсиникте изертлеў жумысларын алып барады. Себеби бул тараўларды бир-бири менен дурыс ҳәм тығыз байланыстырыў барлық жәмийетлик тармақлардың биргеликли жумыс ислеўине мүмкиншилик таярлайды.

Өзлериниң атқаратуғын ўазыйпалары бойынша өндирислик емес тараўлар бирдей емес. Мысалы санаат, аўыл хожалығы ҳәм қурылысты өз ишине

алатуғын тараўлар материаллық затлай формада өним ислеп шығарады ҳәм булл тараўда Қарақалпақстанның мийнет ресурсларының 67,4 % тейи жумыс ислейди.

Өндирислик сфераға кирмейтуғын тараўлар материаллық өндиристи тезирек раўажландырыўдың тийкарғы шәрти болып есапланады ҳәм бул еки тараў бир-биринен өндиретуғын өнимлердиң айырмашылығы менен ғана парық қылады. Солай етип, халыққа хызмет көрсетиў сфералары мийнеттиң өним ретиндеги емес, ал хызмет ретинде тутынылатуғын айрықша пайдаланыўшылық қуны болып есапланады.

Материаллық өндирис сферасына кирмейтуғын тараў халықты турақ жай, коммуналлық хызмет көрсетиў ҳәм саўда менен тәмийинлеў, жәмийетлиқ сананы қәлиплестириў, мәдeният, искусство ҳәм илимди раўажландырыў, медицина ҳәм ден саўлықты сақлаўға арналған көплеген мәмлекетлердиң қурамын өз ишине қамтыйды.

Халыққа хызмет көрсететуғын тараўларды кеңейтиў-төмендеги бағдарда мийнеттиң өнимдарлығн арттырыўға қатнасады.

1. Турақ жай машқаласын жақсылаў жолы менен;
2. Халыққа хызмет көрсететуғын тараўлардың түрлерин көбейтиў
3. Жоқарғы квалификациялы қәнигелер таярлаў арқалы;
4. Автоматласқан ҳәм ярым автоматласқан машиналарды, конвейерлерди және үлги бойынша линияларды кеңнен ендириў арқалы, сондай-ақ өндиристиң техникалық үскенелениў дәрежесин жоқарылатыў арқалы хам т.б.

Солай етип, күнделикли турмыста адамға не керек болса барлығы менен тәмийинлеў – ҳызмет көрсетиў сфераларының үлесине тийисли ҳәм оны иске асырыў бул тараўды барынша раўажландырыўды талап етеди.

Усы мақсетте Қарақалпақстан Республикасында кейинги жылларда социаллық тараўларды раўажландырыў бойынша үлкен жумыслар иске асырылмақта. Бул жаңа рефоманы әмелге асырыўдағы жақсы басламалар қатарына киреди. Республика аймағында халықтың материаллық абаданлығын арттырыўда жәмийетлик тутыныў фонды, социаллық тәмийинлеў, халыққа медициналық жақтан ҳызмет көрсетиў, халық билимлендириўи ҳәм басқада тараўлар үлкен ролди атқарады. Ҳәзир бул тараўларда Қарақалпақстандағы исши ҳәм хызметкерлердиң саны жағынан биринши орынды билимлендириў

тараўы, екинши орынды ден-саўлықты сақлаў, ал үшинши орынды саўда, жәмийетлик аўқатланыў ҳәм таярлаў мәкемелери ийелейди.

***Саўда географиясы.*** Саўда географиясы халыққа саўда жағынан хызмет көрсететуғын кәрханалардың аймақлық жайласыў өзгешеликлерин үйренеди. Саўда бул өндирилген өнимди өндирис сферасының тутыныў сферасына жеткеретуғын әҳмийетли тараў. Саўданың көп ғана түрлери бар. Егер саўда-сатық мәмлекетлер арасында алып барылатуғын болса **сыртқы саўда** деп аталады. Бир елден басқа мәмлекетлерге шығарылатуғын саўда-сатық өнимлерге ***экспортлық затлар***, ал шеттен алып келинетуғынларына ***импортлық өнимлер*** деп аталады. Ел аймағында саўданың бас функциясы өндирилген өнимди қарыйдарларға жеткериўден ибарат болып, ол мәмлекетлик саўда, кооперативлик саўда ҳәм дийхан-базар саўдасы арқалы иске асырылады. Ҳәзир республикада мәмлекетлик саўда кәрханаларының бас ўазыйпасы қала халқына, санаат орынларына ҳәм исши поселкаларына таяр өнимди жеткерип бериў болса, кооперативлик саўда аўыл халқына күнделикли турмыста пайдаланатуғын өнимлерди сатыўдан ибарат. Ал дийхан-базар саўдасына тийисли кәрханалар жеке меншигинде өндирилген өнимди сатыў менен шуғылланады. Солай етип, усақлап сатылатуғын саўда өнимлериниң қурамында мәмлекетлик саўда менен бир қатарда, кооперативлик саўда, дийхан-базар саўдасы ҳәм жәмлеспеген пуқаралардың саўдасы өсип қәлиплести. Айырым жыллар ишинде Қарақалпақстанда саўда сатық айналысының көлемли ҳәм оның өсиў динамикасын төмендеги мағлыўматлардан да билиўимизге болады (кесте-№32).

Республикада усақлап сатылатуғын саўда өнимлериниң жыллық көлеми артпақта, усыған байланыслы саўда айланысы айтарлықтай өсти. Егер 1940-жылларда Қарақалпақстан Республикасында жыллық саўда айланысының көлеми 28 млн. сўм болса, бул көрсеткиш 1960-жылы 122,8 млн. сўмды қурады. 1990-жылы 711 млн. сўм, 1995-жылы 3 млрд. 413 млн. сўм, 2000-жылы 36,2 млрд. сўм көлеминде болса, ал 2010 жылы бул көрсеткиш 684,2 млрд. сумды қурады. Булар Қарақалпақстан экономикасының базар қатнасықлары тийкарында раўажланыўының дәслепки унамлы қәдемлеринен есаплан-ады. Дийхан базар саўдасын ҳәм пуқаралардың жәмлеспеген саўда-сатлық басламасын хошаметлеўге байланыслы усақлап сатыў саўда айланысының

көлеми арта баслады ҳәм мәмлекетлик және усақлап саўда менен шуғыл-ланауғын кәрханалардың салыстырмалы үлеси өзгериске ушырады.

**Кесте-№32**

**Қарақалпақстан Республикасында халыққа хызмет көрсетиў сфераларының баслы көрсеткишлери**

| № | Көрсеткишлер | Жыллар | | | | | 2010 ж, % есабында | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 1980 | 1990 | 1995 | 2000 | 2010 | 1980 | 2000 |
| 1 | Мектепке шекемги тәрбия беретуғын мекеме саны, дана | 344 | 595 | 375 | 380 | 332 | 96,5 | 87,3 |
| 2 | Тәрбияланатуғын жас нәрестелер саны,мың адам | 31,6 | 34,7 | 41,5 | 50,1 | 30,4 | 96,2 | 60,6 |
| 3 | Улыўма билим беретуғын мәкемелер саны, дана | 660 | 692 | 737 | 772 | 754 | 114,2 | 117,0 |
| 4 | Оқыйтуғын оқыўшылар саны, мың бала | 264,3 | 320,7 | 352,6 | 380 | 255,1 | 96,5 | 67,1 |
| 5 | Арнаўлы орта билим беретуғ оқыў орны, бирликте | 23 | 22 | 21 | 18 | 101 | 4,4 есе | 5,6 есе |
| 6 | Оқыўшы саны, мың адам | 17,3 | 20,1 | 15,9 | 21,3 | 91,4 | 5,2 есе | 4,3есе |
| 7 | Жоқары оқыў орны, бирл.те | 1 | 1 | 2 | 3 | 4 | 4 | 1,3 есе |
| 8 | Студентлер саны, мың адам | 5,8 | 8,5 | 10,4 | 9,4 | 16,9 | 2,9есе | 1,79есе |
| 9 | Емлеўхана мәкемелериниң саны, дана | 87 | 95 | 154 | 159 | 153 | 175,9 | 96,2 |
| 10 | Шыпакер саны, адам ес.да | 2263 | 3500 | 3900 | 4400 | 3600 | 159,1 | 81,8 |
| 11 | Орта бўын мед. Хызметкер саны, мың адам | 8,9 | 15,7 | 17,3 | 16,4 | 15,9 | 1,7 есе | 96,9 |
| 12 | Саўда кәрханаларының саны, дана | 3023 | 3345 | 3347 | 2304 | 2492 | 82,4 | 108,2 |
| 13 | Саўда айланысы көлеми, млн.сўм | 512,7 | 895,5 | 3.413,4 | 36180,3 | 684244,6 | 1334,6 есе | 19,0 есе |
| 14 | Саўда айналысы жан басына бөлгенде, мың сум есабында | 0,6 | 0,9 | 24,3 | 34,4 | 407,2 | 678,6 есе | 11,8 есе |
| 15 | Китапханалардың китап фонды, мың экз. | 3659,0 | 5857,0 | 8588,2 | 6012,0 | 4500,0 | 130,0 | 74,8 |

Егер 1990-жылларда мәмлекетлик секторда барлық саўда кәрхана-ларының үлесине 32,8 %, ямаса саўда айланысының ярымынан көбиреги тийисли болса, 1995 жылғы мағлыўмат бойынша,мамлекетлик сектор республика бойынша жыллық саўданың 39,1 %, ал қалған бөлимин пуқаралардың жеке саўдасы қурайды. Ал ҳазирги уақытта жекке саўда-сатықтың ўлеси барлығын дерлик ийелейди.

Болжаў мәкемелериниң мағлыўматларына қарағанда респубилка халқының өсиў пәтине сайкес алдағы ўақытларда саўда мәкемелериниң жыллық саўда айланысы еки есе дерлик көбейеди. Усыған сәйкес дослық аўқамына киретуғын мәмлекетлерде, әсиресе Москва, Алма-ата, Киев, Красноярск, Омск ҳәм т.б қалаларда саўда орайлары дүзиледи ҳәм товар айланысы операциялары күшейтиледи. Саўданы раўажландырыў ҳәм

халықтың күнделикли тутыныў товарларына деген талабын қанаатландырыў мақсетинде «Ақманғыт», «Төрткүл» ҳәм т.б. елатлы пункитлерде мийўе-палыз өнимлеринен консерва таярлайтуғын кәрхана иске түсирилмекте. Саўда мәдениятын жақсылаў ҳәм қарыйдарларға заманагөй саўда жумысларын шөлкемлестириў мақсетинде Шымбай, Кегейли, Манғыт, Коңырат қалаларында дийхан базарлары кеңейтиледи. Нөкисте жаңа саўда комплекси реконструкцияланады, Караөзекте 150 жумыс орынлық, Берунийде 200 жумыс орынлық дийхан базары жақын ўақытларда иске түсириледи. Бул иләжлардың иске асыўы саўда айланысының көлемин жоқарылатыўға ҳәм жыллық товар айланысын жан басына бөлгенде жоқары көрсеткишлерге котериўге жол ашады. Мысалы, егер 1940-жылларда Карақалпақстан Ресрубликасында жыллық товар айланысының көлемин жан басына бөлгенде 57 сўмды қураса, бул көрсеткиш 1980-жылларда 551 сўмды, 1995-жылы 24,3 сўмды, ал 2010 жылы 4070,2 сўм муғдарында болды. Яғный булл 1940-жылға салыстырғанда 70 есе көп деген сөз. Бирақ деген менен саўда тараўларында да айрым кемшиликлер ушырасады. Мысалы, бир орында саўда сатлық кәрханалары менен тәмийинилениў дәрежеси төмен болса, екинши орында товар массасы жетиспейди, ал үшинши жағдайда саўда кәрханаларының аймақлық жайласыўында да диспропорциялар ушырасады. Улыўма республикаға тийисли 2492 саўда кәрханалары ҳәм жәмийетлик аўқатланыў орынларының 18 % ке жақыны Нөкис ҳәм Тақыяташ қалаларында жайласса, ал 134,9 мың кв.км аймақты ийелейтуғын Коңырат, Мойнақ, Тахтакөпир районларында ҳәр бир 10 мың адамға 6,1 саўда кәрханасы туўры келеди. Сонлықтан республика аймағында меншик есабынан салынып атырған көп санлы саўда ҳәм аўқатланыў объектлериниң қурылысын тезлетиў ҳәм меншиклестириў жобасы тийкарында саўда ҳәм аўқатланыў тараўларына тийисли кәрханалардың сатыў жумысларын жеделлестириў үлкен әҳмийетке ийе. Бул иләжлар ҳәзирги күнниң талабына сәйкес халыққа саўда хызметин жақсылаўға ҳәм бул тараўдың экономикалық жақтан нәтийжелигин жоқарылатыўға мүмкиншилик туўдыратуғынлығы сөзсиз.

**Халыққа усақлап хызмет көрсететуғын тараўлар.** Бул тараўларды раўажландырыў халықтың социал-мәдений жақтан өсиўин тәмийинлей-туғын шәртлерден есапланып, бунның қурамына ишки кийимлер, аяқ кийим, бас

кийим, папақ тигиў ҳәм ремонтлаў кәрханалры, сонадй-ақ тигиўшилик цехлары, кир жуўатуғын кәрханалар, азық-аўқат өнимлерин сақлайтуғын үскенелерди оңлаў орынлары, моншалар, сүўретханалар ҳәм халыққа транспорт жағынан хызмет көрсететуғын кәрханалар киреди. Ҳәзир бул тараўлар жыл сайын 207,0 млрд. сўмлық көлемде хызмет атқарып, ҳәр бир адамға есаплағанда 123,3 сўм көлеминде жумыс операцияларын иске асырады. Алдағы ўақытларда халықтың өсип баратырған талапларын есапқа алып «ҚҚ турмыс хызмети» аўқамына киретуғын кәрханалар жан басына 469-678 сўмлық төлемли хызмет түрлерин иске асырады, ал жыл даўамында алып барылатуғын операцияларының көлеми 7 млрд. сўмды қурайтуғын болады. Егер республика халқының басым көпшилиги еледе болса аўыллық жерлерде жасайтуғынын есапқа алсақ, халыққа усақлап хызмет көрсететуғын мәкемелердиң санын көбейтиў ҳәм олардың аймақлық жайласыўын жетилистириў күн тәртибиндеги баслы мәселелер қатарына киреди.

***Турақ жай ҳәм комунал хожалығы.*** Қарақалпақстан Респуб-ликасының социаллық раўажланыў программасына тән ўазыйпалардың бирине халықты турақ жай, коммунал хожалығы хызмети менен тәмийинлеў киреди. Халықты турақ жай менен тәмийинлеў келешек әўладтың абаданлығы, ден-саўлығы ҳәм өсип-өниў машқалаларының тийкарын қурайды. Бул тараўда усы бағдарда көп санлы жумыслар иске асырылмақта. Ҳәзир республика халқы жыл сайын 320-362мың кв.м турақ жай фондын дүзип атыр. Бул өткен жыллар менен салыстырғанда әдеўир дәрежеде көп. Усының басым көпшилиги мәмлекетлик шөлкемлерге кирмейтуғын уйымлар арқалы иске асырымақта. Солай етип, турақ жай фондын дүзиўге мәмлекетлик структураға кирмейтуғын шөлкемлердиң үлеси жоқарыламақта. 2010-жылы республика аймағында барлық дереклердиң есабынан 452,2 мың кв.м турақ жай қурылысы питкерилди. Усыннан 401,0 мың кв.м турақ жай қурылысы жеке меншик ийелери тәрепинен исленди. Солай етип, бүгинги күнде орташа бир адамға 15,8 кв.м турақ жай фонды туўра келеди.

Усыннан қалалық жерлерде халықтың турақ жай менен тәмийинлениўи жан басына 15,6 кв.м тен болса, аўыллық жерлерде 15,9 кв.метрди қурайды. Бул Өзбекстан бойынша орташа көрсеткиштен 19,8 % жоқары деген сөз. Кейинги жыллардағы турақ жай фондын дүзиўде жеке меншиктиң ҳәм банк

кредиттиң көлеминиң артыўына ҳәм елимиздиң ыссы климат шараятындағы демографиялық раўажланыў бағдарларын есапқа алғанда, жан басына тийисли турақ жай фондының көлемин 21,5 кв.метрге көбейтиў иләжлары исленбекте. Келешекте Ташкент турақ жай қурыўшыларының тәжирийбелерин кеңнен пайдалана отырып, турақ жай фондын дүзиў ҳәм хылықтың миллий дәстүрлерине сәйкес безеў жумысларына айрықша дыққат аўдарыў үлкен әҳмийетке ийе. Усыған сәйкес коммунал хожалығы тараўларында жумысты шөлкемлестириў ҳәм бурынғы иске қосылған суў қубырларын, жылытыў трассаларын, сондай-ақ канализацияларды қайта қурыў мәселелерин қолға алыўы зәрүр.

Ҳәзир усы талапларға сәйкес республика аймағында тек 2010 жылы 57,8 км.газ қубырлары қурылды, ал кейинги 2-3 жыл ишинде 870,8 километрдей газ тармақлары қурылып пайдаланыўға берилди. Усының 817,6 км. аўыллық жерлерде қурылды. Солай етип жыл сайын республика халқына 2 млрд. 406 млн.куб метр газ жетилистирип берилетуғын болды. Халықты аўыз суў менен тәмийинлеў мақсетинде 2010 жылы 131,5 км. аралықта суў қубыры қурылды. Бул жылына 67,3 млн.м.куб дей ишимлик таза суў жеткерип бериўге ҳәм суў менен тәмийинлеўдиң дәрежесин 69-71 % ке жеткериўге мүмкиншилик туўдырды. Бирақ бул еледе болса жеткиликсиз. Усыған сәйкес жақын жыллар ишинде жылына 485,2 кв.м турақ жай, 250 км аралықта газ тармақлары, 270 км.суў қубыры пайда-ланыўға берилиўи тийис. Қала халқына хызмет көрсетиў дәрежесин жақсылаў мақсетинде Нөкис қаласында троллейбус линиялары тамырлан-ады ҳам трамбай сызығы иске түсириледи, Төрткүл қаласында орайлық емлеўхананы кеңейтиу ҳәм Шоманай районында канализация тармақлары қурылысын питкериў көзде тутылып атыр. Бул ҳәм тағы басқа да жоба-лардың иске асырылыўы турақ жай фонды ҳәм коммунал хожалығы тараўларын абаданластырыўға, сондай-ақ жеке меншик қараўындағы турақ жайлар заман талапларына сәйкес реконструкцияға жол ашады.

***Денсаўлықты сақлаў тармақлары ҳәм рекреациялық география.*** Бул тараў көп тармақларды өз ишине қамтып, буларға ден-саўлықты сақлаў, профилактика, санатория-курорт, дем алыў, суд медицина эксперти, дене тарбиясы сфералары киреди. Денсаўлықты сақлаў адамзат жәмийетиндеги ең әҳмийетли иләжлардың бири болып есапланады, себеби-адам жәмийеттиң

тийкарғы өндириўши күши, жәмийеттиң ҳәзирги раўажланыў басқышында физикалық жақтан сап денели, саў ҳәм исшең адам- баслы факторды аңлатады. Денсаўлықты сақлаў-мийнет ресурс-ларынан нәтийжели пайдаланыўға, мийнеттиң өнимдарлығына ерисиўге ҳәм жәмийеттиң экономикалық раўажланыўына күшли тәсир етеди ҳәм ол азық-аўқатлық өнимлериниң экологиялық тазалығын тәмийинлейтуғын орынлардың өзгешеликлерине ҳәм ден-саўлық, сақлаў мәкемелериниң раўажланыў дәрежесинеде байланыслы. Халықтың денсаўлығын сақлаўға ерисиў адамлардың орташа жас өзгешеликлериниң қәлиплесиўин ҳәм кеселиктиң алдын алыў қусаған улыўма белгилери менен характерленеди.

Адам ҳәм тәбият бир тутас болып, олар бир-бири менен тығыз байланыста болады, экологиялық шәртлерге қарағанда тәбийий ресурслардан пайдаланыў нәтийжесинде санаатта, аўыл хожалығында, транспорта сыртқы ортаның тәсирин пухта шешиўде ҳәм адамлардың денсаўлығына қәўипли күшлердиң алдын алыўды жобаластырады. Ҳәзир бул машқалаларды тәртипке салыўда, әсиресе медицина кадрлары шешиўши рол атқармақта ҳәм илимий концепцияларды ойлап табыў және оларды адам тәғдирине пайдаланыў арқалы ден-саўлық сақлаў сфераларының жумыс тәжирийбелерин арттырмақта. Бул қурамалы ҳәм халық хожалығына әҳмийетли мәселелерди шешиўде, жыл сайын республика аймағында 3641 жоқары қәнийгели шыпакер,15,9 мың орта буўындағы медицина хызметкерлери қатнасады. Халыққа медициналық жақтан көрсетилетуғын жумыслардың нәтийжелигин арттырыў ушын 153 емлеў мәкемелери 308 амбулатория ҳәм поликникалар жумыс ислеп, 732 орынлық күндизги стационарларға ийе. Сондай-ақ ауыллық жерлерде 181 Врачлық пунктлер, 133 Фельдщерлик-акущерлик мәкемелер жумыс ислеп тур. Буннан басқа 65 орында мамлекетлик емес медицина мекемелери ҳам оларда 114 врачлар жумыс ислеп олар жылына 224,1млн. сумлық жумыс атқарады. Республика бойынша 208 дариханалар ашылды ҳәм олар мийнет адамларына медициналық жәрдем көрсетип атыр. Бул Қарақалпақстан Республикасында кейинги жылларда халыққа медициналық хызмет көрсетиў тараўларында бир қанша табысларға ерискенликти көрсетеди.

1940-жылларда Қарақалпақстан Республикасы аймағында 107 жоқары қәнийгели шыпакерлер жумыс ислеп емлеўханалардың саны 37 болды, ал

оларда қойылған койкалардың саны 1,6 мың орынды қурады. Нәтийжеде республиканың 10 мың халқына 68,8 жатақ орны ҳәм 5,7 шыпакерден туўра келер еди. Ал ҳәзир жоқары категориядағы шыпакерлер 3855 адамды, ал биринши ҳәм екинши категориядағы шыпакерлердиң саны 854 адамды қурайды яки халыққа хызмет көрсетип атырған шыпакерлердиң 32,2 % ти, ал орта буўындағы медицина хызметкерлериниң 16,0 % ти жоқары категориядағы қәнигелер болып есапланады. Емлеў орынлары да көбейди. Ҳәзир республика аймағында 17 орайласқан қалалық ҳәм районлық емлеўхана, 323 аўыллық-участкалық емлеўхана, қәнигелескен диспансерлер, аўыллық-шыпакерлик амбулатория, поликлиника ҳәм басқада көп санлы республикалық әҳмийетке ийе емлеў мәкемелери жумыс ислейди. Слай етип, республиканың ҳәр 10 мың адамына 53,8 кеселхана орны, 145,2 амбулатория-поликлиника, 23,0 жоқары қәнийгели шыпакер ҳам 103,2 орта бўындағы медицина хызметкерлери туўра келеди. Бул 1940-жылларға қарағанда 2-4,5 есе жоқары деген сөз.

Денсаўлық мәкемелеринен санатория ҳәм дем алыў үйлери де ең әҳмийетли  орынларды тутады. Бул тараўды раўажландырыў бойынша республикада иске асрылған жумыслар аз, бирақ санаториялар ҳәм дем алыў орынларын қурыў ҳәм раўажландырыўдың үлкен мүмкиншиликлери бар. Үстиртте химия санааты комплекси, нефть-газ, қурылыс материал-лары санаатының дүзилиўи, сондай-ақ Қара таўда реңли металлургия, таў-кән санааты ҳәм қуўатлы отын-энергетика санааты комплексин қурыў ҳәм түслик Қызылқум жайлаўларын мал шарўашылығына өзлестириўге байланыслы дем алыў үйлерин кеңейтиў ҳәм санаториялар қурыў мәселелери күн тәртибиндеги машқалаларға айланатуғыны сөзсиз.

Алдағы ўақытларда демалыў орынларын ҳәм санаториялар қурыўға қолайлы рекреацион аймақлар қатарына Мойнақтағы Арал теңизи зонасы, Үстирттеги Қараўымбет дуз аралас батпақлы шор, Шымбайдағы 1-май ыссы суў булағы, Елликқалада Ақша көл, Әмиўдәрьядағы Хожакөл, Нөкис қаласы әтирапындағы Грашевка, Жаслар көли, Тахтакөпир районындағы Қаратереқ ҳәм тағы басқа рекреацион зоналарды атаўға болады. Булар тәбийий комплекске оғада бай, адам организимине тиккелей ямаса жаңапай тәсир етиў арқалы мәдений дем алыў орынлардан есапланады. Бул орынлардағы тәбийий комплекслер ҳәр түрлилиги ҳәм ресурс дереклери бойынша ден-саўлықты

сақлауға қолайлы рекреацион аймақлар қатарына кирип, рекреацион географияның элементлерине бай. Ал рекреациялық география дегенимиз, тәбияттың адам организимнине жаңапай тәсир етиўиниң аймақлық өзгешеликлерин изертлейтуғын илим тараўы болып, буның қатнасыўы менен ден-саўлық сфераларының көп санлы машқалалары шешиледи. Солай етип алдағы ўақытларда республика аймағында ден-саўлық сақлаў сфераларының раўажландырыў ушын рекреацион зоналардың тәбийий комплексин ҳәр тәреплеме үйрениў ҳәм изертлеў жумысларын кеңнен иске асырыў талап етиледи. Бул мәселелердн шешиўди тезлетиў, жаңа санаториялар қурыўға ҳәм дем алыс ўйлериниң тармақларын кеңейтиўге мүмкиншилик туўдырады.

***Халық билимлендириў тараўларының географиясы.*** Халық билимлендириў тараўларының географиясы – елдиң социал раўажланыў дәреждесин сыпатлаўда айрықша әҳмийетке ийе. Бул тараўға қадрлар таярлайтуғын оқыў орынлары, мектеплер, мектепке шекемги мәкемелер, балалар үйлери ҳәм мектептен тысқары тәлим-тәрбия беретуғын мәкемелер киреди. Сонлықтан аты аталған тараўлардағы жумыстың нәтижели шешимлери ҳәм табысларға ерисиўи елдеги жас әўладларды тәлим-тәрбия алыўга ҳәм билим тараўларының жоқары шеклерине ерисиўине жол ашады. 2010-жылғы мағлыўмат бойынша, Қарақалпақстан Республикасында 754 орта арнаўлы билим беретуғын оқыў орны, 4 жоқары оқыў орны, 101 академиялық лицей ҳәм колледжлер жумыс ислеп, оларда 363,5 мың жаслар оқып билим ҳәм тәлим-тәрбия алып атыр. Базар қатнасықларына өтиўге байланыслы орта буўынлардағы оқыў орынларында жумысларды қайта қурыўга сәйкес билим ҳәм тәрбия беретуғын оқыў орынларында үлкен көлемде жумыслар алып барылмақта.

Ҳәзир республика аймағында орта арнаўлы билим беретўғын академиялық лицей, гимназия ҳәм кәсип-хунар колдлежлерименен бир қатарда мектепке шекемги жас өспиримлерге тәлим-тәрбия беретуғын 332 мәкемелер жумыс ислейди ҳәм оларда 30,4 мыңнан аслам балалар тәрбияланып атыр. Солай етип, тек мектепке шекемги ҳәм орта билим беретуғын мектеплерде 394 мың жас әўлад оқып билим ҳәм тәлим-тәрбия алады. Бул барлық республика халқының 23,5 % деген сөз. Айырым жыллар ишинде республикада билимлендириў тараўларындағы қолға киргизген табыслар ҳәм кадрлар

таярлаўдың өсиў дәрежесин жоқарыда  берилген кестедеги көрсеткишлерден де көриўимизге болады  кесте-20.

Республикада билимлендириў тараўларында унамлы бағдарлар қәлиплеспекте, билим беретуғын оқыў орынлары ҳәм онда оқып билим ҳәм тәрбия алатуғын жаслардың саны көбеймекте. Мысалы: тек улыўма тәлим-тәрбия беретуғын мекемелерде оқыйтуғын  оқыушылардың  саны 1980\1981 ҳәм 2009/2010 оқыў жыллары аралығында яки кийнги 30 жыл ишинде 1,9% ке көбейсе, ал орта арнаўлы билим беретуғын оқыў орынларында жаслардың саны 4 есеге, жоқары оқыў орынларында оқып билим алып атырған  студентлердиң саны 3,3 есеге көбейди. Бул жақсы  көрсеткиш, бирақ республика аймағында мектепке шекемги  жас өспиримлерге тәрбия беретуғын орынлар толық тәмийинленбегенликтен  оларда тәрбияланыўшылардың саны аз.  Усыған сәйкес мектепке шекемги тәрбия беретуғын  орынлардың  санын әдеўир көбейтиўди талап етеди.

Ҳәзир республика аймағында жоқары оқыў орынларында 27 маманлық бойынша қәнийгелер таярланбақта ҳәм жыл сайын республиканың  ҳәр бир 10 мың  халқына 72-74 жас қәниге туўра келип, олар оқыў орынларын питкерген путевкасыменени өндириске жоллама алмақта, бул Өзбекстан бойынша орташа көрсеткиштен 4 % жоқары. Алдағы ўақытларда билим бериўдиң жаңа формалары лицейлер, колледжлер, гимназиялардың саны артады ҳәм билим бериўдиң жоқары басқышы бакалаврлар, магистратуралар ҳәм докторантуралар көбейтилип, усылардың есабынан республикада оқып билим алатуғын жаслардың саны айтарлықтай көбейетуғын болады.

***Мәдeният ҳәм көркем өнер тараўлары.*** Мәдeният ҳәм көркем өнер тараўлары халықты руўхый жақтан  тәрбиялаўда ҳәм раўажландырыўда үлкен әҳмийетке ийе ҳәм олар социаллық категориялар қатарына киреди. Мәдeният көп тармақлы тараў болып, буған китапханалар, музейлер, ҳайўанат парклери, саз-сәўбет мәкемелери, өнерментшилик мектеплери ҳәм мәдений демалыў парклери, клублар, әдебий мийраслар менен байланыслы болған театрлар, демалыс орынлары, филармониялар, кинотеатрлар, олардың жоқары ҳәм орта арнаўлы оқыў орынлары, ансамбиллер ҳәм басқарыў орынлары, дөретиўшилик бирлеспелери, кино, китап саўдасы ҳәм баспахана мәкемелериде киреди. Бул тараўлар халықтың мәдений ғәзийнесин арттырыўда ҳәм руўхый байлығын

беккемлеўде шешиўши рол атқарады. Сонлықтан республикада мәденіят ҳәм көркем өнерге тийисли тараўларды раўажландырыўға айрықша дыққат аўдарылмақта. Айрым жыллар ишинде мәденият ҳәм көркем өнер тараўларының өндирислик базаларының раўажланыўын жоқарыда берилген кесте мағлыўматларынанда көриўге болады. Солай етип, Қарақалпақстан Ресупубликасында мәдениият ҳәм көркем өнер тараўларына киретуғын мәкемелердиң өндирислик базалары айтарлықтай раўажланғанлығы мәлим. Булардың тийкарғы ўазыйпасы халыққа мәдений хызмет көрсетиў дәрежесин жақсылаў, пуқараларды Ўатанды сүйиўшиликке, әдеп-икрамлыққа, халықлар дослығын беккемлеўден ибарат ҳәм усы бағдарда үлкен жумыслар исленип атыр ҳәм т.б.

## 5.2.Қарақалпақстанның транспорты ҳәм экономикалық байланыслары

Қарақалпақстанда өндириўши күшлерди раўажландырыўдың кең иләжларын иске асырыўда транспорт тараўларын буннан былайда раўажландырыўды жеделлестириў әҳмийетли иләжлардың бири болып есапланады. Транспорты раўажландырыў экономиканы ҳәм мәдениятты көтериўге жәрдем береди. Транспортсыз санаат пенен дийханшылық ҳәм мәдений тараўлар арасында рационаллы байланысты дүзиў мүмкин емес.

Ғарезсизлик жылларында, республикада халық хожалығын раўажландырыў бойынша үлкен көлемдеги иләжларды иске асырыўдың нәтийжесинде санааттың өсиў пәти артпақта, тың жерлерде жаңа елатлы пунктлер, дара дийхан поселкалары ҳәм фермер хожалықларының орайлары дүзилмекте. Тәбиийй-экономикалық районлар бойынша өндиристи қәнигелестириў жаңаша түр алмақта. Ишки ҳәм район аралық экономикалық байланыслардың характери өзгермекте. Сонлықтан Кара-қалпақстанда транспорт тараўларын буннан былайда раўажландырыў ҳәм район аралық байланысларды рационализациялаў гезектеги кешиктирилмейтуғын мәселелердиң бири болып есапланады. Дурысында да транспорт хожалық тармақларының даўамы болып, жәмийетлик өндиристиң тийкарғы бир бөлеги сыпатында характерленеди. Солай етип, транспортқа жумсалатуғын барлық шығынларды есапқа алмай турып, өндиристи аймақлық шөлкемлестириўдиң қандайда бир нәтийже беретуғынлығын жеткиликли баҳалаўға болмайды.

Транспорт жәмийетлик өндирис шығынлары жыйындысының белгили бөлегин тутады. Сонлықтанда санаатты шийки зат ҳәм отын шығатуғын дереклерге жақын жайластырыў ҳәм таяр халық хожалық өнимлерди пайдаланылатуғын районларға жақынластырыў ақырғы есапта транспорт шығынларына тәсир ететуғын жүк айланысларын есапластырыўға, басқаша айтқанда өндиристи рационаллы жайластырыў жолы менен транспорт шығынларын азайтыўға мүмкиншиликлер таярлайды.

Транспорт тараўларын раўажландырыў ҳәм тасылатуғын жуклердиң өзине түсер баҳасын азайтыў машқалаларын шешкенде, район аралық экономикалық байланысларды дурыс системаластырыўдың әҳмийети оғада үллы. Ҳәтте, әдеўир дәрежеде раўажланған еллер ямаса районлар көлеминде де санаат кәрханаларын тек бир район аймағында жәмлестириўдиң мүмкиншилиги жоқ. Деген менен, Карақалпақстан өзиниң раўажланыў бағдары бойынша тийкарынан аўыл хожалығы менен шуғылланатуғын үлке есаплансада, ағаш материалларын, ғәлле ҳәм көпшилик тутыныў товарларын басқа районлардан алады. Солай етип, транспортты раўажландырыў ҳәм район аралық экономикалық байланыс-ларды жетилистириў ең әҳмийетли машқалалар қатарына киреди.

Ҳәзирги ўақытта республикамыздың район аралық жүк айналысында тийкарғы ролди ***темир жол тарнспорты*** ийелейди, ал қалған бир бөлими автомобил транспорты арқалы иске асырылмақта. Айрым транспорт тараўларының әҳмийетин республиканың жүк айналысындағы тутқан орнына қарай характерлеўге болады (Кесте №33).

Қарақалпақстанда ***темир жол транспорты*** айрықша әҳмийетке ийе. Ҳәзир республикамызда темир жол линиясының улыўма узынлығы 504 км ге тең, ямаса республиканың ҳәр бир 100 км майданына 5,0 км темир жол линиясы туўра келеди. Салыстырмалы узынлығы жағынан темир жол линиялары аз аралықты ийелеўине қарамастан, республика аралық көлемде жүк ҳәм жолаўшы жолаўшы тасыўда ең әҳмийетли ролди атқарады. Республикада темир жол транспорты тараўларының раўажланыўын сыпатлайтуғын айрым көрсеткишлерди ***№33 кестеден*** көриўге болады.

Үлкемизде өдириўши күшлердиң тез пәт пенен раўажланыўына байланыслы көлемли жүк айналысы иске асырылады. Ҳәзир республикада

жыл сайын транспорт тараўлары менен тасылатуғын жүклердиң көлеми 31,7 млн.тоннаны, ал жүк айналысы 567,2 млн.тонна /км ге барабар.

**Кесте №33**

**Қарақалпақстан Республикасында транспорт тараўларының раўажланыўының баслы көрсеткишлери**

| Көрсеткишлер | Жыллар | | | | | | 2010-жыл, % есабында | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1980 | 1990 | 2000 | 2005 | 2007 | 2010 | 1980 | 2007 |
| **Темир жол транспорты** | | | | | | | | |
| Экспл. берилген темир жоллардың узынлығы | 457,7 | 486 | 504 | 504 | 504 | 504 | 112,6 | 100,0 |
| Жүк тасыў, мың тонна | 845,6 | 710,0 | 1947,8 | 2895,0 | 2315,2 | 2732,0 | 2,9 есе | 105.0 |
| Жолаўшылар тасыў, мың адам | 322,0 | 407,6 | 1957,6 | 1683,1 | 2761,2 | 2917,9 | 9 есе | 105,7 |
| **Автомобиль транспорты** | | | | | | | | |
| Жүк тасыў,мың т. | 15200 | 16300 | 17900 | 21700 | 25552,2 | 31728,6 | 2,1есе | 124,2 |
| Жүк айланысы, млн. т/км | 370,3 | 355,3 | 128,5 | 343,3 | 464,7 | 567,2 | 153,2 | 122,1 |
| Жолаўшы тасыў, мың адам | 77400 | 84400 | 79800 | 80700 | 116015,5 | 169899,2 | 2,2ес | 146,4 |
| Жолаўшы айланысы-млн. жолаўшы/км | 674,6 | 961,1 | 356,2 | 684,5 | 943,0 | 1540142,4 | 2,2есе | 163,2 |

Жыллық жолаўшылар тасыўдың көлеми 169,9 млн.адамды,ал жолаўшылар айналысы 1540,1 млн. жолаўшы\ км.ди ийелейди.Жук айналысының структурасында тасып алып келинетуғын жүклер жоқары салыстырмалы үлеске ийе. Қабыллайтуғын жүклердиң ишинде тийкарғы үлести ағаш материаллары, ғәлле, минерал төгинлери, тутыныў товарлары ҳәм т.б. ийелейди. Республикадан жөнелтилетуғын жүклердиң басымырақ бөлимин пахта талшығы, ғәлле, мал шарўашылығы өнимлери, пиле, қаракөл териси, жүн, бақша ҳәм т.б. өнимлер түтады. Алдағы ўақытларда темир жол станциялары бойынша жүк қабыл етиў ҳәм жөнелтиўдиң дәрежеси тағы да артады. Булардың ҳәммеси темир жол станцияларын тийкарынан транспортерлар менен үскенелеўди, жүклеў ҳәм түсириў жумысларын механизациялаўды барынша жетилистириўди талап етеди.

Ҳәзир жүк жүклеў ҳәм түсириў механизмлердиң жәрдеминде әмелге асырылмақта. Биракта, жүк операциясының күпшилик бөлими (қурылыс материаллары, ағаш материаллары, ғәлле, минерал төгинлери ҳәм т.б.) керекли механизмлердиң жеткиликсизлигине байланыслы айрым жағдайларда еледе қол мийнети менен исленбекте. Бул жағдай жүк айналысындағы вагонлардың көп жумыссыз иркилип түрыўына алып келмекте. Ҳәзир транспортта жүк

айналысының басымырақ бөлимин пахта талшығы ийелейди, сонлықтан республиканың пахта тазалаў кәрханаларын жоқары сапалы техника менен үскенелеў күтә әҳмийетли. Бул жүклеў операциясына байланыслы шығынларды кемейтиўге мүмкиншилик береди.

Республиканың айрым пахта заводларында еле де аз куўатлы пресслер қолланылғанлықтан жеңил салмақлы тай пахталар таярлап шығарылмақта. Бул үлкен көлемли жүк тасыў уқыбына ийе вагонлардан төмен дәрежеде пайдаланыўға дуўшар етип отыр. Бул айналыстағы составтың талабын қанаатландырмайды, ал жүктиң өзине түсер баҳасын арттырады ҳәм пахта талшығын тасыўдан пайда болатуғын шығынлары көбейеди. Жүк тасыўды рационализациялаўда жоқары үскенеленген контейнер майданшаларына ийе болыўдың әҳмийети оғада зор. Биракта, ҳәзир республикада жүк көтериў уқыбына ийе жоқары қуўатлықтағы кранлар ҳәм контейнерлердиң майданшалары аз. Бул алдағы ўақытларда үлкен көлемдеги жүк айналысына ийе Наўайы-Ўчкүдық-Төтркул (Мискин)-Нөкис-Қоңырат ҳәм Шаржаў-Коңырат темир жол жөнелисине байланыслы хожалықлар менен административлик районлардың талабын толық қанаатландыра алмайды. Усыған байланыслы республиканың темир жол станцияларындағы контейнер майданшаларының жағдайын жақсылаў гезектеги ең әҳмийетли мәселелердиң бири болып есапланады.

Карақалпақстан транспорт тараўлары жақын келешекте айтарлықтай табысқа ерисиўи тийис. 1998-2008 жылларға келе Нөкис-Султан Уайс-Ушқудық-Наўайы-Ташкент темир жол қурылысының тамамланыўына байланыслы Өзбекстан аймағы туўрылай темир жол байланысларына ийе болды ҳәм Республиканың өндириўши күшлерин жоқары пәт пенен раўажландырыўға мүмкиншилик жаратылды. Бул бәринен де бурын Султан-Уайс таўы зонасында жайласқан тәбийий байлықларды санаатта кеңнен пайдаланыўға жол ашады.

Қарақалпақстанда кейинги жылларда транспорт тараўлары жоқары темп пенен раўажланбақта, бул республиканың өндириўши күшлериниң раўажланыўына жол ашты. Бирак дегенменен, тәбийий-экономикалық районлардың хожалық структурасын жетилистириў арқалы пайдаланылмай атырған резервлерди иске қосыў ҳәм мийнет ресурсларынан халық хожалығында

рационаллы пайдаланыў баслы уазийпа есапланады. Алдағы перспективада Қарақалпақстанның транспорт тараўларын раўажландырыў оның Орта Азия республикалары, әсиресе Өзбекстанның раўажланған аймақларыменен экономикалық байланысын кеңейтиўди талап етеди. Усыған сәйкес Нөкис-Султанўәйис (Қаратаў)-Төрткүл-Үшкудық бағдарындағы темир жол линиясының орайлық станцияларын заман талабына сәйкес безеў, сондай-ақ ишки район ара темир жол ҳәм автомобиль жолларының қурыысын тезлетиў зәрүр. Бул улкемиздиң Орайлық Азия еллерине, әсиресе Өзбекстаннын аймақлары менен байланысларын жетилистириўге мүмкиншилик туўдырады.

Қарақалпақстан Республикасы район аралық жүк алмасыўдың шәрти бойынша тек ғана шийки зат ҳәм айрым фабрикантларды алып қоймастан, жанар май, станоклар, кранлар, машиналар, санаат, аўыл хожалығы, сондай-ақ транспорт ушын үскенелер, халықтың материаллық ҳәм мәдений талапларын қанаатландырыў ушын керекли ҳәр қыйлы буйымларды да алып отырады. Усының менен бирге Карақалпақстанда ислеп шығарылатуғын пахта тазалаў, овощь-мийўе консервалары ҳәм аўыл хожалығы өнимлерин басқа республикаларда үлкен қызығыўшылық пенен талап етилмекте. Үсыған сәйкес, район аралық транспорт байланысларын рационализациялаў Карақалпақстан халық хожалығын раўажландырыўдың ең зәрүрли шәртлериниң биринен есапланады. Бунысыз аўыл хожалығының, санааттың ҳәм халықтың мәдений және материаллық жағдайларының өсиўи де мүмкин емес.

Қарақалпақстанда ишки район ара ***байланысларды жақсылаў*** үлкен әҳмийетке ийе. Мәселен, ҳәзир Шаржаў-Коңырат темир жол линиясы Әмиўдәрья алабындағы аймақларды ғана тәмийинлейди, ал республиканың арқа районлары елеге шекем темир жол линиясы менен толық тутастырылмай отыр. Усыған байланыслы темир жол линиясы арқалы келип түскен жүклер Карақалпақстанның арқада жайласқан көпшилик районларына өз ўақтында жеткерилип берилмейди. Буннан басқа тәбийий байлықлардың мол қорларына ийе Әмиўдәрьяның оң тәрепинде жайласқан районлар (мәселен, Султан-Уайс, Күсқанатаў, Қызылқум, Томарастаў ҳәм т.б.) қолайлы транспорт-экономикалық байланысқа йие болмағанлықтан бул аймақлардың байлықлары санаатта кеңнен пайдаланылмай атыр. Сонлықтан алдағы ўақытларда ишки район аралық әҳмийетке ийе жоллардың қурылысын тезлетиў ҳәм пайдаланыўға

бериў үлкен әҳмийетке ийе. Бул Карақалпақстанның индустриал бағдарда раўажланыўына ҳәм оның хожалық тараўларын тәбийий-экономикалық районлар бойынша дурыс қәнигелестириўге мүмкиншилик туўдырады.

Ҳәзир район аралық байланыслардың көпшилик бөлимин темир жол транспорты арқалы иске асырылады. Бул Республиканың халық хожалығын раўажландырыўда ҳәм оның қоңсылас республикалар менен экономикалық байланысты жәнеде жеделлестириўди талап етеди. Қара- қалпақстанның транспорт-экономикалық байланысларын рационализация-лаўдағы әҳмийетли мәселелердиң бири айналыс жоллар арқалы тасылатуғын халық хожалық жүклерин максимал дәрежеде қысқартыўдан ибарат. Усыған сәйкес келешекте Карақалпақстанның елимиздиң экономикалық жақтан қүўатлы районлары менен транспорт байланыс-ларын беккемлеў ең әҳмийетли иләжлардың бири болып есапланады.

Алдағы ўақытларда 630 км аралықтағы Ургенш-Коңырат-Бейнеў темир жол линиясын электрипикациялаў жолы менен қоңсы еллер менен экономикалық байланыс айтарлықтай ықшамласады ҳәм Устирттиң потенциалы тәбийий байлықларын халық хожалығында кеңнен пайдаланыўға мүмкиншилик дүзиледи. Бул мәселениң тезлеп шешилиўи тек Карақалпақстанның ғана емес, ал барлық Төменги Әмиўдәрья экономикалық районы, сондай-ақ Өзбекистанның қоңсылас Хорезим ўалаятының өндириўши күшлериниң тез пәт пенен раўажланыўына жол ашады. Солай етип, Коңырат-Бейнеў-Махат-Александров-Гай жөнелсин-деги темир жолды модернизациялаў ҳәм Нукус-Ташкент-Арыс бағдарындағы жүк операциясын ықшамлап пайдаланыў шектен тыс узақ жүк айланысын қысқартыўға мүмкиншиликлер дүзеди. Бул өз гезегинде темир жол транспортында әдден тысқары жук вагонларының айланысын қысқартыўға ҳәм өндирис шығынларын үнемлеўге тәсир етеди.Жаңа бағдардағы темир жол линиясын тамырлаўға жумсалған қаржылар бәринен де бурын хожалық тараўларында мийнеттиң өнимдарлығын арттырыў жолы менен иске асырылады. Есаплаўларға қарағанда, Коңырат-Бейнеў-Махат-Александров-Гай темир жолының иске түсиўи Өзбекистаннан Россияның Европалық бөлимне шекемги аралықты орташа 440 км қысқартыўға жол ашты. Келешекте Карақалпақстанның Түслик Кызылқум зонасы арқалы Қазақстан ҳәм Россияның Урал экономикалық районына

шығыўы Қызыл қумның жер асты байлықларын ҳәм жайлаўларын өзлестириўге мүмкиншилик туўдырады.

Қарақалпақстанда ***автомобиль транспорты*** екиши дүнья жүзлик урыстан соңғы жыллары ғана айтарлықтай раўажлана баслады. Бул транспорт тараўы тек ишки республика аралық жүк тасыўда ғана емес, ал Өзбекстанның қоңсылас ўалаятлары ҳәм Туркменстанның Ташаўыз ўалаяты менен хожалық аралық байланысты раўажландырыўда да кеңнен пайдаланылады. Республикада аўыл-хожалық шийки затларын санаат орынларына, халықты күнделикли тутыныў товар менен тәмийинлеў, хожалық бўйымларын аўыллық ҳәм қалалық тутыныў орынларына жеткерип бериўди тәмийинлеўде автомобил жол тараўларын салыў ҳәм оны буннан былайда раўажландырыўға тиккелей байланыслы.

2010-жылы Қарақалпақстанда 6,9 мың км дей автомобиль жолларына (усынан 4,3 мың км асфальтланған жоллар) ийе болды. Буған қосымша келешекте Қоңырат-Жаслық-Бейнеў аралығын тутастыратуғын асфальт-ланған автомобиль жоллары қурылады ҳәм 1600 км дей пайдаланып атырған ишки район аралық жоллар реконструкцияланады. Бул автомобиль транспортының жеделли раўажланыўына ҳәм оның халық хожалығындағы әҳмийетиниң артыўына мүмкиншилик туўдырады

Ҳәзир республика аймағында автомобиль парклеринен пайдаланыў көрсеткишлери де айтарлықтай жақсыланды. 2010-жылы жүк тасыў автопарклери бойынша орташа бир автомобиль\тоннадан пайдаланыў дәрежеси 1980-жылларға салыстырғанда тасылатуғын жүклер бойынша 3,4 есеге артса, жүк айналасы бойынша 5, 6 есеге көбейди. Авто-буслардағы ҳәр бир орыннан пайдаланыў коэффициенти 1980-жылға қарағанда тасылған жолаўшылардың саны бойынша 2 есе дерлик артты. Усы жыллар ишинде жолаўшы ҳәм жүк тасыўдың өзине түсер баҳасында да үлкен өзгерислер болды. Жақын келешекте республикада 15600 км.дей асфальтланған автомобиль жоллары қурылады ҳәм 2500 км.дей жол реконструкция-ланады. Бул автомобиль транспорты бойынша жыллық жүк айланысының көлемин 567,2 млн. тонна/км-ге, ал жолаўшылар айланысын 1,5 млрд. жолаўшы/км-ге жеткериўге мүмкиншилик береди.

Кейинги жылларда Қарақалпақстанда автомобиль парклеринен пайдаланыў көрсеткишлери де айтарлықтай жақсыланды. 2010 жылға келе автопарклер бойынша жүк тасыў ҳәм орташа бир автомобиль тоннадан пайдаланыў дәрежеси 1990-жылға салыстырғанда тасылатуғын жүклер бойынша 1,3 есеге, ал жүк айланысы бойынша 1,5 есеге артты. Бирақ, деген менен республикада автомобиль транспорты еле де жеткиликли дәрежеде пайдаланылмай атыр. Мәселен, улыўма пайдаланатуғын автомобиль парклердиң жүк тасыў өнимдарлығы ҳәм жүк айланысындағы көрсеткишлердиң өзине түсер баҳасы Өзбекстанның басқа областлары менен салыстырғанда айтарлықтай жоқары. Усыған сәйкес республиканың автомобиль хожалықларының жумысында қәнийгелестириў процессин кеңнен ен жайдырыў ҳәм жеке пайдаланыўдағы автопарк жумысларын барынша жетилистириў қәжет. Автомобиль парклериниң өнимдарлығын арттырыўда ҳәм тасылатуғын жүклердиң өзине түсер баҳасын арзанлатыўда принциплерди кеңнен қолланыў ҳәм жеңил жүк көтеретуғын автомобиллердиң пайдалы коэффициентин арттырыў үкен әҳмийетке ийе. Республика халқының өсип баратырған социал - мәдений талапларын кеңнен қанаатландырыўда республика аралық ҳәм район аралық автомобиль жолларын реконструкциялаў ҳәм Қоңырат-Мойнақ жолларын кайта тамырлаў, Нөкис-Үшкудық, Тахтакөпир-Қызылкум (Томарастаў) жолларын қурыў ҳәм тамылаў үлкен әҳмийетке ийе.

Автомобиль транспорты аўыл хожалық өнимлерин қайта ислеп шығаратуғын санаат тараўларына, ал таяр өнимди тутыныўшыларға, бәринен де бурын аўыллық саўда бөлимлерине жеткериўде үлкен әҳмийетке ийе. Деген менен, республикада автомобиль транспорты еледе нәтижели пайдаланылмай атыр. Мәселен, жек хожалықлардағы автомобильлердиң жүк тасыў өнимдарлығы төмен ҳәм т/км аралықта тасылатўғын хожалық жүклериниң өзине түсер баҳасы Өзбекстанның басқа ўалаятлары менен салыстырғанда айтарлықтай жоқары. Бул бәриненде бурын хожалықлар арасындағы экономикалық байланыслардың ҳәлсизлиги ҳәм экологиялық дағдарыс нәтийжесинде жәмийетлик өндиристиң экономикалық көркеткишлериниң пәсейиўине байланыслы болып отыр. Усыған сәйкес автомобиль транспортынан пайдаланыў коэффиценти төменледи ҳәм жүк

автомашиналарынан 2 сменада пайдаланыў еледе төмен. Буннан басқа мәкемелерде ҳәм министрликлерде еледе болса майда автопарклер көп, және линиядағы автомобиллерден рационал пайдаланыў жетерли дәрежеде емес. Усының нәтийжесинде көпшилик автомобиль хожалықларында транспорт машиналарының жүк көтериў коэффицентинен толық пайдаланылмай атыр. Бул республика-ның автомобиль хожалықларының жумысын бир системаға салыўды ҳәм оларда исбилерменликти кеңнен ең жайдырыўды талап етеди.Усыған сәйкес автомобиль хожалықларын орайластырыў күтә әҳмийетли, себеби бундай жағдайда автокәрханалардың қараўында автомашиналар көп болып, жумыстың характери ҳәм түрлери бойынша автомашиналарды рационал таңлаўға ҳәм жумысларды өз ўақтында жобаластырыўға мүмкиншилик болады. Алдағы ўақытларда автомобиль транспортын раўажландырыўда автопарклерди қәнигелестириў әҳмийетли рол атқарыўы тийис. Солай етип,Қарақалпақстан жағдайында автомобиль хожалықларын беккемлеў ҳәм жүк машиналарынан өнимдарлы пайдала-ныўға ерисиў ең әҳмийетли иләжлардың биринен есапланады. Автомобиль парклериниң өнимдарлығын арттырыўда ҳәм тасылатуғын жүклердиң өзине түсер баҳасын арзанлатыўда өндиристе қошеметлеў процессин кеңнен қолланыў ҳәм жеңил жүк көтеретуғын машиналардың пайдаланыў коэффицентин жоқарылатыў үлкен әҳмийетке ийе.

Республикада кейинги жылларда автомобиль транспортын раўажландырыўға байланыслы жүк тасыўдың муғдары артты ҳәм улыўма пайдаланыўдағы автомобиль транспорты ҳәм таксомоторлы автомобиллердиң айланыстағы жолы үзайды.

Келешекте Республика аралық ҳәм жергиликли әҳмийетке ийе автомобиль жолларын буннан былайда раўажландырыў зәрүр болады. Тек 1980-1995 жыллардың ишинде асфальтланған 3100 км жол салынды ҳәм реконструкцияланды. Ал 2000-2010 жылларға келип район аралық ҳәм жеке дара дийхан хожалықларын ҳәм ассосацияларын тутастыратуғын жоллар қайта тамырланбақта. Нәтийжеде республика 6 мың 700 км автомобиль жолларына (үсыған 3100 км асфальтланған) ийе болды.

Республикада халықтың өсип баратырған экономикалық ҳәм мәдений талапларын кеңнен қанаатландырыў ушын Нөкис-Шымбай-Тахтакөпир, Нөкис-

Беруний-Төрткүл, Нөкис-Хожели-Коңырат-Мойнақ бағдарларында, сондай-ақ Беруний-Төрткүл, Беруний-Бостан, Коңырат-Раўшан, Караөзек-Казақдәрья, Коңырат-Ургенш автомобиль жолларын реконструкциялаў қәжет. Булардан Коңырат-Урге жолының ҳәзирги талапларға сәйкес қурылыўы биришиден Мойнақ районы бойынша жүк тасыўдың муғдарын көбейтсе, екиншиден Урге зонасынан ашылған нефть-газ аралас кәнди тезден халық хожалығына пайдаланыўға бериўге ҳәм газ конденсатын көплеп өндириўге мүмкиншилик жаратылады. Сонлықтан аталған жоллардыа реконструкциялаў тек мәдений мәселелерди шешип ғана қоймастан, бул комплекс хожалық машқалаларын шешиўге жол ашады.

Ҳәзир республика аймағында жеңил автомашинаалар ҳәм автобус пенен жолаўшы тасыў қала аралық байланыстың ең әҳмийетли түрине айланды. Егер 1953-жылға шекем Карақалпақстанда жеңил автомашина-менен байланыс жасау тек үш қала ортасында ғана болса, ҳәзир бул республиканың ҳәмме қалалары ҳәм көпшилик елатлы пунктлери арасында да иске аспақта. Республика халқының талапларын буннан былайда тәмийинлеў мақсетинде, жүк таксомоторлы ҳәм жеңил таксомоторлы транспортлардың саны көбейтилмекте.

Автомобиль транспорты жүк ҳәм жолаўшыларды тасыўда алдағы ўақытларда да өзиниң тийисли орнын ийелейди. 1995-2010 жылларда ири автомагистралларды қайта қурыў ҳәм Карақалпақстаннан Бейнеўге (Казақстан) қарай асфальтланған автомобиль жолларын қурыў ҳәм пайдаланыў иләжлары кгңнен иске асырылмақта.Солай етип, улыўма пайдаланылатуғын автомобиль транспорты менен жүк тасыўдың муғдары анағурлым артты ҳәм жолаўшылар тасыўдың көлеми көбеймекте, сондай-ақ транспорттан түсетуғын пайданың муғдарыда жоғарыламақта. Мысалы, егер 1990-жылы республика аймағында автотранспорт пенен жолаўшы тасыўдың есабынан 119 млн 179 мың сўм пайда алынған болса, бул көрсеткиш 2010 жылларға келе 5 млрд. 253,7 млн сўмға көбейди. Ал алдағы ўақытларда бул көрсеткиш 1,8 есеге артатуғын болады. Қараалпақстанның үлкен қалалар ҳәм санаатлы орайларменен байланы-сын ықшамластырыўда маршрутлар бойынша автостанцияларды бир типте қўрыў ҳәм тармақларын кеңейтиўге айрықша итибар бериледи. Қала аралығындағы автобус линиясы бойынша Карақалпақстанның басқа

административлик районларменен қатнасы жақсыланады. Усы мақсетти гөзлеп айрым автовокзаллар ҳәм автостанциялар қайта ускенеледи ҳам таза автовокзаллардың қурылысы питкериледи. Автокәрханаларда жанар майды үнемлеў мақсетинде жүдә қолайлы жанылғы ретинде жаныўшы газден пайдалыныўдың көлеми артады.

Қарақалпақстанның административлик районлары ҳәм Өзбекстанның басқа ўалаятлары менен транспорт экономикалық байланысларды буннан былайда раўажландырыўда Газли-Дулдул-Хазарасп-Коңырат-Арал теңизи ҳәм Дулдул-Төрткүл-Нөкис автомобиль жолларының ўдайы жумыс ритимин тәмийинлеў айрықша әҳмийетке имйе. Бул жоллар Әмиўдәрьяның еки бойын жағалап, Арал теңизине шекем созылады ҳәм Карақалпақстанды Ташкент ҳәм басқада ўалаятлары менен тутастырады.

Келешекте Карақалпақстанның санаатлы районлар менен байланысы Туслик Кызылқум ҳәм Нөкис-Ушқудық-Наўайы автомобиль жоллары арқалы иске асырылады. Бул республикада ишки район аралық жол қатнас байланысларын жақсылаўға ҳәм Өзбекстанның ири аймақлары ретинде үлкемиздиң экономикалық потенциалының артыўына жол ашады.

Мемлекет аралық ҳәм ишки район аралық жолаўшы қатнасларын раўажландырыўда ***ҳаўа жолы транспортының*** әҳмийети жоқары.Усыған байланыслы алдағы ўақытларда район аралық ҳәм жергиликли характерге ийе болған ҳаўа байланыс жолларындағы аэропортлар қайта қурылады ҳәм олар әдеўир кеңейтирилиўи тийис. Усының нәтийжесинде ҳаўа транспорты менен жолаўшылар тасыў артады ҳәм самолётлар менен аўыл хожалық егинлериниң зыянлы жәнликлерине қарсы гүрес жүргизиледи. Минерал төгинлерин төгиў ҳәм пахтаның жапырағын түсириў бойынша самолёт пенен жүргизилетуғын жумыслардың көлеми артады. Нөкис қаласында жайласқан аэрофлоттың бас «ОФИС»и салынып питкериледи. Саатына қуўатлығы 360 жолаўшы жөнелтиў мүмкиншилигине ийе 2- Нөкис аэровокзалының қурылысын салыў иске асырылады. Солай етип, ҳаўа транспортының раўажланыўын тәмийинлеў бойынша иләжлардың иске асыўы бул тараўда жумыс операциясының көлемин көбейтиўге мүмкиншилик туўдырады. Ҳәзирги дүньядағы ең куўатлы Орта Азия-Орай ҳәм Бухара-Урал газоқубыры базасында ҳәм Устирттеги, Арал теңизи акваториясындағы нефть, газ қорларының пайдаланыўға берилиўине

байланыслы ҳәм Арқа урга-Нукус-Газли газ қўбырының, Түйемойын-Нөкис-Тахтакөпир аралығындағы суў қубырынан нәтийжели пайдаланыў нәтижесинде Қарақалпақстанда ***трубопровод транспортының*** раўажланыўы тәмийинленеди. Бул үлкемизге көп шығын сарп етип, узақтан тасылатуғын отын ҳәм басқа да минералларды тасып әкелиўден бас тартыўға, және республиканың отын-энергетика базасын кеңейтиўге үлкен мүмкиншиликлер ашты. Солай етип, Карақалпақстанда кейинги жыллар ишинде транспорт тараўлары жоқары пәт пенен раўажланбақта. Бул республиканың өндириўши күшлериниң раўажланыўына, әсиресе перспективалы нефть, газ ҳәм химия санааты, сондай-ақ агросанаат комплексиниң қәлиплесиўи ҳәм жеделли раўажланыўына, оның тараўлық дүзилисиниң жетилисиўине жол ашады. Егер 1952-жылларға шекем Карақалпақстанның транспорт-экономикалық байланысларының төмен дәрежеде болыўына сәйкес санааттың дүзилисинде бир тәреплеме жеңил ҳәм азық-аўқат тараўлары жоқары салыстырмалы үлести ийелесе, ҳәзирги ўақытта аўыр санаат тараўларының раўажланыўы ушын қолайлы шараятлар дүзилмекте. Төменги Әмиўдәрьяда жайласқан районларға темир жол транспортының өткерилиўи тасылатуғын хәр қыйлы халық хожалық жүклердиң өзине түсер баҳасының арзанлаўына жол ашпақта. Алдағы уақытларда ислеп тўрған Орта- Азия орай, Шахпақты- арқа- Урга-Нөкис-Газли газ қўбырлары тийкарында Қарақалпақстанда қўбыр транспорты раўажланады ҳәм оның келешегиде зор

Республика халқын руўхый тарбиялаўда ҳәм олардың талапларын қанаатландырыўда, халықлар арасындағы дослық байланысларды беккем-леўде,сондай-ақ жаңа демократиялық дәстүрлерди орнатыўда **байланыс тараўлары-** радио еситтириў ҳәм телевидение айрықша әҳмийетке ийе.

Карақалпақстанда телефон биринши мәрте 1932-жылы Төрткүлде пайдаланыўға берилди, бирақта телефон станциясының қуўаты жүдә аз болып, 50 абоненти ғана бар еди. Ҳәзир Қарақалпақстанның барлық қалалары ҳәм район орайларында телефон станциялары дүзилди ҳәм олардың қуўатлығы артпақта. Телефон байланысларының улыўма монтажланған қуўатлығы 106,3 мың номерге ийе болған 211 АТС тың күши менен әмелге асырылады.

Республикада алдағы ўақытларда ***радио еситтириў*** тараўларында да айтарлықтай жумыслар иске асырылады ҳәм жоқары сапалы көрсеткишлерге

ерисиледи. Бул радио еситтириў ўақтының үзайыўына ҳәм қалаларда радио еситтириў тараўларының еки- үш программада ислеўине жол ашады. Ҳәзир республика халқы көп санлы телекоммуникация сетлерине ийе. Булардың саны халықтың турмыс дәрежесиниң өсиўине байланыслы айтарлықтай көбейеди. Нөкисте күшли ретрансляторлардың қурылыўына байланыслы алдағы ўақытларда Каракалпақстан аймағында телевизиялық көрсетиў дәрежеси айтарлықтай жақсыланады. Байланыс тараўларында заман талапларына жуўап беретуғын дәрежеде жумыслар алып барылады. Цифрлы электрон-автомат телефон ҳәм ципрлы теле еситтириу мәселеси иске асады ҳәм оны халықтың тапапларына сәйкес жеткериў мәселеси шешиледи.

Қарақалпакстанда алдағы ўақытларда иске асырыўға тийисли жобаларды, әсиресе өндириўши күшлерди буннан былай раўажландырыў мәселелерин иске асырыўда ***ишки район аралық ҳәм халықаралық транспорт-экономикалық байланысларды*** жетилистириў талап етиледи. Мәселен, ҳәзирги темир жоллар көпшилик жағдайда Нөкис-Төрткүл, Нөкис-Шымбай ҳәм Нөкис-Қоңырат маршрутларын ғана қамтыйды, ал республиканың арқа районлары ҳәм Аральды суў астынан қўрлыққа айналған аймақлары, сондай-ақ Нөкис-Хөжели-Көне-Ургенч, Нөкис-Қыпчақ-Ургенч маршрутлары ҳәттеки талапқа жуўап беретуғын автомобиль жоллары менен де толық тәмийнленбей атыр. Үсыған байланыслы район аралық байланысларды беккемлеў халық хожалық жүклерин Қарақалпақстанның арқа бөлиминде жайласқан аймақларға өз ўақтында жеткерип бериў ҳәм Төменги Әмиўдәрья экономикалық районларында жайласқан ҳәкимшилик районларменен транспорт-экономикалық байланыслар гейпара жағдайларда режеге сәйкес иске аспайды. Сонлықтан алдағы перспективада жоқарыда көрсетилген бағдарлар бойынша автомобиль ҳәм темир жол линияларының қурылысын тезлетиў ямаса пайдаланыўға бериў жүдә әҳмийетли болар еди. Бул жоллардың қурылыўы ҳәм иске түсирилиўи Қарақалпақстанның халық хожалығын барынша индустриал бағдарда раўажландырыўға ҳәм өндирис тараўларының тәбиййй-экономикалық районлар бойынша тўрақлы байланысларын тәмийинлеўге мүмкиншилик тўдырады.

Ҳәзир Қарақалпақстан Республикасының экономикасы базар қатнасықлары тийкарында структуралық өзгешеликлерге ушырап атырған жағдайда,

*транспорт-экономикалық байланыс* тараўларын раўажлан-дырыўға айрықша дыққат аўдарылыўы тийис. Сонлықтан транспорт-экономикалық байланыс тараўларын ҳәзирги заман талапларына жууап беретуғын тийкарда қурыў ҳәм қоңсы мәмлекетлерменен шегарадық әҳмийетке ийе аймақларда ***еркин саўда-сатық экономикалық*** зоналар дүзиў мақсетке мұапық келеди.

Өзбекстан ҳәм оның қурамындағы Қарақалпақстан Республикасы ғәрезсизликке ерискенннен кейинги дәўирде бизиң республикамыз жер шарының раўажланған еллери менен экономикалық байланыслар жасаў мүмкиншиликлерине ийе болды. Экономикалық байланыслардың ишинде узақ мүддетли кредитлер алыў ҳәм өз-ара товар алмасыў тийкарғы рол ойнайды. Соның менен бирге, кадрлардың қәнигелигин жетилистириў ҳәм илимий-техникалық байланысларды раўажландырыўға да айрықша итибар берилмекте. Ҳәзир Қарақалпақстанға сырт ел инвестициялары көплеп кирип келмекте. Олар жер асты пайдалы қазылма байлықларын излеп табыў, олардың муғдарын анықлаў ҳәм биргеликте санаат кәрханаларын қүрыў ушын жүмсалады. Жер шарындағы көпшилик раўажланған мәмлекетлер Арал экологиялық апатшылығынан жәбир көрип атырған Карақалпақстан халқына бийғәрез жәрдем қолын созбақта. Олар азық-аўқат, медициналық әспаб-үскене ҳәм дәри-дармақ, жер асты суўларын душшыландырып беретуғын техникалық үскенелерди жеткерип бермекте.

Қарақалпақстанның сырт ел фирмалары менен байланыслары күшеймекте. Олардан Туркия, Италия, Россия ҳәм Нидерландияның фирмалары менен дүзилген шәртнамаларды мысал ретинде келтирсек болады. Карақалпақстан халық хожалығында Японияда, Германияда, Нидерландияда исленген аўыл хожалық машиналары, Чехия дизел двигателлери, Тайван ҳәм Россия электр двигателлери, Румынияның тырмалары, Италия ҳәм Туркияның тоқымашылық үскенелери кеңнен пайдаланылмақта. Қурылыс материаллары ҳәм азық-аўқат өнимлерин ислеп шығарыў бойынша да көплеген шәртнамалар дүзилмекте.

Қарақалпақстан Республикасының Өзбекстан ўалаятлары менен де байланыслары күшейип бармақта. Нәтийжеде Қарақалпақстанда өндирилген өнимлер дүнья жүзлик базарда сапасы жоқарыламақта ҳәм даңқы шықпақта. Республикамызда жетилистирилген пахта талшығы, боян тамыры ҳәм қара көл териси халықаралық саўда көргизбелериниң алтын медалларын алыўға мияссар

болды. Солай етип, Қарақалпақстан Республикасы ғәрезсизлик жылларда районара ҳәм халықара экономикалық байланысларды иске асырыўда структура саясаты тийкарында хожалық тараўларын реформаластырыў мәселелерин иске асырмақта. Бул өз гезегинде республика халқын тутыныў товарлары менен ҳәм санаат тараўларын шики зат ресурслары менен тәмин етиўде улкен әҳмийетке ийе. Ҳазирги дәўирде Қарақалпақстан ушын ҒМДА еллери, Европаның раўажланған мәмлекетлери менен экономикалық байланысты күшейтиў үлкен әҳмийетке ийе. Натижеде Қарақалпақстанның сыртқы саўда айналысындағы обороты 115,4 млн. АҚШ долларын қурап, усының 37,9 млн. доллары ҒМДА мәмлекетлерине тўра келсе, ал қалған 77,5 млн. доллары басқа сыртқы мәмлекетлерге тўра келеди. Экспортқа шығарылатын өнимлердиң көлеми 2010-жылы 90,9 млн. долларды қурап, усының 23 % ҒМДА еллерине шығарылса, ал импортдан алынған затлардың (17,1 млн. доллары) яки 69,5 % ти ҒМДА еллерине туўра келди.

Келешекте Қарақалпақстанда өнидириўши күшлерди раўажландырыў транспортлық шығынларды қысқартыў ҳәм экономикалық байланысларды жетилистириў жолы менен иске асырылатуғын болады. Бул мәселелердиң алдағы ўақытлары табыслы иске асыўы мәмлекет масштабында базар қатнасықларына сәйкес жүргизилип атырған экономикалық сиясаттанда белгили. Солай етип, транспорт ҳәм байланыс тараўларының өндирислик базарларын беккемлеў ҳәм раўажланыў бағдарларын жетилистириў, республикада жүз берген экологиялық дағдарыс жағдайында өндирис кәрханаларының нәтийжелигин жоқарылатыўға ҳәм халықтың материаллық және мәдений жақтан талапларын қанаатландырыўға мүмкиншиликлер жаратату́ғыны сөзсиз.

***Сораў ҳәм тапсырмалар:***

***1. Халыққа хызмет көрсетиў сфераларының регионаллық өзгешеликлери неден ибарат ҳәм оны Қарақалпақстан Республикасы мысалында дәлиллең.***

***2.Қарақалпақстанда халыққа хызмет көрсететуғын тараўлардың қәлиплесиўи, раўажланыўы ҳәм тараўлық структурасы ҳаққында тәриплеме дүзиң?***

***3. Қарақалпақстанда халыққа хызмет көрсететуғын тараўлардың аймақлық жайласыўы ҳәм сервислик хызметке өтиўдиң абзаллығы ҳаққында тәриплеме дүзиң?***

***4.Қарақалпақстанда транспорт тараўларының раўажланыўын белгилең ҳәм оның тараўлық структурасын ажыратың? Транспорт қурамында жук тасыў (тонна), жук айналысы (тонна/км.) ҳәм жолаўшы тасыў ҳәм жолаўшылар айналысын (жолаўшы/км.) тәриплейтуғын Қарақалпақстан транспорты мысалында анализ дүзиң?***

***5.Қарақалпақстанның транспорт-экономикалық байланысларына мазмунлама дузиң ҳәм импорт арқалы алатуғын жәнe экспортқа жөнелтетуғын затлардың структурасын ажыратың, көлемин анықлаң?***

***6.Қарақалпақстан мысалында халықаралық экономикалық байланысларды раўажландырыў ҳәм оны жетилистириў мәселелерине тәриплеме дүзиң?***

***7.Қарақалпақстанның ишки ҳәм район ара экономикалық байланысларын жетилистириў мәселелери бойынша жәнe еркин экономикалық саўда-сатық зоналарды дүзиўдиң жобасын таярлаң?***

***8.Кесте мағлыўматлары тийкарында халыққа хызмет көрсететуғын тараўлардың Қарақалпақстанда раўажланыўын тәриплейтуғын диаграмма дүзиң?***

***9. Қарақалпақстанның ишки аймақлық өнимниң көлеми 1 трлн. 389,8 млрд. сўмды қурап усының ярымынан көбиреги жеке бизнестиң үлесине туўра келсе онда бул тараў жылына қанша муғдардағы өним топлаў мүмкиншилигине ийе?***

***10. Халыққа хызмет көрсететуғын тараўлардың структурасында киши бизнес ҳәм жеке исбилерменликтиң роли қандай?***

# VI. БАП. ҚАРАҚАЛПАҚСТАННЫҢ ИШКИ РАЙОН АРАЛЫҚ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ ҲӘМ РЕСПУБЛИКА АЙМАҒЫН ЭКОНОМИКАЛЫҚ РАЙОНЛАСТЫРЫЎДЫ ЖЕТИЛИСТИРИЎ МӘСЕЛЕЛЕРИ

## 6.1. Қарақалпақстан хожалығының аймақлық структурасы ҳәм тәбийий-экономикалық районларында өндиристиң жайласыўын жетилистириў жоллары

Қарақалпақстан тәбийий шараяты бойынша изертлеў жүргизген республика географларының, сондай-ақ аграр-экономистлериниң илимий мийнетлерине анализ жасасақ, Қарақалпақстанның тәбийий комплексиниң қәлиплесиўинде, сондай-ақ оның аймақларында бир-биринен парық қылатуғын көп санлы айырмашылықлардың бар екенлиги байқалады. Бул әсиресе Қарақалпақстанның тәбийий-экономикалық районларында вегетациялық дәўирдиң узақлығында, биринши ҳәм ақырғы суўықлардың аўыл хожалық егинлерине тәсиринде, сондай-ақ усыған сәйкес айрым жағдайларда аўыл хожалығы егинлериниң писип жетисиўине ҳәм зүрәәт топлаў мүмкиншиликлеринде үлкен өзгешеликлерди пайда етеди. Хожалық тәрептен алғанда айтарлықтай тәсир жасайтуғын өзгешеликлер Қарақалпақстан аймақлары бойынша халықтың, тарийхый дәўирлер ишинде қоныс басыў процессинде ҳәм ҳәзирги географиялық жайласыўында да парқ қылады. Хәзирги ўақытта республика аймақлары бойынша халықтың биргеликли тарқалмаўы айрым районларда өндириўши күшлердиң раўажланыў дәрежесине күшли тәсир жасады. Нәтийжеде 70 мың кв.км аслам майданды ийелап жатқан Устирт ҳәм 30 мың кв.км дей аймақты ийелейтўғын Қызылқум шөлистанлы районларында барлығы болып 1 кв.км территорияға 0,1-0,3 адам туўра келеди. Көрсетилген аймақларда турақлы ҳалық санының өте аз тарқалыўы бул районлардың өндириўши күшлерин раўажландырыўға белгили дәрежеде тосқынлық жасамақта.

Қарақалпақстан Республикасының тәбийий шараятындағы ҳәм халқының аймақлық қоныс басыўдағы өзгешеликлерине байланыслы республиканың потенцияллы тәбийий ресурсларын халық хожалық комплексинде пайдалыныў еледе болса жетерли емес ҳәм хожалығының қәлиплесиў бағдарында айтарлықтай зоналлық өзгешеликлерди байқаўға болады.

Бул өзгешеликлер республиканың арқа районлары менен Кубла районлары, сондай-ақ теңиз алды аймақларында айтарлықтай күшли сезиледи. Усыған сәйкес Қарақалпақстанның халық хожалығы тараўларының раўажланыўындағы тәбийий зоналлық өзгешеликлерди анықлаў ҳәм айрым районлардың потенциаллы тәбийий-экономикалық ресурсларын өндирис айланысына қосыўдың келешектеги прогнозлық бағдарларын белгилеў ушын республика географлары тәрепинен жүргизилген көп жыллық мағлыўматлар, сондай-ақ агроклиматологиялық районластырыў бойынша жүргизилген изертлеўлердиң жуўмағы ҳәм ҳәзирги әмелияттағы өдирис тараўларында ике асырылып атырған хожалық тараўларының қәнигелесиў бағдарлары Каракалпақстан Республикасы территориясын төмендегидей тәбийий-экономикалық районларға бөлиўге мүмкиншилик береди: 1) Ғәллешилик, қала әтирапы овощ-сүт өндириўге ҳәм гөш-сүт бағдардағы мал шарўашылығы, техникалық егинлерге қәнийгелескен Арқа район; 2) Пахташылық, пиллешилик, бағшылық ҳәм жүзимгершиликке, қаракөл қой шарўашылы-ғына қәнигелескен Түслик район; 3) Балық аўлаўшылық, балық өнимлерин қайта ислеў ҳәм гөш-сүт бағдардағы мал шарўашылығына ҳәм ғәлле-шиликке қәнигелескен Арал (теңиз бойы) районы; 4) Жайлым бағдардағы қаракөл қой шарўашылығы, келешекте нефть-газ ҳәм химия санаатын раўажландырыўға қәнигелесетуғын ўстирт районы, Кызылқум районлары, сондай-ақ Каратаў таў-кән санаатлы районына бөлинеди (кесте-№34).

Кесте-№34

**Каракалпакстаннын табийий-экономикалык районлары бойынша хожалык тарауларынын аймаклык дузилиси.**

| Тәбийий-экономикалық районлардың баслы көрсеткишлери | Экономикалық районлардың атлары | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 2000 | | | | | 2010 | | | | |
| | Қубла район | Орайлық Район | Арқа район | Арал районы | Барлығы | Қубла район | Орайлық район | Арқа район | Арал районы | Барлығы |
| Майданы, мың.км$^2$ | 16,8 | 4,0 | 108,6 | 37,2 | 166,6 | 16,8 | 4,0 | 108,6 | 37,2 | 166,6 |
| Халқы, мың.адам. | 544,0 | 624,6 | 309,7 | 28,7 | 1503,0 | 650,8 | 690,8 | 310,4 | 28,9 | 1680,9 |
| Халқы, % ес.да | 36,2 | 41,6 | 20,2 | 1,9 | 100,0 | 38,5 | 41,2 | 18,5 | 1,8 | 100,0 |
| Ишки жалпы өним көлеми б.ша, % | 36,3 | 41,4 | 22,1 | 0,2 | 100,0 | 33,0 | 49,4 | 17, 1 | 1,4 | 100,0 |
| Усынан:Санаат өними б.ша, % | 25,8 | 58,8 | 14,7 | 0,7 | 100,0 | 23,4 | 60,1 | 10,9 | 5,6 | 100,0 |
| Егиске жарамлы жер фонды б.ша, % | 26,0 | 17,2 | 54,1 | 2,7 | 100,0 | 26,0 | 17,2 | 54,1 | 2,7 | 100,0 |
| Усынан: Егислик жерлер, % | 28,2 | 16,6 | 32,6 | 2,6 | 100,0 | 38,6 | 35,6 | 24,6 | 1,2 | 100,0 |
| Пахта өнимлери, % | 54,4 | 30,1 | 15,5 | „, | 100,0 | 60,3 | 24,3 | 15,4 | … | 100,0 |
| Ғәлле өнимлери, % | 7,3 | 31,5 | 60,8 | 0,4 | 100,0 | 17,3 | 31,5 | 60,8 | 0,4 | 100,0 |
| Ири қара мал бас саны б.ша, % | 45,1 | 22,7 | 20,3 | 2,9 | 100,0 | 47,3 | 31,2 | 19,4 | 2,1 | 100,0 |
| Қой ҳәм ешки бас саны б.ша, % | 37,3 | 20,1 | 41,4 | 1,2 | 100,0 | 37,7 | 22,0 | 38,6 | 1,7 | 100,0 |

Көрсетилген тәбийий-экономикалық районлардың төртеўи Әмиўдәрья дельтасында жайласқан ҳәм ҳәзир республиканың экономикалық тийкарын қурайды. Ал қалған Устирт, Кызылқум ҳәм Каратаў районлары алдағы перспективада қәлиплесетуғын ең күшли экономикалық потенциалға ийе территориялар қатарына киреди.

**1. Орайлық тәбийий-экономикалық районы.** Орайлық район Әмиудәрьяның ҳәзирги дельтасы басланатуғын Тахиаташ қыснағынан баслап дәрья алабында жайласқан тегислик районларын өз ишине алады. Районның арқа шегарасы Даўыткөл суў сақлағышынан арқаға қарап Даўқара батығына шығады ҳәм Шымбай, Қараөзек районларының ҳәкимшилик шегарасы арқалы арқа-шығыста Қойбақ суўғарыў дизими арқалы Қызылқум менен шегаралас. Орайлық районның қубла-батыс шегарасы Хожели районының Түркменстан Республикасы менен мәмлекет шегарасы арқалы өтип, Қаракөл аймағында Айбүйир арқалы Үстирт платосына шығады. Арқа районның шетки точкасы Қоңырат ҳәм бурынғы Бозатаў районларының ҳәкимшилик шегарасы арқалы өтип, район 4 мың кв.км майданды яки Өзбекстандағы Андижан ўәлаятының майданындай территорияны ийелеп жатыр. Ҳәкимшилик жақтан Орайлық

район қурамына Нөкис, Кегейли, Хожели, Қанлыкөл, Шоманай районлары ҳәм Қарақалпақстан Республикасының пайтахты Нөкис қаласы киреди. Орайлық район Қубла, Арқа ҳәм Арал (теңиз бойы) экономикалық районларына салыстырғанда Қарақалпақстан Республикасының орайында жайласқан болып, социаллық-экономикалық ҳәм ҳәкимшилик жақтан Республиканың тийкарғы транспорт-экономикалық ҳәм коммуникация узели сыпатында көзге түседи.

Орайлық район Қарақалпақстан Республикасының тек 2,4 % бөлимин ийелесе де, бул территорияда республика аўыл халқының 32 % ти қала халқының 67,9 % ти жайласқан. Район республика территориясында ислеп шығарылатуғын жыллық санаат өнимлериниң 48,4 % халық хожалығы тараўларында ислеп турған тийкарғы ислеп шығарыў фондлары қүнының 40,1 % ин ийелейди. Орайлық район шийки зат базаларына толық ийе болмаса да, республиканың транспорт орайында жайласқан ҳәм Қарақалпақстан пайтахты Нөкис қаласының усы районда жайласыўына байланыслы ўзақ жыллар даўамында Қарақалпақстанның сиясий-ҳәкимшилик ҳәм экономикалық функцияларына ийе болмақта. Усыған сайкес Орайлық район Қарақалпақстан Республикасының экономикалық потенциалында- да тийкарғы ролди орынлайды (кесте-№36).

Екинши дүнья жүзилик урыстан кейин районның транспорт-экономикалық байланыслары раўажланды. Чаржаў-Тахияташ темир жолы иске түсиўине байланыслы Қарақалпақстанның пайтахты Нөкис қаласы Ташкент ҳәм Өзбекстанның басқа санааты раўажланған қалалары менен байланысқа ийе болды.

Кейинги жылларда Әмиўдәрья арқалы темир жол көпири ҳәм Тахияташ гидроузели, сондай-ақ, Нөкис-Қоңырат-Бейнеў-Мақат-Александров-Гай бағдарындағы темир жол линиясының иске түсирилиўине байланыслы Қарақалпақстанның Россия Федерациясы, Қазақстан ҳәм Европаның бир қатар мәмлекетлери менен экономикалық байланыслары раўажлана баслады. Бул бир қатар қолайлы шараятлар Қарақалпақстанда санаат тармақларының раўажланыўына әсиресе, жергиликли халық есабынан инженер-техник кадрлардың өсип жетилисиўине жол ашты. Усы тәризде, тез ўақыт ишинде орайлық районның санааты күшейди ҳәм республиканың индустриал раўажланыўында тийкарғы ролди атқарады.

**Kecте-№36**

**Орайлық тәбийий-экономикалық район хожалығының тийкарғы көрсеткишлери**

| Көрсеткиш | Жыллар | | | | | 2008 жыл, % есабында | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1990 | 1995 | 2000 | 2005 | 2010 | 1980 | 2005 |
| Санаат өнимлери, млн. сўм | 898,2 | 2595,1 | 1723,6 | 58011,5 | 297706,7 | 158,7 | 2,5 есе |
| Суў мене тәмийинленген егин майданларынң көлеми (мың га) | 659,7 | 160,2 | 157,6 | 183,6 | 160,0 | 100,1 | 87,1 |
| Аўыл хожалығында пайдаланып атырған егислик жерлер (мың га) | 159,7 | 150,1 | 157,6 | 87,2 | 94,5 | 58,0 | 106,1 |
| Усыннан: пахта майданы | 43,4 | 36,5 | 50,7 | 38,8 | 29,9 | 68,9 | 77,6 |
| Жетилистирилген пахта (мың тонна) | 34,1 | 41,2 | 59,2 | 59,0 | 48,5 | 129,9 | 75,1 |
| Ири қара маллардың бас саны (мың бас) | 89,4 | 104,2 | 95,8 | 191,3 | 223,8 | 2,3 есе | 147,8 |
| Қой ҳәм ешкилердиң бас аны (мың бас) | 77,8 | 84,2 | 90,7 | 132,8 | 157,3 | 1,8 есе | 108,8 |

Орайлық район аўыл хожалығы тармақларының раўажланыўы ушын да көплеп резевлерге ийе. Район термикалық ресурслардың муғдары бойынша Қубла районға уқсас пахташылық, бағшылық ҳәм жүзимгершилик, ғәллешилик, миййе ҳәм палыз егинлерин раўажландырыў имканиятына ийе. Буннан тысқары Орайлық район Қарақалпақстанның тийкарғы транспорт-экономикалық буўыны ҳәм коммуникация узели функциясын орынлап, басқа экономикалық районлар менен байланысқа ийе. Бул районда Қарақалпақстанның ауыл хожалығында пайдаланату-ғын егислик жерлериниң 2,4 % ти жайласыўына қарамстан, республика қала халқының 25 % жасайды ҳәм тийкарғы тутыныўшы районлар қатарына киреди. Усыған сәйкес аўыл хожалығы тараўларын раўажландырыў интенсив жол менен әмелге асырылыўы лазым. Орайлық район халқын, әсиресе қала халқын физиологиялық норма тийкарында зәрүрлигин қандырыў ушын жылына кеминде 250 тонна сүт, 200 мың тонна палыз, бағшылық, картошка, миййе ҳәм жүзим өнимлери таярланыўы керек. Бул район территориясында егин майданларының көлемин 160-170 мың гектарға жеткериўди талап етеди. Ҳәзирги ўақытта район аймағында есапқа алынған ўлыўма жер фондының көлеми 440 мың гектарды қурап, соннан суўғарылатуғын жерлер тек 33 % ти қурайды.

Орайлық район көп тармақлы агросанаат комплексинен ибарат болып, қурамына пахташылық, ғәллешилик, палыз хожалығы, бағшылық ҳәм сүт бағдарындағы қарамал шарўашылығы киреди. Ҳәзирги ўақытта усы тараўлар

жетекши орынды ийелеп, бул тараўлар аўыл хожалығында ислеп шығарылатуғын өнимлердиң тийкарғы бөлимин жетистиреди. Келешекте аўыл хожалығы комплексинде палыз ҳәм бағшылық, ғәлле, сүт өнимлери ҳәм миййе жетистириў тийкарғы орынды ийелейтуғын болады. Соған байланыслы пахтаның егислик майданын кеңейттирмей-ақ, оның орнына палыз, картошка, сондай-ақ от-шөп егинлери ҳәм алмаслап егиў схемасына киретуғын басқа егинлердиң майданы кеңейттириледи.

Орайлық район егислик майданларды көбейттириў ушын қатар резервлерге ийе. Бул район арқалы республиканың тийкарғы суўғарыў артериялары Сүўенли, Қызкеткен каналлары ағып өтеди. Лекин, республикада магистрал каналлардан пайдаланыў коэффиценти (КПД) көпшлилик орынларда 56-60 тан аспайды. Егер усы көрсеткишти кеминде 76-80 ге жеткерсек, орайлық район аймағында қосымша суў дереклерин топлаўға ҳәм усы есаптан егин майданларының көлемин 14 % ке көбейтиў имканиятлары бар. Соның ушын суўдан пайдалыныўдың нәтийжелилигин арттырыў ҳәм суўғарыў каналларының пайдалы коэффицентин жоқарылатыў, бүгинги күнниң ең әҳмийетли мәселелери қатарына киреди.

Келешекте суўғарып егилетуғын майданлардың қурамына да үлкен өзгерислер киритиў лазым. Қала халқының өсип баратырған зәрүрлиги ҳәм район халық хожалығының қәнигелесиў бағдарларына қарап салыгершилик комплексиниң орнына палыз ҳәм қала әтирапы гүш-сүт комплекслерин дүзиў мақсетке муўапық. Пахташылық комплексин кеңейтпестен, оның орнына пахтаның жоқары зүрәтли жаңа сортларын егиў, ғәллешиликти, әсиресе, мәкке, тары ҳәм айғабағар егинлериниң майданларын кеңейттириў керек. Бул, бириншиден, пахтаның өнимдарлығын биостимуляция жолы менен арттырыўға жол ашса, екиншиден аўыл хожалығында қосымша дәнли егинлер, сондай-ақ майлы егинлердиң егислик майданын көбейттириў жолы менен аўыл хожалығы өнимлериниң кунын арттырыўға ҳәм халықты қосымша жумыс пенен тәмийинлеўге имканият жаратады. Халықты гөш өнимлери менен тәмийинлеў, Арқа районның есабынан әмелге асырыў мүмкин. Орайлық район өз нәўбетинде басқа экономикалық районларға палыз, миййе өнимлери, консервалар, шербат ҳәм басқа ишимликлер шығарыў мүмкин.

Солай етип, Орайлық район көлеминде агросанаат комплекси тараўларын зоналық бағдарда қәнигелестириўге өтиў, бул районның республика көлеминдеги палыз, миийўе ҳәм җәне басқа аўыл хожалығы өнимлерин таярлаўдағы ролин (статусын) беккемлейди, ҳәтте басқа экономикалық районларға жоқарыда көрсетилген өнимлердиң бир бөлимин шығарыўға жол ашады. Орайлық район бай тарийхый мийрасқа ийе. Район территориясында Қәдимги Кердер мәдениятынан дерек беретуғын Кердер қаласы, 2500 жыллық тарийхқа ийе, Хожелиниң қәдимги мәдений орайы – Назлымхансулыў ҳәм ҳәзирги Республика пайтахты Нөкис қаласының роли жоқары ҳәм қала өзиниң раўажланыў жолларында көп санлы тарийхый басқышлардан өтти.

Нөкис Әмиўдәрьяның оң жағасында Тахияташ қыснағына жақын жайласқан. Қаланың дәл ортасы бойынша Қызкеткен каналы кесип тур. Оның түслик батысында қаладан 3 км узақлықта Әмиўдәрья ағып өтеди.

Әмиўдәрья respрубликамыздың орайы Нөкис қаласы, ушын оның коммунал хожалық жағдайын жақсылаўда ҳәм қаланы жасыл өсимликлер менен безеўде үлкен әҳмийетке ийе. Гипсометрик көз-қарастан ол әтирапына қарағанда әдеўир ойпатлықта жайласқан, қаланың теңиз бетинен орташа бәлентлилиги 109 м.

Нөкис қаласы әтирапы қумлы шөллер менен орап алынған. Географиялық жайласқан орны ҳәм климат шараятының кескин континенталлығына байланыслы Нөкис қаласы жайласқан аймақ қурғақ климат режимин пайда етеди. Егер қала ҳәтирапы ўзликсиз суў менен тәмийин етилген жағдайда Нөкис те ҳәм оның әтирапында көк жасыл поясты пайда етиўге ҳәм қурғақ ҳаўаны сүйиўши мәдений өсимликлердиң өсип раўажланыўына жағдай қолайлы.

***Нөкис*** жас қалалар қатарына киреди. Ол дәслеп қорған ретинде Түркстанда октябрь аўдарыспағы жылларында пайда болды, өсти ҳәм раўажланды. 1932-жылы апрельде ВЦИК (тарийхый ҳүжжетлерге сәйкес) қарарларына муўапық Қарақалпақстанның орайына айланды. 1932-жылы 12 майдан баслап рәсмий рәўиште Нөкис қаласы деп аталды.Ҳәқый қатында-да Нөкис қаласы республика территориясының дәл орталығында жайласқан ҳәм республиканың басқа районлары, сондай-ақ Өзбекстанның басқа қалалары менен қолайлы транспорт- экономикалық байланыс жасаў

мүмкиншиликлерине ийе. Ол Әмиўдәрья ҳәм Қызкеткен каналы тәсир ететуғын аймақлардағы көпшилик районлар ҳәм елатлы пунктлер менен автомобиль жоллар арқалы байланысқан. Нөкис қысқа ўақыттың ишинде кишигирим қаладан Қарақалпақстанның ҳәзирги заманға ылайықлы ири санаат, мәдeният, илим орайонына айланды.

Нөкистиң ҳәр тәреплеме раўажланыўына Чаржаў-Қоңырат темир жолының салынып питиўи, Бухара-Урал ҳәм Орта Азия-Орай газ қубырларының иске түсиўи, Тахияташ ГРЭС иниң салыныўы, Тахияташ гидроузелиниң иске түсиўи ҳәм ғәрезсиз Өзбекстанды толық тәмийинлейтуғын Ташкент-Учқудық–Төрткүль(Мискин) -Нөкис-Қоңырат-Бийнеў темир жолларының иске түсиўи үлкен әҳмийетке ийе болды. Оның Карақалпақстан пайтахты Нөкис қаласы ушын характерли белгилерин Нөкис қаласының баслы функцияларына байланыслы берилген төмендеги кесте мағлыўматларынанда байқаўға болады (кесте-№37).

**Кесте-№37**

**Орайлық тәбийий-экономикалық районының сиясий-административлик әҳмийетке ийе орайы Нөкис қаласының баслы функцияларының үйлесиўи**

| Баслы функциялары | Халық хожалығы тараўында ислейтуғын исши ҳәм хызметкерлердиң салыстырмалы үлеси, % | | | |
|---|---|---|---|---|
| | 1959 ж | 1980 ж | 1990 ж | 2008 ж |
| Санаат | 13,6 | 14,0 | 13,1 | 12,0 |
| Курылыс | 16,1 | 17,6 | 18,0 | 17,0 |
| Транспорт ҳәм байланыс | 10,1 | 12,4 | 12,5 | 14,0 |
| Административлик орган ҳәм мәдeният тараўы | 25,8 | 25,0 | 24,2 | 23,0 |
| Саўда | 12,9 | 13,2 | 13,4 | 10,0 |
| Ден саўлықты сақлаў тараўы | 8,1 | 8,5 | 8,8 | 12,0 |
| Коммунал хожалығы ҳәм халыққа хызмет көрсетиў | 5,1 | 5,2 | 4.7 | 7,0 |
| Басқада тараўлар | 8,2 | 4,1 | 3,8 | 5,0 |
| Қала бойынша барлығы | 100,0 | 100.0 | 100.0 | 100,0 |

Нөкис қаласы Қарақалпақстан Республикасының административлик орайы. Нөкис Әмиўдәрьяның төменги бөлиминде жайласқан Ургенч ҳәм Ташаўыз қалаларына уқсап ҳәр тәреплеме раўажланып баратырған қала. Оның хожалық функциясында қурылыс, санаат ҳәм транспорт әҳмийетли орынды ийелейди. Мийнетке уқыплы халқының 72,3 % инен асламы қала халық хожалығы тараўларында жумыс ислейди. Нөкис қаласы республикамыздағы ири санаат орайларының бири. Ол пүткил төменги Әмиўдәрья экономикалық районындағы кәрханаларда ислеп шығарылатуғын өнимниң 12% тен асламын береди. Басқаша айтқанда Ташаўыз, Ургенч қалаларынан кейин 3-орынды

ийелейди. Нөкис қаласы санаатының структурасы бойынша да басқа қалалардан айырмашылыққа ийе. Мәселен, Ташаўыз ҳәм Ургенч қалаларында тийкарынан жеңил ҳәм азық-аўқат санаатының тараўлары баслы орынды ийелесе, ал Нөкисте көбинесе аўыр ҳәм жеңил санааттың раўажланыўына әҳмийет берилген. Сондай-ақ Нөкисте металдан исленген үскенелерди ремонтлаў, ири қурылыс кәрханалары, үй қурыў комбинаты, энергетика хожалығы, сүт-май заводы, гөш комбинаты, ун тартыў комбинаты, нан комбинаты ҳ.т.б жумыс ислейди. Солай етип, Нөкисте санаат биринши орынларды ийелеп оған қалада ислеп шығарылатуғын пүткил санаат өнимлериниң 49,1 % ке жақыны, ал жумыс ислейтуғын исшилердиң 69,6 % туўра келеди. 2-орынды азық-аўқат санааты, 3-орынды жеңил санаат тараўлары ийелейди.

Нөкис қаласының өсип раўажланыўында транспорт коммуникация-лары әҳмийетли орынды ийелейди. Себеби, Нөкис Әмиўдәрьяның оң жағасында жайласқан болып, көп ўақытларға шекем Чаржаў-Қоңырат темир жол магистралы арқалы қала ҳожалығы менен байланысының узилиске тусиуи оның санаатының раўажланыўына үлкен иркиниш туўдырды.Соңғы жылларда қалада қайта өним ислеп шығаратуғын санаат кәрханаларының раўажланыўы жүк тасыўдың муғдарын және де көбейтип жиберди. 1941-жылдан баслап Нөкисте Әмиудәрьяның төменги бөлиминде жайласқан қалалар ҳәм районлар менен байланыстыратуғын ҳаўа транспорты иске түсти. Ҳәзирги ўақытта Нөкис қаласы Өзбекстан  ҳәм Орайлық Азия еллериниң басқа да аймақлары менен байланыстыратуғын асфальт жоллар салынды. Арал теңизи жағалары, сондай-ақ Мойнақ қаласы менен тутастыратуғын жоллар иске түсти. 1977-жылдан баслап Нөкис қаласы темир жол менен Хожели станциясы арқалы Ташкент, Алма-Ата ҳәм басқа да қалалар менен байланысып тур. Нөкисте жаңа аэропорт салынды ҳәм 2003-жылдан баслап Нөкис арқалы Ташкент-Учқудық (Наўайы)-Төрткул (Мискин)-Нөкис-Қоңырат-Бейнеў темир жолы иске түсирилип, бул жол Қарақалпақстанды Самарқанд, Бухара, Ташкент-Алма-Ата, Москва, Санкт-Петербург, Киев, Волгоград, Саратов, Баку, Қызыл-Орда ҳәм Өзбекстан Республикасының барлық районларын ҳаўа ҳәм темир жол линиялары менен байланыстырып тур.

Нөкис Каракалпақстанның ири мәдeният орайы. Орта ҳәм жоқары мағлыўматқа ийе қала халқының саны бойынша Өзбекстанның көпшилик қалаларынан қалыспайды. Мәселен, 2010-жылғы есап бойынша Нөкисте жасаўшы ҳәр бир 1000 адамның 147-и жоқары мағлыўматқа ийе қәнигелер есапланса, бул көрсеткиш СНГ еллери бойынша 98 адамға тең. Нөкисте Қарақалпақстан Республикасының ҳүкимети «Жоқарғы Кеңес» президиумы, Министрлер Кеңеси, министрликлер, республикалық әҳмийетке ийе көплеген кәрханалар, хожалық ҳәм мәдeният шөлкемлери ҳәм бир қанша илим изертлеў мекемелери ислеп тур. Сондай-ақ, Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясының Қарақалпақстан Бөлими, Өзбекстан Республикасы педагогика илимлери академиясының Қарақалпақстан филиалы, Өзбекстан Республикасы шарўашылық илим изертлеў институтының Қарақалпақстан филиалы, Өзбекстан аўыл хожалық академиясының зоналлық дийханшылық илим-изертлеў институты ҳәм т.б илимий орайлар жумыс ислейди.

Нөкис қаласында Қарақалпақстан мәмлекетлик педагогикалық институты, 1976 жылы шөлкемлестирилген Қарақалпақ мәмлекетлик университети, Ташкент ауыл хожалығы университетиниң Қарақалпақстан филиалы, Орта Азия педиатрия институты Нөкис филиалы, Ташкент мәдeният институты Нөкис филиалы ҳам Ташкент мамлекетлик байланыс иниститутының Нөкис ақборат институты, сондай-ақ онлаған орта арнаўлы оқыў орынлары бар. Олар қатарына Нөкис қурылыс колледжи, Нөкис аўыл хожалық техникумы, Нөкис гидромелиоратив техникумы, Нөкис академиялық лицейлери, Нөкис политехникалық колледжи, Нөкис автомобиль жол-қурылыс техникумы, Нөкис темир жол техникумы, Нөкис педагогика училищеси, Нөкис №1 №2 ҳәм №3 медициналық колледжи. Нөкис байланыс техникумы ҳәм тағы басқа бир неше орта арнаўлы оқыў орынлары киреди.

2009-2010 оқыў жылында 30 лаған улыўма билим беретуғын мектеплер жумыс ислеп, оларда билим алып атырған оқыўшылардың саны 41,9 мыңнан асламырақ адамды қурайды.

Нөкис қаласында ден саўлықты сақлаў менен байланыслы мекемелерде раўажланған, олар №1 ҳәм №2 республикалық емлеўханалар, қалалық емлеўхана, инфекциялық емлеўхана, тери кеселликлери , көз аўрыўлары емлеўханасы ҳәм бир неше диспансерлер, балалар емлеўханасы, тез жәрдем

орайы, балалар емлеўханасы, поликлиникалар, амбулаториялар, аптекалар жўмыс ислеп тур. Олар замангой медицина үскенелери ҳәм жоқары квалификациялы қәнигелермен тәмийинленген.

Қаланың көриниси жыл сайын өзгерип бармақта. Қаланы раўажландырыў бас жобасына муўапық жыл сайын жаңа иморатлар, көшелер, майданшалар пайда болып атыр. Қаланың орайы үлкен майданға барып тиреледи. Оның әтирапында республика ҳүкимети, «Жоқарғы Кеңес» бинасы, Қалалық ҳәкимият, парк, бир неше скверлер бар. «Бердах» атындағы мәмлекетлик театр, Бердах атындағы мәмлекетлик филармония қаламыздың мақтанышы. Олардың репетуарларында қарақалпақ ҳәм өзбек жазыўшылары менен бир қатарда шет ел классиклериниң шығармалары қойылмақта ҳәм үлкен табысларға ериспекте. Нөкис полиграфиялық комбинаты қарақалпақ, өзбек ҳәм орыс тиллеринде сиясий, илимий ҳәм көркем өнер әдебиятлары, газета ҳәм журналлар шығарады.

Нөкис қаласындағы үлке таныў музейи республикамыздың тәбийий-шараяты ҳәм ресурсларын қаридарларға таныстыратуғын, қарақалпақ халқының тарийхый, мәдений байлықларын тәриплейтўғын бийбаҳа ғазине орайы болып есапланады. Жылдан жылға Нөкис қаласында спортқа қызығыўшы адамлар саны көбеймекте. Олар 10 лаған майданшалар, теннис корды ҳәм Қызкеткен каналының шеп жағасында жайласқан күтә үлкен спорт комплекси,сандай-ақ мәдeният бағындағы заман талабына сәйкес безелген стадионлар ҳт.б. көзге тасланады.

Қалада жылдан жылға адамлар жасаў ушын салынып атырған турақ жайлардың саны ҳәм көлеми артпақта. Сондай-ақ 1965-жылға қарағанда бундай жайлардың майданы онлаған есе дерлик көбейди. Бирақта Әмиудәрьяның төменги бөлиминде жайласқан басқа да қалаларға уқсап,қала халқының сан жағынан көбейине сәкес турақ жайға деген талап күшеймекте. Мәселен, 1939- жылы Нөкисте 10,5 мың адам жасаған болса, 1959-жылы 38.1 мың адам, 1979-жылы 113,4 мың адам, ал 2010 жыл 1-январьдағы статистикалық мағлыўмат бойынша қала халқы 270 мың адамға көбейди. Бул барлық Қарақалпақстан қалаларында жасайтуғын адамлардың 33 % ин ҳәм пүткил республика халқының 16,5 % ти деген сөз. Басқа бир мысал, егер 1939-1959 жыллар ишинде, яки кейинги 20 жыл ишинде Нөкис халқы 47,6 мыңға

көбейген болса, 1959-79 жыллар арасында олар 70 мыңға, 1979-1989 жылларда 38,6 мың адамға, ал 1989-2009 жыллар аралығында Нөкис қаласының халқы 60,1 мың адамға көбейсе, ал 1.01 2011жылы қала халқының саны 284,3 мың адамға жетти.

Нөкис қаласында жасаўшы халықлардың миллий қурамы ҳәр қыйлы 1989-жылғы халық есап санақ мағлыўматы бойынша Нөкисте 40 тан аслам миллет жасаса, олардан қарақалпақлар 50,5 %, өзбеклер 7,3%, қазақлар 29,9 % қурады.Сондай-ақ пүткил Нөкис халқының 6,0 % орыслар, 2,5 % кореецлер, 1,6 % татарлар, ал қалған 2,2 % ин басқа миллетлердиң ўәкиллери ийелейди.

Нөкис қаласында санаат комплексин раўажландырыўға сәйкес ири- ири кәрханалар иске тўседи. Келешекте қалада иске түсетуғын ҳәм раўажланыў перспективасына ийе ири кәрханаларға текстиль комбинаты, жипек ийириў комбинаты, трикотаж ҳам кондитер фабрикалары, консерва заводы, гөш комбинаты, приборлар таярлайтуғын завод, ремонтлаў кәрханалары ҳәм ири понелли жай-қурылыс комбинатлары менен темир бетон буйымлар ислейтуғын кәрханалар ҳәм т.б. есапланады.

Келешекте қала көлеминде санаат өнимлерин таярлаўдың муғдары он есеге көбейтиў, соның ишинде қурылыс материаллары 5 есеге, азық–аўқат өнимлери 7 есе дерлик көбейеиўғын болады. Қаланың бас жобасына муўапық ҳәзирги заман талапларына жуўап беретуғын 4-9 этажлы жайлар салыў нәзерде тутылған. Улыўма адамлар жасайтуғын жай қурылысының 30% тен асламы ҳәзирги қаланың орайлық, түслик, арқа-шығыс бөлиминдеги бос жерлерге қурыў нәзерде тутылған. Перспективадағы ири қурылыслардың қатарына Орайлық библиотека, Жоқары оқыў орынларының бас бинасы, Ўазирлер мәккамаси минстрликлари ўйи, музейлер, мектеплер бинасы, н ҳ.т.б ларды айтса болады. Бул келешекте мектеплердиң санын 1,7 есеге, бақшалар ҳәм яслилерди 3 есеге, емлеўханаларды 1,5 есеге кеңейттириўге жол ашады. Буннан басқа қаланы кегаландырыу ушын алдағы перспективада жаңа нәллерден еккен ағашлардың майданын 20 есеге көбейтиў нәзерде тутылып атыр. Бул келешекте Нөкис қаласының баслы функцияларын ҳәр тәреплеме раўажландырыўға жол ашады.

Орайлық районның қурамында ири мәдений- ҳәкимшилик, сондай-ақ экономикалық жақтан үлкен әҳмийетке ийе қалалар қатарында Тахияташ,

Хожели қалалары да үлкен әҳмийетке ийе ҳәм раўажланбақта. Келешекте энергетиклер қаласы Тахияташ, аўыл хожалығы өнимлерин қайта ислеп шығаратуғын жеңил ҳәм азық-аўқат санааты, сондай-ақ қурылыс санааты орайы ретинде Хожели, Халқабад, Шоманай қалалары өсип раўажланады. Бул аты аталған қалалар қолайлы транспорт узелинде жайласып, Нөкис-Тахияташ-Хожели-Қоңырат-Бейнеў-Александров-Гай бағдарында ислеп турған темир жол линиясы арқалы Россия федерациясы ҳәм басқа да Европа еллери менен тиккелей байланыс жасайды. Ал алдағы перспективада Тахияташ-Нөкис-Шимбай-Қызылорда бағдарындағы темир жол жөнелиси иске түсиўи менен орайлық районның көпшилик административлик орайларын абаданластырылады ҳәм Қызыл қумның көлемли жайлаўларын шарўашылыққа өзлестириўге мүмкиншилик болады. Бул ақырғы есапта Орайлық тәбийий-экономикалық районның өндирислик қәнигелесиў дәрежесин жетилистиреди ҳәм ири қала атрапы овощ-сүт-гөш, бағшылық ҳәм жүзимгершилик, ғәллешилик, сондай-ақ техникалық егинлердиң интенсивли раўажланыўына жол ашады.

**2.Қубла тәбийий-экономикалық районы.** Қубла район Әмиўдәрьяның ески дельтасында жайласқан Түйе мойын қыснағынан баслап ҳәзирги дельтасы басланатуғын Тахияташ қыснағына шекемги аралықта жайласқан. Ол $40^0$ 55' пенен $42^0$ 30' арқа кеңликтиң аралығын ийелейди. Районның жер майданы 16,8 мың кв.км қа барабар.

Административлик жақтан Қубла районның составына Төрткүл, Беруний, Елликқала ҳәм Әмиудәрья районлары киреди.

Қубла район Қарақалпақстан Республикасының Орайлық, Арқа, Арал (теңиз бойы), Үстирт ҳәм Қызылқум тәбийий-экономикалық районларынан өзине тән қолайлы тәбийий шараяты ҳәм мийнет ресурслары менен тәмийинлениўи, экономикалық раўажланыў пәти ҳәм трантпорт-экономикалық байланыслары бойынша парқ қылады.

Қарақалпақстанның басқа районлары менен салыстырғанда Қубла район вегетациялық дәўирдиң узақлығы, термикалық ресурсларының улыўма суммасы бойынша да үлкен айырмашылықларға ийе. Районның жер бети тийкарынан Әмиўдәрьяның әййемги ҳәм ҳәзирги дәўирлерде пайда еткен

аллювиаль шөгиндилеринен ибарат. Әмиўдәрьяның бурынғы ағып өткен анғары Ақшадәрья алабыда усы районға қарайды.

Жер бетиниң дүзилиси тегисликке характерли болып, көп санлы бурынғы ҳәм ҳәзирги суўғарыў системаларының арналары, каналлардың жағаларында пайда болған төбешиклер ҳәм ҳәр қыйлы көлемдеги ойпатлықлар менен характерленеди. Районның көпшилик бөлеги дерлик аўыл хожалығына өзлестирилген.

Климат шараяты бир қанша қолайлы болып, январь айының орташа температурасы -4-7$^0$, ал июль айнының орташа температурасы 27+29$^0$ шамасында, +10$^0$ жоқары температураға ийе күнлердиң саны 200-205 күнди, ал +10$^0$ жоқарғы температуралардың жыйындысы 2400-2432$^0$ қа шекем жетеди. Солай етип, нәтийжели температуралардың аўыл хожалық егинлериниң, әсиресе ыссылықты көп талап ететуғын пахташылықтан мол зүрәәт топлаўға мүмкиншилик береди.

Жыллық жаўын шашынның муғдары 88-97 мм шамасында, жаўын-шашын жүдә азлығына байланыслы дийханшылық тараўлары қолдан суўғарыў арқалы иске асырылады. Жаўын-шашынның азлығына ҳәм суў дереклериниң шекленгенлигине байланыслы аўыл-хожалығына жарамлы жерлерди өзлестириў еле де болса айтарлықтай емес.

Қубла районда аўыл-хожалығында пайдаланыўға жарамлы жерлердиң майданы 1266 мың гектарды қураса да, ҳәзирги ўақытта дийханшылықта пайдаланатуғын егислик жерлердиң көлеми 138-140 мың гектардан артпайды, яки суў менен тәмийинленген егислик майдан барлық өзлестириўге жарамлы жерлердиң 9 % ин қурайды.

Бирақ, деген менен екинши дүнья жүзилик урыстан кейинги жыллар ишинде суўғармалы егислик майданлардың нәтийжелилигин арттырыў ҳәм жайылымлардағы тәбийий отлақлардың зүрәәтлигин жоқарылатыў бойынша көплеген иләжлар иске асырылады. Бул дийханшылық тараўларының қәнигелесиў дәрежесин жетилистириў ҳәм районның Қарақалпақстанның халық хожалығының структурасындағы салыстыр-малы үлесин жоқарылатыўға имканият жасады.

Район мийнет ресурсларының мол резервлерине ийе, бул суўғармалы дийханшылық ҳәм мийнетти көбирек талап ететуғын санаат тараўларын

раўажландырыўға баланс береди. Ҳәзирги ўақытта Қўбла район территориясында республиканың аўылларда жасайтуғын халқының 50,9% ҳәм қайта ислеп шығаратуғын санаат кәрханаларының өниминиң 43,7% ти туўра келеди.

Жумысқа жарамлы мийнет ресурсларының көплигине байланыслы Кубла районда аўыл хожалығында ислеўши орташа бир адамға 0,9-1,2 га егислик майданы туўра келеди, бул Арқа районға салыстырғанда еки есе аз деген сөз.

Қубла район өндирислик профили бойынша аўыл хожалығына, әсиресе пахташылық, пиллешилик, бағшылық ҳәм жүзимгершиликке, қарккөл қой шарўвшылығына қәнигелескен болып, бул мийнеттиң район аралық географиялық бөлиниўинде районның жоқары көрсетикишлерге ийе екенлигин характерлейди. Сонлықтан Қубла район Қарақалпақстан Республикасының ири аўыл хожалық аймақларынан есапланып, бунда дийханшылық тараўларының көлемли егислик майданлары ҳәм маллардың бас санының айтарлықтай бир бөлими жайласқан (кесте-№35).

Көрестилген мағлыўматларға қарағанда Қубла районда кейинги жылларда аўыл хожалығы тараўларын раўажландырыў ушын көлемли иләжлардың иске асырылыўына байланыслы суў менен тәмийинленген егислик жерлердиң көлеми 12,7 % ке көбейсе, ири қара маллардың бас саны 2,6 есеге, ал қара көл қойлардың бас саны 55,6% ке артты. Бирақ деген менен кейинги жылларда түслик районларда пахта өнимлерин жетистириў айтарлықтай пәсейди. Ҳәттеки 2010-жылы Қўбла район республикада жыйнап алынған пахтаның тек болғаны 61,4 % ғана таярлады.

**Кесте-№35**

**Кубла тәбийий-экономикалық районның хожалығының баслы көрсеткишлери**

| Көрсеткишлер | Жыллар | | | | | 2010 % есаб.да | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1990 | 1995 | 2000 | 2005 | 2010 | 1995 | 2005 |
| Санаат өнимлери, млн.сум | 501,0 | 1697,7 | 7522,5 | 49969,8 | 115851,3 | 148,5 | 1,5 есе |
| Суў менен тәминленген егислик майдан көлеми, мың га | 123,3 | 120,4 | 120,0 | 138,4 | 139,0 | 112,7 | 100,4 |
| Усыннан: аўыл хожалығында пайдаланатуғын егислик жерлер, мың га | 113,4 | 116,4 | 116,4 | 97,8 | 87,1 | 74,1 | 85,9 |
| Соннан: пахтаның егислик майданы, мың га | 74,3 | 71,8 | 64,5 | 53,7 | 55,8 | 80,8 | 111,7 |
| Өндирилген пахта өними, мың тонна | 158,6 | 151,4 | 107,0 | 117,4 | 115. 6 | 63,4 | 85,6 |
| Ири қара маллардың бас саны, мың бас | 120,4 | 173,6 | 192,9 | 184,6 | 338,4 | 2,6 | 152,3 |
| Қаракөл қойлардың бас саны, мың бас | 160,0 | 174,8 | 161,0 | 217,6 | 279, 0 | 155,6 | 144.4 |

Бул бириншиден, суў тансықлығына байланыслы болса, екиншиден пахта-шылық хожалықларда шөлкемлестириў механизмлери үзилиске түсип, тийисли шара тәдбирлердиң орынланбаўынан болып отыр. Нәтийжеде Қубла район қолайлы тәбийий жайлаўларды ислеўине қарамастан Қарақалпақстанда бағып өсирилетуғын қара маллардың бас санының 38,7 % тин, ал қойлардың бас санының 44,6 % тин ийелеп отыр.

Район Өзбекстанның Арқа-батыс радусында жайласып, Наўайы санаат узели менен тутасатуғын Темир жол, жоқары вольтлы ЛЭП линиясы ҳәм Газли-Дульдул-Арал бағдарында созылып жатырған республикалық әҳмийетке ийе автомобиль трассасының бойында жайласқан. Бул қолайлы тиккелей транспорт-экономикалық байланысқа ийе болыў, тек қубла районның емес, ал барлық Қарақалпақстанның экономикалық раўажланыўына үлкен тәсир жасамақта.

Қубла районның халық хожалығының ҳәзирги раўажланыў дәрежесин тереңнен анализлеў келешекте аўыл хожалығы тараўларын, әсиресе пахташылық комплексин раўажландырыў ушын қолайлы тәбийий-экономикалық шараятлардың бар екенлигин дәлийиллеп отыр. Усыған сәйкес келешекте районның халық хожалығының қәнигелесиў бағдарын белгилегенде бәринен де бурын пахташылық тараўларын интенсив раўажландырыўға итибар бериліўи тийис. Буған жоқарыда айтылғандай район хожалығының ҳәзирги қәнигелесиў бағдары, исши күши менен тәмийинлениў дәрежеси ҳәм хожалықты шөлкемлестириў мүмкиншиликлери қолайлы шараятларды туўғызады. Әсиресе пахташылық комплексин раўажландырыў ушын қолайлы тәбийий-экономикалық шараятлардың бар екенлигин дәлийиллеп отыр. Усыған сәйкес районның халық хожалығының қәнигелесиў бағдарын белгилегенде бәриннен де бурын пахташылык тараўларын интенсив раўажландырыўға айрықша итибар бериліўи тийис. Буған жоқарыда айтылғандай районның халық хожалығының ҳәзирги қәнигелесиў бағдары, жумысшы күши менен тәмийинлениў дәрежеси ҳәм өндиристи шөлкемлестириўди жетилистириў қолайлы шараят туўғызады.

Келешекте пахташылықты раўажландырыў менен бир қатарда қәнигелестирилген мал шарўашылығын кеңейтиў, әсиресе қаракөл қой шарўашылығы, пиллешиликти раўажландырыў ҳәм олардың беккем от-жем

базасын дүзиўге айрықша итибар бериледи. Қубла район аймағына киретуғын Қызылқум массивиндеги Букен мерей, Жанбас қала ҳәм Қызыл қала шөллери өз алдына Қызылқум тәбийий-экономикалық районы структурасына қараған менен ҳәзир бул аймақлар ҳәкимшилик жақтан Төрткүл, Беруний, Елликқала районларының қараўына киреди. Сонлықтан бул аймақлардың жайлаўлары жоқарыдағы районлардың қәнигелестирилген қаракөлшилик хожалықлары арасында бөлистирилген.

Қубла районның аўыл хожалығының келенектеги бағдарларын анықлаўда айрым аймақлар Қарақалпақстанның түсликтеги ең ири шарўашылыққа қәнигелескен районларына айландырыў мәселеси қойылып отыр. Бул илимий-практикалық жақтанда дурыс шешим болып есапланады. Себеби Қызылқум аймағындағы хожалықлар структуралық жақтан дийханшылық пенен толық үйлеспейди ҳәм оның қәнигелескен тараўы ретинде келешекте де қаракөл қой шарўашылығы баслы ролди атқарады. Келешекте Қубла районның санаат потенциалы да жоқары- лайды. Жергиликли шийки зат базасында азық-аўқат санааты, жеңил санаат тараўлары, қурылыс материалларын өндириў ҳәм қуўатлы отын-энергетика орайлары өсип жетилиседи. Буннан басқа ҳәзирги ислеп турған санаат кәрханалары қайта реконструкциядан өтеди. Бул биринши гезекте пахта тазалайтуғын ҳәм май ислеп шығатуғын санаат тараўлары есапланады. Буннан басқа алдағы перспективада миййе ҳәм бахша өнимлерин қайта ислейтуғын санаат тараўларының базасы дүзиледи.

Қубла тәбийий-экономикалық районда ири санаат, ҳәкимшилик ҳәм мәдений орай ретинде Төрткүл, Беруний, Манғыт, ал 1970-жыллардың ақырында Бостан усаған ири қалалар өсип жетисти. Ҳәзир бул қалалардың ҳәр биринде 14,7-67,8 мыңнан аслам халық жасайды.

Төрткүл қаласы Қубла районның ең ири санаат орайы ҳәм Төрткүл ҳәкимшилик районның орайы. Қалада пахта тазалаў заводы, қурылыс материалларына тийисли кәрханалар жумыс ислейди. Ғарезсизлик жылларында қалада суткасына 15 тонна сүт өнимлерин қайта ислейтуғын кәрхана ҳәм жылына 8 тонна трикотаж өнимлерин ислеп шығаратуғын фабрика иске түседи.

Аўыл хожалық өнимлерин қайта ислеп шығаратуғын ири санаат орайы ҳәм мал шарўашылығы тараўлары уышн от-шөп таярлайтуғын машина жасаў санааты орайы сыпатында Манғыт, Беруний, Бостан қалалары да өсип раўажланады. Экономикалық потенциалы ҳәм қала халқының саны бойынша Қубла районда Төрткүл, Беруний қалалары көзге түседи. Егер 1959-жылларда Төрткүл қаласында барлығы болып 15,5 мың адам жасаса, ал ҳәзирги ўақытта қалада 63,9 мың халық жасайды. Көрсетилген жыллар ишинде Беруний қаласының халқы 22 мың адамнан 67,8 адамға көбейди. Қалада пахта тазалаў, май заводлары, гербиш заводы, пахта гезлемелерин тоқыйтуғын фабрика жумыс ислей баслады. Алдағы перспективада қалада ири отын-энергетика базасы дүзиледи, бул тек Беруний районы емес, сондай-ақ Қаратаў таў-кән санаатлы районның қәлиплесиўине ҳәм егислик жерлерди көбейтиўге мүмкиншилик береди.

**3. Арқа тәбийий-экономикалық районы.** Арқа район Әмиўдәрья ағысы бойынша Дауыткөл зонасынан баслап Арал теңизине қарай созыла жайласып, Әмиўдәрьяның ҳәзирги дельтасындағы көпшилик аймақларды өз ишине қамтыйды. Район 108,6 мың кв.км майданды ийелеп, ахкимшилик жақтан қурамына Қоңырат, Шымбай, Қараөзек, Тахтакөпир районлары киреди. Бул районда республиканың ири санаат, мәденият орайлары ҳәм тарийхый әпсанаға ийе бес қаладағы ири- Шымбай. Қоңырат қалалары жайласқан.

Арқа тәбийий-экономикалық район қубла районға салыстырғанда бир қанша қолайсыз температуралық режимге ийе болып, вегетациялық дәўир қысқа келеди ҳәм Өзбекстандағы ең арқада жайласқан аймақлардан есапланады . Январь айының орташа температурасы -7,1$^0$ -8,0$^0$ қурайды, ал июль айының орташа температурасы 26$^0$ қа барабар. Плюс 10$^0$ жоқары температураға ийе күнлердиң саны 180-188 күнди, ал вегетациялық дәўирдеги нәтийжели температуралардың жыйындысы 1870-1891$^0$ жетеди. Қыстың узақлығы 3,5 айға созылады.

Арқа районның термикалық ресурслары пахтадан жоқары зүрәәт топлаў ушын жеткиликсиз, ал мәкке жүўери, салы ҳәм басқа да дәнли егинлердиң писип жетисиўи ушын толық мүмкиншилик береди. Жыллық жаўын шашынның муғдары 89-100 мм артпайды. Жаўын шашынның азлығы ҳәм

ҳәжетли суў дереклериниң жеткиликсизлигинен көлемли жер ресурслардан аўыл хожалығында пайдаланыўдың дәрежеси өте төмен.

Арқа районда Қарақалпақстанның аўыл хожалығына жарамлы 71,3 % жер фонды ҳәм 44,6 % аўыл халқының жайласыўына қарамастан, ҳәзир барлығы болып дийханшылық тараўында 165 мың гектардай (33, 0 %) егислик жерлер пайдаланылады.

Тәбийий шараяты ҳәм усыған сәйкес халық хожалығының қәнигелесиў дәрежесине сәйкес районның экономикалық потенциалының тийкарын пахташылық, ғәллешилик, жоңышқа өсириўшилик, овощ ҳәм бағшылық, мал шарўашылығы ийелейди. Айрым жыллар ишинде арқа тәбийий-экономикалық районда қәлиплескен өндирис тараўларының раўажланыўының баслы көреткишлерин төмендеги мағлыўматлардан да байқаўға болады (кесте-№38). Көрсетилген мағлыўматларға қарағанда кейинги жыллары район бойынша егислик жерлердиң майданы ҳәм айрым аўыл хожалық өнимлериниң көлеми артқанлығы байқалады.

Ҳәзир Арқа районға Қарақалпақстан бойынша жыллық өндирилатуғын пахтаның тек болғаны 12,7 %, ғәллениң 39,7 % ке жақыны, қара маллардың бас санының 22,9 % ҳәм қойларының бас санының 28,3 % туўра келеди. Көрсетилген мағлыўматларға қарағанда кейинги жыллары район бойынша егислик жерлердиң майданы ҳәм айрым аўыл хожалық өнимлериниң көлеми артқанлығы байқалады.

**Кесте-№38**

**Арқа тәбийий-экономикалық районның хожалығының баслы көрсеткишлери**

| Көрсеткишлер | Жыллар | | | | | 2008 жылға % есабында | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1990 | 1995 | 2000 | 2005 | 2008 | 1990 | 2005 |
| Санаат өнимлери млн. сўм | 130,7 | 161,1 | 146,1 | 164,5 | 27901,3 | 108,5 | 86,2 |
| Суў менен тәмийинленген егислик майдан, мың га | 138,4 | 161,1 | 146,1 | 164,6 | 165,0 | 119,2 | 100,2 |
| Усыннан: Аўыл хожал/ пайда/ егис/ жер/ мың га | 139,1 | 136,0 | 138,4 | 67,8 | 79,8 | 57,2 | 117,4 |
| Соннан: пахтаның егислик майданы, мың га | 23,4 | 37,2 | 25,2 | 16,7 | 16.9 | 68,4 | 95,9 |
| Өндирилген пахта, мың тонна | 88,4 | 95,4 | 30,6 | 32,3 | 24,0 | 54,4 | 64,7 |
| Ири қара маллардың саны, мың бас | 102,2 | 108,3 | 82,0 | 97,8 | 139,0 | 166,0 | 135,3 |
| Қой ҳәм ешкилердиң бас саны, мың бас | 270,0 | 220,3 | 169,4 | 216,7 | 276,8 | 94,0 | 117,1 |

Келешекте суў ресурсларының азлығына байланыслы аўыл хожалығында пайдаланылатуғын егислик жерлердиң структурасына айрым

өзгерислер киргизиледи. Салының егислик майданы қысқарады, ал оның орнына суўды аз талап ететуғын мәкке, жүўери, арпа, бийдай ҳәм мал ушын от-шөплик егинлердиң егислик майданы кеңейттириледи. Бул арқа зонаның айрым районларында (Қараөзек, Тахтакөпир, Қоңырат) пахтаның егислик майданын қысқартыўға ҳәм оны дәнли дақыллардың егислик майданлары менен алмастырыўға мүмкиншилик туўдырады.

Солай етип, термикалық ресурслар менен кем тәмийинленген арқа зонада халық хожалығы ушын үлкен әҳмийетке ийе, сондай-ақ халықтың азық аўқат өнимлерине деген талабын кеңнен қанаатландырыў мақсетинде қәнигелескен тараўлар ретинде ғәллешилик, мал-шарўашылығы кеңнен раўажланады.

Арқа районның тийкарғы санаат комплекси Қоңырат-Қусқанатаў-Арқа Урга, сондай-ақ Үстирт санаат узелинде жәмленеди. Буның тийкарын химия санааты, машина ремонтлаў кәрханалары, қурылыс материаллары санааты, жеңил ҳәм азық-аўқат санааты, транспорт-байланыс кәрханалары ҳәм отын-энергетика комплекси ийелейди.

Ғарезсизлик жылларцнда Қоңырат химия комбинаты, Шымбай жеңил ҳәм азық-аўқат санааты, қурылыс материаллары иске түсиўине байланыслы Қоңырат, Шымбай қалалары, Жаслық, Караөзек, Кегейли, Тахтакөпир, Елабат ҳәм т.б қала типиндеги елатлы пунктлер өсип жетисти.

Келешекте районның өндириўши күшлерин тез пәт пенен раўажландырыў ушын тәбийий жер асты байлықларының мол запаслары табылды: Қусқанатаў таў миробилити, Аралдың қурғақлыққа айналған бөлиминде табылған газ, нефть, ас дузы, сульфат натрий дузы, Барсакелмес ас дузы кәнлери, сондай-ақ ғозапая, салы сабаны және басқа да ишки затлар базасында химия санааты тараўларын шөлкемлестириў мүмкинлишиги пайда болады. Арқа районның тәбийий байлығынан кеңнен пайдаланыў ушын Үстиртте жаңа энергетика санаатын дүзиў, сондай-ақ арқа Урга, Үстирт зонасынан табылған нефть, жаныўшы газ есабынан өндирис орайларының дүзилиўи ҳәм транспорт-экономикалық байланысларға тийисли көп ғана проблемаларды шешиў келешекте Арқа районның өндириўши күшлерин тез пәт пенен раўажландырыўға жол ашады. Солай етип, келешекте Арқа тәбийий-экономикалық район масштабында көлемли машқалалардың шешилиўи

Қарақалпақстан Республикасында өндириўши күшлерди жоқары пәт пенен раўажландырыўға мүмкиншилик береди ҳәм санааттың жаңа тараўларының пайда болыўына база дүзиледи.

Арқа районның жергиликли ҳәкимшилик, мәдений ҳәм экономикалық орайы сыпатында Шымбай қаласының функциясы жоқарылайды. Арқа районның халық хожалығы комплексинде районлық әҳимийетке орайлар ретинде Халқабад, Кегейли, Тахтакөпир қалаларының роли артады.

**4. Арал тәбийий-экономикалық (теңиз бойы) районы.** Арал тәбийий-экономикалық районы Арал теңизи жағаларын ҳәм теңиздиң қурғаққа айланған аймақларын ийелеп, Әмиўдәрья дельтасындағы көллерди ҳәм қамыс басып атырған көлемли батпақлы территорияларды өз ишине қамтыйды. Районның ийелеп жатқан майданы 37,2 мың кв.км барабар. Арал районында жер асты суўлары өте жақын жайласқанлықтан батпақлықлар, қалың қамыс басып атырған территорияларда ушырасады.

Топырағының баслы түрлерине батпақлы топырақлар ҳәм батпақла-отлақлы топырақлар характерли. Арал теңизиниң жағасында жайласқан ойпаўытларда ҳәм бурынғы көллердиң орынларында жүдә дузлы топырақлар тарқалған. Район аймағы тек Қарақалпақстанның ғана емес, ал Өзбекстанның ең арқа тәрепин ийелеп, Арқа-Шығыста теңиз арқалы Қазақстан Республикасы менен, Түслик ҳәм Батыста Қарақалпақстанның басқа да тәбийий-экономикалық районлары менен шегараласады.

Арал районының рельефиниң қәлиплесиўинде Әмиўдәрья ҳәм Арал теңизиниң тәсири айтарлықтай күшли. Егер 1960-жылларда Арал районы көп санлы көллерден ибарат болса, ҳәзир қурғап суў астынан босаған ойпаўытлардан турады. Жер бети төртлемши ҳәм ҳәзирги дәўир аллювиал жатқызықлар менен қапланған.Климаты континенталлы, жазы қурғақ, ал қысы жүдә суўық келеди. Жаўын-шашынның муғдары оғада аз, вегетациялық дәўир басқа районлар менен салыстырғанда айтарлықтай қысқа келеди. Арал тәбийий-экономикалық район Қарақалпақстанның 24,5% майданын ийелеп, ҳәзирги ўақытта республиканың 28 мыңнан аслам халқы жасайды.

Тәбийий комплексиниң структурасы ҳәм халық хожалығындағы қәнигелесиў бағдары бойынша район республикасының басқа аймақларынан айтарлықтай парық қылады. Мәселен, Төрткүлде январь айының орташа

температурасы -4$^0$ болса, бул көрсеткиш Мойнақта -7$^0$ -11$^0$ қа барабар. Ал июль айының орташа температурасы Төрткүлде 28,3$^0$ болса, ал Мойнақта 26,3$^0$ ты қурайды. Плюс 10$^0$ жоқары вегетациялық дәўирдиң узақлығы Төрткүлде 202-205, Нөкисте 192 күнди қураса, бул Мойнақта 179 күнге барабар. Жыллық жаўын-шашынның муғдары 105 мм ден артпайды. Район тәбийий отлақларға ҳәм суў айдынларына бай. Бул мал шарўашылығын, әсиресе гөш-сүт бағдардағы шарўашылықты, балықшылық ҳәм ондатра өсириўге мүмкиншилик береди.

*Арал тәбийий-экономикалық районы* Арал теңизиниң суў басып жатырған акваториясын өз ишине қамтып, балық кәсипшилигин кеңнен раўажландырыў мүмкиншилигине ийе. Кейинги жыллар ишинде Арал бассейнинде балықшылықты раўажландырыўды кеңнен жолға қойыўға байланыслы Мойнақта Орайлық Азия еллериндеги ең үлкен балық консерва комбинаты дүзилген еди. Нәтийжеде район узақ жыллар даўамында жыл сайын 14,2 млн. шәртли банка балық консерваларын өндиретуғын болды. Кейинги жылларда районның тәбийий отлақларын есапқа ала отырып ҳәм көллерден қурғап қалған аймақлардың көлемли от-шөп ресурсларының базасында аўыл хожалығы тараўлары дүзилди. Районның аўыл хожалығының тийкарын гөш-сүт бағдардағы қара мал шарўашылығы, от-шөплик егинлерди өсириў, картошка, овощ өсириў ҳәм ғәллешилик пенен шуғылланатуғын хожалықлар ийелейди. Арқа районның аўыл хожалық тараўларының раўажланыў дәрежеси ҳәм оның республиканың басқа районлар менен салыстырғандағы тутқан орнын төмендеги мағлыўматлардан байқаўға болады (кесте-№39).

**Кесте-№39**

**Арал тәбийий-экономикалық районының хожалығының баслы көрсеткишлери**

| Көрсеткишлер | Жыллар | | | | | 2010 жылға % есабында | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1990 | 2000 | 2005 | 2007 | 2010 | 1990 | 2007 |
| Санаат өнимлери млн. сўм | 27,7 | 212,4 | 155,2 | 41985,4 | 54100,0 | 1400 есе | 270 есе |
| Суў менен тәмийин. егислик майдан мың га | 7,1 | 7,4 | 11,9 | 7,4 | 8,1 | 114,1 | 68,1 |
| Усыннан: Аўыл хожал. пайд-ған жерлер, м. га | 6,6 | 5,6 | 1,3 | 1,4 | 1,5 | 25,0 | 107,1 |
| От-шөп. егин. дин майданы, мың га | 2,5 | 2,1 | 0,3 | 0,4 | 0,4 | 16,0 | 133,3 |
| Овощ, картошка ҳәм бақшаның егис. майд. мың га | 1,3 | 0,3 | 0,3 | 0,2 | 0,18 | 13,8 | 0,90 |
| Қара маллардың саны, мың бас | 10,8 | 9,7 | 10,4 | 14,1 | 14,7 | 133,3 | 102,1 |
| Қой ҳәм ешкилер | 8,3 | 4,1 | 9,4 | 11,4 | 12,0 | 139,7 | 101,7 |

Кестеде көрсетилген мағлыўматларға қарағанда Арал тәбийий-экономикалық районы кейинги жылларда өндирислик профили бойынша көп тармақлы қәнигелесиў дәрежесине ийе екенлиги көринип тур. Кең көлемдеги тәбийий от-шөп ресурсларын халық хожалығында пайдаланыў мақсетинде қәнигелескен қара мал шарўашылығы хожалықлары дүзилди. Жыл сайын от-шөплик егинлердиң егислик майданын кеңейтиў бойынша үлкен иләжлар иске асырылмақта, районда кейинги жылларда овощ, картошка өсириўшилик ҳәм бақша өнимлерин жетистириў  жолға қойылды. Бул, бурын аўыл хожалық дақыллары өсирилмейтуғын теңиз бойында (Арал тәбийий-экономикалық районында) жыл сайын 1,3 мың тоннадай ғәлле, 0,6 мың тоннадай овощ,  2,1 мың тонна бақша өнимлерин, ҳәттеки санаатлық әҳмийетке пахта таласын жетистириўге де жол ашты. Алдағы перспективада Арал тәбийий-экономикалық районында балық аўлаў, мал шарўашылығы, әсиресе гөш-сүт бағдардағы ири қара мал шарўашылығы, ондатра өсириў кеңнен жолға қойылады.

Бул ушын бәринен де бурын тәбийий отлақлардың зүрәәтин арттырыў ҳәм суўғарылып егилетуғын егислик майданлардың тийкарында  от-шөплик егинлердиң егислик майданын кеңейтиў және балық аўланатуғын  суў айдынларының отлақларын санитариялық жақтан қайта тамырлаўды талап етеди. Келешекте районның санаат потенциялын қайта тиклеў ҳәм транспорт-экономикалық байланысларын рациониализациялаў бойынша да үлкен жумыслар исленеди. Бул Арал тәбийий-экономикалық районында өндириўши күшлердиң тез пәт пенен раўажланыўына ҳәм экологиялық шараятларды босаңластырыўға жол ашыўы тийис.

Районда кейинги жылларда пайда болған экологиялық қыйыншылықларды жақсылаўда  ҳәм Арал теңизиниң суў басқан акваториясынан босаған аймақлардан есетуғын дузлы-шаңлы топырақлар-дың суўғарып егилетуғын аймаққа қарай  ҳәрекетин пәсейтиў мақсетинде жайлаўларды суўландырыў ҳәм көллерди суў менен толтырыў, сондай-ақ район аймағында ағаш полосаларын дүзиў бойынша жўмыслар иске асырылды. Бул биринshиден,  тәбийий отлақлардың зүрәәтин арттырса, екиншиден дузлы шаңлардың бир орыннан екинши орынға ҳәрекетин тоқтатыўға мүмкиншилик береди.

Арал тәбийий-экономикалық районының ири экономикалық, мәдений ҳәм ҳәкимшилик орайы ретинде Мойнақ қаласы көзге түседи. Мойнақ тек Қарақалпақстанда емес, Өзбекстан ҳәм Орайлық Азия масштабындағы ири балық кәсипшилиги ҳәм балық санааты орайы. Қалада 2009-жыл 1-январьдағы статистикалық мағлыўмат бойынша 13,6 мың халық жасайды, бул 1939-жыл менен салыстырғанда 1,4 есе көп деген сөз. Мойнақ ҳәзирги ўақытта ири мәдений ҳәм қурылыс орайына айналды, қалада ҳәзирги заманғы көп этажлы жайлар, мәдeният орайлары бой тиклемекте. Мойнақ қаласы асфальтланған автомобиль жоллары ҳәм ҳаўа транспорты арқалы Нөкис ҳәм Өзбекстанның пайтахты Ташкент қалалары ҳәм басқада ири қалалар,область орталықлары менен тиккелей байланысқа ийе.

## 6.2. Келешекте Қарақалпақстанның аўыллық жерлерниң өндириўши күшлерин раўажландырыўды жеделлестириў ҳәм хожалық структурасын оптимизациялаў машқалалары

Базар қатнасықлары талапларына сәйкес регионаллық экономиканы жүргизиў административлик тизим дәўирине қарағанда пүткинлей өзгермекте. Регионлық хожалықта базар қатнасықлары раўажланған сайын кәрханалардың өндирислик еркинлиги күшейип, санаатлық қуўатларды жайластырыўда регионаллық факторлардың тәсири артпақта. Бул бир тәрептен кәрханаларды белгили аймақларда жайластырыў ҳәм олардың өндирислик функцияларына толық басшылық етиў, сондай-ақ хожалықтың социал-экономикалық мүтәжликлерин толық есапқа алыўды талап етеди. Бундай шараятта кәрханалардың оптималлы жайласыў критерияларын регионаллық, социал-экономикалық факторлар белгилей-ди. Регионның базар қатнасықларына сәйкес функциясын кеңейтиў ҳәм кәрханаларды өзин-өзи финанс қаржылары менен тәмийинлеў мәселелери ҳәм оны қәлиплестириў өндирис тараўларын жайластырыў процессинде экономикалық характер бермекте. Бул шараятта жергиликли органлар халықтың турмыс жағдайын жақсылаў ушын ҳәзирги жумыс ислеп турған кәрхана ҳәм цехларды олардың экологиялық тепе-теңликти сақлаў мәселесине айрықша итибар бериўи тийис. Бул ҳәм тағы басқа да шараятлар өндириўши күшлерди раўажландырыўда социаллық факторлардың ролин күшейтиўди талап етеди.

Өзбекстан Республикасында өндириўши күшлерди раўажландырыў ҳәм елимиздиң экономикалық потенциялына сәйкес оның экономикалық раўажланыў стратегиясында ең баслы орынды халықты тутыныў товарлары менен барынша толық тәмийинлеў мәселеси ийелейди. Бул мәселени табыслы шешиў ҳәм оны турмысқа асырыўда халық хожалығы комплексиниң аймақлық структурасын жетилестириў арқалы агросанаат комплексиниң материаллық-техникалық базасын беккемлеў әҳмийетли орын тутады. Бул ушын соңғы жыллары кең көлемдеги инвестициялар бөлинбекте, оның көлеми 1999 жылдың өзинде 80,8 млрд сум болған болса, бул көрсеткиш 2010 жылға келип 10 есе дерлик көбейди. Кейинги жыллар ишинде Әмиўдәрьяда Түйемойын, Тахиатас гидроузели, Суўенли, Қызкеткен, Пахтаарна, Қылышниязбай суўғарыў каналлары қайта тамырланды. Жеңил ҳәм азық-аўқат санаатының ең ири орайлары, сондай-ақ Орайлық Азия еллериндеги ең ири химия санааты кәрханаларының бири-Қоңырат сода комплекси дүзилди. Бул ҳәм басқада реал экономикадағы алға илгерилеўлер министрлер кабинети тәрепинен ислеп шығылған шаралар тийкарында алып барылмақта. Усыған байланыслы ислеп турған өндирислик потенциалдан нәтийижели пайдаланыў менен бир қатарда Республикада өндириўши күшлерди кеңнен раўажландырыўдың масштаблы бағдарларын иске асырыў жолға қойылмақта. Келешекте пахташалықты интенсив раўажландырыў менен бир қатарда шарўашылық, сондай-ақ овощ ҳәм бағшылық тараўларын тез пәт пенен раўажланыдырыў иләжлары көрип шығылмақта. Региониардың, соның ишинде Қарақалпақстан Республикасы халқын биринши гезектеги тутыныў өнимлери менен тәмийинлеўди есапқа ала отырып агросанаат комплексиниң тараўлар ара байланысын беккемлеў ҳәм избе-из раўажланыдырыў мәселеси ислеп шығылады. Усыған байланыслы бул тараўды раўажландырыў ушын көлемли инвестициялар жумсалады ҳәм оның жуўмағы аўыл хожалығы өндирисиниң материаллық-техникалық базасын беккемлеўге жол ашады. Усы мақсетлерди гөзлеп аўыл-хожалығында пайдаланылатуғын техникалардың сыпатын жақсылаў менен бирге минерал төгинлерди жеткериўдиң көлеми артады.

Келешекте елимиздиң аграр сиясатын орынлаўда Қарақалпақстан Республикасының қосатуғын үлеси артады, бул әсиресе халық хожалығының баслы потенцияллы тараўы пахташылық пенен бир қатарда аўыл–

хожалығының басқада тараўларын раўажландырыў машқалалары менен байланыслы шешилетуғын болады. Пахташалық Қарақалпақстан Республикасы шараятында халық хожалығының баслы тараўы статусын сақлап қалады. Бул мәселелерди ис жүзине асырыў дийханшылықтың басқа да тараўларын раўажландырыў арқалы азық-аўқатлық өнимлерди көбейтиў жолы менен иске асырылады. Пахташалық, тийкарынан тоқымашылық санаатын шийки зат өнимлери менен тәмийинлейтуғын ролди атқарсада, бул тараўдың өнимлери қайта ислеў мапазында көп санлы басқа санаат тараўларын раўажландырыўда шийки зат бола алады. Мәселен май ислеп шығарыўға пайдаланылатуғын шигит екинши бир мапазда, мал шарўашылығын от–жем менен тәмийинлеп, гөш–сүт өнимлерин жетистириў дерегин қурайды. Солай етип, пахташылық хожалықларында аўыл-хожалығын комплексли бағдарда қурыў ҳәм раўажландырыў базар қатнасықлары шараятында ҳүкиметимиз тәрепинен турмысқа асырылып атырған аграр сиясатты иске асырыўдың тийкары болып есапланады. Пахташалық пенен бир қатарда ғәлле өнимлерин көбейтиў, гөш-сүт, овощ, миййе өнимлерин көбейтўдиң жаңаша вариантлары қарастырылмақта. Аграр реформаның баслы ўазыйпаларына сәйкес жақын келешекте ғәлле таярлаўдың көлеми 404-417 мың тоннаға көбейтиледи. Бул сиясат бәриненде бурын суўдан пайдаланыўдың жаңаша технологияларын енгизиў ҳәм аўыл хожалығы егинлериниң майданын кеңейтиў жолы менен иске асырылыўы мүмкин. Усыған сәйкес овощ ҳәм бағшылық өнимлерин жетистириўдиң көлеми 2015 жылларда 2,8 есеге, ал жүзим өнимлери-3,5 есеге көбейеди. Сондай-ақ, жақын жыллар ишинде картошка өнимлери менен халықты тәмийнлеў имканиятлары шешиледи.

Пахташалықта алмаслап егиў схемасына сәйкес көп ғана от-шөплик өнимлер топланады. Буннан басқа мал шарўашылығы менен шуғылланатуғын зоналарда от-шөп егинлердиң майданын кеңейтиў ҳәм мал шарўашылығына қәнигелескен хожалықларды көбейтиў, ҳәттеки шарўашылық пенен шуғылланатуғын хожалықларды шөлкемлестириўге жол ашады. Бул алдағы ўақытта Қарақалпақстанда шарўашылық тараўларын раўажландырыўға үлкен мүмкиншиликлер дүзеди. Нәтийжеде 2015 жылларға келип гөш жетислистириўдиң көлеми 59,1-67,0 мың тоннаға, сүт жетистириўди 298,7 мың тоннаға көбейтиўи мүмкин, яки 2000 жылға салыстырғанда гөш жетистириў

2,3 есеге, ал сүт таярлаў 4,3 есеге көбейеди. Солай етип, келешекте республика бойынша улкен көрсеткишлер тәмийнленеди ҳәм Өзбекстан көлеминде Қарақалпақстан көрнекли шарўашылық регионлардың бирине айланады. Бул бәринен бурын халықтың аўыл-хожалығы өнимлерине болған талапларын тәмийинлеўге имкан береди.

Қарақалпақстанда алдағы ўақытта аўыл-хожалық өнимлерин көбейтиў ушын көп резервлер бар. Тек арқа районның көлеминде дийханшылық, от-шөплик егинлерди егиўге қолайлы 1 млн гектардан аслам жер фонды жайласқан, сонлықтан суўды аз талап ететуғын егинлердиң егислик майданын көбейтиў көп қурамалы мәселелерди шешиўге жол ашады. Пахташалықты раўажландырыў нәтийжесинде 2015 жылларға келип пахта жетистириў жылына 197-305 мың тонnaны қурайтуғын болады. Ал палыз өнимлерин жетистириў 2,9 есеге, миййе ҳәм жүзм жетистириў 5 есеге көбейеди. Солай етип, агросанаат комплексин бир тутас экономикалық принципте шөлкемлестириў ҳәм кооперация жасаў экономикалық реформаны табыслы орынлаўдың базар қатнасықларына тийкарланған ең тийкарғы жолы болып есапланады. Солай етип, агросанаат комплексин усы жоқарыда көрсетилген бағдарда шөлкемлестириў ҳәзирдиң өзинде-ақ нәтийже берип атыр.

Бизге мәлим болғанындай аўыл-хожалығы өзиниң раўажланыў басқышларында суў хожалығы, коммунал турақ-жай қурылысы, жол қурылысы, қайта ислеп шығаратуғын санаат тараўлары, кадрлар таярлайтуғын мекемелер, илим-изертлеў орайлары, проектлеў-жобалаў институтлары менен де тығыз байланыслы. Булар арасындағы байланыс ҳәм жумысларды шешиў қәншелли жоқары рәўиште шөлкемлетирилсе өндирис комплексиниң ақырғы жуўмақларыда соншелли жоқары нәтийже береди. Усыған сәйкес, 2010-2015 ҳәм 2020 жылларда аўыл-хожалығы коорпорациясына киретуғын тараўлар бирлестирилип, өндирислик байланыслары беккемленди, олардың өз-ара тармақларын тутастыратуғын ири–ири суў хожалық бирлеспелери дүзиледи. Суў хожалық бирлеспелерине киретуғын кәрханалардың қуўатлары беккемленеди. Олар ҳәр жылы мыңлаған гектар инженерлик усылда жаңа егислик майданларды өзлестириў, көплеген жаңа турақ жай имаратларын қурыў имканиятларына ийе болады. Деген менен, жоқарыдағы иске асырыўға тийисли өндиристи интенсификациялаўға бағдарланған иләжлар ҳәм басқа да

машқалалар, әсиресе жаңа районларда санаат тараўларын дүзиў, финанс-кредит ҳәм социаллық тараўларды раўажландырыў менен биргеликте алып барылса ғана нәтиже бериўи мүмкин. Усыған сәйкес аўыл-хожалығын интенсивли раўажландырыўға байланыслы режелер социаллық бағдардағы көп санлы объектлерди қурыў, әсиресе социаллық инфратузилмелерди иске қосыў арқалы алып барылыўы тийис.

Алдыңғы ўақытларда үлкен көлемдеги жумыслар тәбийий–экономикалық районларда агросанаат комплексин раўажландырыўға қаратылып атыр. Себеби аўыл хожалығын санаат тараўлары менен байланыстырып раўажландырыў республика экономикасының ең тийкарғы ўазыйпасы деп белгиленбекте. Бул мәселеде раўажланған мәмлекетлер тәжрийбеси ҳәм олардың санаат тараўларындағы дәслепки ерискен қәдемлери дүнья жүзлик экономикалық раўажланыўдың гилти сыпатында нәзерге алынып ҳәм оны иске асырыў жоллары таярланбақта.

Ҳәзир Қарақалпақстан Өзбекстандағы тәбийий минерал-ресурсларға бай район болыўына қарамастан оның республиканың орташа көрсеткишлериндеги салыстырмалы үлеси жетерли дәрежеде емес. Сонлықтан санааттың ҳәзирги қәлиплескен тараўлық структурасын өзгертиў ҳәм алда турған ўазыйпаларды перспективада шешиў ушын республикада санаат тараўларының структурасын оптимизациялаўдың баслы бағдарлары ислеп шығылды ҳәм оның мазмуны төмендегише:

Қарақалпақстан Республикасында санаат комплексин раўажландырыўдың биринши этабы 1993-2000 жылларға мөлшерленди ҳәм бул дәўир ишинде тийкарынан бир орайға жәмленген бурынғы структура кем-кемнен административлик командадан ажратылып тазадан өзлестирилген кәрханалардың ихтиярына берилди ҳәм базар қатнасықларының талаьына сәйкес структураға өткерилди. 1993 жылдан баслап 1998 жыллар аралығында Республикада акционерлик жәмийет тийкарында дүзилген «Нөкис текстиль», «Жергиликли санаат», «Қарақалпақ балық», «Қарабайлы гүриш», «Хожели гүриш», «Хожели Текстиль» ҳәм тағы басқа кәрханалар бой тикледи. Бул кәрханалар мекшиклестириўдиң ҳәр қыйлы формаларын таңлап алыўы көп укладлы экономиканы дүзиўге ҳәм бәсекелик шараятқа шыдам беретуғындай өндирислик орталықты дүзиўге мүмкиншилик жаратты. Солай етип,

Қарақалпақстан агросанаат комплексин раўажландырыўдың биринши этабында санаат кәрханаларын меншиклестириўди шеклеў ҳәм жеке санаат кәрханаларын дүзиў басланды. Жергиликли шийки зат базасы тийкарында ислейтуғын қуўатлы кәрханалар пайда болды. Булардың қатарына АПК структурасына киретуғын бир қанша аўыл хожалық өнимлерин кайта ислеп шығаратуғын кәрханалар ҳәм қурылыс санааты қараўындағы өндирислик бирлеспе ҳәм санаат орайларын атаўға болады.

Елимиздиң экономикалық потенциалын күшейтуди басқышпа-басқыш иске асырыўдың 2-этабында (2000-2007) таза санаат объектлерин қурыў, ири-ири өндирислик кәрханаларды қайта реконструкциялаў иске асырылды. Санаат тараўын раўажландырыўдың бул баскышында жергиликли шийки зат базасында ислейтуғын кәрханалар қурыў ҳәм олардың бәсекелесиў шараятын дүзиў ҳәм раўажландырыўға айрықша итибар берилди. Бул сиясат бойынша ири санаат объектлерин қурыўға кеткен инвестициялардың тез өтелиўи көзде тутылды ҳәм олардың тийкарғы объектлери етип аўыл–хожалығы өнимлери базасында ислейтуғын азық-аўқат ҳәм жеңил санаат кәрханалары сайлап алынды. Усыған сәйкес Шымбай, Шоманай районларында пахта тазалаў кәрханалары, май заводлары, сондай-ақ бурынғы ислеп турған Беруний, Манғыт тоқымашылық кәрханалары қайта тамырланды. «ЕЛТЕКС» акционерлик жәмийети дүзилди. Әмиўдәрья районы аймағында коллектор–дренаж тармақлары ушын изоленталар таярлайтуғын өндирис орайы, ал орайлық зонада боян тамыр өнимлерин қайта ислеў ҳәм шетке шығарыў жумысларын шешетуғын ҳәм шөлкемлестиретуғын өндирислик бирлеспе дүзилди.

Қарақалпақстанда агросанаат комплексин жедел раўажландырыўдың үшинши басқышы 2008-2015 жылларды өз ишине алып, бул дәўир Республикасында агро санаат комплексин раўажландырыўдың ең шешиўши жыллары болады. Бунда аўыр индустрия тараўларын дүзиў, раўажландырыўға айрықша итибар бериледи. Усыған сәйкес химия, металлургия, электротехника ҳәм аўыл хожалық машиналарын қурастыратуғын машинасазлық тараўлары дүзиледи. Буларды раўажландырыў ушын Республикада имканиятлар бар. Үстирт газ ҳәм нефть байлықлары, Қусханатаў мираблити, Қаратаў реңли ҳәм қара металл шийки зат ресурслары тек Қарақалпақстан ушын емес, ал қоңсы

еллер ушында өним таярлайтуғын болады. Буған Республиканың индустриал раўаланыў программасында көрсетилген иләжлар да мысал болады.

Бул басқышта Сургиль газ-химия санааты комплекиси базасында аўыр индустрия тараўларын дўзиу ҳәм раўажландырыўға айрықша итибар бериледи, сондай-ақ аккумлятор заводы, Тахиатас электро станциясының гезектеги қуўатларын орнатыў, Қаратаў санаат районында жоқары қуўатлы газ отынында ислейтуғын жыллылық электро станцияларын дүзиў нәзерде тутылмақта. Бул жобалар республика халық хожалығының тараўлық структурасын жетилистириўге жол ашады (кесте-№40).

**Кесте-№40**

**Тәбиийи-экономикалық районлардың хожалығының аймақлық дүзилиси ҳәм оны раўажландырыўды жеделлестириўдиң прогнозлық бағдарлары**

| Тәбиийи-экономикалық районлардың баслы көрсеткишлери | Экономикалық районлардың атлары | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 2010 | | | | | 2015 | | | | |
| | Қубла район | Орайлық Район | Арқа район | Арал районы | Барлығы | Қубла район | Орайлық Район | Арқа район | Арал районы | Барлығы |
| Майданы, мыңкм$^2$ | 16,8 | 4,0 | 108,6 | 37,2 | 166,6 | 16,8 | 4,0 | 108,6 | 37,2 | 166,6 |
| Халқы, мыңадам. | 635,2 | 677,9 | 308,7 | 28,4 | 1650,2 | 622,8 | 709,1 | 361,6 | 27,7 | 1720,4 |
| Халқы, % ес.да | 38,5 | 41,2 | 18,5 | 1,8 | 100,0 | 36,2 | 41,2 | 21,0 | 1,6 | 100,0 |
| Ишки жалпы өнимниң көлеми б.ша, % | 33,0 | 49,4 | 17, 1 | 1,4 | 100,0 | 37,6 | 34,4 | 26,5 | 1,5 | 100,0 |
| Усынан:Санаат өними б.ша, % | 23,4 | 60,1 | 10,9 | 5,6 | 100,0 | 27,4 | 51,3 | 20,5 | 0,8 | 100,0 |
| Егиске жарамлы жер фонды б.ша, % | 26,0 | 17,2 | 54,1 | 2,7 | 100,0 | 34,0 | 31,8 | 28,1 | 6,2 | 100,0 |
| Усынан: Егислик жерлер, % | 38,6 | 35,6 | 24,6 | 1,2 | 100,0 | 33,7 | 32,2 | 31,3 | 1,8 | 100,0 |
| Пахта өнимлери, % | 60,3 | 24,3 | 15,4 | … | 100,0 | 70,0 | 24,0 | 6,0 | „„ | 100,0 |
| Ғәлле өнимлери, % | 17,3 | 31,5 | 60,8 | 0,4 | 100,0 | 19,2 | 20,3 | 57,1 | 3,4 | 100,0 |
| Ири қара мал бас саны б.ша, % | 47,3 | 31,2 | 19,4 | 2,1 | 100,0 | 44,8 | 23,4 | 31,1 | 1,3 | 100,0 |
| Қой ҳәм ешки бас саны б.ша, % | 37,7 | 22,0 | 38,6 | 1,7 | 100,0 | 31,1 | 16,9 | 51,1 | 0,9 | 100,0 |

Базар қатнасықлары талабына муўапық Қарақалпақстанда өндириўши күшлерди раўажландырыў ҳәзирги заманагөй жол қатнас ҳәм коммуникация тараўларын дүзиўди талап етеди. Бул Республикада товар айланысын тезлетиў ҳәм халықтың күнделикли талапларын шешиўде жетекши иләжлардан есапланады. Усындай машқалалардың бири ретинде темир жол транспортын раўажландырыўға итибар берилмекте.

–Усыған сәйкес келешектеги биринши приоритетли бағдарлар есабында Нөкис-Султан Уайс темир жол линиясын қайта тамырлаў ҳәм оны Учқудық

бағдарындағы темир жол жөнелисиндей жоқары маневрли ўскенелерменен тәмийнлеў нәзерде тутылып отыр. Буны иске асырыў менен Республиканың экономикалық раўажланыўында үлкен бурылыслар болады, сонлықтан бўл иләжлардың әҳмийети оғада үлкен.

─ Қарақалпакстан ушын халық хожалығын раўажландырыўдың екинши приоритетли бағдары транспорт-экономикалық байланысты жетилистириў арқалы иске асырылып, бул даўирде жол қатнас тараўларын қайта тамырлаў ҳәм жаңа бағдардағы темир жол, автомобиль жолларын қўруды тезлетиўге байланыслы болып, бул ең алдыменен Шымбай–Нөкис-Қоңырат, Үргениш-Қоңырат-Бейнеў темир жолларын интенсив пайда-ланыў менен тиккелей байланыслы болады.

─Келешекте республика экономикасын раўажланыдырыўда баслы бағдар район ҳам республика ара халық хожалық әҳмийетке ийе экономикалық мәселелерди шешиўди тезлетиўге байланыслы болып төменги Әмиўдарья экомикалық районына тийисли суўғарыў- мелиорация жумыстарын шешиў, траспорт байланыс коммуникация тараўларын кескин раўажландырыўғә тиккелей байланыслы.. Сонлықтан суў хожалық жумысларын координациялаў, хожалықлар ҳәм мәдений тараўлар арасындағы байланысларды шешиў менен шекленбестен, ҳәкимшилиқ аспекттеги байланысларды беккемлеў, ўлыўма халық хажалығы маплерине сәйкес жобаларды иске мақсетке мўапық келеди. Бул төмнеги Әмиўдарья экономикалық районының халық хожалығын модернизациялаўға ҳәм қоңсы еллер көлеминдеги интеграцияны кўшейтиўге жол ашады.

Келешекте төменги Әмиўдәрья административлик районларында саўда–экономикалық байланысты күшейтиўге айрықша итибар бериледи. Бул бағдар ҳәзирги ўақыттың өзинде-ақ актуаллығын көрсетип отыр. Сонлықтан төменги Әмиўдәрья регионын тутастыртуғын саўда экономикалық ҳәм мәдений орайларды дүзиў мақсетке муўапық келеди.

Бизиң дәўиримизде мийнет ресурсларының молшылығын дүзиў, яки адам факторынң ролин тиклеў ҳәм мийнет ресурсларынан рационаллы пайдаланыў қолайлы мийнет шәраятын тәмийнлеўгеде тиккелей байланыслы. Буны иске асырыўда ең әҳмийетли иләжлардың бири ретинде турақ–жай мәселесин шешиў, ден-саўлық орайларын қурыў, халыққа сервислик хызмет көрсетиў

ушын  ҳәзирги заман талапларына жууап беретугын инфраструкураларды раўажландырыў зәрүр. Булардың иске  асыўын тезлетиу ўлкемизди абаданластырыўға имканият жаратады.

Ҳәзир Қарақалпақстан қурылысшылары Ташкентлилердиң бай тәжрийбелерин үйренип, регионлық бағдардағы режеге сәйкес қурылыс масштабын кеңейтпекте. Олар қурылысшы ҳәм шөлкемлестириўши сыпатында, ири қурылысқа тийисли қаржының 94,6% ин өзлестириўге ериспекте.  Усыған сәйкес Республикада 2010 жыл жуўмағы бойынша 369,6 мың квадрат метрден аслам турақ жай қурылысы питкерилди. Солай етип, жеке адамлардың есабынан бөлинген қаржыларды көбейтиў арқалы социаллық объектлерди дүзиў кеңнен  ен жаймақта.Келешекте социаллық инфраструктураның белгили элементлериниң бири ретинде турмыслық хызмет көрсетиў ҳәм саўда тараўларын раўажландырыўға айрықша итибар бериледи. Сонлықтан келешекте социаллық инфраструктураны раўажландырыў бўырынлардағыдай «қалдық принципке» тийкарланып емес, ал заманагой  коз қараста шешилиўи қәжет. Бул ҳәзирги даўирдеги бирден-бир сыналған жол болып есапланады.

Карақалпақстан Республикасында алдағы ўақытларда аўыллық жерлердиң өндириўши күшлерин тез пәт пенен раўажландырыўды тәмийинлеў ҳәм регионаллық экономиканың өсиў пәтин тезлетиў ушын қолайлы тәбийий–экономикалық шараятларды дүзиў принциплериде киреди. Бул жәмийеттиң өсип баратырған талапларына сәйкес хожалық тараўлары арасындағы өндирислик байланысларды беккемлеў, аўыллық мәкан жайлар көлеминде социал-экономикалық өсиў пәтин тезлетиў жолы менен ҳәм артта қалған аймақларды алдыңғыларға теңлестириў тийкарында иске асырылыўы тийис.

Халық хожалығын раўажландырыў мийнет ресурсларының қурамында квалификациялы кадрларды таярлаў ҳәм өндирис процессинде интеллектуал ресурслардың санын көбейтиўге де байланыслы. Усыған сәйкес санаат кәрханаларында сменалы жумыс ислеў ритми артады, жаңа жумыс орнын көбейтиўге арналған режелер, бәрининде бурын Қарақалпақстан халқының материаллық абаданлығын жоқарылатыўға қаратылған иләжлар турмыста өз орнын ийелейтуғын болады.

Солай етип, XXI әсир босағында президент И.А.Каримов тәрепинен ислеп шығылған экономикалық концептуал стратегияның ең баслы приоритетли бағдары есабында экономикалық реформаларды тереңлестириў, халық хожалығы тараўларын модернизациялаў ҳәм либерализациялаўға қаратылған иләжлар өз орнын ийелейди. Бул хам баскада республика аймағында иске асырылатуғын иләжлар табиий–экономикалық районлардың хожалығының аймақлық стуктурасын оптимизациялауға ҳәм оның келешекте турақлы рауажланыуы ушын шараятлар жаратады. Усыган сайкес термикалык ресурсларга бай Каракалпакстанның ***кубла районларында*** суўдан пайдаланыуды тежей отырып пахташылықты интенсив рауажландрыу жолы менен пиллешилик, багшылық ҳәм жузимгершилик, сут-гөш бағдардағы мал шаруашылығы рауажланады.Санаат тараулары тийкарынан ауыл хожалағы өнимлери қайта ислеу, курылыс материяларын өндириу ҳам ауыл хожалық техникаларын ремонтлайтуғын өндирис базаларын дузиу менен шуғулланады.

***Орайлык районлар*** көлеминде металды қайта ислейтугын санаат тараулары, машинасазлык, асиресе ауыл хожалық техникаларын ремонтлау орайлары, транспорт-байланыс комуникацияларын рауажландырыу иске асырылады. Пахташылықты интенцификациялау жолы менен овощ хам бағшылық, қала атирапы гөш-сут бағдарындағы, ҳәм овощ-сут бағдарындағы шаруашылык тарауларын кеңнен рауажландрыу жолға қойылады.

Келешекте орайлық районларда пахташылықтың егислик майданларын кысқарта отырып галешилик, от шөплик егинлердиң майданлары кеңейтирилетуғын болады, ал санаатты раўажландырыўдың тийкарғы бағдары тоқмашылық, азық-аўқат санааты ҳәм отын-энергетика санаатының ондирислик базаларын беккемлшеў ҳәм кеңейтиўге байланыслы иске асырылады.

***Арқа районларда*** ғәлешиликти интенцификациялаў жолы менен овощ ҳәм бағшылық тараўларын тез пәт пенен раўажландырыўға итибар бериледи. Мал шарўашылығында өндирис процессин механизациялаў жолыменен оның от жем базасы кеңейтиледи. Әмудария алабындағы пишензарлар хам тоғайлы жайлаулардың есабынан гөш-сут бағдардағы мал шаруашылығы, сондай-ак атыраптағы шөлистанлы жайлаў фондын суўландырыў жолы менен қой шарўашылығы, жылқы өсириўшилик, туйешилик ҳәм кус өсириўге айрықша

итибар бериледы. Санаатты раўажландырыўдың баслы бағдары азық–аўқат санааты, транспорт машиналарын ремонтлайтұғын ондирис орайларын қурыў менен бир қатарда нефте-химия, газ санааты ҳәм куатлы энергетика базасы дузиледи.

***Арал районы*** ҳәм Аралдың қурғақлыққа айланған аймақларында рекультивация иләжларын иске асыра отырып, гөш-сут бағдардағы қара мал шаруашылығы, овощ ҳәм бақша егинлерин өсириу,ғаллешилик ҳәм от-шөплик егинлердиң майданы кеңейтиледи. Түйешилик ҳәм жылқы өсириушилик тарауларын рауажландрыу қолға алынады. Суу тансықлығы шараятында набыт болған балықшылык тарауларын рауажландырыу ушын суу айдынларын, жағалык көллерди, сондай-ақ суу сақлағышлар тийкарында балықшылық тарауларын қайта тиклеу, ондатра өсиретуғын хожалықларды дузиўге имканиятлар жаратылады. Арал тәбийий экономикалық районында келешекте Арал акваториясындағы нефть ҳәм газ, сондай-ақ сийрек гезлесетұғын химиялық элементлердиң захийралары базасында химия, нефти ҳәм газ санаатлары дузиледи. Булар,экологиялық дағдарыстың эпицентринде жасайтұғын жергиликли халықты жумыспенен тәминлеў ҳәм Арал районның көлемли ресурс потенциалын иске қосыў мәселелерин шешиўге жол ашады. *Жуўмақлап айтқанда,* жақын жыллар ишинде Қарақалпақстанда реформаларды тереңлестириў, экономика тараўларын модернизациялаў ҳәм экономикалық механизмлерди либерализациялаў жолыменен базар қатнасықларына өтиў инабатлы раўиште иске асырылады. Нәтийжеде улкемизде қуўатлы өндирислик потенциалды дүзиўге, бәриненде бурын қолайлы макроэкономикалық шараятларды беккемлеў арқалы елимиздиң турақлы социал-экономикалық раўажланыўына база жаратылады. Бул иләжлар ақырғы есапта Қарақалпақстан Республикасынның индустриал бағдарда раўажланыўын тәмийнлеў арқалы Өзбекстан Республикасының Европа еллерине шығатуғын босағасында қуўатлы ҳәм индустриал бағдардағы Қарақалпакстан экономикасының өсип қәлиплесиўине жол ашады. Бул оқыўлықтң мазмунын жәнеде байытады ҳәм тәлим – тәрбиялық әҳмийетин жоқарылатады деген үмиттемиз.

*Сораўлар ҳәм тапсырмалар:*

***1. Район ҳаққындағы тағлиматқа тусиник бериң ҳәм Өзбекистанның экономикалық районлары қурамында Қарақалпақстанның роли ҳәм тутқан орнына тәриплеме дүзиң?***

***2. Районластырыў таксонында Қарақалпақстанның тәбийий-экономикалық орнын белгилең ҳәм оның өндиристи шөлкемлестириў және район ара экономикалық байланысларды жетилистириўдеги аҳмийетин анықлаң?***

***3. Экономикалық районлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўында тәбийий шәраят ҳәм социал-экономикалық факторлардың тәсири неден ибарат? Социал-экономикалық шәраят дегенде сиз нени түсинесиз ҳәм олардың жәмийет турмысындағы мәниси неден ибарат?***

***4. Қарақалпақстанды тәбийий-экономикалық районларға бөлиң ҳәм оның структурасында Орайлық тәбийий-экономикалық районның ролин анықлаң?***

***5. Қарақалпақстанның тәбийий-экономикалық районларының санат потенциалын аныклаң ҳам онда Арқа тәбийий-экономикалық районның келешегине сыпатлама дүзиң?***

***6. Қарақалпақстанның тәбийий-экономикалық районларының хожаллық структурасын оптимизациялаўдың бағдарларын анықлаң ҳәм өндириўши кушлерди турақлы раўажландырыўдың регионаллық стратегиясын дүзиң?***

***7. Қарақалпақстанда өндириўши кушлерди турақлы раўажландырыўдың этапларын белгилең ҳәм кашфиятлы бағдарларын анықлаң?***

***8. 6-бапта берилген кесте мағлыўматлары тийкарында тәбийий экономикалық районларға салыстырмалы сыпатлама дузиң ҳәм олардың баслы экономикалық көрсеткишлери жәрдеминде бир-биринен парқын ажыратың?***

## ӘДЕБИЯТЛАР

1. Каримов И.А. Өзбекистан по пути углубления экономических реформ. Ташкент- 1995

2. Каримов И.А. Өзбекистан XXI әсир босағасында. Ташкент- 1997

3. Каримов И.А. Жетилискен әўлад - Өзбекстанның раўажланыўының келешеги. Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси IX сессиясының материаллары. Тошкент- 1997

4. Билимлендириў ҳаққында «Қарақалпақстан Республикасы нызамы», «Еркин Қарақалпақстан » 1- январ 1998 ж. № 12(16974)

5. Акрамов З.М., Мусаев П.Г.. «Өзбекстаның экономикалық ҳәм социалық географиясы» Ташкент- 1993.

6. Акрамов З.М. и др. Прошлое, настоящее и будущее Аральского моря. // -Т., 1990.

7. Баратов П., Рахимбеков Р. ҳәм басқалар. Өзбекстанның тәбийий географиясы. Ташкент- 1998.

8. Берг Л. С. Аральское море. // СПб., -Т., 1908.

9. Глуховский А. И. Пропуск вод р. Амударьи по старому ее руслу в Каспийское море. // СПб., -М., 1893.

10. Даўлетова К., Умаров Е. «Қарақалпақстанның тәбияты ҳәм хожалығы». Нөкис «Қарақалпақстан» 1989.

11. Камалов С.К Социально-экономическое положение Каракалпакстана и Аральская катастрофа // Вестник ККО АН Руз,-Нукус,1999 с.6

12. Матмуратов Ж. «Қарақалпақстанның тәбийий шараяты ҳәм тәбийий ресурслары». Нөкис-1989.

13. Медетуллаев Ж. М. Развития экономики и культуры Республики Каракалпакстан. Изд. «Каракалпакстан», Нукус, 1972.

14. Мусаев П., Мусаев Ж. Өзбекстанның экономикалық ҳәм социаллық географиясы. 8-класслар ушын сабақлық. –Ташкент, 2010.

15. Рафиков А. А. и др. Процессы опустынивания Южного Приаралья. // -Т., 1997.

16. Умаров Е.К. Экономическая и социальная география Каракалпакстана (учебные пособие на каракалпакском языке) Нукус, 1998. 158 бет.

17. Умаров Е.К. и др. Экономическая и социальная география Каракалпакстана (учебник для 8-классов на каракалпакском языке). Нукус, 2004 ж. 92 бет..

18.Умаров Е.К., Умаров Б. «Каракалпакстан географиясы». Академиялык лицейлер хам колледжлер ушын сабаклык (на каракалпакском языке). Нукус, “Билим” 2005. ж. 132 бет.

19.Умаров Е.К. Каракалпакстаннын экономикалык хам социаллык географиясы панинен ОУЮ лар ушын окыў дастури. Нукус 2000ж. 17 бет..

20. Умаров Е.К. Географияни ва уни укитишнинг илмий-услубий муаммолари. Ургенч. 2002. ж.93 бет.

21. Умаров Е.К. Каракалпакстаннын экономикалык хам социаллык географиясы. ОУЮ лар ушын дарислик, Нукус-« Қара қалпақстан» 2011 ж,168 .бет.

22.Умарова А., Умаров Е.К. Қарақалпақстанда аўыл хожалығын аймақлық шөлкемлестириўди жетилистириў проблемалары. -Нөкис, 2010. ж. 98 бет.

23. Итоги социально-экономического развития Республики Узбекистан за январь-декабрь 2007 г. // стат.сборник, -Т., 2008.

24. Итоги социально-экономического развития Республики Каракалпакстан за январь-декабрь 2010 г. // стат.сборник, -Нукус, 2011.

## МАЗМУНЫ

КИРИСИЎ.......................................................................................................................3

**I-БАП. ҚАРАҚАЛПАҚСТАННЫҢ ЭКОНОМИКАЛЫҚ- ГЕОГРАФИЯЛЫҚ ЖАЙЛАСҚАН ОРНЫ ҲӘМ РЕСУРС ПОТЕНЦИАЛЫНА СЫПАТЛАМА**

1.1. Қарақалпақстанның экономикалық-географиялық жайласқан орны ҳәм жер бетиниң дүзилиси.....7

1.2. Каракалпакстанның ресурс потенциалы ҳәм оған хожалық тәрептен баҳа.............................10

**II.БАП. ҚАРАҚАЛПАҚСТАННЫҢ ХАЛҚЫ ҲӘМ ГЕОГРАФИЯЛЫҚ ЖАЙЛАСЫЎЫ**

2.1. Қарақалпақстан халқының өсиў пәти ҳәм оның мийнет ресурсларының толысыўына тәсири..................25

2.2. Қарақалпақстанның мийнет ресурслары ҳәм оннан өндирис тараўларында пайдаланыўдың дәрежеси.......................................................................................................................33

**III-БАП. ҚАРАҚАЛПАҚСТАННЫҢ ХОЖАЛЫҒЫ ҲӘМ ОНЫҢ ТАРАЎЛЫҚ СТРУКТУРАСЫ**

3.1. Қарақалпақстан Республикасы хожалығының аймақлық структурасы...........................................37

3.2. Санааты. Қарақалпақстанда санааттың қәлиплесиўи ҳәм тараўлық дүзилиси...............................44

3.2.1. Қарақалпақстанда санаат тараўларының раўажланыўы ҳәм географиялық жайласыўы............48

3.2.2. Келешекте Қарақалпақстанда санаат комплексин раўажландырыўдың баслы бағдарлары.........64

3.3. Аўыл хожалығы. Қарақалпақстанда аўыл хожалығының раўажланыўы ҳәм географиялық жайласыўы.......................................................................................................................70

3.3.1. Қарақалпақстанның суўғарыў системалары тәсир ететуғын аймақлардың жер ресурслары ҳәм оннан пайдаланыў мүмкиншиликлери.......................................................................................................................70

3.3.2. Аўыл хожалығы тараўларының раўажланыўы ҳәм оның халықты күнделикли тутыныў товарлары менен тәмийинлеўдеги роли.......................................................................................................................79

3.3.3. Дийханшылық аўыл-хожалығының баслы тараўы: қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы..................86

3.4. Қарақалпақстанда мал шарўашылығының раўажланыўы ҳәм географиялық жайласыўы............99

**IV-БАП. АРАЛ ДАҒДАРЫСЫ ШАРАЯТЫНДАҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА АЎЫЛ-ХОЖАЛЫҒЫН РАЎАЖЛАНДЫРЫЎДЫҢ БАСЛЫ БАҒДАРЛАРЫ**

4.1.Арал дағдарысының келип шығыў себеплери ҳәм оның Қарақалпақстанда дийханшылықтың раўажланыўына тәсири.......................................................................................................................108

4.2.Экологиялық дағдарыс шараятында аўыл-хожалығы тараўларын аймақлық шөлкемлестириўди жетилистириў жоллары.......................................................................................................................114

4.3.Экологиялық дағдарыс жағдайында Қарақалпақстанда мал шарўашылығы тараўларын раўажландырыўдың баслы бағдарлары.......................................................................................................................123

**V. БАП. ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА ХЫЗМЕТ КӨРСЕТИЎ СФЕРАЛАРЫНЫҢ РАЎАЖЛАНЫЎЫ ҲӘМ ТРАНСПОРТ-ЭКОНОМИКАЛЫҚ БАЙЛАНЫСЛАРЫ**

5.1.Халыққа хызмет көрсетиў сфераларының географиясы.......................................................................................................................134

5.2. Қарақалпақстанның транспорты ҳәм экономикалық байланыслары.......................................................................................................................145

**VI. БАП. ҚАРАҚАЛПАҚСТАННЫҢ ИШКИ РАЙОН АРАЛЫҚ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ ҲӘМ РЕСПУБЛИКА АЙМАҒЫН ЭКОНОМИКАЛЫҚ РАЙОНЛАСТЫРЫЎДЫ ЖЕТИЛИСТИРИЎ МӘСЕЛЕЛЕРИ**

6.1. Қарақалпақстан хожалығының аймақлық структурасы ҳәм тәбийий-экономикалық районларында өндиристиң жайласыўын жетилистириў жоллары.......................................................................................................................161

6.2. Келешекте Қарақалпақстанның аўыллық жерлерниң өндириўши күшлерин раўажландырыўды жеделлестириў ҳәм хожалық структурасын оптимизациялаў машқалалары.......................................................................................................................184

Пайдаланылған әдебиятлар.......................................................................................................................196

**Умаров Есенғоли Қурбанович-География фанлари доктори, талим Қорақалпоғ тилида олиб бориладиган ОУЮ лар учун «Қорақалпоғистоннинг иқтисодий ва ижтимоий географияси» фанидан дарслик. Нукус «Қорақалпоғистон», 2012 йил. 200 бет.**

**Умаров Есенгали Курбанович-доктор географических наук, Учебник по «Экономической и социальной географии Республики Каракалпакстан» для высшых учебных завелении обучающихся на Каракалпакском языке.Нукус «Каракалпакстан», 2012г. 200 страница.**

**ООО «POLI-PRINT»**
**Подписано к печати 25.7. 2012 г.**
**Лицензия №11-0711**
**Тел: 8 (361) 222-90-01**

**Объем 12,8 п.л. Формат бумаги 60Х 84/16., тираж 400 шт**

## Қарақалпақстан



***Умаров Есенғали Курбанович*** **– Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының география ҳәм АзПИдиң биология жәнe аўыл хожалығы тийкарлары факультет-лерин питкергеннен кейин 1961-1964 жыл-лар аралығында Азербайжан Илимлер Академиясы география институтында мақсетли аспирантура курсин питкерип, «Төменги Әмиўдәрья экономикалық районында өндириўши күшлерди комплексли раўажландырыўдың перспективалары» атамасындағы тема-да кандидатлық диссертация-сын, ал 2003-жылы «Қарақалпақстан Республикасы өндириўши күшлериниң аймақлық структурасын жетилистириўдиң проблемалары» бойынша география илимлери докторы атағын алыў ушын диссертация қорғаған. 1964-1972 жылларда Өзбекстан Илимлер Академиясы ҚҚБ экономика секторында үлкен илимий хызметкер, 1972-1997ж.ж. Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң география кафедрасы доценти, кафедра баслығы, факультет деканының оқыў ислери бойынша орынбасары, география-ҳуқықтаныў факультети деканы лаўазымларында жумыс ислеген.**

**Университет қурамынан Әжинияз атындағы НМПИ- ның шөлкемлестирилиўине байланыслы, 1997-жылдан баслап география кафедрасы баслығы, ал 2003-жылдан берли усы кафедраның профессоры лаўазымында студентлер арасында оқыў-тәрбия жумысларын алып бармақта. Университет, институттың оқыў-тәрбия ҳәм илимий-изертлеў жумысларындағы мийнетлерине байланыслы, Е.К.Умаровқа бурынғы аўқамлас мәмлекети Жоқары Аттестация Комиссиясы тәрепинен «экономикалық ҳәм социаллық география» маманлығы бойынша (шифр-02.00.12) доцент, сондай-ақ «регионаллық экономика бойынша *үлкен илимий хызметкер илимий атақпары (мсн. №036343 от 24/9-1969г),* НМПИ илимий кеңесинде профессор илимий атақлары берилген.**

**Умаров Е.К. жоқары оқыў орынларында жумыс ислеген дәўирде 200 ден аслам илимий мийнетлер таярлады ҳәм баспадан шығарды. Оның белгили илимий-теориялық ҳәм оқыў- методикалық характердеги жумысларынан: - «Специализация и размещение ведущих отраслей народного хозяйство Республики Каракалпакстан» (1969); «Проблемы совершенствования транспортно-экономических связей Республики Каракалпакстан» (1970); «Қарақалпақстанның тәбияты ҳәм хожалығы» (1989); «Ишлаб чиқариш кўчларини ривожлантиришнинг ҳудудий муаммолари» (Қорақолпоғистон мисолида) 2007; «Проблемы совершенствования территориальной структуры производительных сил Республики Каракалпакстан» (2009), «Аральский экологический кризис и особенности демографического развития сельской местности Республики Каракалпакстан» (2009), «Территориальные проблемы развития хлопководства (на примере Республики Каракалпакстан», 2010ж.), «Приоритеты устойчивого социално-экономического развития экономики сельской местности Республики Каракалпакстан» (2911) ҳәм т.б; атамадағы, сондай-ақ 8-класслар ушын «Қарақалпақстанның экономикалық ҳәм социаллық географиясы» (2004); акаде-миялық лицейлер ҳәм кәсип-өнер колледжлерге арналған «Қарақалпақстан географиясы» (2005); жоқары оқыў орынлары ушын «Қарақалпақстан-ның экономикалық ҳәм социаллық географиясы» (2011 ҳәм 2012ж. ) сабақлықлары есапланады.**

**Е.К. Умаровтың илимий басшылығында 2006-2008 жылларда «Региональные проблемы социально-демографического развития сельской местности Республики Каракалпакстан»; 2009-2010 жылларда «Разработка и подготовка к изданию нового поколения учебника экономическая и социальная география Республики Каракалпакстан; сондай-ақ 2007-2011 жылларға мөлшерленген «Проблемы устойчивого экономического развития сельской местности Республики Каракалпакстан» атамаларындағы илимий әмелий, фундаментал ҳәм инновациялық характердеги грант темалары исленди ҳәмде даўам еттирилмекте. Ол жумыстағы көрсеткишлери ушын Өзбексан Республикасы ХБМ тәрепинен «Отличник народного образования Высшей школы РУз », КР ЖК президиумы «Почет грамотосы» ҳәм еки мәрте НМПИ басшылығы тәрепинен 2010 ҳәм 2011 ж.ж. *«Ең агла илимпаз»* номинациясы дипломы, кокрек белгиси нышанлары менен сыйлықланған ҳүрметке ылайық әдеп- икрамлы устазлардан есапланады.**

# ҚОСЫМШАЛАР


Қарақалпақстан экономикалық районлары (карта схемасы)
ҚАЗАҚСТАН
ҚАЗАҚСТАН
ҚАЗАҚСТАН
ҮСТИРТ
Арал теңизи
IV.
ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
III
II.
I.
Нөкис
ТУРКМЕНСТАН
НАЎАЙЫ
БУХАРА
Қарақалпақстан Республикасының сиясий-ҳәкимшилик қурамы, 2010-жыл

| Район атлары | Картада район № |
|---|---|
| Нөкис | 1 |
| Кегейли | 2 |
| Шымбай | 3 |
| Караөзек | 4 |
| Тахтакөпир | 5 |
| Мойнақ | 6 |
| Қоңырат | 7 |
| Қанлыкөл | 8 |
| Шоманай | 9 |
| Хожели | 10 |
| Әмиўдарья | 11 |
| Беруний | 12 |
| Элликқала | 13 |
| Төрткүл | 14 |

Шәртли белгилер
Нефть ҳәм газ
Тәбийғий газ
Қоңыр көмир
Темир
Керамзит
Ҳәк тасы
Мрамор
Каолин, бентонит ылайы
Қурылыс шийки зат ресурслары
Свинец
Фосфорит
Ас дузы
Натрий сульфаты
Керамикалық затлар
Гранит

**1-keste**

**Qaraqalpaqstannin` siyasiy-ha`kimshilik bo`liniwi ( 1.01. 2013ж. мағлұмат ).**

| № | Rayon atları | Rayon du`zilgen jılları | No`kisten uzaqlıg`ı km | Jer maydanı, mın` kv.km | Turaqlı xalıq sanı, mın` adam | Жалпы ишки өним ,млрд. сум | | Халкының тығызлығы 1 км$^2$ адам ес-да |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | Санаат | Ауыл хож. | |
| 1 | A`miwda`riya | 18 XII.1957 | 85 | 1,021 | 176,7 | 51,7 | 103,9 | 171 |
| 2 | Beruniy | 3.VII.1927 | 138 | 3,952 | 167,2 | 51,5 | 96,9 | 87 |
| 3 | Qarao`zek | 26.IX. 1975 | 72 | 5,891 | 49,2 | 5,2 | 28,2 | 0,8 |
| 4 | Kegeyli | 3.IX.1928 | 41 | 2,807 | 83,7 | 41,8 | 43,6 | 29 |
| 5 | Qon`ırat | 22.VII.927 | 134 | 75,996 | 118,4 | 21,5 | 35,2 | 1,7 |
| 6 | Qanlıko`l | 7.XII.1970 | 85 | 0,744 | 46,3 | 3,8 | 31,7 | 4,9 |
| 7 | Moynaq | 19.IX.1931 | 228 | 37,881 | 29,2 | 57,9 | 5,0 | 0,7 |
| 8 | No`kis | 25.XII.1968 | 18 | 0,953 | 44,3 | 11,7 | 39,7 | 36 |
| 9 | Taxtako`pir | 29.XII.1965 | 107 | 21122 | 38,6 | 1,9 | 28,4 | 1,2 |
| 10 | To`rtko`l | 13.VII.1927 | 173 | 7,483 | 189,0 | 43,6 | 89,2 | 2,8 |
| 11 | Xojeli | 3.VII.1927 | 38 | 0,823 | 134,7 | 68,7 | 56,5 | 154 |
| 12 | Shımbay | 3.VII.1927 | 56 | 2,198 | 107,3 | 11,3 | 60,0 | 34 |
| 13 | Shomanay | 9.01.1967 | 90 | 0,636 | 52,7 | 2,0 | 28,7 | 61 |
| 14 | Ellikqala | 23.III.1977 | 140 | 5,419 | 137,7 | 35,4 | 92,4 | 2,8 |
| | No`kis q. | 1932 | … | 0,212… | 289,2 | 216,8 | 3,2 | 300 |
| | Taxiyatash q | 1953 | … | 0,023 | 47,5 | 32,1 | 3,9 | 251 |
| | QR b-sha, barlıı | | | 166,591 | 1711,7 | 657,0 | 737,7 | 10,4 |